# GEOGRAFIYA

## (ÁMELIY GEOGRAFIYA )

Orta bilim beriw mákemeleriniń 10-klası hám orta arnawlı, kásip óner bilimlendiriw mákemeleriniń oqıwshıları ushın sabaqlıq

*Birinshi basılımı*

*Ózbekistan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

**«O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi»**
Mámleketlik ilimiy baspası
Tashkent–2017

UOK: 91 = 512.121(075.3)
KBK: 26.8ya721
G-40

A v t o r l a r:

**Sh. M. Sharipov, V. N. Fedorko, N. E. Safarova, V. A. Rafikov**

J u w a p l ı   r e d a k t o r:

**M. T. Mirakmalov** — Mırza Ulıǵbek atındaǵı ÓzMU Geologiya hám geografiya fakulteti Geografiya kafedrası docenti.

*A r n a w l ı   r e d a k t o r:*

**E. Nazaraliyeva** – Respublika bilimlendiriw orayı Tábiyiy hám anıq pánler bólimi geografiya páni bas metodisti

P i k i r   b i l d i r i w s h i l e r:

**Ó. Abdunazarov** – Mırza Ulıǵbek atındaǵı ÓzMU Geologiya hám geografiya fakulteti Geografiya kafedrası docenti;
**M. Abdullayeva** – Nizamiy atındaǵı TMPU Geografiya oqıtıw metodikası kafedrası aǵa oqıtıwshısı;
**N. Rafiqova** – Ózbekistan Ilimler akademiyası Seysmologiya institutı Geoekologiya laboratoriyası ilimiy xızmetkeri;
**M. Avezov** – Tashkent qalası Almazar rayonı 278-mekteptiń geografiya páni muǵallimi;
**L. Boltayeva** – Tashkent qalası Yunusabad rayonı 273-mekteptiń geografiya páni muǵallimi;
**D. Qóziyeva** – Surxandárya wálayatı Qumqorǵan rayonı 11-QMUMtiń geografiya páni muǵallimi.

S h á r t l i   b e l g i l e r:

– Tayanısh túsinik hám atamalar;

– Soraw hám tapsırmalar.

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

© Sharipov Sh.M.hám basq.,2017.
© «O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi» mámleketlik ilimiy baspası 2017.
Qaraqalpaqsha awdarma
© «Bilim» baspası,2017.

ISBN 978-9943-07-537-5



# I BAP. GEOGRAFIYA PÁNI HÁM ONÍŃ TARIYXÍ

## 1-§. GEOGRAFIYA ILIMLERI SISTEMASÍ HAQQÍNDA TÚSINIK

Geografiya eń áyyemgi pánlerden biri bolıp, bunda úyreniletuǵın qubılıslardıń sheńberi júdá keńligi belgili. Dáslep, 5-klasta Siz geografiyaǵa *«Jer júziniń tábiyatı, xalqı hám insan xojalıq iskerligin úyreniwshi pán»* dep berilgen táriyip penen tanısqansız. Keyin ala geografiya pániniń **úyreniw obyekti** *geografiyalıq qabıq* ekenligin bilip aldıńız.

***Geografiyalıq qabıq*** planetamızdaǵı eń iri geosistema, yaǵnıy Jerdiń qattı (litosfera), suw (gidrosfera), hawa (atmosfera) hám de tirishilik (biosfera) qabıqlarınıń óz ara tutasıwı hám tásiri sheńberinde payda bolǵan hám rawajlanıp atırǵan júdá quramalı bir pútin tábiyiy sistema. Geografiyalıq qabıq adamzattıń jasaw hám óndiris iskerligi ortalıǵı, tábiyiy resurslardıń tiykarǵı deregi bolıp esaplanadı.

Geografiyalıq qabıq, óz náwbetinde, bir-biri menen baylanısqan kóplep úlken-kishi tábiyiy geografiyalıq birliklerge, yaǵnıy qurǵaqlıq hám suwlıq, materikler hám okeanlar, tábiyiy geografiyalıq úlkeler, tábiyat zonaları, provinciyalar, tábiyiy geografiyalıq okrugler hám basqalarǵa bólinedi hám de bulardıń barlıǵı geografiya páni tárepinen hár tárepleme izertlenedi. Sonday-aq, geografiya jámiyettiń tariyxıy rawajlanıwı dawamında payda bolǵan aymaqlıq dúzilmeler — mámleketler, wálayatlar, qala hám awıllardı da úyrenedi.

Geografiyalıq qabıq hám onıń quramlıq bólimlerindegi waqıya-qubılıslardı basqa pánler de úyrenedi, biraq geografiya bul obyekt hám proceslerdi óz ara baylanısta, belgili aymaq shegaralarında bir pútinliginshe izertlep, aymaqlar hám pútkil Jer júzi haqqında tutas kompleks ilimiy kózqarastı qáliplestiredi. Geografiya pán tarawı sıpatında payda bolǵannan berli, ásirese, házirgi dáwirde, onıń ushın tábiyat hám jámiyet ortasındaǵı óz ara baylanıslılıq máseleleri úlken áhmiyetke iye. Demek, zamanagóy sharayatta geografiya — *geografiyalıq qabıq ishindegi tábiyiy hám de sociallıq process, qubılıs hám obyektlerdi óz ara baylanısta hám bir pútinlikte, belgili mákan hám zamanda úyrenetuǵın pán bolıp* rawajlanıp kelmekte.

Geografiya eki iri tarmaq — *tábiyiy* hám *social-ekonomikalıq geografiyaǵa* bólinedi. Birinshisi geografiyalıq qabıq, onıń komponentleri hám Jer júzindegi geosistemalardı izertlese, ekinshisi dúnya, onıń region hám mámleketleri, qala hám awıllardaǵı xalıq, onıń jasaw jaǵdayı hám mádeniyatı, óndiris tarawları, siyasiy waqıya hám hádiyselerdi úyrenedi.

Geografiyalıq bilimler jıynaǵı hám kóleminiń keńeyiwi, ilimniń ilimiy-ámeliy áhmiyetiniń tereńlesiwi nátiyjesinde tábiyiy hám social-ekonomikalıq geografiya quramında birneshe mazmunı jaǵınan tarlaw pán hám ilimiy-izertlew baǵdarları qáliplesti. Olardan, tábiyiy geografiya sheńberinde ayrıqsha tábiyat komponentlerin hár tárepleme úyrenetuǵın ilimler qáliplesip, óz aldına pán sıpatında rawajlanbaqta: *geomorfologiya* (Jer júzi relyefin úyrenedi), *klimatologiya* (klimat ózgesheliklerin úyrenedi), *gidrologiya* (gidrosferanı úyrenedi, *okeanologiya* hám *qurǵaqlıq gidrologiyasına* bólinedi), *glyaciologiya* (qar hám muzlıqlardı izertleydi), *geokriologiya* (kóp jıllıq muzlıq jerlerdi úyrenedi), topıraqlar geografiyası (topıraqlardıń tarqalıwın úyrenedi) hám *biogeografiya* (tiri organizmlerdiń Jer júzinde tarqalıwın úyrenedi, *geobotanika* hám *zoogeografiyaǵa* bólinedi). Planetalıq áhmiyetke iye tábiyiy geografiyalıq proceslerdi hám geografiyalıq qabıqtı bir pútin tutas sistema sıpatında *ulıwma tábiyiy geografiya* úyrenedi. Kishi aymaqlar tábiyatınıń dúzilisi hám ózgesheliklerin izertlewshi *landshafttanıw* páni de tábiyiy geografiyalıq ilimler qatarında ayrıqsha ajıralıp turadı. Tábiyatqa insan xojalıq iskerligi tásiriniń kúsheyiw múnasibeti menen payda bolǵan *geoekologiya* páni qorshaǵan tábiyiy ortalıqta júz berip atırǵan ózgeris hám ekologiyalıq mashqalalardı geosistemalar sheńberinde izertleydi.

Social-ekonomikalıq geografiya sheńberinde de soǵan uqsas tarmaqlanıw procesi rawajlanıp barmaqta. Bunıń nátiyjesinde, *xalıqlar geografiyası, qalalar geografiyası (geourbanistika)*, *siyasiy geografiya* (jáhán siyasiy kartası, mámleket shegaraları, siyasiy qatnas hám proceslerdi úyrenetuǵın pán), *sanaat geografiyası, awıl xojalıǵı geografiyası, transport geografiyası, turizm geografiyası, xızmet kórsetiw tarawları geografiyası, etnogeografiya* (xalıqlar geografiyası), *din geografiyası* hám basqa geografiyalıq pánler payda boldı. Sonıń menen birge, social-ekonomikalıq geografiyalıq pánler ishinde jáhán ekonomikası hám xalıq aralıq miynet bólistiriliwin úyreniwshi *jáhán xojalıǵı geografiyası* hám de dúnya mámleketlerin hár tárepleme úyrenetuǵın *mámlekettanıw* sıyaqlı keń kólemli pánler de rawajlanbaqta.

Joqarıdağılardan juwmaq shıǵarıp sonı aytıw múmkin, geografiya házirgi dáwirde maqset hám wazıypaları, úyreniw obyekti hám predmeti óz ara baylanısqan birneshe pánlerden ibarat bolǵan *ilimler sitemasın*a aylandı. Bul ilimler sisteması quramında tábiyiy geografiyalıq hám social (yaǵnıy, jámiyetti úyreniwshi) geografiyalıq pán toparları ajıralıp turadı. Sonday-aq, jámiyet hám tábiyattıń óz ara múnásibetlerin úyreniw waqtında, bir qatar ulıwma geografiyalıq mazmun-mánige iye pánler de payda bolǵan, mısalı *tábiyiy resurslar hám tábiyattan paydalanıw geografiyası, medicinalıq geografiyası* (túrli aymaqlarda jasawshı xalıqtıń salamatlıǵı hám keselleniwi, oǵan tásir etiwshi tábiyiy hám sociallıq faktorlardı úyrenedi). Geografiyalıq ilimler sistemasında geografiyalıq kartalardı dúziw hám olar menen islewdi úyrenetuǵın *kartografiya* páni úlken áhmiyetke iye.

Geografiyalıq ilimler qatarına kiriwshi barlıq pánler óz ara baylanısta bolıp, ulıwma ilimiy hám ámeliy maqsetlerdi kózlegen halda rawajlanbaqta. Túrli geografiyalıq ilimler sáykesliginde Jer júzi hám óz aldına aymaqlar haqqında bir pútin kózqaras qáliplesedi, mámleket hám aymaqlar rawajlanıwınıń mashqala hám keleshegi anıqlanadı, tábiyattı qorǵaw hám onnan aqılǵa muwapıq paydalanıw, ekonomikanı rawajlandırıw, xalıqtıń turmıs dárejesin jaqsılawǵa xızmet etiwshi ámeliy usınıs hám másláhátler islep shıǵıladı.

Geografiyanı úyrene baslaǵan waqıtta bul pánniń atı áyyemgi grek tilinde «*Jerdiń súwreti*» degen sózlik máni beriwin bilip alǵansız. Lekin házirgi dáwir geografları túrli orınlar tábiyatı, xalqı hám xojalıǵın súwretlew hám sıpatlaw menen sheklenip qalmastan, túrli tábiyiy hám sociallıq qubılıslardıń kelip shıǵıw hám aymaqlıq tarqalıw nızamlılıqların úyrenedi, tábiyat hám jámiyet ortasındaǵı óz ara qatnas hám qarama-qarsılıqlardı hár tárepleme analizleydi, aktual áhmiyetli ekologiyalıq, social-ekonomikalıq hám siyasiy mashqalalardı aymaqlardıń ózine tán sharayat hám ózgesheliklerinen kelip shıqqan halda sheshiw jolların islep shıǵadı. Zamanagóy geografiya *zamanagóy súwretlewshi* mazmundaǵı *«Ne? Qay jerde? Qansha»* sorawlarına juwap beriwshi pánnen *«Ne? Qay jerde? Qansha? Ne sebepten? Qanday paydalanıw kerek?» Jaqsılaw ne ushın ne islew kerek?* degen sorawlarǵa juwap tabıwshı keń kólemli *teoriyalıq* hám *ámeliy áhmiyetke iye bolǵan ilimler sistemasına* aylandı.

Geografiya pániniń wazıypası ilim hám jámiyettiń rawajlanıwı menen ózgerip bardı. Búgingi kúnde zamanagóy geografiyanıń aldına

qoyǵan wazıypaları birqansha bolıp, eń tiykarǵı wazıypası *tábiyat hám jámiyettiń óz ara qatnasıqların sáykeslestiriw bolıp tabıladı.*

Geografiya ilimlerinde túrli ilimiy-ámeliy máselelerdi úyreniw procesinde bir qatar *izertlew usıllarınan* paydalanıladı. Bulardan eń áhmiyetlileri — *ekspediciya, súwretli, kartografiya, statistikalıq, salıstırmalı geografiyalıq, rayonlastırıw* usılları. Sonday-aq, barǵan sayın geografiyalıq izertlewlerde *matematikalıq* hám *kompyuter modellestiriw*, *aerokosmoslıq*, *geoximiyalıq* hám *geofizikalıq* sıyaqlı zamanagóy izertlew usıllarınıń áhmiyeti hám de qollanılıw kólemi keńeyip barmaqta.

Geografiya, geografiya ilimleri sisteması, tábiyiy geografiyalıq hám social-geografiyalıq pánler, geografiyalıq qabıq, rayon, tábiyat hám jámiyettiń óz ara qatnasıqları, izertlew usılları.

1. Geografiyanıń úyreniw obyekti ne?
2. Geografiya ilimleri sistemasında qanday pánler bar?
3. Geografiyada házirgi waqıtta qanday máseleler ústinde hám qanday izertlew usılları járdeminde izleniwler alıp barılmaqta?
4. Temadaǵı maǵlıwmatlardan paydalanıp, geografiya ilimleri sistemasınıń dúzilisin sáwlelendiriwshi sızılmanı dápterińizge sızıń.

## 2-§. GEOGRAFIYA ILIMINIŃ TARIYXÍ HÁM HÁZIRGI DÁWIRDEGI RAWAJLANÍWÍ

Geografiya eń áyyemgi hám hámiyshe nawqıran ilimlerden biri. Geografiyalıq ashılıwlar, ideya hám bilimlerdiń rawajlanıw ózgesheliklerine tiykarlanıp, bul pánniń tariyxında tómendegi basqıshlardı ajıratıw múmkin.

***Áyyemgi yaki antik dáwir basqıshı***. Alǵashqı adamlardıń ózi jasap turǵan orındı úyreniw, jasaw ushın qolaylı, tábiyiy resurslarǵa bay jerlerdi tabıw hám ózlestiriwge bolǵan umtılıwları tiykarında dáslepki geografiyalıq bilimler toplanıp barǵan. B.e.sh. 2-mıń jıllıqta finikiyalılar Jer Orta teńizinen Gibraltar buǵazı arqalı júzip ótip, Afrika jaǵaları boylap Hindstanǵa shekem júzip barǵan. Sol waqıttan Aziya hám Evropa atları payda bolǵan.

Bul dáwirde grekler hám rimliler usı dáwirde belgili bolǵan aymaqlardı súwretlep jazıw menen birge kartalardı da dúzgen. Gomer b.e.sh. XII ásirde Jer Orta teńizi hám onıń átirapın súwretleytuǵın dúnya kartasın dúzdi. Pifagordıń shákirtleri b.e.sh. VI ásirde Jerdiń

shar tárizli ekenligin aytqan. Aristotel b.e.sh. IV ásirde, Jerdiń shar tárizli ekenligin, ıssılıq poyasları bar ekenligin logikalıq tárepten dálilledi. Álemniń orayında Jer turadı degen *geocentrik* teoriyanı alǵa súrdi. Eratosfen b.e.sh. III ásirde birinshi bolıp Jerdiń úlkenligin ólshedi hám «Geografika» atlı kitabın jazıp, geografiya pániniń óz aldına pán bolıp shıǵıwına tiykar saldı. Eramızdıń II ásirinde Ptolomey 8 tomlı «Geografiya» miynetin jazdı hám kartalardı dúziwde kartografiyalıq proekciyalar hám dáreje torın oylap taptı, dáslepki «Atlas»tı jarattı. Sol dáwirde Strabon da 17 tomnan ibarat «Geografiya» shıǵarmasın jazdı.

*Bul basqıshtıń tiykarǵı nátiyjeleri*: geografiya páni payda boldı hám «geografiya» atlı kitaplar jazıldı, dúnya kartaları dúzildi, geografiyalıq koordinatalar hám dáreje torı oylap tabıldı, Jerdiń shar tárizli ekenligi logikalıq jaqtan dálillendi hám ólshemleri anıqlandı.

***Orta ásirler basqıshı.*** Bul dáwirde geografiya, ulıwma ilim-pán, tiykarınan Shıǵısta, atap aytqanda, Orta Aziya, Mısr, Iranda rawajlandı. Geografiya páni, tiykarınan, úlketanıw, kartografiya, geodeziya baǵdarında rawajlandı. Muhammed ibn Musa al-Xorezmiy IX ásirde Jerdiń shar tárizli ekenligin dálillep, onıń ólshemlerin salıstırmalı anıq ólshedi. «Surat-al-Arz» atlı kitap jazıp, Shıǵıs geografiyasına tiykar saldı.

Geografiya pániniń rawajlanıwında Abu Rayhan Beruniydiń xızmeti ullı. Onıń geografiyaǵa baylanıslı 22 miyneti bolıp, sonnan on ekisi geodeziya, tórtewi kartografiya, úshewi klimatologiya, úshewi mineralogiyaǵa baylanıslı hám házirge kúnde de áhmiyetli esaplanadı. Ol soqqan globus bolsa Jerdiń shar tárizli ekenligin dálillew hám túsindiriwde, Arqa yarım shar tábiyatın úyreniwde teńi joq derek bolǵan. Ol grek hám rim ilimpazlarınan parıqlanıp álemniń *geliocentrik* dúzilisi teoriyasın rawajlandırıwǵa úles qosqan.

Abdurazzaq Samarqandiy Hindstanǵa sayaxat etip, Iran, Pakistan, Arabstan teńizi haqqında bay maǵlıwmatlar topladı. Axmet Ferǵaniy astronomiya, klimatologiya, gidrologiya pánlerine baylanıslı shıǵarmalar dóretti. Ol Nil dáryasınıń suw sarpın ólsheytuǵın «Nilometr» ásbabın jaratıp, dáryalardıń suw sarpın ólshew hám oǵan baylanıslı jumıslardı durıs jobalastırıwǵa tiykar jarattı. Omar Hayyam tárepinen kóplep kartalar dúzildi. Yaqut Hamaviy geografiyalıq sózlik — sol dáwirdegi geografiyalıq bilimler enciklopediyasın dúzdi. Zahiriddin Muhammed Babur «Baburnama» shıǵarması arqalı geografiya ilimine úlken úles qostı.

Bul dáwirde evropalılar da sayaxatlar shólkemlestirip, geografiyalıq bilimlerdiń bayıwına sezilerli úles qostı. 982-jılı Erik Rauda Grenlandiyanı, onıń ulı Leyve Eriksson bolsa Arqa Amerikanıń arqa-shıǵıs jaǵaların úyrendi. 1271—1295-jılları veneciyalı Marko Polo Qıtayǵa sayaxat etedi hám onıń maǵlıwmatları Ptolomeydiń kartasında súwretlenbegen orınlardı toltıradı. 1466—1472-jılları A. Nikitin Hindstanǵa sayaxat etip «Úsh teńiz artına sayaxat» miynetin jazadı.

*Basqıshtıń tiykarǵı nátiyjeleri:* Jerdiń forması hám ólshemleri anıǵıraq ólshendi, geodeziya, kartografiya, gidrologiya, klimatologiya ilimleri payda boldı hám rawajlandı, úlketanıw hám mámlekettanıwǵa arnalǵan iri shıǵarmalar jazıldı, Shıǵıs, sonıń ishinde, Orta Aziya geografiyasına tiykar salındı.

***Ullı geografiyalıq ashılıwlar basqıshı.*** XV ásirdiń 2-yarımına kelip, Evropada tábiyiy resurslar hám shiyki zatqa bay dep esaplanǵan Hindstan hám Qıtayǵa jańa jollardı tabıw isleri baslandı. Nátiyjede, «Ullı geografiyalıq ashılıwlar» islendi. Ullı geografiyalıq ashılıwlar tiykarınan 3 baǵdarda alıp barıldı: 1) qubla — Afrika boylap; 2) batıs — Atlantika okeanı arqalı; 3) arqa — Evraziyanıń polyar úlkeleri hám arqa jaǵaları boylap.

Bul basqısh 1492-jılı ispaniyalı Xristofor Kolumbtıń Amerikaǵa 1-sayaxatınan baslanadı. X. Kolumb Amerikaǵa jámi 4 márte barıp, hár sapar jańa-jańa atawlardı ashıwına qaramay, ol jerlerdiń Hindstan emesligin bilmegen. 1499—1501-jılları Amerigo Vespuchchi Qubla Amerika jaǵaların tekserip, bul jerler Hindstan emes, jańa jerler ekenligin jazadı. 1507-jılı M. Valdzemyuller «Kosmografiyaǵa kirisiw» atlı shıǵarmasında bul jańa jerlerdi «Terra Amerika» dep ataydı. Keyin ala Merkator ózi dúzgen kartalarında hár eki materikti de sol at penen ataydı.

1498-jılı portugaliyalı Vasko da Gama ekspediciyası Afrikanı aylanıp ótip, Evropadan Hindstanǵa baratuǵın teńiz jolın ashtı. 1519—1521-jılları ispaniyalı Fernando Magellan ekspediciyası dúnya boylap sayaxatın ámelge asırdı. Nátiyjede, Jerdiń shar tárizliligi ámelde dálillendi hám Dúnya okeanınıń bir pútinligi belgili boldı.

XVI ásirde angliyalı hám gollandiyalı sayaxatshılar da Hindstan hám Qıtayǵa teńiz jolın ashıw maqsetinde arqa-batıs hám arqa-shıǵıs baǵdarlarda ekspediciyalar ótkizdi. Nátiyjede, Arqa Amerika hám Evraziyanıń arqa jaǵaları hám kóplep atawlar úyrenildi. Biraq teńiz jolın ashıwǵa muwapıq bolmadı. Sonday-aq, Amerikanıń ishki

úlkelerin, yaǵnıy angliyalılar — AQSH aymaǵın, francuzlar — Kanada aymaǵın tekserdi.

XVI ásirdiń aqırlarınan baslap Qubla Aziya, Avstraliya hám Okeaniya aymaqları inglis hám gollandlar tárepinen tekserilip, ashıla baslandı. 1605-jılı golland sayaxatshısı Yanszon Avstraliya materigin ashtı. Keyin ala 1641-1643-jılları A. Tasman materikti aylanıp shıqtı.

Sol dáwirde rus sayaxachıları Sibir, Uzaq Shıǵıs, Evraziyanıń arqa hám arqa-shıǵıs jaǵaların, Arqa Amerkanıń arqa-batıs bólimine deyin bolǵan aymaqlardı úyrenip, kartaǵa túsirdi hám súwretlep jazdı.

Joqarıda aytılǵan hám basqa onlap ekspediciyalarda toplanǵan maǵlıwmatlar geografiyalıq bilimlerdiń keńeyiwine hám rawajlanıwına alıp keldi. 1544-jılı S. Myunsterdiń «Kosmografiya», 1650-jılı golland ilimpazı B. Vareniustıń «Ulıwma geografiya» atlı shıǵarması basılıp shıqtı. G. Merkator kartalarınıń matematikalıq tiykarın, kartografiyalıq proekciyaların islep shıqtı. Bulardıń barlıǵı geografiyanıń rawajlanıwı ushın tiykar boldı.

*Bul basqıshtıń tiykarǵı nátiyjeleri:* Arqa hám Qubla Amerika, Avstraliya materikleri ashıldı; Jerdiń shar tárizliligi hám Dúnya okeanınıń úzliksiz, bir pútinligi ámelde dálillendi; aldın belgisiz bolǵan Tınısh okeanınıń bar ekenligi hám onıń eń úlken okean ekenligi, Jer júziniń úlken bólegi qurǵaqlıq emes, suwlıqtan ibarat ekenligi anıqlandı.

***Ilimiy geografiyalıq jumıslar basqıshı***. XVII ásirge kelip ilimlerdiń rawajlanıwında keskin alǵa ilgerilew júz berdi. Geografiyada arnawlı ilimiy ekspediciyalar shólkemlestirile baslandı. Bunday ekspediciyalardan eń tiykarǵıları: 1725—1741-jılları V.Bering hám A.Chirikov basshılıǵındaǵı rus ekspediciyası, 1785—1788-jılları J.Laperuz basshılıǵındaǵı francuz ekspediciyası, 1768—1779-jılları Jeyms Kuk basshılıǵındaǵı 3 mártebe dúnya boylap inglis ekspediciyası. Bul ekspediciyalar tárepinen Kuril atawları, Kamchatka hám Chukotka yarım atawları, Aziyanıń arqa jaǵaları, Afrika hám Qubla Amerikanıń ishki bólimleri, Avstraliyanıń shıǵıs jaǵaları, Jańa Zelandiya, Jańa Kaledoniya, Qubla Georgiya, Jámiyet, Gavayi, Kuk hám basqa atawlar úyrenildi.

Jerdiń ishki bólekleri, tektonikalıq qubılısıar haqqındaǵı bilimlerdiń toplanıwı menen tábiyiy geografiyadan geologiya ajıralıp shıqtı, Jer beti relyefi, jer ústi hám astı suwları, klimat, samallar, ósimlikler haqqındaǵı bilimlerdiń keńeyiwi bolsa geomorfologiya, gidrologiya, meteorologiya hám geobotanika ilimleriniń óz aldına pán dárejesinde rawajlanıwına alıp keldi. Bul basqıshta ilimiy jumıslar, kóbinese úyrenilgen jerlerdiń

geografiyalıq sıpatlamasına arnalǵan bolıp, jańa kitaplar hám kartalar islengen.

Bul basqıshta birqansha teoriya hám gipotezalar, kitaplar jaratıldı. Bular: Kant-Laplastıń kosmogonikalıq teoriyası; Pallastıń geologiyalıq qatlamlardıń jası haqqındaǵı teoriyası; Leybnictiń taw payda bolıwında vulkan háreketleri gipotezası; M.Lomonosovtıń «Jer qatlamları haqqında», «Atmosfera qubılısları haqqında» kitapları, Kanttıń «Tábiyiy geografiyadan lekciyalar» kitabı hám basqalar.

*Bul basqıshtıń tiykarǵı nátiyjeleri*: Jer betiniń túrli bólekleri ilimiy úyrenildi; ilimde jańa teoriya hám gipotezalar jaratıldı; kartografiyalıq proekciyalar hám relyefti súwretlewdiń jańa usılları oylap tabıldı; iri miynetler hám kitaplar jaratıldı, geografiya iliminiń quramında bir qansha óz aldına pánler rawajlandı.

***XIX ásir hám XX ásirdiń 1-yarımında geografiyanıń rawajlanıwı.*** Bul basqıshqa kelip *milliy geografiya jámiyetleri* shólkemlestiriliwi baslandı. Bular, Franciya (1821), Germaniya (1828), Ullı Britaniya (1830), Rossiya (1845), Túrkistanda bolsa 1897-jılı dúzilgen. Kóp ǵana mámleketler tárepinen iri ilimiy izertlew ekspediciyaları shólkemlestirildi. 1821-jılı F. F. Bellinsgauzen hám M. P. Lazarev tárepinen Antarktida ashıldı. 1823—1825-jılları O. E. Kocebu Dúnya okeanı boylap ekspediciyada *marjan atawlarınıń* kelip shıǵıwın úyrendi, fizik E. Lens bolsa tereńlikti ólshew ushıń birinshi márte *batometrdi* qolladı. D. Livingston Afrikanıń ishki bóleklerin úyrendi. P. P. Semyonov-Tyanshanskiy basshılıǵında Orta Aziyanıń ishki aymaqları úyrenildi. R. Piri 1909-jılı Arqa polyustı, R. Amundsen bolsa 1911-jılı Qubla polyustı ashtı.

A. Gumboldt Evropa, Amerika, Aziyaǵa ekspediciya shólkemlestirip, júdá kóp maǵlıwmatlar topladı. Ósimliklerdiń keńlik zonallıǵı hám bálentlik poyaslanıwı nızamlıǵın anıqladı. Usı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırǵan birneshe tomlıq «Tábiyat kórinisi», «Kosmos» sıyaqlı iri shıǵarmalardı jazdı. Gumboldt tábiyattı bir pútin, keskin nızamlılıqlı hám úzliksiz rawajlanatuǵın sistema sıpatında qarap jańa geografiyanı jarattı. Bul geografiyanıń wazıypası tábiyattı rawajlanıwda hám bir pútin tutas ónim sıpatında úyreniw, tábiyattaǵı nızamlılıqlardı anıqlaw, dene hám qubılıslar arasındaǵı baylanıslardı, óz ara tásir hám baylanıslılıqlardı ashıw hám basqalar.

Ch. Layel tárepinen jer qabıǵınıń rawajlanıw teoriyası islep shıǵıldı. V. V. Dokuchaev tárepinen tábiyat zonallıǵı táliymatı, A. A. Grigorev

tárepinen geografiyalıq qabıq táliymatı, V. A. Vernadskiy tárepinen biosfera táliymatı jaratıldı.

*Bul basqıshtıń tiykarǵı nátiyjeleri:* geografiya jámiyetleri dúzildi. Arqa hám Qubla polyuslar ashıldı, dúnya kartasında belgisiz bolǵan aymaqlar qalmadı. Ilimiy geografiya payda boldı. Okeanografiya páni qáliplesti. Meteorologiyalıq hám gidrologiyalıq stanciyalar qurıldı. Atmosfera hám okeandaǵı qubılıslardıń sebepleri ashıp berildi. Jer qabıǵınıń rawajlanıw teoriyası islep shıǵıldı. Birneshe táliymatlar: tábiyat zonallıǵı, geografiyalıq qabıq, biosfera táliymatları jaratıldı.

***Házirgi zaman basqıshı.*** Geografiya ilim-texnika revolyuciyası tásirinde jedel rawajlanbaqta. Bul basqıshta geografiya pániniń rawajlanıwındaǵı tiykarǵı ózgeshelikler tómendegilerden ibarat: geografiyalıq izertlewlerde modellestiriw hám tájiriybe usılları, geografiyalıq xabar sistemaları, kompyuter texnologiyaları, kosmoslıq usıllar keń qollanılmaqta. Kosmoslıq usıllar járdeminde aylana tárizli dúzilmeler, atmosfera háreketleri, okean suwı aylanba háreketi hám tereńdegi suwlardıń kóteriliw procesleri anıqlandı. Insannıń tábiyatqa tásiri kúsheyip, hátte geografiyalıq qabıq shegarasınan sırtqa shıǵıp ketti. Sol múnásibet penen izertlewler lokal (jergilikli) mashqalalar menen bir waqıtta global mashqalalarǵa da óz dıqqatın qaratpaqta.

Pánde qatlamlanıw, yaǵnıy geografiyalıq pánler ishinde jańa baǵdarlar payda bolmaqta. Mısalı, landshafttanıwdıń ishinde ámeliy landshafttanıw, antropogen landshfttanıw sıyaqlı bóliniwler júzege keldi. Sonday-aq, uqsas pánler menen «aralıqta» jańa baǵdar hám pán tarmaqları payda bolmaqta. Mısalı, geografiya menen medicina aralıǵında medicina geografiyası, geografiya menen tariyx, filologiya aralıǵında orın atamaların úyreniwshi toponimika páni payda boldı.

Geografiya, antik dáwir, orta ásirler, shıǵıs geografiyası, ullı geografiyalıq ashılıwlar, dúnya boylap sayaxat, ekspediciya, ilimiy geografiya, jańa geografiya, táliymatlar.

1. Orta ásirler basqıshınıń tiykarǵı nátiyjeleri nelerden ibarat?
2. Ilimiy geografiyalıq jumıslar basqıshınıń tiykarǵı nátiyjeleri haqqında nelerdi bilesiz?
3. Geografiya iliminde qanday táliymatlar jaratıldı?
4. Dúnyanıń jazıwsız kartasına sayaxat hám ekspediciyalardıń baǵdarların sızıń.



# II BAP. JER TÁBIYATÍ

## 3-§. JER JÚZI TÁBIYATÍ RAWAJLANÍWÍNÍŃ KOSMOSLÍQ SEBEPLERI

Jer basqa aspan deneleri sıyaqlı kosmostıń bir bólegi. Kosmos Jerdi orap turǵan bar bolǵan materiallıq barlıq. *Kosmos* mákanda sheksiz-shegarasız hám zamanda máńgi esaplanadı. Kosmosta aspan deneleri dúzilisi hár túrli bolǵan sistemalardı payda etedi. Solardan biri Quyash sisteması. Quyash átirapında planetalar, joldaslar, asteroidlar, kometalar menen bir sistema bolıp galaktikamız *Qus jolı* orayı átirapında aylanba háreket etedi. Qus jolı galaktikası haqqında maǵlıwmatlar astronomiya sabaqlıǵınan Sizge belgili.

Quyash sistemasınan *galaktika* orayına shekem bolǵan aralıq 23—28 mıń jaqtılıq jılına teń. Quyash galaktikanıń shetirek bóleginde jaylasqan. Bul jaǵday Jer ushın júdá qolaylı: ol Galaktikanıń salıstırmalı tınısh bóleginde jaylasqan hám payda bolǵannan baslap kosmoslıq apatlarǵa ushıramastan rawajlanıp kelmekte. Quyash sisteması Galaktika orayı átirapında 200—220 km/sek tezlik penen qozǵalıp, 180—220 mln. jılda bir márte aylanıp shıǵadı. Jerdegi 200 mln. jıl — *tektonikalıq cikldiń* dawamlılıǵı esaplanadı. Bul Jer ómirinde tektonikalıq qubılıslardıń belgili izbe-izligi menen sıpatlanatuǵın áhmiyetli dáwir. Cikl basında Jer qabıǵınıń shógiwi, qalıń shógindi qatlamnıń toplanıwı, suwastı vulkanlarınıń atılıwı júz beredi. Keyin, tektonikalıq procesler kúsheyedi, tawlar payda boladı, materiklerdiń sırtqı kórinisi ózgeredi. Bul bolsa, óz náwbetinde, Jer tábiyatınıń ózgeriwine alıp keledi.

***Quyash*** — Jerge eń jaqın juldız bolıp, diametri 1,39 mln. km, júdá qızıǵan, jaqtılıq hám ıssılıq taratıp turatuǵın, gazlerden ibarat shar tárizli aspan denesi. Onda Quyash sistemasınıń 99 % ten artıq massası toplanǵan. Sonıń ushın ol átiraptaǵı aspan denelerin tartıw kúshi esabınan uslap turadı hám planetalardıń derlik birdey tegislikte háreketleniwin támiyinleydi.

*Quyash sisteması — Quyash, 8 planeta, 160 tan artıq joldas, 40000 nan artıq asteroid hám 1 mln.ǵa jaqın kometadan ibarat.* Bul aspan deneleriniń barlıǵı Jer tábiyatına tásir kórsetedi. Biraq, eń kúshli tásir Quyash, soń Ay tárepinen boladı.

Quyashtan tarqalatuǵın ıssılıqtıń milliardtan eki bólegi Jerge jetip keledi. Bul muǵdar Jer ushın tán bolǵan ıssılıq sharayatın támiyinleydi. Quyashtan keletuǵın radiaciya Jer betindegi ıssılıqtıń tiykarǵı deregi bolıp, qurǵaqlıqta, Dúnya okeanında, atmosfera hám tiri organizmlerde júz beretuǵın proceslerdi júzege shıǵarıwshı tiykarǵı kúsh bolıp tabıladı.

Quyashtan Jerge jaqtılıq hám ıssılıqtan tısqarı elektr zaryadlı hár túrli bóleksheler keledi. Kosmostıń uzaq bóleginen Jer atmosferasınıń joqarı qatlamlarına kórinbeytuǵın hám júdá úlken energiyaǵa iye bolǵan kosmoslıq nurlar kelip turadı. Bul bóleksheler hám nurlar tásirinde Jerdegi kóp qubılıslar, sonnan, polyar jaqtısı, magnit boranları, hawanıń ionlasıwı, atmosferadaǵı bazı gazlerdiń molekula jaǵdayınan atom jaǵdayına ótiwi sıyaqlılar payda boladı.

***Ay*** — Jerdiń tábiyiy joldası hám oǵan eń jaqın aspan denesi. Jerden 384 mıń km aralıqta jaylasqan. Radiusı 1738 km, ortasha tıǵızlıǵı 3,34 gr/sm$^3$. Massası Jer massasınan 81 ese jeńil. Jer átirapında ellips orbita boylap 27,32 sutkada aylanıp shıǵadı. Ay suwıq aspan denesi, ózinen ıssılıq hám jaqtılıq shıǵarmaydı. Quyashtan kelgen nurdı qaytarǵanı ushın bizge jaqtı bolıp kórinedi.

Quyash hám Aydıń tartısıwı nátiyjesinde Jerdiń forması dáwirler boyınsha ózgerip turadı. Nátiyjede, Dúnya okeanı, atmosfera hám Jer qabıǵında ritmli ráwishte qalqıw qubılısı júz beredi. Dúnya okeanında kóterilgen qalqıw qubılısı Jerdiń óz kósheri átirapında aylanıwına qarama-qarsı baǵdarda háreket etip, Jerdiń aylanıw tezliginiń kemeyiwine belgili muǵdarda sebep boladı. Ay, Quyash hám basqa aspan deneleriniń tartısıwı sebepli Jerdiń aylanıwı ástelesedi, aqıbette Jerdiń polyar qısılıwı kemeyip, sharǵa jaqınlasıp baradı. Nátiyjede, litosfera plitaları qozǵalısı hám Jer qabıǵındaǵı jarıqlar, tektonikalıq qozǵalıslar ózgeredi. Sonday-aq, Koriolis kúshi kemeyedi hám nátiyjede hawa massaları, samallar hám okean suwları qozǵalısı, klimat ózgeredi. Bulardıń bári Jer júzinde tábiyiy sharayat hám resurslardıń ózgeriwine, óz náwbetinde, insan xojalıq iskerligine tásir kórsetedi.




***1-súwret.*** Jerdiń qabıl etilgen formaları

***Jer*** — Quyash sistemasındaǵı planetalardan biri bolıp, onıń forması, ólshemleri, tıǵızlıǵı, zatlar quramı, dúzilisi hám qozǵalısları kosmosta jaylasqan ornına baylanıslı. Onıń formasın Siz tómengi klaslarda shar tárizli dep oqıǵansız. Bul durıs, biraq, negizinde, onıń forması *geoid*. Jer heshbir geometriyalıq formaǵa yaki denege uqsamaydı. Jer betinde geodeziyalıq-kartografiyalıq jumıslarda geoidtı ólshew hám esaplaw qıyın bolǵanı ushın, ólshew, esaplaw hám súwretlew ańsat bolǵan shar yaki ellips formasında dep qabıl etiledi (1-súwret).

Tómendegi 1-kestede keltirilgen maǵlıwmatlardan Jerdiń forması hám ólshemleri haqqında anıq túsinik payda etiw múmkin.

***1-keste***

**Jerdiń ayırım ólshemleri**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ortasha ekvatorial radiusi | 6378,14 km | Ekvator uzınlıǵı | 40 075,7 km |
| Ortasha polyar radiusi | 6356,78 km | Kólemi | $1{,}083 \times 10^{12}$ km$^3$ |
| Polyar qısıqlıq | 21,36 km | Ortasha tıǵızlıǵı | 5,52 g/sm$^3$ |
| Ekvatorial qısıqlıq | 213 m | Massası | $5{,}976 \times 10^{24}$ kg |
| Meridian uzınılǵı | 40 008,5 km | Jer betiniń maydanı | 510 mln km$^2$ |

*Jerdiń forması hám ólshemleriniń geografiyalıq áhmiyeti* tómendegilerde kórinedi:

— Jerdiń shar tárizli forması quyash nurları túsiw múyeshiniń ekvatordan polyuslarǵa qaray nızamlılıq tiykarında ózgerip barıwına sebep boladı. Bul bolsa *geografiyalıq zonallıq nızamlılıǵın* júzege keltirgen;

— Jerdiń shar tárizli forması zatlardı bir orınǵa toplaydı hám qoyıwlastıradı. Nátiyjede, zatlar qısıladı hám tıǵızlasadı, ishki bóleginde túrli tıǵızlıqqa iye qabıqlar payda boladı. Jerdiń *qabıqlı dúzilisi* onıń tiykarǵı ózgesheligi;

— Jer beti, tiykarınan, geografiyalıq qabıqtıń domalaq (shar tárizli) formada ekenligi mákannıń *bir pútin* hám *sheksizligin* támiyinleydi;

— Jerdiń haqıyqıy forması — geoidtıń shardan awıwı Jer ishindegi zatlardıń teńsalmaqlılıqqa umtılıwı sebepli jer qabıǵında kóteriliwler hám shógiwler, jer jarıqlarınıń júzege keliwine, aqıbette relyeftiń ózgeriwine sebep boladı. Relyef hám tektonikalıq qozǵalıslar geografiyalıq qabıqta *azonallıq* nızamlılıǵın júzege keltiriwshi faktorlar esaplanadı. Zonallıq hám azonallıq nızamlılıqlarınıń bir orında hám bir waqıtta júz beriwi Jer beti tábiyatınıń hár túrli bolıwın keltirip shıǵarǵan;

— Jer tıǵızlıǵı hám massasınıń úlkenligi onıń tartıw kúshiniń úlken bolıwın, bul bolsa óz átirapında hawa hám suwdı uslap turıwın támiyinlegen. Jer betindegi atmosfera basımınıń bar ekenligi suwdıń suyıq halda bolıwına imkan beredi, keri jaǵdayda bolǵanda suw puwlanıp ketken bolar edi. Jerde belgili bir turaqlı ıssılıq sharayatın uslap turıwda atmosfera hám gidrosferanıń áhmiyeti úlken. Atmosfera Quyashtan kelip atırǵan zıyanlı elektromagnit nurların uslap qaladı. Dúnya okeanı bolsa júdá úlken ıssılıq deregi bolıp tabıladı.

Jer planetası bir waqıttıń ózinde birqansha *qozǵalıslardı* ámelge asıradı. Olardan Jer tábiyatı hám adamlar tirishiligi ushın eń kóp tásir kórsetetuǵınları Jerdiń Quyash átirapında, óz kósheri átirapında hám Jer-Ay ulıwma awırlıq orayı átirapında aylanıwı boladı.

Jer Quyash átirapında saat strelkasına qarsı baǵdarda ortasha 29,8 km/sekund tezlik penen 934 mln km bolǵan *orbitanı* 365 sutka 6 saatta tolıq bir márte aylanıp shıǵadı. Jer orbitası (Quyash átirapında aylanıw jolı) ellips formada. Sonıń ushın Quyash penen Jer ortasındaǵı aralıq hárdayım ózgerip turadı. Jer orbitasınıń Quyashqa eń jaqın noqatı — *perigeliy* dep ataladı. Bul noqatta Jer hám Quyash arasındaǵı aralıq 147 mln km ge teń. Jer orbitasınıń Quyashtan eń uzaq noqatı bolsa *afeliy* dep atalıp, Jer menen Quyash ortasındaǵı aralıq 152 mln km boladı. Sonıń ushın Jer orbita boylap *túrli tezlikte* qozǵaladı, yaǵniy *perigeliyde eń tez* (30,3 km/sekund), *afeliyde eń áste* (29,3 km/sekund) aylanadı. Bunıń aqıbetinde Quyash Arqa yarım sharǵa 186 kún, Qubla yarım sharǵa bolsa 179 kún nur shashadı. Biraq bul Jerge keletuǵın ıssılıqtıń muǵdarına tásir etpeydi. Jer orbitasınıń aylanaǵa jaqın ellipsligi sebepli Jerge keletuǵın ıssılıqtıń muǵdarı ózgermeydi, yaǵnıy turaqlı. Sol sebepli Jer betinde turaqlı ıssı sharayat júzege kelgen.

*Jerdiń Quyash átirapında aylanıwınıń geografiyalıq aqıbetleri*: jıl máwsimleri payda boladı, kún hám tún dawamlılıǵı ózgeredi, Quyash turıwı noqatları (22-iyun, 22-dekabr) hám de báhárgi hám gúzgi teń kúnlikler (21-mart, 23-sentyabr) boladı, Quyash Arqa yarım sharǵa 1 hápte kóbirek nur shashadı, jaqtılıq poyasları payda boladı, turaqlı ıssılıq sharayatı qáliplesedi, musson samalları payda boladı, ulıwma, geografiyalıq qabıqta *jıllıq ritmlilik nızamlılıǵı* júzege keledi.

Jer óz kósheri átirapında aylanǵanda aylanıw kósheri orbita tegisligine salıstırmalı 66,5° múyesh payda etedi. Jer aylanıwınıń múyesh tezligi 1 saatta 15°, yaǵnıy Jer betindegi hárqanday noqat (polyuslardan tısqarı) 1 saatta 15° qa burıladı. Biraq sekundına aralıq esabındaǵı tezlik hár

túrli keńlikte túrlishe. Ekvatordan polyuslarǵa qaray kemeyip baradı. Ekvatorda eń úlken bolıp, sekundına 455 m, polyuslarda bolsa 0 metrge teń.

Jerdiń óz kósheri átirapında aylanıwınıń geografiyalıq aqıbetleri: sutka qarar tabadı, kún hám tún almasadı, geografiyalıq qabıqta sutkalıq ritmlilik júz beredi, Koriolis kúshi payda boladı, geografiyalıq polyuslar payda boladı, túrli meridianlarda jergilikli waqıt hár túrli boladı.

Koriolis kúshi Jer almasıwınıń burıwshı kúshi bolıp, onıń tásirinde gorizontal qozǵalıp atırǵan barlıq deneler óz baǵdarınan Arqa yarım sharda ońǵa, Qubla yarım sharda shepke awadı. Onıń tásirinde hawa massaları, ciklonlar hám anticiklonlar, samallar, teńiz aǵısları óz baǵdarın ózgertedi, dárya suwları Arqa yarım sharda kóbirek oń jaǵasın, Qubla yarım sharda shep jaǵasın jemiredi.

Jer Ay menen birgelikte ulıwma awırlıq orayı átirapında aylanadı. Jer — Ay ulıwma awırlıq orayı Jerdiń ishki bóleginde, onıń orayınan radiusınıń ¾ bólegi aralıǵında jaylasqan. Jerdiń Jer — Ay ulıwma awırlıq orayı átirapında aylanıwı, Aydıń tartıwı aqıbetinde qalqıw qubılısı, yaǵnıy Jerdegi barlıq deneler Ayǵa qaray tartılıwı júz beredi. Bul, ásirese Dúnya okeanında anıq seziledi. Sonday-aq, Aydıń tartıwı aqıbetinde Jerdiń óz kósheri átirapında aylanıwı ástelesedi. Qalqıw qubılısı hám Jer aylanıwı ástelesiwiniń Jer tábiyatına tásiri haqqında joqarıda aytıp ótilgen.

Ulıwma, joqarıda aytılǵanınday, Jerdiń Kosmostaǵı ornı, oǵan aspan deneleriniń tásiri, onıń forması hám ólshemleri Jerde tirishiliktiń payda bolıwın, tiri organizmler ushın qolaylı ortalıqtı hám eń tiykarǵısı, adamnıń payda bolıwı hám jámiyettiń turaqlı rawajlanıwın támiyinlegen. Búgingi civilizaciyanı saqlap qalıw bolsa insannıń óz qolında.

Kosmos, galaktika, Quyash sisteması, geoid, Jerdiń ólshemleri, Jerdiń qozǵalısları, aylanıw tezligi, tektonikalıq cikl, orbita, jıl máwsimleri, Koriolis kúshi, qalqıw qubılısı.

1. Quyash sisteması nelerden dúzilgen?
2. Quyash Jer tábiyatına qanday tásir kórsetedi?
3. Aydıń Jer tábiyatına tásirlerin aytıp beriń.
4. Jerdiń óz kósheri átirapında aylanıwı aqıbetinde júz beretuǵın qubılıslardı ózińiz jasaytuǵın orında baqlań hám dápterińizge jazıń.

# 4-§. JERDIŃ ISHKI DÚZILISI HÁM TEKTONIKALÍQ PROCESLER

Jerdiń ishki bólegi qabıqlardan dúzilgenligin tómengi klaslardan bilesiz. Endi áne usı qabıqlardıń ózgeshelikleri menen tanısasız.

***Jer qabıǵı*** — Jerdiń eń betinde jaylasqan qattı qabıǵı. Qalıńlıǵı ortasha 35—40 km. Zatlardıń ortasha tıǵızlıǵı 2,7 gr/sm$^3$, Jer kóleminiń 1 % in, massasınıń 0,4 % in quraydı. Mantiyadan *Moxo shegarası* arqalı ajıralıp turadı. Jer qabıǵı ximiyalıq elementler, minerallar, taw jınıslarınan ibarat. Eń kóp tarqalǵan ximiyalıq elementler kislorod, kremniy, alyuminiy bolıp tabıladı.

Siz 6-klass sabaqlıǵında jer qabıǵı materik hám okean jer qabıǵına bólinedi, dep oqıǵansız. Endi bolsa, olarǵa qosımsha aralıq hám riftogen jer qabıqları da ajıratılıwın bilip alasız. Sizge belgili, *materik jer qabıǵı* 3 ke, yaǵnıy shógindi, granit hám bazalt qatlamlarınan dúzilgen. Bunday qatlamlardı ajıratıw shártli bolıp tabıladı. Shógindi qatlam eń júzede jaylasqan bolıp, qalıńlıǵı 15—20 km ge deyin, háktas, qum, saz, (gil) hám basqalardan ibarat. Granit hám bazalt qatlamlar hárbiriniń qalıńlıǵı 10—15 km di quraydı.

*Okean jer qabıǵı* okean túbine tuwrı keledi. Qalıńlıǵı 5—10 km bolıp, shógindili hám bazaltlı qatlamlardan dúzilgen.

*Aralıq jer qabıǵı* ortasha qalıńlıǵı 15—30 km, 3 bólimnen ibarat: shetki teńiz sayızlıǵı, atawlar ornı hám tereń shókpeler. Teńiz sayızlıǵı hám tereń shókpeler astında granit qatlamı joq, shógindi hám bazalt qatlamlarınan ibarat. Granit qatlam tek ǵana atawlar astında payda boladı. Evraziya materiginiń shıǵıs jaǵalarında, Arqa hám Qubla Amerikanıń shıǵıs hám batıs jaǵalarında bar.

*Riftogen jer qabıǵı* orta okean dizbeklerine tuwrı keledi. Qalıńlıǵı 1,5—2 km bolıp, 2 qatlamnan ibarat. Shógindi qatlamnıń qalıńlıǵı 1—2 km, bazalt qatlam rift oypatlıqlarında (jer jarıqlarına) áste-aqırın unıraydı hám onsha qalıń emes.

***Mantiya*** — jer qabıǵı menen yadro arasındaǵı qabıq. Zatlardıń tıǵızlıǵı 5,7 gr/sm$^3$, Jer kóleminiń 83 % in, massasınıń 68 % in quraydı. Eki bólekten ibarat bolıp, *joqarı mantiya* 900 km, *tómengi mantiya* bolsa 2900 km tereńlikke deyin dawam etedi. Temperatura 2000° C, yadro menen shegarasında bolsa 3800° C ǵa jetedi.

***Yadro*** — Jerdiń eń tereń, ishki bólegi. Zatlardıń tıǵızlıǵı 16 gr/sm$^3$ qa jetedi. Jer kóleminiń 16 % in, massasınıń 31 % in quraydı. Ol da eki bólekten ibarat bolıp, *sırtqı yadro* 5100 km tereńlikke deyin, *ishki yadro* Jer orayına deyin dawam etedi. Temperatura 4000° C tan artıq.

***Litosfera*** — Jerdiń qattı tas qabıǵı bolıp, Jer qabıǵı hám joqarı mantiyanıń bir bólegin óz ishine aladı hám de astenosfera qatlamına deyin dawam etip, qalıńlıǵı 150—200 km di quraydı. Litosfera tutas bolmay, tereń jer jarıqları menen iri bólekler — litosfera plitalarına bólingen. Olar astenosfera ústinde jılına 5—10 sm tezlikte gorizontal baǵdarda jıljıydı. Litosfera plitaları 13 bolıp, olardıń atı, jıljıw baǵdarları hám tezligi haqqındaǵı maǵlıwmatlardı 6-klass atlasındaǵı «Jer qabıǵınıń dúzilisi» kartasınan bilip alıwıńız múmkin.

Litosfera plitaları soqlıǵısqan jerlerde tez-tez vulkan atılıwlar hám jer silkiniwler boladı. Bunday poyaslar ***seysmikalıq poyaslar*** dep ataladı. Jer betinde eki áhmiyetli seysmikalıq poyas bar: 1) Tınısh okean «otlı» halqası; 2) Alp—Gimalay seysmikalıq poyası. Tınısh okean «otlı» halqası Tınısh okeanı jaǵaları hám oǵan tutas atawlardı qamtıp aladı. Alp—Gimalay seysmikalıq poyası Atlantika okeanı jaǵalarınan baslanıp, Pireney yarım atawı, Gimalay tawları arqalı ótip, Tınısh okeanı jaǵalarına deyin bolǵan aymaqlardı óz ishine aladı. Ózbekistan Alp—Gimalay seysmikalıq poyasında jaylasqan. Sol sebepli elimizde ayırım jılları kúshli jer silkiniwler bolıp turadı.

***Jer silkiniw*** — jer qabıǵınıń ishki bóleginde júz beretuǵın úzilis, sınıw, jıljıw sıyaqlı procesler tásirinde júz beretuǵın silkiniwler. Sebeplerine qarap: tektonikalıq, vulkan hám opırılıw jer silkiniwlerine bólinedi. Jer silkiniw kúshi 10 yaki 12 ballı seysmikalıq shkala járdeminde anıqlanadı. Respublikamızda 12 ballı seysmikalıq shkaladan paydalanıladı (2-keste).

***Vulkanlar*** — jer qabıǵında júz beretuǵın tektonikalıq procesler nátiyjesinde payda bolǵan jarıqlar arqalı lava, ıssı gaz, suw puwları hám basqa jınıslar shıǵıp turıwınan payda bolǵan konus tárizli qalqan tárizli, gúmbez tárizli tawlar hám tóbelikler. Vulkan awzı — *krater*, astı — *magmanıń oshaǵı*, morıǵa uqsas tik orta bólegi — *vulkan kanalı* dep ataladı. Vulkan kraterinen atılıp shıǵatuǵın lavanıń temperaturası 1500° C ǵa deyin jetedi. Vulkanlar shártli ráwishte *sóngen* hám *háreket-tegi* vulkanlarǵa bólinedi. Házirgi waqıtta planetamızda 800 den artıq hárekettegi vulkanlar bar.

*2-keste*

**12 ballı seysmikalıq shkalanıń qısqasha sıpatlaması**

| Ballar | Jer silkiniw kúshi | Qısqasha sıpatlaması |
|---|---|---|
| 1 | Sezilmeydi | Tek seysmikalıq ásbaplar menen anıqlanadı. |
| 2 | Júdá kúshsiz | Kópshilik sezbeydi. Tınısh jaǵdaydaǵı adamlar ǵana sezedi. |
| 3 | Kúshsiz | Imarat ishindegi ayırım adamlar ǵana sezedi. |
| 4 | Sezilerli | Imarat ishindegi adamlardıń kópshiligi sezedi. Úydegi úskeneler qozǵaladı. |
| 5 | Kúshsizirek | Imarat hám mebel terbeledi. Uyqıdaǵılar oyanıp ketedi. |
| 6 | Kúshli | Hámme sezedi. Kópshilik sırtqa shıǵıwǵa asıǵadı, ayırım buyımlar turǵan jerinen túsip ketedi, bazı úylerde sıbawlar qoparılıp túsedi. |
| 7 | Júdá kúshli | Imaratlar zıyanlanadı, gerbishli diywallar jarıladı. Qam gerbish hám paqsadan qurılǵan bazıbir úyler buzıladı, tawlarda bazı da tik jarlar kóshedi. |
| 8 | Wayran etiw-shi | Imaratlar kúshli zıyanlanadı, tawlarda jıljıwlar júz beredi. |
| 9 | Júdá wayran qılıwshı | Gerbish, betonnan islengen úyler pútkilley yaki azı-kem buzıladı, jer astı trubaları úziledi. Tik jarlar qulap, tóbelikler jılısadı, jerdegi jarıqlardıń eni 10 sm ge shekem baradı. |
| 10 | Jeksen etiwshi | Jer júzinde úlken (eni 1 m ge shekem) jarıqlar payda boladı. Plotina hám jaǵa dambaları isten shıǵadı, temir jollar búzıladı. Jańa kóller payda boladı. |
| 11 | Qáwipli | Jer júzinde keń hám tereń jarlıqlar payda boladı, Jer vertikal hám gorizontal baǵıtta silkinedi. Tawlarda tik jarlar awdarıladı, kópir, plotina, temir jollar pútkilley buzıladı. |
| 12 | Júdá qáwipli | Jer beti kórinisi, relyefi ózgeredi. Jer beti burmalanadı, bálent tik jarlar awdarıladı, dáryalar ańǵarın ózgertedi. |

Bunnan tısqarı, Jerdiń ishki kúshleri tásirinde *geyzer*ler hám ıssı bulaqlar atılıwı, jer betiniń bir bólimi áste shógiwi hám basqa bóliminiń bolsa kóteriliwi de júz berip turadı. Geyzerler hám ıssı bulaqlar, tiykarınan, vulkanlar tarqalǵan poyaslarda ushıraydı. Olardan imaratlardı ısıtıwda hám de elektr energiyasın alıwda paydalanıladı. Bunday jumıslar Islandiya, Yaponiya, Italiya, Rossiya hám Jańa Zelandiya mámleketlerinde jolǵa qoyılǵan.

Jerdiń qabıqları, jer qabıǵı, mantiya, yadro, litosfera, seysmikalıq poyas, jer silkiniw, vulkan, seysmikalıq shkala.

1. Seysmikalıq poyaslar dep nege aytıladı?
2. Jer silkiniw hám vulkanlar qay jerlerde júz beredi?
3. Jer silkiniw degen ne? Ol qanday payda boladı?
4. Seysmikalıq shkalanı dápterińizge jazıń hám eslep qalıń.

## 5-§. JER BETI TÁBIYATÍNÍŃ RAWAJLANÍW TARIYXÍ

Jerdiń payda bolıwı haqqındağı házirgi zaman teoriyaları boyınsha, Jer quramalı rawajlanıw basqıshların óz basınan keshirgen. Sońğı jıllardağı mağlıwmatlarda keltiriliwinshe, Jer rawajlanıwınıń *astronomiyalıq, geologiyalıq, biologiyalıq* hám *antropogen* basqıshların ajıratıw múmkin.

*Astronomiyalıq basqısh* 5—4,6 mlrd jıllar aralığın óz ishine aladı. Bunnan 5 mlrd jıl aldın kosmostağı disk tárizli gaz hám shań massasınıń gravitaciyalıq mexanikalıq qoyıwlasıwı aqıbetinde Quyash sistemasındağı basqa planetalar sıyaqlı Jer de shar tárizli formağa iye bolğan. Jer qáliplesip baratırğan waqıtta radioaktiv elementlerdiń bólekleniwi nátiyjesinde ajıralıp shığatuğın ıssılıq esabınan, onıń ishki bólegi áste-aqırın qızıp, zatlardıń sortlanıwına alıp kelgen. Nátiyjede, Jerdiń túrli qatlamları payda bola baslağan, vulkanlardıń háreketke keliwi baqlanğan.

Vulkan hám tektonikalıq proceslerdiń baslanıw waqtınan Jerdiń *geologiyalıq basqıshı* baslanğan. Jer qabığı júz million jıllar dawamında turaqlı túrde ózgerip turğan, materikler geyde qáliplesip, geyde bólsheklengen. Materikler turaqlı qozğalısta bolğan hám bazıda birlesip úlken materiklerdi payda etken.

Jerde 3,8 mlrd jıl aldın tirishilik payda bolıwı menen Jer rawajlanıwınıń *biologiyalıq basqıshı* baslanğan. Jerde dáslepki adamlardıń payda bolıwı (3-1,5 mln jıl) *antropogen* basqıshtı baslap bergen.

Jerdiń geologiyalıq rawajlanıw tariyxı, onıń rawajlanıw dáwirleri hám rawajlanıw basqıshlarına ajıratıw menen kóplegen geologlar shuğıllanğan. Nátiyjede, geoxronologiya payda bolğan.

*Geoxronologiya* (geologiyalıq jılnama) — jer qabığındağı taw jınıslarınıń payda bolıw izbe-izligi hám jası haqqındağı táliymat. Geoxronologiya *ulıwma* hám *salıstırmalı* geoxronologiyağa bólinedi. Ulıwma geoxronologiyada Jerdiń jası jıllar menen beriledi. Salıstırmalı geoxronologiyada bolsa, taw jınıslarınıń izbe-izligi qatlamlanıp jaylasıwına tiykarlanadı. Buğan qaray, ústinde jatqan qatlam (shógindi jınıslar qatlamlarınıń dáslepki jağdayı buzılmağanda) astındağıdan jas boladı.



***2-súwret.*** Kembriy dáwiri trilobitlarınıń tasqatqan úlgileri

Taw jınıslarınıń jasın anıqlawda *paleontologiyalıq metod* da qollanıladı. Bul metod haywan hám ósimliklerdiń taw jınıslarındaǵı tasqatqan qaldıqların úyre-niwge tiykarlanǵan. Hár qaysı dáwir ushın ózine tán haywan hám ósimliklerdiń tasqatqan qaldıqları bar (2-súwret.)

Geologlar kóp jıllıq izertlewler nátiyjelerin ulıwmalastırıp, jer qabıǵında qatlamlar baǵdarınıń ulıwma izbe-izligin anıqlaǵan. Keyin ala bul s*tratigrafiya shkalası* atın aldı. Stratigrafiyalıq shkala geoxronologiya shkalasın dúziw ushın tiykar bolıp esaplanadı.

*Geoxronologiyalıq shkala* — geoxronologiyalıq bólimlerdiń ierarxiya (tómengi bólimlerdiń joqarǵı bólimlerge basqıshpa-basqısh boysınıwı) sisteması. Shkalada eń iri birlik *supereon* bolıp, olar 2 ew: *kembriyge deyingi* hám *fanerozoy*. Kembriyge deyingi supereonı *xades*, *arxey* (yaki arxeozoy) hám *proterozoy* eonlarına bólingen, fanerozoy supereonı bolsa sol atamadaǵı bir eondan ibarat. Eonlar, óz náwbetinde, birneshe eralardı birlestiredi. Mısalı, fanerozoy eonı *paleozoy*, *mezozoy* hám *kaynozoy* eralarına ajıratılǵan. Eralar dáwirlerge, dáwirler zamanlarǵa, zamanlar bolsa ásirlerge bólingen. Shkalanıń joqarı bólegi, yaǵnıy *fanerozoy* paleontologiyalıq metod tiykarında puqta dúzilgen, tómengi bólimi bolǵan *kembriyge deyingi* tasqatqan qaldıqlardıń jaqsı saqlanbaǵanlıǵı sebepli paleontologiyalıq metod sheklengen bolıp, nátiyjede bólimlerge onshelli tolıq ajıratılmaǵan.

Stratigrafiyalıq hám oǵan beyimlesken geoxronologiya shkalası 1881-jılı Italiyanıń Bolonya qalasında ekinshi xalıq aralıq geologlar kongresinde tastıyıqlanǵan hám usı waqıttan baslap jáhánde ulıwma esaplanadı. Ótken waqıt dawamında paleontologiyalıq metodtıń jetilisiwi nátiyjesinde alınǵan jańa maǵlıwmatlar tiykarında geoxronologiya shkalasına anıqlıqlar kirgizilip, ózgertilip barılmaqta. Sonıń ushın túrli jıllarda baspadan shıqqan ádebiyatlarda geoxronologiya kestesinde keltirilgen maǵlıwmatlar tuwrı kelmewi jaǵdayları ushırasadı. Tómende keltirilgen ***Xalıq aralıq geoxronologiyalıq kestede*** berilgen maǵlıwmatlar Xalıq aralıq stratigrafiya komissiyasınıń 2016-jıl maǵlıwmatları tiykarında dúzildi (3-keste).

*3-keste*

## Xalıq aralıq geoxronologiyalıq keste

| Eonlar, jıl | Eralar, dawam etiwi mln jıl | Dáwirler belgisi/dawam etiwi | Taw burmalanıwları | Kóterilgen tawlar hám úlkeler | Jer tariyxındağı áhmiyetli waqıyalar hám paleogeografiyalıq sharayat |
|---|---|---|---|---|---|
| Fanerozoy, 541 mln | Kaynozoy, KZ 66 mln | Antropogen (tórtlemshi), Q 2,5 mln jıl | Alp | Alp, Balkan, Karpat, Kavkaz, Pamir, Gimalay, Kamchatka tawları, And, Kordilyeranıń batıs dizbekleri, Jer Orta teńizi jağaları, Pont, Kuril, Yaponiya, Filippin, Malakka atawları, Jańa Zelandiya, Jańa Gvineya atawları, Antarktida yarımatawı aymaqları. | Eń tiykarğı ózgerisler: adamnıń payda bolıwı, házirgi dáwir organizmleri, 13 klimat poyasları, tábiyat zonaları qáliplesti, muz basıw qubılısları bolıp ótken. Eranıń basına kelgende organikalıq dúnya jáne de quramalasqan. Birqansha quslar hám sút emiziwshiler payda bolğan. Bazı bir sút emiziwshiler qurğaqlıqta, basqaları teńizde jasawğa, ayırımları ushıwğa beyimlesken. Dúnyadağı neft zapasınıń 25,5 % i, gazdiń 11,3 % i paleogen hám neogen jatqızıqlarına tuwrı keledi. |
| | | Neogen, N 20,5 mln jıl | | | |
| | | Paleogen, P 43 mln jıl | | | |
| | Mezozoy, MZ 186 mln | Por K 79 mln jıl | Mezozoy (Kimmeriy, Laramiy, Nevadiy) | Kordilyeranıń batıs dizbekleri, Uzaq shığıs, Hindiqıtay, Malakka yarım atawları, Gavai atawınıń arqası, Kalimantan atawınıń qublası | Eki materik: Lavraziya hám Gondvana, eki okean: Tınısh hám Tetis bar bolğan. Hind hám Atlantika okeanları endi ğana payda bola baslağan. Arqa Muz okeanı ishki suw basseyni bolğan. Klimat hám relyeftiń keskin ózgeriwi, okean suwlarınıń duzlılıq hám mineralogiyalıq quramınıń ózgeriwi aqıbetinde paleozoyğa tiyisli bolğan haywanlar qırılıp ketken. Olardıń ornına jańa haywanat álemi payda bolğan. Trias dáwiri aqırında qırıqqulaqlar, iynejapıraqlılar kóbeygen. Yura dáwiri aqırında jer bawırlawshılardan áyyemgi quslar kelip shıqqan. Por dáwirinde tisli quslar tarqalıp, úlken dinozavrlar payda bolğan. Dúnyada qazıp alınıp atırğan nefttiń 67,7 %, gazdiń 62,4 % i mezozoy jatqızıqları arasınan alınbaqta.. |
| | | Yura, J 56 mln jıl | | | |
| | | Trias, T 51 mln | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Paleozoy, PZ 289 mln | Perm, P 47 mln jıl | Gersin | Ural, Oltay, Tyanshan, Batıs Evropa, Appalachi, Shıǵıs Avstraliya, Kap tawları, Arqa Afrika, Qubla Amerikanıń Patagoniya úlkesi. | Era baslarında Qubla yarım shardaǵı qurǵaqlıqlar Gondvana materigine birlesken, era aqırlarına kelip (perm) Gondvana hám Lavraziya materikleri birlesip birden-bir Pangeya materigin payda etken hám de birden-bir Pantalassa okeanı qáliplesken. Pangeya kóp ótpesten jáne bólsheklenip jańa Tetis hám Reya okeanları payda bola baslaǵan. Tómengi paleozoy jatqızıqlarında túrli organikalıq qaldıqlar júdá kóp ushıraydı. Kembriy dáwiri jatqızıqlarında 1500 túr, silur dáwirinde 15000 túrdegi haywan hám ósimlikler bar bolǵan. Bul organizmlerdiń derlik barlıǵı teńiz ortalıǵında jasaǵan. Silur dáwirinde birinshi balıqlar hám qurǵaqlıqta ósiwshi ósimlikler psilofitler payda boladı. Devonda, ásirese, balıqlar tez rawajlanǵan, ordovikte dáslepki omırtqalılar payda bolǵan. Taskómir dáwirinde Jer rawajlanıwındaǵı eń kóp daraq ósimlikleri ósedi. Kóplep taskómir kánleri payda bolǵan. |
| | | Taskómir, C 60 mln jıl | | | |
| | | Devon, D 61 mln jıl | | | |
| | | Silur, S 24 mln jıl | Kaledon | Nyufaundlend yarımatawı, Kanada Arktika arxipelagı, Shıǵıs hám Batıs Sayan, Qazaqstan pás tawları | |
| | | Ordovik, O 42 mln jıl | | | |
| | | Kembriy, Km 55 mln jıl | Baykal | Baykal boyı hám Baykal artı dizbekleri, Braziliya pás tawlıǵı, Koreya yarım atawındaǵı ayırım tawlar, Qubla Afrika. | |
| Proterozoy PR 2,0 mlrd | Neoproterozoy erası | | | | Arxey eonı baslarında kremniyli jınıslarda karbonat angidrid gazi 44,2 %, kislorod 5,5 %, 19 % azot hám basqa gazler ushıraǵan. Bul dáwirde iri tutas qurǵaqlıqlar qáliplespegen. Okean suwlarınıń temperaturası 100° C átirapında, proterozoy eonınıń aqırında 22° C ǵa deyin páseygen. Kembriyge deyinge jatqızıqları barlıq materiklerde tarqalǵan bolıp jatqızıqlarında organikalıq tirishilik izleri kóp. Kók-jasıl suwotlar hám bakteriyalardıń tirishilik belgileri bar. Kembriyge deyingi jatqızıqlarda temir rudaları, alyuminiy shiykizatı, marganec, altın hám uran, mıs, nikel, kobalt rudaları, qorǵasın, cink, slyuda, keramika shiyki zatı hám kem ushırasatuǵın metallar bar. |
| | Mezoproterozoy erası | | | | |
| | Paleoproterozoy erası | | | | |
| Arxey, AR 1,5 mlrd | Neoarxey erası | | | | |
| | Mezoarxey erası | | | | |
| | Paleoarxey erası | | | | |
| | Eoarxey erası | | | | |
| Xades, X 0,5-0,6 mlrd | Erte imbriy erası | | | | |
| | Nektar erası | | | | |
| | Basseyinler topar erası | | | | |
| | Sırlı (jabıq) erası | | | | |

Jer geologiyalıq rawajlanıwınıń ***kembriyge deyingi*** supereonı 4 mlrd jıl dawam etken. Bul basqısh Jer tariyxınıń planeta formasın alǵan kúnnen baslanıp, proterozoy, arxey hám xades eonların qamtıp aladı hám bunnan 541—570 mln jıl aldın tawsılǵan. Bul basqıshta tektonikalıq háreketler, magmatizm qubılısları, Jerdi meteoritler «jawını tasboran» etiwi kúshli júz bergen. Atmosfera, tiykarınan, azot, ammiak, karbonat angidridi, suw puwları, metan, vodorod, inert gazler, kislotalardan quralǵan. Ayırım ilimpazlardıń pikirinshe, dáslepki atmosfera kislorodsız bolǵan. Jer qabıǵı suwıǵannan (suwdıń qaynaw temperaturasınan tómenge túskennen keyin) soń Jer betiniń belgili pás orınlarında kishi suw basseynleri (kóller hám teńizler) payda boladı. Olar bir-biri menen tutasıp úlken suw basseynlerin payda etken hám olar okean dep atalǵan. Basqısh aqırlarında taw jınıslarınıń unırawı hám eroziya nátiyjesinde shógindi jınıslar toplanıwına sharayat júzege kelgen. Ilimpazlar litosfera, atmosfera hám gidrosferalardıń payda bolıwında vulkanlar tiykarǵı wazıypanı atqarǵan, dep esaplaydı.

***Fanerozoy*** Jer geologiyalıq rawajlanıwındaǵı ekinshi supereon bolıp, dawamlılıǵı 541 mln jıl hám házirge shekem dawam etpekte. Ol aldınǵı basqıshtan tiri organizmler qaldıqlarınıń kópligi menen ayqın ajıralıp turadı. Bul basqısh bir fanerozoy eonı hám úsh era: paleozoy, mezozoy hám kaynozoy eraların qamtıp aladı.

Astronomiyalıq basqısh, geologiyalıq basqısh, biologiyalıq basqısh, geoxronologiya, geoxronologiyalıq shkala, kembriyge deyingi, fanerozoy.

1. Geoxronologiya degen ne?
2. Geoxronologiyalıq shkala qanday dúziledi?
3. Jer rawajlanıwınıń qanday basqıshların ajıratıw múmkin?
4. Dápterińizge geoxronologiyalıq kesteni sızıń hám kestedegi kóterilgen tawlar hám úlkelerdi kartadan tabıń.

## 6-§. GEOGRAFIYALÍQ QABÍQ HÁM ONÍŃ ULÍWMA NÍZAMLÍLÍQLARÍ

Áziz oqıwshılar, Siz tómengi klaslarda geografiyalıq qabıq, onıń shegaraları hám ózgeshelikleri, ulıwma nızamlılıqları haqqında bilip alǵansız. Bul temada usı bilimlerińizdi jáne de tereńlestiresiz.

Jerdiń ishki hám sırtqı (kosmos) faktorları hám procesleri jer qabıǵınıń ústińgi bóleginde soqlıǵısıp hám óz ara tásirlesip planetamızdıń

basqa heshbir bóleginde ushıramaytuǵın ózine tán tábiyiy sistema – geografiyalıq qabıqtı payda etken.

Geografiyalıq qabıqtıń *mazmunı* sonda, tek ǵana onda suw úsh jaǵdayda ushırasadı, haywanlar hám ósimlikler jasaydı, topıraq qatlamı payda boladı, túrli taw jınısları hám relyef formaları payda boladı, quyash energiyası toplanadı hám qásiyetlerin ózgertedi. Eń tiykarǵısı, tirishilik bar, insan jámiyeti tek usı qabıqta payda bolıp jasamaqta hám rawajlanbaqta.

Geografiyalıq qabıq júdá quramalı dúzilgen bolıp, bunda 3 *quramlı dúzilis dárejeleri ajıratıladı: geokomponentli, geosferalı, geosistemalı.*

*Geokomponentli* eń ápiwayı dúzilis dárejesi. Geokomponentler jer júzindegi birdey jaǵdaydaǵı (qattı, suyıq, gaz) zatlar. Bular taw jınısları, topıraq, suw, hawa, ósimlik hám haywanlar.

*Geosferalı* dúzilis bir geokomponentten quralǵan geosferalardan ibarat. Geosferalar geografiyalıq qabıqtıń vertikal dúzilisin belgileydi, olar salıstırma awırlıǵı boyınsha vertikal qatlamlarǵa bólinip jaylasqan: litosfera, gidrosfera, atmosfera hám biosfera. Litosfera, gidrosfera hám atmosfera derlik birdey zatlardan quralǵan hám úzliksiz, bir pútin qabıqtı payda etedi. Biosfera bolsa janlı zatlar tarqalǵan qabıq bolıp, bir pútin qabıqtı payda etpeydi. Ol basqa qabıqlar quramına kiredi hám joqarıda aytılǵan qabıqlardıń tutasqan jerinde juqa qatlam payda etedi.

*Geosistemalı* dúzilis geografiyalıq qabıqtıń gorizontal dúzilisin kórsetedi. Geosistemalar barlıq komponentlerdi qamtıp alıp, olardıń óz ara tásiri hám baylanıslarınan payda bolǵan quramalı sistema. Bul haqqında 9-temada tolıǵıraq maǵlıwmat beriledi.

Geografiyalıq qabıqtıń *shegaraları* haqqında tómengi klasslardan bilesiz. Geografiyalıq qabıqtıń ólshemleri, tómengi hám joqarǵı shegaraları haqqında túrli alımlarlardıń pikirleri túrlishe. Onıń shegarasın barlıq geokomponentler óz ara tásirinde bolatuǵın hám geografiyalıq nızamlıqlar júz beretuǵın júzeden, ústinen ótkeriledi. Bul shegara Jer betiniń túrli bóleklerinde hár qıylı qalıńlıqqa iye.

Geografiyalıq qabıq onı quraytuǵın qabıqlardan kóp *ózgesheliklerine qaray parıqlanadı*, olardan tiykarǵıları tómendegilerden ibarat:

1. Georafiyalıq qabıq materiallıq quramı hám dúzilisiniń hár túrliligi. Geografiyalıq qabıqta zatlar úsh túrli, yaǵniy qattı, suyıq hám gaz tárizli halatta ushırasadı. Olardıń fizikalıq hám ximiyalıq qásiyetleri túrlishe hám ózgeriwsheń. Zatlardıń dúzilisine qaray, organikalıq emes, organikalıq hám aralas túrleri ajıratıladı.

2. Geografiyalıq qabıqta energiyanıń hár qıylı túrleri ushırasadı. Quyash energiyası ximiyalıq procesler, ıssılıq hám mexanikalıq energiyaǵa aylanadı.

3. Geografiyalıq qabıqta ıssılıqtıń ózgeriwi hám toplanıwı. Geografiyalıq qabıqta ıssılıq kosmostan hám Jerdiń ishki bóleginen keledi. Usı ıssılıqtıń bir bólegi organikalıq zatlarda hám olardıń qaldıqlarında toplanadı (kómir, gaz, neft, torf hám t.b.)

4. Geografiyalıq qabıqta onı quraytuǵın komponentler hám geosferalardıń óz ara tásiri hám baylanısları nátiyjesinde sapa jaǵınan jańa tuwındılar — geosistemalar payda bolǵan.

5. Geografiyalıq qabıqta tirishiliktiń bolıwı. Tiri organizmler, sonıń ishinde insan ushın tek ǵana usı jerde qolaylı ortalıq bar.

6. Geografiyalıq qabıq ózine tán nızamlılıqlar tiykarında rawajlanadı.

Geografiyalıq qabıqtıń birneshe *nızamlılıqları* bar bolıp, eń tiykarǵıları: *bir pútinlik, zonallıq, azonallıq, zat hám energiyanıń aylanba háreketi, ritmlilik*. Geografiyalıq qabıqtaǵı zonallıq hám azonallıq nızamlılıqları menen siz 7-temada tanısasız.

***Geografiyalıq qabıqtıń bir pútinligi nızamlılıǵı*** áhmiyetli nızamlılıqlardan biri bolıp, barlıq komponentlerdiń bir-biri menen tıǵız baylanıslıǵı hám olardan biriniń ózgeriwi pútkil qabıqtıń bir pútinligihiniń buzılıwına alıp keliwinde kórinedi. Sebebi, geografiyalıq qabıq – tábiyat komponentleriniń ápiwayı ǵana jıyındısı bolmastan, al arnawlı ózgesheliklerge iye bolǵan hám tutas, bir pútin rawajlanıwshı jańa sapadaǵı tuwındı.

Geografiyalıq qabıqtıń bir pútinligi hám komponentleriniń óz ara baylanısqanlıǵın tórtlemshi dáwir muz basıwları mısalında anıq kóriwge boladı. Muz basıw dáwirlerinde úlken kólemdegi suw muzlıqlarda toplanadı. Bul bolsa Dúnya okeanı qáddiniń sezilerli tómenlewine (100—110 metr) alıp kelgen. Dúnya okeanı qáddiniń tómenlewi, óz náwbetinde, Jerdiń pútkil tábiyatında kórinedi: shelftiń qurıp qalıwı júz beredi, materikler hám okeanlardıń jaǵa shegaraları, kórinisi ózgeredi, atawlardıń ayırımları materikler menen tutasadı, ayırım buǵazlar (mısalı Bering, Gibraltar) qurǵaqlıqqa aylanıp materikler tutasıp ketedi hám «kontinental kópirler» payda boladı. Bul «kópirler» arqalı túrlerdiń migraciyası júz berip, ósimlikler hám haywanlar jańa jerlerdi iyeleydi. Jer júziniń barlıq dárya basseynlerinde eroziya bazisiniń páseyiwi nátiyjesinde tereńletpe eroziya aktivlesedi. Muz basıw dáwirleri aralıǵındaǵı ıssı waqıtlarda materik muzlıqları erip,

dárya suwlarınıń okeanǵa quyılıwı hám okeanlardaǵı muzlıqlardıń eriwi nátiyjesinde Dúnya okeanınıń suw qáddi kóterilgen. Eroziya bazisiniń kóteriliwi esabınan dáryalarda vertikal eroziya aktivlesken. «Kontinental kópirler» joq bolıp, qurǵaqlıq organizmleriniń migraciyası shegaralanıp, suw organizmleri migraciyasın kúsheytken. Eger, «kontinental kópirler» sońǵı muz basıw dáwirlerinde payda bolmaǵan bolsa, materik hám atawlarda (mısalı, Avstraliya, Madagaskar) ózine tán ósimlik hám haywanat dúnyası qáliplesken, olarda *endemikler* kóbirek ushırasadı.

***Zat hám energiyanıń aylanba háreketi***. Geografiyalıq qabıqta zat hám energiyanıń aylanba háreketi onıń bir pútinligin támiyinleydi. Aylanba háreketté litosfera, gidrosfera, atmosfera hám biosferadaǵı zatlar qatnasadı. Litosferada, tiykarınan, *gipergenez zonasına shekem*, yaǵnıy unıraǵan gewek jınıslar tarqalǵan shegaraǵa deyin bolǵan zatlar aylanba háreketté qatnasadı. *Atmosferada aylanba háreket* atmosferanıń ulıwma cirkulyaciyasında kórinedi, planetalıq masshtabta samallar (hawa aǵımı) dıń qáliplesiwi júz beredi. Atmosferanıń ulıwmalıq cirkulyaciyasına zonallıq hám jergilikli aylanba háreketler qosıladı. *Gidrosferada suwdıń úlken hám kishi aylanba háreketi* júz beredi. Okeanda suw massalarınıń gorizontal hám vertikal aylanba háreketi, qurǵaqlıqta suwdıń dárya ańǵarları boylap aǵıwı, kóllerdiń, muzlıqlardıń hám jer astı suwlarınıń payda bolıwı hám basqalar baqlanadı. Úlken áhmiyetke iye *biologiyalıq aylanba háreket* — organikalıq zatlardıń payda bolıwı hám bólekleniwinde kórinedi.

Aylanba háreketler quramalılıǵı boyınsha túrlishe. Ayırım aylanba háreketlerde zattıń *mexanikalıq aralaspası* (mısalı, atmosferanıń ulıwma cirkulyaciyası, okean aǵısları) júz berse, basqalarında zat jaǵdayınıń ózgeriwi (mısalı, suwdıń aylanba háreketinde gaz, suyıq, qattı jaǵdayǵa ótiwi) baqlanadı, úshinshi jaǵdayda bolsa ximiyalıq aylanıw (fotosintez reakciyası) baqlanadı.

Bir pútinlik hámde zat hám energiyanıń aylanba háreketi nızamlılıqların úyreniw tábiyattan, onıń baylıqlarınan durıs paydalanıwda júdá áhmiyetli.

***Ritmlilik*** dep, bir baǵdarda rawajlanıwshı tábiyiy qubılıs hám proceslerdiń belgili waqıt dawamında qaytalanıp turıwına aytıladı. Ritmliliktiń eki forması ajıratıladı: *dáwirli* — birdey dawam etetuǵın ritmlilik bolsa, qubılıs hám proceslerdiń anıq bir waqıt dawamında qaytalanıp turıwı; *cikllik* — waqtı-waqtı menen dawam etetuǵın ritmlilik bolıp, qubılıs hám proceslerdiıń túrli múddette qaytalanıwı.

Ritmlilik qubılıslar túrlishe dawamlılıqta boladı: *kóp ásirlik, ásir ishindegi, jıllıq, sutkalıq.* Jer tariyxındaģı eń úlken ritmlilik (cikllik) Quyash sistemasınıń galaktika orayı átirapında aylanıwı menen baylanıslı hám 180—220 mln jıldı óz ishine aladı. Jer tariyxında olar tektonikalıq dáwirlerde kórinedi: kaledon (kembriy, ordovik, silur), gercin (devon taskómir, perm), mezozoy (trias, yura, por), kaynozoy. Bul dáwirde tektonikalıq procesler, vulkan atılıwları aktivlesti, materiklerdiń kórinisi, klimat, aqır aqıbetinde Jer tábiyatı ózgeriwin keltirip shıģaradı.

*Kóp ásirlik* ritmli qubılıslardan 1800—2000 jıl dawam etetuģın ritmlilik jaqsı úyrenilgen. Bul qubılıs Jerde qalqıw qubılısın payda etiwshi kúshlerdiń ózgeriwi menen baylanıslı. Shama menen, 1800-jılı bir márte Quyash, Ay hám Jer bir tegislik hám bir tuwrı sızıqta jaylasadı, Quyash penen Jer arasındaģı aralıq eń kishi boladı. Bul qubılısta 3 faza — transgressiv, regressiv, aralıq fazaları ajıratıladı.

*Ásir ishindegi* ritmli qubılıslardan Quyash aktivliligi menen baylanıslı bolģan 11, 22 hám 33 jıllıq cikllikler jaqsı úyrenilgen. Ilimpazlardıń pikirinshe, bul cikllikler menen Jerdegi kóp procesler baylanıslı: epidemiyalardıń tarqalıwı, vulkan aktivliliginiń kúsheyiwi, ciklonlar payda bolıwınıń artıwı, qurģaqshılıqlar yaki zıyankes jánliklerdiń (mısalı, shegirtke) kóbeyiwi hám t.b.

*Jıllıq (máwsimli)* ritmlilik Jerdiń Quyash átirapındaģı háreketi hám aylanıw kósheriniń 66,5° qıyalıģı menen baylanıslı. Jıl máwsimleriniń almasıwı menen baylanıslı máwsimli ritmlilik barlıq geosferalarda baqlanadı: atmosferada ıģallıq, temperatura, atmosfera jawınlarınıń jıllıq ózgeriwi, mussonlar (máwsimli samallar)dıń esiwi hám t.b. Litosferada jıl dawamında unıraw hám basqa ekzogen proceslerdiń aktivliligi ózgeredi. Gidrosferada suwdıń temperaturası, shorlılılģı, tıģızlıģınıń jıllıq ózgeriwi, balıqlardıń máwsimli migraciyası sıyaqlılar baqlanadı. Máwsimli ritmlilik tiri organizmlerde birqansha anıq kórinedi.

Túrli keńliklerde hár qıylı muģdardaģı máwsimler ajıratıladı. Ekvatorial keńliklerde jıl boyı ıssı hám ıģal, tek ģana bir máwsim húkimran. Subekvatorial keńliklerde 2 máwsim ajıratıladı — qurģaq hám ıģal. Ortasha keńliklerde jıldıń tórt máwsimi anıq kórinedi — báhár, jaz, gúz hám qıs.

Máwsimli ritmliliktiń sebebi túrli keńliklerde túrlishe: tómengi keńliklerde ıģallıq penen, ortasha keńlikte quyash radiaciyası aktivliliginiń ózgeriwi menen, polyar keńliklerde bolsa jaqtılıq penen baylanıslı.

*Sutkalıq ritmlilik* Jerdiń óz kósheri átirapında aylanıwı nátiyjesinde payda bolatuǵın tún hám kúnniń almasıwı menen baylanıslı. Sutkalıq ritmlilik barlıq meteoelementlerdiń sutka dawamında ózgeriwinde kórinedi; fotosintez tek kúndiz, jaqtıda júz beredi. Insan hám «quyash saatı» boyınsha jasaydı: organizmniń aktivliligi saat 2 den 5 ke shekem hám 12 den 14 ke shekem tómenleydi; bul waqıtta júrek urıwı jiyililigi páseyedi, eslew qábileti páseyedi, dene temperaturası páseyedi.

Ritmlilik geografiyalıq qabıq rawajlanıwınıń áhmiyetli nızamlılıqlarınan biri bolıp, olardı úyreniw tábiyiy qubılıs hám proceslerdi boljawda úlken áhmiyetke iye.

Geografiyalıq qabıq, geografiyalıq qabıqtıń quramlı dúzilis dárejeleri, geografiyalıq qabıqtıń ózgeshelikleri, bir pútinlik, ritmlilik, zat hám energiya almasıwı.

1. Geografiyalıq qabıq qanday dúzilgen?
2. Geografiyalıq qabıqtıń ózine tán ózgesheliklerin aytıp beriń.
3 .Geografiyalıq qabıqtıń bir pútinligi degende neni túsinesiz?
4. Sutkalıq ritmlilik qubılıslardı baqlań hám dápterińizge jazıń.

## 7-§. GEOGRAFIYALÍQ QABÍQTÍŃ KEŃLIK ZONALLÍǴÍ HÁM SEKTORLÍǴÍ

Áziz oqıwshılar, tómengi klaslarda geografiyalıq qabıqtıń ulıwma nızamlılıqları haqqında alǵan bilimlerińizdi esleń. Usı temada bilimlerińizdi jáne de bayıtıp alasız.

***Geografiyalıq qabıqta zonallıq nızamlılıǵı*** geografiyadaǵı dáslepki nızamlılıqlardan biri. Klimat poyasları hám zonallıqtıń barlıǵın áyyemgi grek hám rim ilimpazları anıqlaǵan. Olar Jer betin biqansha klimat poyaslarına ajıratqan. Zonallıq nızamlılıǵınıń rawajlanıwında A. Gumboldttıń (XVIII ásir) xızmetleri úlken. Ol klimat hám botanika-geografiyalıq zonallıqtı anıqladı. Keyin ala bul jumıslar V. V. Dokuchaev tárepinen rawajlandırılıp, geografiyalıq zonallıq nızamlılıǵı oylap tabıldı hám dálillep berildi. Házirgi waqıtta, geografiyalıq zonallıq haqqındaǵı bilimler V. V. Dokuchaev táliymatına tiykarlanadı.

Geografiyalıq qabıqta *zonallıq nızamlılıǵı* Jerdiń shar tárizliligi hám oǵan baylanıslı halda quyash radiaciyasınıń Jer betinde tegis emes bólistiriliwi, teńiz boyı aymaqlarında jıllı hám suwıq aǵıslar, okeannan materik ishkerisine kirgen sayın ıǵallıq hám temperaturanıń ózgerip

barıwı aqıbetinde júzege keledi. Nátiyjede, Jer betinde temperatura, puwlanıw, jawınlar, unıraw procesleri, topıraqlar, ósimlikler, haywanlar hám basqalar zonalar payda etip tarqalǵan. Geografiyalıq zonallıq tek ǵana Jer (suw) betinde, yaǵnıy atmosfera, litosfera, gidrosfera tutasqan jerde ayqın kórinedi, atmosferada joqarıǵa kóterilgen, litosfera hám gidrosferada bolsa tereńlikke túsken sayın zonallıq joǵaladı. Geografiyalıq zonallıq ekvatordan polyuslarǵa qaray hám de okeanlardan qurǵaqlıqlar ishkerisine qaray geosistemalardıń almasıwında kórinedi. Sonıń ushın *keńlik zonallıǵı* hám *sektorlıq* túsinikleri ajıratıladı.

***Keńlik zonallıǵı*** — quyash nurları túsiw múyeshiniń ózgeriwi esabınan tábiyat komponentleri hám geosistemalardıń ekvatordan polyuslarǵa qaray nızamlı ózgerip barıwı.

Geografiyalıq qabıqtıń eń iri zonal birlikleri klimat (geografiyalıq) poyasları bolıp esaplanadı. Olardıń ishinde ıssılıq hám ıǵallıq qatnasına baylanıslı halda tábiyat (geografiyalıq) zonaları ajıratıladı. *Tábiyat zonaları* — geografiyalıq qabıqtıń klimat poyasları sheńberinde, tiykarınan, ıssılıq hám ıǵallıq muǵdarı hám qatnasına qarap turaqlı tártipte nızamlı almasıp baratuǵın geosistemalar. Hárbir tábiyat zonasında ózine tán topıraqlar, ósimlikler hám haywanlar tarqalǵan boladı. Sonday-aq, Jerdiń sırtqı kúshleri menen baylanıslı bolǵan tábiyiy procesler — unıraw, eroziya, deflyaciya, ekzaraciya hám taǵı basqalar da tábiyat zonaları boyınsha parıqlanadı.

Zonallıq xalıq jaylasıwı hám xojalıq iskerligine de óz tásirin kórsetedi. Eger dúnyanıń tábiyat zonaları kartası menen dúnya xalqınıń tıǵızlıǵı kartaların salıstırsańız, tábiyiy sharayatı qolaylı bolǵan aralas hám keń japıraqlı toǵaylar, musson toǵayları hám qattı japıraqlı máńgi jasıl toǵaylar (Jer Orta teńizi) tábiyat zonalarında xalıq tıǵız jaylasqanlıǵın kóresiz. Dúnya civilizaciyasına úlken úles qosqan áyyemgi Hindstan, Qıtay, Greciya, Rim mámleketleri de mine usı tábiyat zonalarında jaylasqan.

Hárbir tábiyat zonasında ózine tán klimat, topıraq, ósimlik hám haywanat dúnyası, hátte tábiyiy geografiyalıq procesler qáliplesken bolıp, insan xojalıq iskerligine, ásirese, awıl xojalıq hám qurılısqa úlken tásir kórsetedi. Íssı úlkelerde paxta, júzim, ıssı hám ıǵal úlkelerde kofe, citrus miyweler, shay, salı, salqın úlkelerde biyday, arpa, suwıq úlkelerde bolsa, tek ǵana ıssıxanalarda palız hám kók shópler, gúller jetistiriledi. Qurılıs hám imaratlar, ásirese, turaq jay imaratlarınıń

arxitekturası, isletiletuǵın qurılıs materialları túrli tábiyat zonalarında bir-birinen parıqlanadı.

***Sektorlıq*** — qurǵaqlıq ishkerisine qaray okeanlardan uzaqlasqan sayın klimat ózgesheliklerinıń ózgeriwi esabınan tábiyat komponentleri hám geosistemalardıń ózgerip barıwı.

Sektorlıq qurǵaqlıqlarda klimat poyaslarınıń ishinde klimat tipleriniń ajıratılıwında anıq kórinedi. Mısalı, ortasha klimat poyasında qurǵaqlıqta teńiz, ortasha kontinental, keskin kontinental hám musson klimat úlkeleri qáliplesken. Bul bolsa topıraq-ósimlik qaplamı hám, ulıwma, tábiyat zonalarında da kórinedi. Klimat úlkelerine baylanıslı halda aralas hám keń japıraqlı toǵaylar, toǵay-dala hám dalalar, yarım shóller hám shóller, musson toǵayları tábiyat zonaları qáliplesken. Klimat úlkeleriniń ózgesheligine say aralas hám keń japıraqlı toǵaylar hám de musson toǵayları meridianal baǵıtta, toǵay-dala hám dalalar hám de yarım shóller hám shóller bolsa keńlik boylap sozılǵan.

***Azonallıq nızamlılıǵı*** zonallıq nızamlılıǵınan parıqlanıp, Jerdiń ishki procesleri hám jergilikli faktorlar sebepli tábiyat komponentleri hám geosistemalardıń ózgeriwi. Azonallıqtıń *faktorları* — Jer betin qaplaǵan taw jınıslarındaǵı hám relyef dúzilisindegi parıqlar, grunt suwları qáddiniń relyef hám taw jınıslarınıń suw ótkiziwsheńlik qásiyetine qarap ózgeriwi, insannıń xojalıq iskerligi hám t.b. Bul faktorlar keńlik zonallıǵı nızamlılıǵına boysınbaydı. Ásirese, geologiyalıq-morfologiyalıq faktorlar Jerdiń ishki kúshleri menen baylanıslı bolǵanlıqtan basqalarǵa qaraǵanda keńirek qamtıydı. Geologiyalıq faktorlar ishinde neotektonikalıq (házirgi zaman tektonikalıq) procesler, olardıń Jer betiniń túrli orınlarında hár túrli kúsh hám jedellikte júz berip atırǵan eń áhmiyetli faktorlar. Sonday-aq, taw jınıslarınıń ximiyalıq hám fizikalıq qásiyetlerine de aktiv tásir kórsetedi. Mısalı, quramında duzlar keń tarqalǵan taw jınısları tarqalǵan jerlerde shorlar, suwda tez eriytuǵın taw jınısları tarqalǵan jerlerde bolsa karstlar háwij alıp, topıraq-ósimlik qaplamınıń hám, aqır-aqıbetinde, landshaftlardıń zonal ózgeshelikleriniń ózgeriwine sebep boladı.

Jer betiniń qıyalıǵı kishi bolǵan jerlerde, ádette, grunt suwlarınıń qáddi betinde jaylasqan boladı. Bunday sharayatta atmosfera jawınları hám átiraptan kelgen aǵın suwlar esabınan artıqsha ıǵallıq toplanıp, batpaqlıqlar payda boladı. Mısalı, Batıs Sibir, Kongo oypatlıǵı, La-Plata, Orinoko pástegisliklerinde batpaqlıqlar keń tarqalǵan. *Batpaqlıq* — artıqsha ıǵallıq sharayatında turaqlı yaki uzaq waqıt ızǵar bolıp jatqan,

ıǵal súyer ósimlikler hám torf qatlamı (30 sm hám onnan artıq) bar bolǵan jerler. Batpaqlarda ósimlik tamırları torf astındaǵı topıraq-gruntqa jetip barmaydı. Eger torf qatlamı bolmasa yamasa juqa (30 sm den kem) bolsa, *batpaqlasqan* jerler delinedi. Batpaqlıqlar tundra, toǵay tundra, tayga hám ıǵal ekvatorial toǵaylar sıyaqlı tábiyat zonalarında keń tarqalǵan.

Shól tábiyat zonasında jaylasqan Ózbekistanda da azonal faktorlar sebepli zonallıq nızamlılıǵı «buzılıp», ózine tán landshaftlar qáliplesken. Qızılqum hám Ústirttiń oypatlıq relyef formalarında shorlar payda bolǵan. Shorlardıń, ásirese Ústirtte keń tarqalıwına sebep relyeftiń oypatlıǵınan tısqarı bul jerde tez eriwshi háktas, gips, mergel sıyaqlı jınıslardıń keń tarqalǵanlıǵı bolıp tabıladı. Dáryalardıń qayırlarında bolsa relyeftiń tegisligi, grunt suwlarınıń jer betine jaqınlıǵı hám mikroklimattıń átiraptaǵı shólden ıǵallaw hám salqınlaw bolǵanınan toǵaylar qáliplesken. *Toǵay* — dárya boylarındaǵı daraq — puta — shóp ósimliklerinen ibarat qalıń sheńgelzar toǵay.

Insannıń xojalıq iskerligi de tábiyat zonaları ishinde olarǵa tán bolmaǵan, yaǵnıy «azonal» landshaftlardı júzege keltirilmekte. Mısalı, Ózbekistanda shóllerge suw aparılıp, ózlestiriliwi aqıbetinde úlken-úlken maydanlar oazislerge aylandırılǵan. *Oazis* — shól hám yarımshóllerde suw shıǵarılıp abat etilgen jer. Eger Ózbekistannıń xalıq kartasına qarasańız, xalıq eń tıǵız aymaqlar, iri hám úlken qalalardıń barlıǵı oazislerde ekenin kóresiz.

Jer beti tábiyiy sharayatınıń hár túrliligi hám rawajlanıwı zonal hám azonal faktorlardıń jıyındısı hám óz ara tásiri nátiyjesi bolıp tabıladı. Geografiyalıq qabıqta tek zonal ózgeshelikler yaki tek azonal ózgeshelikler ushırasatuǵın birde-bir orın joq. Zonal hám de azonal ózgeshelikler hámme waqıt hám hámiyshe birge ushırasıp, óz ara tásirde boladı.

Zonallıq nızamlılıǵı, keńlik zonallıǵı, sektorlıq, tábiyat zonaları, azonallıq, azonal faktorlar, batpaqlıq, toǵay, oazis.

1. Geografiyalıq qabıqta zonallıq nızamlılıǵı ne sebepten júzege keledi?
2. Keńlik zonallıǵı hám sektorlıq degen ne?
3. Azonal faktorlarǵa neler kiredi?
4. Ózińiz jasap turǵan jerdegi azonal tábiyat kompleksleri haqqında aytıp beriń.

# 8-§. BÁLENTLIK POYASLANÍWÍ NÍZAMLÍLÍǴÍ

Sizge belgili, úlkemizdegi biyik tawlardıń tóbelerindegi qarlar jáziyrama jaz aylarında da erimeydi. Oqıwshılar dem alıw ushın taw janbawırlarındaǵı ájayıp dem alıw orınlarına baradı. Xosh, bularǵa sebep ne? Bunıń sebebi tegislikten tawlarǵa qaray bálentlik artıp barǵan sayın tábiyiy sharayattıń ózgerip barıwı. Yaǵnıy, taw janbawırlarında joqarıǵa kóterilgen sayın hawa temperaturasınıń tómenlep barıwı, ıǵallıqtıń artıp barıwı, soǵan baylanıslı ósimliklerdiń hár túrli bolıwı, tábiyiy sharayattıń ájayıp hám kórkem, taza bolıp barıwı. Tábiyiy sharayattıń bunday ózgerip barıwına bálentlik poyaslanıwı sebep boladı.

***Bálentlik poyaslanıwı*** — tawlardıń eteginen suwayırǵısh tárepke tábiyattıń nızamlı ózgerip barıwı. Bálentlik poyasları tegisliklerdegi tábiyat zonalarına uqsas, biraq birdey emes. Olardıń qáliplesiwine joqarıǵa kóterilgen sayın hawa temperaturası hám basımınıń páseyiwi, quyash radiaciyasınıń kúsheyiwi, suw puwları kondensaciyası sharayatınıń ózgeriwi sebep boladı. Jawınlar belgili bálentlikke deyin kóbeyip, soń kemeyedi. Soǵan baylanıslı halda topıraqlar, ósimlik hám haywanat dúnyası, ulıwma, geosistemalar ózgerip baradı.

Bálentlikke kóterilgen sayın ósimliklerdiń, tábiyiy sharayattıń ózgeriwi haqqında maǵlıwmatlar Zahiriddin Muhammed Baburdıń «Baburnama» shıǵarmasında Mawaraunnaxr, Awǵanstan tawlarınıń táriypinde keltiriledi. Lekin bálentlik poyaslanıwı nızamlılıǵın dáslepki ret A.Gumboldt Alp hám And tawlarında úyrenip, ilimiy tiykarlap bergen.

Tegisliktegi tábiyat zonaları ekvatordan polyuslarǵa qaray izbe-iz almasıp barǵanı sıyaqlı bálentlik poyasları hám tawlardıń eteginen suwayırǵısh tárepke almasadı. Biraq tawlarda bálentlik poyasları olarǵa salıstırǵanda tezirek almasadı, ayırım bálentlik poyaslarınıń uqsası bolǵan tábiyat zonaları tegisliklerde joq. Mısalı, tawlarda subalp hám alp otlaqları poyası bar, tegisliklerde bolsa bunday tábiyat zonası joq.

*Bálentlik poyaslarınıń sanı hám dúzilisi* tawlardıń biyikligine, qaysı klimat poyasında (sonday-aq, qanday klimat úlkesinde) jaylasqanına, baǵdarına, hawa massalarına salıstırmalı jaylasıwına baylanıslı. Tawlar qanshelli biyik bolsa hám tómengi keńliklerde (ekvatorǵa jaqın) jaylasqan bolsa sonshelli kóp bálentlik poyasları júzege keledi. Klimat úlkeleri hám bálentlik poyaslarına sezilerli tásir kórsetedi. Kontinental

klimat úlkesinde jaylasqan tawlarda taw shól hám yarım shól zonaları úlken maydandı iyeleydi. Qar sızığı teńiz klimat poyasında jaylasqan tawlarǵa qaraǵanda 700—1000 m bálentirekten ótedi. Teńiz klimat úlkesinde jaylasqan tawlarda bolsa taw-toǵay zonası keń tarqalǵan, qar sızığı anaǵurlım tómennen ótedi.

Bálentlik poyaslanıwı tawlardıń relyef ózgesheliklerine de baylanıslı. Ásirese, janbawırlar *ekspoziciyası* úlken áhmiyetke iye. Qubla hám arqa, hawa massalarına qarama-qarsı hám keri janbawırlarda, bálentlik poyasları túrlishe boladı. Mısalı, Ózbekistandaǵı tawlarda qubla janbawırında adır (taw qurǵaq dala) zonası bolsa, tap usı bálentliktegi arqa janbawırda bolsa taw (taw—toǵay—dala) bálentlik poyası qálipleskenin kóriw múmkin.

***Janbawır ekspoziciyası*** — taw hám tóbelik janbawırlarınıń gorizont táreplerine, quyash nurları túsetuǵın tárepke salıstırǵanda jaylasıwı. Mısalı, janbawır qublaǵa qaraǵan bolsa qubla ekspoziciya boladı.

Bálentlik poyaslanıwı keńlik zonallıǵı (tábiyat zonaları) menen tıǵız baylanıslı. Bálentlik poyası tawdıń etegi qaysı tábiyat zonasında jaylasqan bolsa sol tábiyat zonasınan baslanadı. Mısalı, Ózbekistan ortasha poyas shól tábiyat zonasında jaylasqanı ushın tawlardıń kópshiliginde birinshi bálentlik poyası shól esaplanadı. Soń adır (taw shól-dala hám qurǵaq dala), taw (taw-toǵay), jaylaw (taw-dala hám taw otlaq dala) hám sońǵı glyacial-nival (muz-qar, suwıq) bálentlik poyasları almasıp keledi.

Ózbekistan tawlarında ósimliklerdiń bálentlik poyaslanıwın K. Z. Zokirov úyrenip, tórt bálentlik poyasına ajıratqan hám jergilikli atamalardan paydalanıp tómendegishe ataydı: *shól, adır, taw, jaylaw. Shól* bálentlik poyası Respublikamızdıń absolyut bálentligi 400—500 metrge deyin bolǵan aymaqların óz ishine aladı. *Adır* bálentlik poyası teńiz qáddinen 400—500 m den 1000-1200 m ge shekem, respublika qublasında qubla ekspoziciyada 1600 m ge shekem bolǵan taw aldı aymaqların óz ishine aladı. *Taw* bálentlik poyası tawlardıń 1000—1200 m, ayırım orınlarda 1600 m den 2700—2800 m ge shekem bolǵan bálentliklerin, *jaylaw* bálentlik poyası bolsa 2700—2800 m den baslanıp, máńgi qar hám muzlarǵa shekem, yaǵnıy qar sızıǵına shekem dawam etedi. K. Z. Zokirov máńgi qar hám muzlıqlardı óz aldına poyas sıpatında ajıratpaydı. Sebebi, ol jerlerde ósimlikler óspeydi. Ósimlikler tarqalıwı qar sızıǵı menen shegaralanadı. Sonıń ushın qar sızıǵınan bálent jerlerdi

glyacial-nival zonaǵa birlestiredi. Bul zona Piskom dáryası basseyninde 3600 m, Qashqadárya basseyninde 3820 m, Topalańdárya basseyninde 3860 m, Sangardak basseyninde 3850 m bálentlikten baslanadı.

***Qar sızıǵı*** — tawlardaǵı sonday shegara, onnan bálentte qar jıl boyı erimey turadı. Qar sızıǵınıń bálentligi jerdiń geografiyalıq ornına, klimatı, jawın muǵdarı, janbawır ekspoziciyasına baylanıslı. Qanshelli hawa rayı tómen hám jawınlar kóp bolsa, sonshelli qar sızıǵı tómende jaylasadı. Polyar keńliklerde ol teńiz qáddinen ótedi. Polyar keńliklerden tropiklerge shekem qar sızıǵınıń bálentligi kóterilip baradı. Frans-Iosif Jerinde 50—100 m, Shpicbergen arxipelagında 400—450 m, Kavkazda 2700—3800 m bálentlikten ótedi. Onıń eń bálent jaylasıwı tropiklerge tuwrı kelip 5800—6000 m bálentlikten ótedi. Tropiklerde bunday bálentlikten ótiwine sebep temperaturanıń joqarılıǵı hám jawınlardıń júdá kemligi bolıp tabıladı. Ekvatorda bolsa qar sızıǵınıń bálentligi 4500 m ge shekem páseyedi. Buǵan sebep jawınlardıń kópligi, temperaturanıń biraz tómenligi bolıp tabıladı.

Qar sızıǵınıń bálentligi tek ǵana polyuslardan ekvatorǵa qaray emes, teńiz hám okeanlardan materik ishkerisine qaray, yaǵnıy uzaqlıq boyınsha da kóterilip baradı. Ortasha poyasta qar sızıǵınıń shegarası batıs okean boyındaǵı teńiz klimat úlkesinen materik ishkerisindegi keskin kontinental klimat úlkesine qaray kóterilip baradı. Mısalı, Alpta qar sızıǵı 1000—1300 m, Batıs Kavkazda 2700 m, Tyan-Shannıń Xantańri bóliminde 4200 m bálentlikte jaylasqan. Buǵan sebep, teńiz klimatı úlkesinde jawınlar kóp, jaz salqın. Keskin kontinental klimat úlkesinde bolsa, kerisinshe, jawınlar kem, jaz bolsa ıssı hám quyashlı, uzaq dawam etedi.

Bálentlik poyaslanıwı, janbawır ekspoziciyası, qar sızıǵı, shól, adır, taw, jaylaw, qar hám muzlıqlar.

1. Bálentlik poyaslanıwına ne sebep boladı?
2. Qar sızıǵı degen ne?
3. Bálentlik poyasları sanı nelerge baylanıslı?
4. Tómengi klaslarda hám biologiya páninen alǵan bilimlerińizden paydalanıp Ózbekistandaǵı bálentlik poyasları tábiyiy sharayatınıń ózine tán ózgesheliklerin dápterińizge keste formasında jazıń.

## 9-§. GEOSÍSTEMALAR HÁM OLARDÍŃ DÁREJELILIGI

Tómengi klaslarda Siz tábiyat kompleksi, tábiyiy aymaqlıq kompleks, geografiyalıq kompleks degen túsinikler menen tanıstıńız, olardıń barlıǵı tábiyiy geografiyalıq kompleks atamasınıń sinonimi ekenligin bilip aldıńız. Bul túsinikler birqansha ulıwma hám ápiwayıraq bolıp, Siziń jasıńız hám pikirlew sheńberińizdi esapqa alıp jazılǵan. Endi bolsa, olarǵa qaraǵanda quramalıraq bolǵan geosistema túsinigi menen tanısasız.

Hárbir pán rawajlanıp, quramalasıp barǵan sayın onıń izertlew obyekti, predmeti hám wazıypaları haqqında túsinikler de anıqlasıp, turaqlasıp baradı. Ótken ásirdiń ortalarına kelip, barlıq pánlerde bolǵanı sıyaqlı geografiya pánine de sistemalar haqqında táliymat kirip keldi. Nátiyjede, geografiyalıq izertlewlerde tekseriw obyektin, sol waqıtlarda bolǵanı sıyaqlı, kompleks dep emes, sistema dep qaraw júzege keldi. Usıǵan baylanıslı 1963-jılı akademik V. B. Sochava tárepinen ***geosistema*** túsinigi pánge kirgizildi hám táliymatı jaratıldı. Bul túsinik geografiyanıń obyektin anıǵıraq hám tolıǵıraq táriyiplewi bárshe tárepinen tán alındı. Házirgi waqıtta geografiyalıq izertlewlerde sistemalar haqqındaǵı táliymatqa ámel etiledi hám úyreniw obyekti sistema dep qaraladı.

Akademik V. B. Sochava tómendegishe táriyip beredi: ***Geosistema*** — basqarılıwshı sistemalardıń ayrıqsha, ózine tán klası; Jer betindegi komponentleri bir-biri menen sistemalı baylanısta bolǵan hám de belgili kompleks sıpatında kosmos qabıǵı hám adamzat jámiyeti menen óz ara baylanısta bolatuǵın barlıq ólshemdegi mákan. Kompleks bolıw menen birge, kishi sistemalarǵa bólinetuǵın bul sistemalar planetanıń betin tolıq qamtıp aladı, sonıń menen bir qatarda onıń bir bólegi sıpatında onsha úlken bolmaǵan mákanda óz aldına boladı hám arnawlı iskerligin júrgizedi.

Usı táriyipleme boyınsha, geosistema óz ara baylanıslı komponentlerdiń tuwrı hám keri baylanıslar arqalı birlesken hám de bir-biri menen óz ara tásirde bolatuǵın tábiyat hám jámiyet kishi sistemalarınan ibarat, materiallıq-energetikalıq bir pútin kompleks jaǵdaydaǵı aymaqlıq sistema dep qarasaq boladı. Geosistema insannıń haqıyqıy jasaw ortalıǵı, xojalıq iskerligi tikkeley yaki tikkeley emes tásir etetuǵın tábiyiy, tábiyiy-antropogen (ózgertilgen tábiyiy) yaki antropogenlesken (insan tárepinen kúshli ózgertilgen) aymaqlıq sistema sıpatında kórinedi. Geosistemanı quraytuǵın hám onı rawajlandırıwshı komponentlerdiń óz ara tásiri

hám baylanısları olar arasında úzliksiz júz berip turatuǵın zat hám energiya almasıwınıń nátiyjesi bolıp, bul almasıw zat aylanıwı hám energiya aǵımı formasında boladı. Geosistemadaǵı zat hám energiyanıń háreketi onıń quramlıq bólimlerin — kishirek geosistemalardı hám tábiyat komponentlerin sonday-aq antropogen obyektlerin baylanıstırıp turadı hám de bir pútinligin támiyinleydi.

Geosistemalardıń *zat hám energiya almasıwı qásiyetine* qaray eki túri ajıratıladı:

a) zat hám energiya almasıw shegarasınan sırtqa shıqpaytuǵın jabıq geosistemalar. Mısalı, geografiyalıq qabıq;

b) zat hám energiya almasıw shegarasınan sırtqa shıǵatuǵın ashıq sistemalar. Mısalı, landshaftlar.

Geosistemalardıń *kólemine*, yaǵnıy úlken-kishiligine qaray V.B. Sochava *planetalıq*, *regional*, *topologiyalıq* dárejelerin ajıratadı. Bul planetalıq, regional hám de topologiyalıq (jergilikli) kólemdegi geosistemalardıń hárbiri ózine tán kólemi, jası menen sıpatlanıp, ózine tán zat hám energiya almasıw formasına iye bolıp esaplanadı. Usı úsh kólemdegi geosistemalar jası jaǵınan bir-birinen parıqlanadı. Mısalı, planetalıq hám regional kólemdegi geosistemalardıń jası geologiyalıq dáwirler ólshemi menen ólshense, topologiyalıq kólemdegi geosistemalardıń jası bolsa bir neshe onlaǵan, júzlegen mıń jıllar menen ólsheniwi múmkin.

Planetalıq kólemdegi geosistemalarǵa geografiyalıq qabıq kiredi. Ol eń úlken hám eń quramalı geosistema bolıwı menen bir qatarda júdá kóp hám túrli taksonomiyalıq mániske iye bolǵan geosistemalarǵa klassifikaciyalanǵan. Regional dárejedegi geosistemalar tómendegiler: materikler, úlkeler, zonalar, provinciyalar, okruglar, rayonlar. Bul jerde biz tek ǵana qurǵaqlıqtıń geosistemalarǵa bóliniwin kórsettik. Suwlı ortalıq bolsa basqasha bólinedi. Topologiyalıq (kishi) kólemdegi geosistemalar — landshaft, orın, urochishe, faciya.

Geosistemalar (faciyadan basqaları) óziniń ishki dúzilisi jaǵınan bir waqıttıń ózinde bir pútin hám hár qıylı, yaǵnıy ózinen kishi bolǵan geosistemalardan quralǵan. Bul geosistemalar óziniń úlken-kishiligine baylanıslı halda tekshe tárizli taksonomiyalıq mániske iye esaplanadı. Mısalı, geografiyalıq qabıq ózinen kishirek bolǵan geosistemalar — qurǵaqlıq hám okeanlarǵa, qurǵaqlıq bolsa óz náwbetinde, materiklerge, materikler bolsa ózinen kishi bolǵan geosistemalar — tábiyiy geografiyalıq úlkelerden quralǵan h.t.b.

Geosistemalardıń úlken-kishiligi boyınsha, yaǵnıy tekshe tárizli etip qoyıp shıǵılsa, tómendegishe boladı: geografiyalıq qabıq — qurǵaq-

lıq — materikler — tábiyiy geografiyalıq úlkeler — tábiyiy geografiyalıq zonalar — tábiyiy geografiyalıq provinciyalar — tábiyiy geografiyalıq okruglar — tábiyiy geografiyalıq rayonlar — landshaftlar — orınlar — urochisheler — faciyalar. Lekin, geosistemalar ádette, joqarıda kórsetkenimizdey izbe-iz emes, al kishi geosistemalar birgelikte úlkenlerin, olar bolsa, óz náwbetinde, onnan da úlkenireklerin payda etip, yaǵnıy «úlkeniniń ishinde kishisi» jaylasqan.

Geografiyalıq izertlewlerde joqarıda keltirilgen geosistemalardan, tiykarınan, landshaft hám onıń bólimleri bolǵan orın, urochishe hám de faciya úyreniledi.

***Landshaft*** nemisshe sóz bolıp, (*land* — jer hám *schaft* — óz ara baylanıstı ańlatıwshı suffiks), ulıwma ádebiy tilde kórinis, orınnıń kórinisi mánislerin ańlatadı. Geografiyada bolsa ilimiy termin bolıp, geosistemalardıń bir taksonomiyalıq tekshesin ataw hám sıpatlaw ushın qollanıladı. Landshaft — birdey geologiyalıq dúzilisi, bir relyef túri, birdey klimatı hám de tek ǵana usı landshaftqa tán bolǵan, óz ara baylanıslı kishi geosistemalar jıyındısınan ibarat genetikalıq jaqtan bir pútin geosistemalar esaplanadı. Landshaft bir tárepten qaraǵanda zona, provinciya, okrug, rayon sıyaqlı regional geosistemalardı qurawshı eń ápiwayı geosistema, geografiyalıq qabıqtıń eń ápiwayı hám eń kishi birligi bolıp tabıladı. Ekinshi jaqtan, ózinen kishi bolǵan urochishe, faciya sıyaqlı bólimler hám ápiwayı geosistemalardıń baylanısınan payda bolǵan quramalı kóp yaruslı hám dinamikalıq geosistema bolıp esaplanadı. Landshaft dógerek átiraptaǵı landshaftlar menen zat hám energiya almasıw arqalı turaqlı óz ara tásirde bolıp turıwshı, ashıq geosistema bolıp tabıladı.





***3-súwret.*** *a)* Qızılqumdaǵı shól landshaftları. *b)* Chatqal taw dizbegindegi taw landshaftları

Landshaftlar orınlardan, orınlar urochishelerden, urochisheler bolsa faciyalar sistemasınan ibarat.

***Orın*** — óz ara baylanıslı hám uqsas urochishelerdiń toplamınan ibarat geosistema. Landshaftlardıń orınlarǵa klassifikaciyalanıwında relyef tiykarǵı áhmiyetke iye. Orın relyeftiń mezoformalarına tuwrı keledi. Dáryalardıń tómengi terrasaları, qayır orınlardı payda etedi. Usı orınlar topar ushın grunt suwlarınıń jer betine jaqın jaylasıwı, topıraq payda bolıwında olardıń aktiv qatnasıwı, tiykarınan, gidromorf, yaǵnıy, allyuvial topıraqlar rawajlanıwı, ıǵallıqtı súyiwshi ósimliklerdiń tarqalıwına sebep boladı. Dárya terrasalarınıń joqarǵı hám tómengi bólimleri Ózbekistanda derlik tolıq ózlestirilgen hám olarda suwǵarılatuǵın diyqanshılıq penen shuǵıllanıladı. Sonıń ushın bul orınlar áyyemnen diyqanshılıq jerleri esaplanadı.

***Urochishe*** relyeftiń mezoformasında jaylasqan bolıp, kelip shıǵıwı hám rawajlanıwı jaǵınan tıǵız baylanıslı bolǵan faciyalardan ibarat geosistema bolıp esaplanadı. Orınlardıń óz aldına urochishelerge bóliniwinde onıń litogen tiykarı — relyef hám de taw jınıslarınıń litologiyalıq dúzilisi tiykarǵı áhmiyetke iye esaplanadı. Tegisliklerde urochishe kóbirek jarlıqlarǵa, quramalı dúzilgen qayırǵa, tómengi terrasalarǵa, joqarı terrasalardaǵı oypatlıqlarǵa, deltalardaǵı qurıp qalǵan kishirek kóllerdiń batıqlarına, tawlarda bolsa saylarǵa, adır aldı qırlarına, pás hám ortasha biyikliktegi tawlardıń túrli bólimleri hám basqalarǵa tuwrı keledi.

***Faciya*** — (latınsha *facies* — sırtqı kórinis mánisin ańlatadı) taw jınıslarınıń litologiyalıq quramı birdey, relyef dúzilisi, ıǵallanıwı birdey, mikroklimatı, topıraqları, ósimlik hám haywanat dúnyası birdey, yaǵnıy onı payda etiwshi komponentlerine tán bolǵan belgileriniń birdeyligi menen sıpatlanatuǵın eń ápiwayı dúzilgen hám eń kishi geosistema bolıp esaplanadı. Faciyalar relyeftiń mikroformalarına tuwrı keledi. Mısalı, jaralardıń ishi, pás jerlerdiń túbi faciyaları. Faciyalar geosistemalardıń ishinde eń ashıǵı esaplanadı hám tek ǵana qońsı faciyalar menen baylanıslı bolǵan sharayatta ǵana qáliplesedi, rawajlanadı. Olar ózinen úlken bolǵan basqa geosistemalarǵa qaraǵanda sırtqı kúshler tásirine beriliwsheń hám ózgeriwsheń boladı. Buǵan sebep faciya sheńberinde onıń komponentleri arasındaǵı baylanıs basqa geosistemalardaǵıǵa qaraǵanda mort, tez zıyanlanıwshań, sırtqı faktorlar tásirine shıdamsızraq ekenligi bolıp tabıladı. Sonıń ushın da, insannıń xojalıqtaǵı iskerliginiń geosistemalarǵa tásiri hám onıń ózine tán aqıbetleri dáslep faciyalar kóleminde júz beredi. Atap aytqanda, bunday ózgerisler faciyalardıń eń háreketsheń, ózgeriske beyimirek bolǵan

ósimliklerinde kózge taslanadı hám keyin ala olardıń basqa ózgeshelikleri: mikroklimatı, ıǵallanıwı, ıssılıq tártibi sıyaqlılardıń ózgeriwine alıp keledi. Taw jınısları kóbinese ózgermey qaladı. Usı sebepli faciyalarǵa bolatuǵın insan tásiri toqtatılsa, ózgergen faciyalar jáne óziniń aldıńǵı jaǵdayına qaytıwǵa háreket etedi.

Geosistemalardıń birdey tábiyiy sharayatqa iye ekenligi, olardı ilimiy hám ámeliy jaqtan úyreniw áhmiyetli ekenligin kórsetedi. Sebebi, olardıń ózgeriwsheńligi, rawajlanıwı, resurslardıń jaylasıwı, ónimdarlıq hám basqa qásiyetlerin úyreniw, olardan xojalıqtı rawajlandırıw maqsetlerinde paydalanıwdıń eń nátiyjeli jolların ashıp beredi.

Geosistema, geosistemalardıń klassifikaciyalanıwı, planetalıq, regional hám topologiyalıq geosistemalar, landshaft, orın, urochishe, faciya.

1. Geosistemalar degenimiz ne?
2. Geosistemalar qalay dúzilgen?
3. Landshaftlar qanday geosistemalardan ibarat?
4. Ózińiz jasap turǵan aymaqta orın, urochishe hám faciya boyınsha mısallar keltiriń.



# III BAP. JÁMIYET HÁM TÁBIYAT

## 10-§. JÁMIYET HÁM TÁBIYAT ARASÍNDAǴÍ BAYLANÍSLAR

Insan óz ómiri dawamında mútájligi ushın zárúr bolǵan materiallıq zatlardıń barlıǵın tábiyattan aladı. Ol tábiyat penen óz ara tıǵız baylanısqan. Ilim-texnika rawajlanǵan sayın insannıń miynet quralları jetilisip baradı. Nátiyjede, ol ózin qorshap turǵan tábiyattıń qásiyetlerin ózgertip, ózine tán «ortalıq» jaratadı. Sonıń ushın, jámiyet hám tábiyat baylanısları haqqında gáp ketkende tábiyiy ortalıq, geografiyalıq ortalıq, qorshaǵan ortalıq, texnogen ortalıq sıyaqlı túsinikler qollanıladı.

*Tábiyat* — bizdi qorshap turǵan ortalıq. Tábiyat waqıt hám keńislikte sheksiz bolıp, toqtawsız túrde hárekette, rawajlanıwda hám ózgeriste boladı. Jámiyet te tábiyattıń, materiallıq dúnyanıń ózine tán bir bólegi bolıp tabıladı.

*Tábiyiy ortalıq* — tábiyiy dene hám zatlardıń, neni yamasa kimdi qorshap turıwshı, onıń turmıs iskerligi ótetuǵın tábiyiy sharayat yaki tábiyiy sharayatlardıń kompleksi. Geografiyalıq ádebiyatlarda bul túsinik, kóbinese, geografiyalıq qabıqtıń insan hám onıń xojalıq iskerligin qorshap turǵan bólimine qarata qollanıladı.

*Geografiyalıq ortalıq* — jámiyetti qorshap turǵan tábiyiy sharayat; jámiyetlik óndiristiń belgili bir tariyxıy basqıshında tábiyattıń jámiyet penen óz ara tásirde bolatuǵın bir bólimi. Geografiyalıq ortalıq jámiyet rawajlanıwınıń turaqlı hám zárúrli sharayatlarınan biri, ol miynet bólistiriliwine hám xojalıq tarmaqlarınıń jaylasıwına aktiv tásir etedi. Jámiyet te geografiyalıq ortalıqqa tásir kórsetedi. Jámiyet rawajlanıp barǵan sayın geografiyalıq ortalıq sheńberi ózgerip, keńeyip baradı.

*Texnogen ortalıq* — xalıqtı qorshap turǵan ortalıqtıń bir bólimi bolıp, insan tárepinen jaratılǵan obyektler, dene hám zatlar túsiniledi. Jámiyet rawajlanıp barǵan sayın texnogen ortalıq jetilisip baradı.

*Qorshaǵan ortalıq* — xalıqtı qorshap turǵan tábiyiy hám texnogen ortalıqtı qamtıp alǵan jasaw hám miynet etiw sharayatı.

Jámiyet penen tábiyat arasındaǵı tásir hám baylanıslar mákan hám zamanda ózgerip, túrlenip baradı. Insannıń iskerligi maqsetke tuwrı baǵdarlanǵan bolsa, tábiyattan aqılǵa muwapıq paydalanıw usı orın, aymaq, úlkeniń rawajlanıwına alıp kelgen. Keri tásir bolsa, qolaysız sharayattıń júzege keliwine sebep boladı. Adamzat tariyxı dawamında onıń tábiyat penen bolǵan qatnası bárqulla ózgerip, quramalasıp barǵan.

Jámiyettiń tábiyatqa tásiriniń artıp barıwı hám tábiyatqa qatnasınıń ózgerip barıwın bes basqıshqa bóliw múmkin.

***1. Alǵashqı jamiyet dáwiri*** — jámiyettiń geosistemalar tábiyiy jaǵdayın buzbaytuǵın turmıs tárzi. Adam payda bolǵannan baslanǵan. Bul dáwirdiń ózgeshelikleri: dáslep tayar tábiyat ónimlerinen terimshilik penen kún kórilgen; tas qurallar oylap tabılıp, ańshılıq hám balıqshılıq penen shuǵıllanılǵan; ot oylap tabılǵan; dáslepki úy haywanı, yaǵnıy iyt qolǵa úyretilgen, insan tábiyatqa pútkilley ǵárezli bolıp, tábiyattıń bir bólegi sıpatında turmıs keshirgen; tábiyattı ózine maslastıra almaǵan; geosistemalar tolıq qayta tikleniw imkanına iye bolǵan h.t.b. Alǵashqı adamdı klimatı qolaylı, biologiyalıq resurslarǵa bay (úlken haywanlar, miyweler) orınlar kóbirek qızıqtırǵan. Bul basqıshta insan tábiyattı ózgertpegen, al oǵan beyimlesken. Insannıń xojalıq iskerligi ápiwayı bolıp, tábiyiy ortalıqtıń ózgeriwine sebepshi bolmaǵan. Miyweli ósimliklerdi saqlaw hám teriw, haywanlardı normada awlaw qaǵıydaları ol dáwirde jazıw bolmaǵanlıǵı sebepli awızeki tárizde ornatılǵan.

***2. Awıl xojalıǵı revolyuciyası dáwiri*** — jámiyettiń geosistemalardı kishi aymaqlarda, kem buzılıwına sebepshi bolatuǵın turmıs tárzi. Bunnan 6—8 mıń jıl aldın baslanǵan. Usı dáwirde adam ańshılıq hám balıqshılıqtan diyqanshılıqqa ótken. Tábiyiy landshaftlardıń kúshsiz ózgeriwi júz bere baslaǵan. Bul dáwirdiń ózgeshelikleri: neolit dáwirinde «Awıl xojalıǵı revolyuciyası» nátiyjesinde diyqanshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanıla baslanǵan; otqa sıyınıwshılıq — insannıń tábiyatqa tásir kórsetiwi hám onı ózgertiwi múmkinligi haqqındaǵı kózqaras payda bolǵan. Miynet qurallarınıń birqansha jetilisip barıwı nátiyjesinde insan tábiyat penen teńsalmaqlılıqtı buza baslaǵan, ayırım ań haywanları hám ósimliklerdiń sanı kemeygen; xojalıq tarawlarınıń dáslepki kórinisleri payda bolǵan hám rawajlanǵan; xalıq otırıqshı turmıs keshire baslaǵan hám dáslepki qalalar payda bolǵan. Bunday xalıq toplanǵan orınlarda faciya yaki urochishe kóleminde ekologiyalıq teńsalmaqlılıq buzılıp, túrli geoekologiyalıq mashqalalar júzege kelgen. Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, Ózbekistan aymaǵında eramızdan aldıngı II ásirde dáslepki salmalar, eramızdıń IV-VI ásirlerinde bolsa kanallar qurılǵan. IX—XIII ásirlerde suwǵarıwdıń túrli usılları hám úlken gidrotexnikalıq qurılmalar qurılıp, usı dáwir ishinde jámi 3,5—3,8 mln gektar jer suwǵarılǵan.

Bul dáwirde insannıń tábiyatqa bolǵan tásiri kúsheyip barǵan, ónermentshilik rawajlanǵan, xojalıqta tábiyiy resurslardan keń qollanıla baslanǵan. Diyqanshılıq hám sharwashılıq jáne de rawajlanǵan, biraq olar, tiykarınan, qol kúshine tiykarlanǵanlıǵı ushın ekologiyalıq teńsalmaqlılıqqa tásir etpegen. Demek, bul dáwirde tábiyatqa tásir, tiykarınan, awıl xojalıǵın rawajlandırıw maqsetinde bolǵan. Salıstırmalı uzaq dawam etken basqısh bolıp, tábiyatqa kúshsiz, bazıbir tábiyat komponentlerine kúshlirek tásir kórsetilgen (4-keste). Qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıwǵa qaratılǵan nızamlar jazba túrde ornatılǵan hám ámel etilgen, diniy dereklerge tiykarlanıp, húkimdarlar túrli dáwirlerde hár qıylı ekologiyalıq nızamlar hám pármanlar shıǵarǵan.

***3. Sanaat revolyuciyası dáwiri*** — jámiyettiń óz materiallıq hám ruwxıy mútájliklerin qanaatlandırıw maqsetinde tábiyattan ayawsız paydalanatuǵın turmıs tárzi. Bul dáwir XVIII ásirden baslanǵan bolıp, tiykarǵı ózgeshelikleri: 1784-jılı puw mashinasınıń jaratılıwı menen «sanaat revolyuciyası», XX ásirdiń ortalarında bolsa — «Jasıl revolyuciya», yaǵnıy awıl xojalıǵında túpten burılıs ámelge asırıldı hám bul «revolyuciya»lar keyin ala geosistemalarda ekologiyalıq

mashqalalardı keltirip shıǵardı; insan eń tiykarǵı «geologiyalıq kúsh»ke aylandı; regional kólemdegi geoekologiyalıq mashqalalar payda boldı; tábiyiy ortalıqqa kúshli tásir kórsetildi (4-keste). Jámiyettiń tábiyatqa tásiri kúsheydi. Tábiyiy landshaftlar tez pátler menen ózgere basladı. Ullı geografiyalıq ashılıwlar sebepli basqa kontinentler de ózlestirile basladı. Sanaat rawajlanǵan sayın jámiyettiń tábiyatqa tásiri de artıp bardı. Jámiyettiń mútájligin qanaatlandırıw, turmıs dárejesin kóteriw, kún sayın artıp baratırǵan áskeriy qárejetlerdi qaplaw maqsetinde tábiyattan onıń baylıqları ayawsız «julıp alındı». Bul dáwir kóp ǵana mámleketlerde házir de dawam etpekte.

***4. Ilim-texnika revolyuciyası dáwiri*** — jámiyettiń tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw hám tábiyiy ortalıqtı saqlap qalıw dárejesindegi turmıs tárzi. Bul dáwir XX ásirdiń ekinshi yarımınan baslandı. Bul dáwirde: ekologiyalıq bilim, sana, mádeniyat qáliplesti hám rawajlandı; ekologiyalıq shólkemler dúzile basladı; xalıq sanı júdá tez ósti hám insan ilim menen «qurallandı», yaǵnıy «ilim-texnika revolyuciyası» ámelge asırıldı; kosmostı ózlestiriw baslandı; Mendeleyev periodlı sistemasındaǵı barlıq elementlerden paydalanıldı hám tábiyatqa «jat» bolǵan jasalma birikpeler payda boldı; tábiyat nızamların jámiyetlik nızamlarǵa iykemlestiriwge urınıp kórildi; geoekologiyalıq jaǵday krizisli aymaqlar hám global geoekologiyalıq mashqalalar júzege keldi; tábiyat komponentleriniń barlıǵına kúshli tásir etildi. Sonıń menen birge, bul dáwirde suw, topıraq, ósimlik hám haywanlardı qorǵawǵa da ayrıqsha itibar qaratıldı, qánigelestirilgen ekologiyalıq nızamlar qabıl etildi. Ásirese, respublikamız ǵárezsizlikke eriskennen keyin usı nızamlar xalıq aralıq standartlarǵa sáykeslestirildi hám ekologiyalıq nızamshılıq bilimlendiriw sistemasında oqıtıla baslandı. «Qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám mámleketlik ekologiya komiteti» dúzildi, mámlekettiń ekologiyalıq basqarıw hám qadaǵalaw sisteması júzege keldi. Demek, bul dáwir salıstırmalı eń qısqa dawam etken bolıp, geosistemalardıń eń kúshli ózgergenligi menen ajıralıp turadı. Ilim hám texnikanıń joqarı dárejede rawajlanıwı múnásibeti menen tábiyiy resurslar júdá úlken kólemde ózlestirile baslandı. Úlken aymaqlar awıl xojalıǵı maqsetinde ózlestirildi, úlken zavodlar qurıldı, shóller, arqadaǵı úlkeler, tawlar hám de Dúnya okeanı ózlestirildi hám ekologiyalıq teńsalmaqlılıq buzıla basladı. Túrli forma hám kólemdegi geoekologiyalıq mashqalalardıń payda bolıwı hám tábiyiy apatlardıń kúsheyiwi jámiyet nızamların tábiyat nızamlarına uyǵınlastırıwdı talap etpekte.

***4-keste***

**Jámiyettiń tábiyatqa bolǵan tásiriniń artıp barıwı**

| Tábiyiy ortalıqtıń quramlıq bólimleri | Jámiyettiń tábiyatqa tásiri | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Alǵashqı jámáát dáwiri | Awıl xojalıq revolyuciyası dáwiri | Sanaat revolyuciyası basqıshı | Ilim-texnika revolyuciyası dáwiri | Ekologiyalıq qatnas dáwiri |
| Taw jınısları | | 1 | 2 | 3 | 5 |
| Relyef | | 1 | 2 | 4 | 5 |
| Topıraq | | 1 | 3 | 4 | 5 |
| Ósimlik | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| Haywanlar | 1 | 2 | 3 | 5 | 5 |
| Hawa (klimat) | | 1 | 3 | 3 | 5 |
| Suw | | 1 | 3 | 4 | 5 |
| Geosistemalar | 1 | 1 | 3 | 4 | 5 |

*Kestede tásir dárejesi: 1 — kúshsiz, 2 — kúshlirek, 3 — kúshli, 4 — júdá kúshli, biraq únemli, 5 — oǵada kúshli hám qayta tiklew, qorǵaw.*

***5. Ekologiyalıq qatnas dáwiri*** — jámiyettiń salamat hám ekologiyalıq taza qorshaǵan ortalıqtı ekonomikalıq ósiw menen teń dárejede qádirleniwine tiykarlanǵan turmıs tárzi. Bul dáwirdiń belgileri ayırım rawajlanǵan mámleketlerde baqlanıp, insandı biologiyalıq hám sociallıq organizm sıpatında saqlap qalıw hám de onıń qorshaǵan tábiyiy ortalıǵın qáwipsiz halda saqlaw maqsetinde qorǵaw tiykarǵı wazıypaǵa alıp shıǵılǵan, resurslardıń qayta tikleniwi jámiyet esabınan ámelge asırılmaqta, ekologiyalıq nızamshılıq jáne de jetilisken, tábiyatqa jetkerilgen zıyandı qaplawda hárbir geosistemanıń geoekologiyalıq jaǵdayı esapqa alınıp, klassifikaciyalanǵan halda belgilenedi, «ekologiyalıq mádeniyat revolyuciyası» júzege kelmekte. Ulıwma aytqanda, bul basqısh jámiyet hám tábiyat óz ara birge rawajlanıwda bolatuǵın dáwir esaplanadı.

Tábiyat, jámiyet, tábiyiy resurslar, geografiyalıq ortalıq, tábiyiy ortalıq, texnogen ortalıq, qorshaǵan ortalıq, awıl xojalıǵı, sanaat revolyuciyası, ilim texnika revolyuciyası, tábiyatqa tásir.

1. Qaysı basqıshta insan tábiyattı ózgertpesten, oǵan iykemlesken?
2. Sanaat revolyuciyası qashan baslanǵan?
3. Qaysı basqıshta ekologiyalıq teńsalmaqlılıq buzıla basladı?
4. Sanaat hám ilim-texnika revolyuciyası basqıshların salıstırıń.

# 11-§. ANTROPOGEN LANDSHAFTLAR

Jer betinde insan payda bolǵannan beri, toqtawsız túrde tábiyatqa tásir kórsetip, onnan paydalanıw hám ózine qolaylastırıw maqsetinde ózgertip kelmekte. Insannıń xojalıqtaǵı iskerliginiń tásiri *antropogen tásir* delinip, onıń aqıbetinde geosistemalardıń ózgeriw dárejesi, kólemi hám jedelligi túrlishe boladı. Bul bir tárepten geosistemalardıń ózine tán tábiyiy ózgesheligi menen baylanıslı bolsa, ekinshi tárepten insannıń geosistemaǵa tásir kórsetiwine baylanıslı.

Geosistemalardıń tábiyiy ózgeshelikleri, yaǵnıy ózin-ózi basqarıwı hám qayta tikleniw qásiyetiniń kúshli yamasa kúshsizligi, antropogen tásirge shıdamlılıǵı yamasa shıdamsızlıǵı túrli geosistemalarda hár qıylı boladı. Sonıń menen birge, insannıń iskerligi de hár túrli bolıp esaplanadı. Mısalı, insan geosistemalarǵa kánshilik sanaatı arqalı birdey tásir kórsetse, qala qurılısında basqa túrde, diyqanshılıq, sharwashılıq, toǵay xojalıǵında bolsa jáne de basqasharaq tásir etedi. Nátiyjede, hár qıylı dáreje hám kóriniste insan ushın unamlı hám unamsız ózgergen geosistemalar payda boladı.

Kóbinese insannıń xojalıq iskerligi belgili bir tábiyat komponentleri menen baylanıslı boladı. Suwǵarılmaytuǵın diyqanshılıqta topıraq, sharwashılıqta hám toǵayshılıqta ósimlik (ot-shóp ósimlikler hám terekler), kánshilik sanaatında taw jınısı (paydalı qazılma) menen baylanıslı boladı. Bul komponentler sol aymaqlarda belgili dárejede ózgeriske ushıraydı. Ayırım jaǵdaylarda bul ózgerisler basqa komponentlerdiń de ol yaki bul dárejede ózgeriwine alıp keledi. Ayırım xojalıq tarawlarında insan eki hám onnan artıq tábiyat komponentleri menen qatnasta boladı. Suwǵarılatuǵın diyqanshılıqta topıraq hám suw, sanaat óndirisinde topıraq, suw, hawa, ósimlik penen baylanısta boladı.

Tábiyat komponentleriniń, sonday-aq, qońsı geosistemalardıń úzliksiz baylanıslılıǵı komponentlerden birine qandayda bir maqsette islengen tásir, kóbinese basqa komponentlerge arnawlı islenbegen tásirdiń júzege keliwine alıp keledi (suw saqlaǵıshlardı qurıw — átiraptaǵı jerlerdi suw basıwına, jer astı suwlarınıń alınıwı — jer betiniń shógiwine h.t.b.). Xojalıq iskerliginiń derlik barlıq túri (islep shıǵarıw, rekreaciya, tábiyattı qorǵaw, ilimiy-tekseriw) ámelde turaqlı yamasa waqtı-waqtı menen geosistemalarǵa tásir etedi. Bul tásirdiń kólemi, tezligi hám basqa kórsetkishleri tiykarında geosistemalar belgili dárejede ózgeriske ushıraydı. Geosistemalardaǵı ózgeris, óz náwbetinde, xalıqtıń salamatlıǵı

hám xojalıq iskerliginde unamlı yamasa unamsız aqıbetlerdi keltirip shıǵaradı.

Geosistemalar hár túrli faktorlardıń tásirinde qáliplesedi, rawajlanadı, ózgeredi. Ótken ásirdiń 70-jıllarına kelip, insannıń xojalıq iskerliginiń tásirinde ózgergen geosistemalardı ***antropogen landshaftlar*** dep, olardı óz aldına ózine tán geosistema sıpatında ilimiy jaqtan izertlew baslandı.

Insan házirshe, landshaftlardı pútkilley basınan baslap jaratıwı múmkin emes. Insan óz xojalıq iskerligi dawamında tábiyiy landshaftlardıń belgili bir qásiyetin ózgertedi. Lanshaftqa kirip atırǵan qanday da bir ózgeris (yaǵnıy, usı landshaftqa tán bolmaǵan ósimlik, haywan, taw jınısı, suw h.t.b.) te, negizinde, basqa bir landshafttan alınǵan boladı. Sonday-aq, insan tárepinen kirgizilgen, «jat» quramlıq bólimler de usı landshafttaǵı tábiyiy nızamlılıqlar tiykarında rawajlanadı. Mısalı, kanallar dáryalarǵa uqsap jaǵaların hám túbin jemiredi, olardan suw puwlanadı, jaǵalarında toǵayǵa tán ósimlikler payda boladı. Suw saqlaǵıshlar kóllerge uqsap jaǵaların jemiredi, túbi aǵızıp alıp kelingen jınıslar menen toladı, átiraptaǵı grunt suwlarınıń qáddine tásir etedi. Injenerlik qurılmaları hám de jollar unırap, jemiriledi. Mádeniy ósimlikler usı landshaftqa tán ósimlikler menen aralasıp, iykemlesip ketedi h.t.b. Usı kózqarastan antropogen tásir nátiyjesinde ózgergen landshaftlardı antropogen landshaftlar dep ataǵanǵa qaraǵanda, antropogen faktor tásirinde ózgergen lansdhaftlar, dep ataǵan durıs bolar edi. Biraq bul atama qollanıwda qolaylı bolmaǵanlıǵı sebepli antropogen landshaftlar ataması qollanıladı.

Joqarıda aytıp ótkenimizdey, geosistemalardıń qásiyetleriniń hár túrliligi hám insannıń xojalıq iskerliginiń hárqıylı bolıwı menen Jer betinde hár túrli antropogen landshaftlar júzege keldi, ilim-texnika rawajlanǵan sayın olardıń jańadan-jańa túrleri payda bolmaqta. Bul bolsa tábiyattan paydalanıwdı tuwrı hám aqılǵa muwapıq shólkemlestiriw ushın olardı bólip úyreniwdi talap etedi. Ilimpazlar tárepinen antropogen landshaftlardıń tómendegi túrleri ajıratıladı.

F. N. Milkov insan iskerliginiń túri hám landshaftlarda qay dárejede óz kórinisin tapqanlıǵın esapqa alıp, barlıq antropogen landshaftlardı 8 túrli landshaft klasına ajıratadı (5-keste). Landshaft klasları túrlerge bólinip ketedi.

A. G. Isachenko antropogen tásir aqıbetinde geosistemalardıń qay dárejede ózgergenligin tiykar etip aladı hám barlıq antropogen landshaftlardı 4 toparǵa ajıratadı:

*5-keste*

**Antropogen landshaftlardıń túrleri**

| № | Antropogen landshaft klasları | Antropogen landshaft túrleri |
|---|---|---|
| 1 | Awıl xojalıq landshaftları | Diyqanshılıq, baǵmanshılıq, otlaq-jaylaw, aralas. |
| 2 | Sanaat landshaftları | Karyer hám taslamalar, terrikonlar, psevdokarst h.t.b. |
| 3 | Sızıqlı-jol landshaftları | Avtomobil jolları, temir jollar, neft hám gaz trubaları h.t.b. |
| 4 | Toǵay antropogen landshaftları | Terekzarlıqlar (ixotalar), kesilgen toǵaylar ornındaǵı ekilemshi toǵaylar h.t.b. |
| 5 | Suw antropogen landshaftları | Suw saqlaǵıshlar, kanallar, kóller, balıqshılıq háwizleri h.t.b. |
| 6 | Rekreacion landshaftlar | Sanatoriyalar, dem alıw orınları átirapındaǵı baǵlar h.t.b. |
| 7 | Seliteb landshaftlar | Qalalar, awıllar |
| 8 | Belligerativ (lat. Velligero-urıs) | Qorǵaw tóbeshikleri, qorǵanıw qorǵanları, diywallar, qorǵanlar, qándekler okoplar h.t.b. |

1. *Shártli ózgertilmegen (alǵashqı landshaftlar).* Olar tikkeley insan tásirine hám xojalıqtaǵı iskerligine ushıramaǵan landshaftlar boladı. Olarda insan iskerliginiń kúshsiz hám tikkely emes tásiriniń izlerin kóriw múmkin. Mısalı, bálent tawlardaǵı qar-muzlıqlar hám toǵaylar, qorıqxanalar h.t.b.

2. *Kúshsiz ózgertirilgen landshaftlar.* Bular, tiykarınan, insannıń ekstensiv iskerligi (ańshılıq, balıqshılıq sıyaqlı) tásirine ushıraǵan landshaftlar. Bunda insannıń iskerligi ayırım komponentlerge ǵana tásir etip, tábiyiy baylanıslar buzılmaǵan hám aldıńǵı óz halatın tiklep alıwı múmkin.

3. *Kúshli ózgerttirilgen (buzılǵan) landshaftlar.* Bul toparda tiykarınan, insan iskerliginiń jedel tásirinde ózgergen landshaftlar boladı. Olardıń kóp komponentleri ózgerip, landshaftlar dúzilisiniń sezilerli dárejede buzılıwına alıp kelgen. Mısalı, karyerler, kánshilik sanaatı shıǵındıları t.b.

4. *Mádeniy landshaftlar.* Dúzilisi insan tárepinen jámiyet máplerin ǵózlegen hám ilimiy tiykarlanǵan halda aqılǵa muwapıq ózgerttirilgen landshaftlar. Mısalı, sapalı islew berilip atırǵan baǵlar, paxta atızları, plantaciyalar h.t.b.





***4-súwret.*** *a)* Oazisler — mádeniy landshaftlar. *b)* Karyerler — buzılǵan jerler

Antropogen landshaftlar haqqında sóz etkende mádeniy hám *buzılǵan landshaftlar* atamaları kóp qollanıladı. ***Mádeniy landshaft*** — jámiyet máplerin gózlep qásiyetleri insan tárepinen ilimiy tiykarda hám aqılǵa muwapıq ózgertilgen landshaftlar. Olarǵa tómendegi eń áhmiyetli eki ózgeshelik tán: 1) adamlardıń jasawı ushın qolaylı, densawlıqtı saqlawı, fizikalıq hám ruwxıy jaqtan rawajlanıwına járdem beretuǵın ortalıq; 2) joqarı ónimdarlıq hám ekonomikalıq nátiyjelilik. Bunda insan tárepinen landshaftlardıń ishki imkaniyatların rawajlandırıw, tábiyiy proceslerdi jedellestiriw hám landshaftlardıń nátiyjeliligin arttırıw tiykarǵı maqset boladı. Respublikamızda uzaq jıllardan beri ózlestirilip, abadanlastırılıp kelinip atırǵa jerler — mádeniy landshaftlar esaplanadı (4 *a*-súwret). Oazislerge átiraptaǵı shól yamasa taw geosistemalarına qaraǵanda xalıq jasawı ushın geoekologiyalıq ortalıq qolaylı, xojalıq iskerligi bolsa birneshe ese nátiyjeli esaplanadı. Bunı tómendegilerde kóriw múmkin: Respublika xalqınıń 9/10 bólegine shamalası oazislerde jasaydı. Suwǵarılatuǵın jerler respublikamız jer qorınıń 1/10 bólegin quraǵan halda awıl xojalıǵında jetilistiriletuǵın ónimlerdiń derlik 9/10 bólimin beredi.

Buzılǵan landshaftlar bul ulıwma túsinik bolıp, landshaftlar qanday da bir tábiyiy yamasa antropogen tásirler nátiyjesinde tolıq buzılıwǵa ushıramaydı. Al olardıń quramlıq bólimleri — qanday da bir komponenti yamasa ayırım bólimlerinde kúshli ózgeris, buzılıw júz beredi. Sonıń ushın «buzılǵan jerler» dep atalǵanı maqul. ***Buzılǵan jerler*** — insan iskerligi hám tábiyiy proceslerdiń aqıbetinde xojalıq nátiyjeliligin joytqan, jaramsız yamasa kem jaramlı jaǵdayǵa kelgen, topıraq-ósimlik qaplamınıń hám gidrologiyalıq rejiminiń ózgeriwi, texnogen relyeftiń júzege keltiriliwi menen qorshaǵan ortalıqqa unamsız tásir deregi bolǵan, jaǵımsız kórinisli jerler. Olar topıraq, suw, hawanıń pataslanıw

deregi esaplanadı, adamlardıń jasaw hám miynet iskerligi ortalıǵın quramalastıradı. Bunday jerler, kóbinese, insannıń tábiyatqa nadurıs tásiriniń nátiyjesinde júzege keledi. Egislik maydanlarındaǵı jarlar, suw saqlaǵıshlardıń qasındaǵı batpaqlıqlar, kánshilik sanaatı aymaqlarındaǵı súrilmeler, opırılıwlar hám taslandılar, shıǵındıxanalar h.t.b. (4 *b*-súwret). Olardı qayta tiklew jumıslarına júdá úlken qarjı talap etiledi. Respublikamızda házirgi waqıtta bunday jerlerde jaylawlar, baǵlar, kóller, rekreaciya orınları shólkemlestirilip, xojalıqta paydalanılmaqta.

Antropogen faktordıń tábiyatqa bolatuǵın tásiriniń bir kórinisi texnikanıń tásiri bolıp, texnikanıń tábiyat penen óz ara tutasıp ketiwi nátiyjesinde bir pútin tábiyiy-texnikalıq sistemalar júzege keledi. Olardı ilimde *geotexsistemalar* dep ataladı. ***Geotexsistema*** tábiyiy-texnikalıq sistemalardıń ayrıqsha ózine tán geografiyalıq túri; texnika hám tábiyat yamasa tábiyiy hám texnikalıq kishi sistemalardıń birligi túsiniledi hám sistemanıń bir pútinligi túsinigi ayrıqsha áhmiyetke iye.

Geotexsistemalarǵa mısal retinde suw saqlaǵıshlar, úlken kanallar, suwǵarılatuǵın egislik maydanları, túrli zavod hám fabrikalar, olar jaylasqan landshaftlar hám de dógerek átiraptaǵı óz ara baylanısta bolıwı múmkin bolǵan landshaftlardı aytıw múmkin.

Geotexsistemalarda olardıń texnikalıq bóliminde júz beretuǵın procesler menen landshaftta júz beretuǵın proceesler óz ara jedel kirisip ketken boladı. Mısalı, suwǵarıp diyqanshılıq etiletuǵın landshaftlarda ósimlik, topıraq sıyaqlı komponentlerdiń qásiyetleri texnika járdeminde insan tárepinen belgilenip, sazlanıp turıladı. Óz náwbetinde, suwǵarıw sistemasınıń rejimi bolsa landshafttıń jaǵdayı menen belgilenedi, yaǵnıy basqarılatuǵın geotexsistemadaǵı baylanıslar tuwrı hám keri baylanıs járdeminde payda boladı. Bunday jaǵdaylarda texnika járdeminde basqarılatuǵın obyekt sıpatında landshafttıń biotik komponentleri, suw hám basqalar xızmet etedi. Bunı respublikamızdaǵı kóplegen kanallar yamasa suw saqlaǵıshlar mısalında kóriw múmkin.

Geotexsistemalar tek ǵana kanallar yamasa suw saqlaǵıshlarda ǵana emes, al iri sanaat obyektleriniń átirapında da qáliplesiwi múmkin. Bunday geotexsistemalarda kishi sistemalar sıpatında tábiyat, yaǵnıy landshaft penen sanaat obyekti óz ara baylanıs hám tásirde boladı. Tiykarǵı baylanıslar bolsa suw yamasa hawa arqalı ámelge asırıladı. Geotexsistemalardıń texnika bólimi wazıypasın hár túrdegi ıssılıq elektr stanciyaları, taw-kán metallurgiya kombinatları, iri qazılma kánler hám basqalar orınlawı múmkin.

Antropogen tásir, antropogen landshaft, antropogen landshaftlardıń túrleri, mádeniy landshaftlar, buzılǵan jerler, geotexsistemalar.

1. Insan tábiyatqa ne ushın tásir kórsetedi?
2. Antropogen landshaftlardıń qanday túrlerin bilesiz?
3. Mádeniy landshaftlar qanday qásiyetlerge iye bolıwı kerek?
4. Ózińiz jasap turǵan jerdegi geotexsistemalarǵa sıpatlama jazıń.

## 12-§. TÁBIYATTÍ QORǴAWDÍŃ GEOGRAFIYALÍQ TIYKARLARÍ

Xalıqtıń tez kóbeyiwi hám ilim-texnikanıń rawajlanıwı menen jámiyettiń tábiyatqa tásiri barǵan sayın kúsheyip barmaqta. Bul tásir hám unamlı, hám unamsız aqıbetlerge alıp kelmekte. Usı sebepli tábiyattı qorǵaw, insan ushın qolaylı bolǵan ekologiyalıq ortalıqtı saqlaw hám tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw — eń áhmiyetli máselelerden bolıp qalmaqta.

*Tábiyattı qorǵaw degende*, tábiyattı insan máplerin gózlep saqlawǵa hám sanalı túrde ózgertiwge, onıń ónimdarlıǵın saqlap qalıwǵa, hám de resurslarınan aqılǵa muwapıq paydalanıwǵa qaratılǵan barlıq túrdegi is-ilajlar túsiniledi. Bul is-ilajlar mámleketlik hám mámleketlik emes shólkemler tárepinen ámelge asırıladı.

Tábiyattı qorǵawdıń *eń tiykarǵı máseleleri* — qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwınıń aldın alıw hám barlıq túrdegi tábiyiy resurslar: suw, jer, klimat, ósimlik, haywanat resursları hám de qazılma baylıqlardan aqılǵa muwapıq paydalanıw.

Tábiyattı qorǵawdıń eki túrli jolı bar. *Birinshisi*, ayrıqsha qorǵalatuǵın aymaqlar ajıratılıp, ol jerdegi tábiyiy landshaftlar yamasa bahalı tábiyat esteliklerin saqlap qalıw, ayırım túrdegi ósimlik hám haywanlardı saqlaw hám kóbeytiw ilajları ámelge asırıladı. *Ekinshisi*, keń kólemli bolıp, tábiyattı onnan xojalıq maqsetlerinde paydalanıw procesinde qorǵawdı óz ishine aladı.

***Ayrıqsha qorǵalatuǵın aymaqlar*** — tábiyattı qorǵaw, salamatlastırıw rekreaciya, tariyxıy-mádeniy maqsetler ushın ajıratılǵan jer hám suw (akvatoriya) maydanları esaplanadı. Olarǵa milliy baǵlar, qorıqxanalar, biosfera rezervatları, zakaznikler (buyırtpaxanalar) kiredi.

***Milliy baǵ*** — ayrıqsha qorǵalatuǵın aymaqlardıń eń úlken forması bolıp, ilimiy, mádeniy, estetikalıq yaki tariyxıy áhmiyetke iye bolǵan tábiyat komplekslerin, siyrek ushırasatuǵın tábiyat obyektleri, shıraylı

landshaftlardı saqlaw ushın shólkemlestiriledi hám tábiyattı qorǵawdıń arnawlı rejimi menen saqlanadı. Milliy baǵlar sırt ellerde aymaqlardı qorǵawdıń tiykarǵı forması bolıp esaplanadı. «Milliy» sózi bul aymaqtıń jeke múlki emes, al pútkil milletke qaraslı ekenligin bildiredi hám qorǵaw ilajları mámleket tárepinen ámelge asırıladı. Milliy baǵdıń aymaǵı paydalanıw hám qorǵaw rejimi túrlishe bolǵan maydanlarǵa — zonalar (qorıqxana, zakaznik, tábiyat estelikleri, dem alıw zonası hám basqalar)ǵa bólip qoyıladı. Solay etip, tábiyiy baǵlardı shólkemlestiriwde baǵdıń maydanı, tábiyiy sharayatın (relyef, ósimlik) esapqa alıw zárúr. Bul bolsa baǵdıń tábiyiy landshaftların uzaq múddet saqlawǵa imkan beredi. Respublikamızda 3 milliy baǵ shólkemlestirilgen. Bular: Ugom — Chatqal, Zamin mámleketlik milliy tábiyat baǵları hám de Durman tábiyat baǵı.

***Qorıqxana*** — hárqanday xojalıq iskerligi qadaǵan etilgen, tábiyat komponentleri hám landshaftlar nızam tiykarında qorǵalatuǵın orın.

Qorıqxana tábiyattı qorǵawdıń eń nátiyjeli formalarınan biri. Óz aldına qorǵalatuǵın aymaqlar arasında qorıqxanalar áhmiyetli rol oynaydı. Olardıń tiykarǵı wazıypası — tábiyatı ózgermegen yamasa kem ózgergen aymaqlardı, bahalı landshaftlardı jámiyet mápleri ushın saqlawdan ibarat. Qorıqxana aymaǵınan xojalıqta paydalanıw, hátte, pishen orıw, ań awlaw, balıq uslaw, zamarrıqlar teriw qadaǵan etiledi. Olardıń átirapı kem paydalanılatuǵın, qorǵalatuǵın zona bolıwı kerek. Aymaqtaǵı tábiyiy sharayat óz halında saqlanadı. Qorıqxana aymaǵı túrli haywan hám ósimlik túrlerin, awlanatuǵın haywanlardıń muǵdarı hám genetikalıq fondın saqlaw ushın ajıratıladı. Olar insan tárepinen ózlestirilip atırǵan hám ózgergen qońsı aymaqlar ushın úlgi bolıp xızmet etedi. Bunday úlgiler insannıń xojalıq iskerliginiń biz ushın qolaylı yamasa qolaysız ekenligin salıstırıwǵa, tábiyattan ámeliy paydalanıwda ol yamasa bul usıldıń qanshelli maqsetke muwapıq ekenligin qadaǵalap barıwǵa imkan beredi. Ol tábiyat komponentleri arasındaǵı úzliksiz baylanıstı úyrenip, tábiyiy baylıqlardan únemli paydalanıw jolların islep shıǵıw ushın zárúr. Qorıqxanalar ilimiy mákemeler bolıp esaplanadı. Respublikamızda 8 qorıqxana xızmet kórsetpekte.

***Biosfera rezervatı*** (latınsha *rezervo* — saqlayman) — biologiyalıq hár túrlilikti saqlawdı hám bir waqıtta regionnıń turaqlı ekonomikalıq rawajlanıwın támiyinlew maqsetinde tábiyiy hám mádeniy landshaftlar qorǵalatuǵın orın. Biosfera rezervatı koncepciyası UNESKO tárepinen «Insan hám biosfera» baǵdarlaması sheńberinde islep shıǵılǵan. Birinshi

biosfera aymaqları 1976-jılı shólkemlestirilgen. Házirgi kúnde biosfera rezervatlarınıń sanı 411 bolıp, 97 mámleketke tiyisli. Xalıq aralıq talaplar boyınsha, biosfera rezervatınıń aymaǵı úsh zonaǵa ajıratıladı: *qorǵalatuǵın zona, bufer zona hám aralıq zona.* Respublikamızda Tómengi Ámiwdárya biosfera rezervatı shólkemlestirilgen.

***Zakaznik*** — ayırım tábiyiy obyektler hám landshaftlardı saqlap qalıw, qayta kóbeytiw hám tiklew ushın arnalǵan qorǵalatuǵın tábiyiy aymaq yamasa suw basseyni. Olardıń aymaǵında ayırım tábiyiy resurslardan paydalanıwǵa, tábiyatqa kúshli tásir kórsetpeytuǵın xojalıq iskerligine ruqsat beriledi. Qorıqxanalardan parqı sonda, zakazniklerdiń maydanları jer qorınan ajıratıp alınbaydı. Zakaznikler turaqlı hám waqıtsha boladı. Waqıtsha zakaznikler kóbinese ańshılıq xojalıqlarında awlanatuǵın haywan hám quslardıń sanın tiklew hám kóbeytiw maqsetinde belgili bir múddetke shólkemlestiriledi. Qorǵalıp atırǵan túrlerdiń ortasha sanı tiklengennen keyin sheklew biykar etiledi hám zakaznik qaytadan ań awlanatuǵın orınǵa aylanadı. Keyingi jıllarda *botanikalıq, zoologiyalıq geologiyalıq, ixtiologiyalıq, ornitologiyalıq* hám basqa túrdegi zakaznikler shólkemlestirilmekte.

***Tábiyat estelikleri*** — janlı hám jansız tábiyat jaratqan kem ushırasatuǵın, dıqqatqa ılayıq obyektler: úngirler, sarqıramalar, hár qıylı formadaǵı jartaslar (5-súwret), saylar, geyzerler, bulaqlar, relyeftiń ózine tán formaları, geologiyalıq ashılıp qalǵan orınlar, úlken jastaǵı terekler h.t.b. Tábiyat estelikleri milliy baǵ, qorıqxana hám zakazniklerden parıqlanıp, tiykarınan, qorǵawǵa alınǵan ayırım kem ushırasatuǵın tábiyiy yamasa antropogen obyektler bolıp esaplanadı. Tábiyat estelikleriniń kózge ayqın taslanıp turatuǵın xojalıq áhmiyeti bolmawı múmkin, biraq olardan ilimiy, estetikalıq, rekreaciya, sayaxat, turizm, dem alıw, tárbiyalıq maqsetlerde paydalanıladı. Sonıń ushın da, olardı qorǵaw zárúr.



***5-súwret.*** «Qırqqız» tábiyat esteligi.

Tábiyat esteliklerin ulıwma ózgesheliklerine qaray *geologiyalıq-geomorfologiyalıq, botanikalıq, paleontologiyalıq, astronomiyalıq* hám *landshaft esteliklerine* bólinedi.

Tábiyattı qorǵaw hám tábiyiy resurslardan paydalanıw quramalı is-ilajlar sisteması bolıp, olardı aqılǵa

muwapıq shólkemlestiriw ushın tómendegi geografiyalıq-ekologiyalıq principlerge ámel etiledi.

*Geosistemalarda janlı hám jansız tábiyat ortasındaǵı óz ara ekologiyalıq teńsalmaqlılıq principi boyınsha*, hárbir tábiyiy shegaralanǵan aymaqta janlı hám jansız tábiyat arasında sonday teń baylanıs bar bolıp, bunda olar bir-biri menen turaqlı tábiyiy teńsalmaqlılıqta boladı. Lekin, olardan biriniń sırtqı tásir nátiyjesinde buzılıwı uzaq múddetli teńsalmaqlılıqtıń izden shıǵıwına alıp keledi. Ekologiyalıq teńsalmaqlılıq tábiyatta júdá mort bolıp, kópshilik jaǵdaylarda ósimlik dúnyasınıń jarlılanıwı, suw muǵdarınıń buzılıwı hám topıraq qaplamınıń jemiriliwi menen baylanıslı.

Ekologiyalıq teńsalmaqlılıqtıń turaqlılıǵı geosistemalardıń qaysı taksonomiyalıq basqıshta ekenligine baylanıslı. Mısalı, ekologiyalıq teńsalmaqlılıq landshaftta orınǵa qaraǵanda, orında bolsa urochishege qaraǵanda, urochishede bolsa faciyaǵa qaraǵanda turaqlı esaplanadı.

*Insan miynet iskerliginiń ekologiyalıq jaqtan tazalıq principine* tiykarınan óndiris procesinde hám kúndelikli turmısta júzege kelgen shıǵındılardı qorshaǵan ortalıqqa taslawdan aldın olardı tazalap, pútkilley zıyansızlandırıw kerek. Usı principtiń ámeliyatqa engiziliwi ekologiyalıq qáwipsizlikti támiyinlew, xalıqtıń densawlıǵın bekkemlew, kesellikti keltirip shıǵarıwshı hám tarqatıwshı dereklerdi joq etiw hám usı sıyaqlı ekologiyalıq mashqalalardıń aldın alıwda joqarı nátiyje beredi.

*Tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw principi* tábiyiy resurslardıń belgili muǵdarǵa iye ekenligi, olardıń óz muǵdarı hám paydalanıw norması bar ekenligine tiykarlanadı. Usı normaǵa ámel etpew olardıń jarlılanıwı hám pataslanıwına, zat hám energiya almasıwınıń buzılıwına sebep boladı. Nátiyjede, geosistemalardıń ekologiyalıq teńsalmaqlılıǵı buzılıp, ózgeriwine alıp keledi, tábiyiy resurslardan paydalanıw procesin quramalılastıradı, jasalma qıtshılıqqa sebep boladı. Mısalı, diyqanshılıqta suwdan artıqsha paydalanıw taw aldı hám joqarı terrasa landshaftlarında eroziya, suffoziya, karst, jerdiń shógiwi sıyaqlı tábiyiy geografiyalıq proceslerdi tezlestiredi yamasa júzege keltiredi. Tómengi terrasalardaǵı landshaftlarda bolsa suw jetispewshiligi, batpaqlanıw, flora hám faunanıń kemeyiwi sıyaqlı kóplegen ekologiyalıq, ekonomikalıq-sociallıq mashqalaların keltirip shıǵaradı.

*Informaciyanıń tolıqlıǵı principi.* Geosistemalardıń qásiyetleri hám rawajlanıwı haqqında isenimli, ilimiy tiykarlanǵan maǵlıwmatqa iye bolmastan, onı ózlestiriwge urınıp, ańsat ǵana zıyan keltiriw múmkin.

Geosistemalar haqqında anıq maǵlıwmatlarǵa iye bolmay turıp, ámelge asırılǵan ilajlardıń aqıbetinde tábiyatta belgili bir ózgerisler júz beredi, tábiyatınıń keri tásiri oǵan bolǵan tásir kóleminen birneshe ese artıp ketiwi múmkin. Mısalı, Aral hám Aral boyındaǵı ekologiyalıq hám social-ekonomikalıq mashqalalar.

*Kóp túrliliktiń zárúrligi principi.* Tábiyattı qorǵaw hám tábiyattan paydalanıw is-ilajların qollanıp atırǵanda túrli usıllar, ásirese, biologiyalıq kóp túrlilikke, tiykarınan, jergilikli elementlerge úlken itibar beriw kerek. Sebebi, ósimlikler eroziya, sel, kóshki sıyaqlı proceslerdiń aldın alıwda hám geosistemalardıń turaqlılıǵın támiyinlewde eń áhmiyetli faktor bolıp esaplanadı. Ásirese, antropogen landshaftlar birdey eginlerden ibarat bolıp qalsa (mısalı, paxta, salı, biyday, mákke) hawa rayındaǵı az ǵana ózgeris yamasa ayırım kesellik hám zıyankesler bunday landshaftlardı tez buzıwı múmkin. Tábiyattı qorǵaw hám tábiyattan paydalanıwda bunday jaǵdaylardı esapqa alıw zárúr.

Tábiyattı qorǵaw, ayrıqsha qorǵalatuǵın aymaqlar, milliy baǵ, qorıqxana, biosfera rezervatı, zakaznik, tábiyat esteligi.

1. Tábiyattı qorǵaw degende ne túsiniledi?
2. Tábiyattı qorǵawdıń qanday formaları bar?
3. Tábiyattı qorǵaw hám tábiyiy resurslardan paydalanıw is-ilajlarında qanday geografiyalıq-ekologiyalıq principlerge ámel etiledi?
4. Respublikamızdaǵı ayrıqsha qorǵalatuǵın orınlardan biri haqqında maǵlıwmat beriń.



# IV BAP. ÁMELIY GEOGRAFIYALÍQ IZERTLEWLER

## 13-§. TÁBIYIY GEOGRAFIYALÍQ PROCESLER

Tábiyatta júz beretuǵın barlıq procesler sırtqı hám ishki kúshlerdiń tásirinde júzege keletuǵınlıǵı belgili. Tábiyiy geografiyalıq proceslerdiń tábiyiy faktorlar tásirinde júz beretuǵın, yaǵnıy unıraw, sel, eroziya, abraziya, jerdiń shógiwi, karst, shorlanıw sıyaqlılardıń kelip shıǵıw sebeplerin úyreniw hám júz beriw proceslerin analizlew maqsetke muwapıq. Tábiyatta júz berip atırǵan proceslerge tásir etiwshi antro-

pogen faktorlar: mısalı, jerlerdiń shorlanıwı, irrigaciya eroziyası, oyılıwlar, shóllesiw sıyaqlılardı analizlew, olardıń aldın alıw ilajların islep shıǵıw áhmiyetli ekenligin temanı úyreniw dawamında bilip alasız.

***Tábiyiy geografiyalıq procesler*** dep, Jerdiń sırtqı (ekzogen) kúshleri hám insannıń xojalıq iskerligi tásirinde júz beretuǵın proceslerge aytıladı.

Tábiyiy geografiyalıq procesler taw jınıslarınıń jemiriliwinde, taw jınıslarınıń fizikalıq jaǵdayınıń ózgeriwinde, jer beti relyefiniń qáliplesiwi hám ózgeriwinde, atmosfera qubılıslarınıń rawajlanıwında kórinedi. Olar rawajlanǵan aymaqlarda túrli imaratlardı jaylastırıw, qurıw hám isletiwde belgili bir qıyınshılıqlar júzege keledi. Sonıń ushın bunday procesler rawajlanǵan hám tarqalǵan orınlarda hár túrli imaratlar qurıwdıń ilimiy tiykarların islep shıǵıw mashqalası júzege kelmekte.

Sel, súrilme, kóshki, batpaqlanıw, kóp jıllıq muzlıq, qurǵaqshılıq, oyılıw tarqalǵan orınlarda qurılıs jumısların alıp barıw ushın házirgi waqıtta arnawlı qaǵıydalar, kórsetpeler islep shıǵılǵan.

Tábiyiy faktorlar, óz náwbetinde, eki úlken toparǵa bólinedi: Jerdiń ishki kúshleri menen baylanıslı hám sırtqı kúshler menen baylanıslı bolǵan faktorlar.

Jerdiń ishki kúshleri *endogen* (grekshe «*endo*» — ishki, «*genos*» — kelip shıǵıw) kúshler dep ataladı. Olardıń tásirinde vulkanlar atıladı, jer silkiniwler, tektonikalıq procesler júz beredi. Bunday procesler endogen yamasa geologiyalıq procesler dep ataladı.

Sırtqı faktorlar *ekzogen* (grekshe «ekzo» — sırtqı, «genos» — kelip shıǵıw) faktorlar yamasa kúshler dep ataladı. Sırtqı kúshlerdiń tásirinde júzege keletuǵın procesler ekzogen procesler yamasa tábiyiy geografiyalıq procesler dep ataladı. Bunday procesler Quyashtıń ıssılıǵı, awırlıq kúshi, jer astı hám jer ústi suwları hámde organizmlerdiń tásirinde júzege keledi hám rawajlanadı. Ekzogen proceslerge unıraw, eroziya, abraziya, deflyaciya, jerdiń shógiwi, karst, sel, qar kóshkisi sıyaqlı qubılıslar kiredi.

***Unıraw*** dep, temperaturanıń ózgeriwi, ximiyalıq procesler, atmosfera, suw hám organizmlerdiń tásirinde taw jınıslarınıń jemiriliwine aytıladı. Unıraw úsh túrge bólinedi: *fizikalıq, ximiyalıq* hám *organikalıq* unıraw.

*Fizikalıq unıraw*, tiykarınan, temperatura hám ıǵallıqtıń ózgeriwi nátiyjesinde júzege keledi. Kúndiz hawa temperaturasınıń kóterilip ketiwi nátiyjesinde taw jınıslarında jarıqlar payda bolıp, olar bóleklenip

ketedi. Biraq taw jınıslarınıń ximiyalıq quramı ózgermeydi. Fizikalıq unıraw shóllerde hám jartaslı tawlarda keń tarqalǵan.

*Ximiyalıq unıraw* dep, hawa hám suwdıń tásirinde taw jınıslarınıń jemiriliwi hám ximiyalıq ózgeriwine aytıladı. Ximiyalıq unırawdıń tásirinde turaqlı minerallar payda boladı.

*Organikalıq unıraw* dep, taw jınıslarınıń organizmler (ósimlikler, haywanatlar dúnyası, mikroorganizmler) tásirinde jemiriliwine aytıladı.

***Eroziya*** (latınsha «*erosio*» — jemiriliw, juwılıw) dep taw jınısları hám topıraqtıń aǵın suwlardıń tásirinde juwılıwına aytıladı. Eroziya *betleme* hám *sızıqlı* túrlerge bólinedi. *Betleme eroziya* procesi taw janbawırlarında keń tarqalǵan. Onıń aqıbetinde janbawırlardaǵı jınıslar juwılıp, tómenge túsedi. Jumsaq jınıslardan quralǵan qıya orınlarda juwılıw nátiyjesinde jıralar júzege keledi. *Sızıqlı eroziya* dárya eroziyası dep te ataladı. Bunıń nátiyjesinde dáryanıń arnaları hám jaǵaları jemiriledi.

Dárya jaǵalarınıń juwılıwı Xorezm hám Qaraqalpaqstanda «degish» delinedi. Ámiwdárya 1925-jılı burınǵı Tórtkúl qalasınıń qasınan aǵıp ótken. 1938-jılǵa kelip Ámiwdárya qalanı juwıp kete basladı, 1950-jılǵa kelip bolsa dárya Tórtkúl qalasın pútkilley juwıp ketken. Keyin ala dáryadan birqansha uzaqlıqta jańa, házirgi Tórtkúl qalası qurıldı.

***Abraziya*** (latınsha «*abrasio*» — qırıw, jonıw) dep, okean, teńiz hám kól jaǵalarınıń tolqınlar tárepinen jemiriliwi hám tegisleniwine aytıladı. Abraziya nátiyjesinde okean hám teńiz, kóllerdiń jaǵalarında tegislikler payda boladı. Respublikamızdaǵı úlken kóller hám suw saqlaǵıshlardıń jaǵalarında abraziya procesin kóriw múmkin.

***Deflyaciya*** (latınsha «*deflacio*» — úplew) − taw jınıslarınıń samaldıń tásirinde jemirilip, maydalanǵan bólekshelerdiń basqa orınlarǵa kóshiriliwi. Deflyaciya qurǵaqshıl úlkelerde, ásirese, qumlı úlkelerde kúshli boladı. Samal qumlardı tozǵıtıp, bir orınnan ekinshi orınǵa tasıp úylerge, jollarǵa, qudıqlarǵa zıyan jetkeredi. Ásirese, ósimlik qaplamın zıyanlap sharwashılıqqa zıyan keltiredi. Deflyaciyanıń aldın alıw hám zıyanın kemeytiw ushın terek hám puta ósimliklerdi egiw kerek.

***Sel*** — taw alapları, saylar hám jarlardan qısqa waqıttıń ishinde júdá úlken tezlik penen aǵıp keliwshi tas aralas ılaylı suwdıń aǵıwı. Seller tawlı úlkelerde kóp muǵdarda jawın jawıwınıń nátiyjesinde júzege keledi. Seller ózi menen birge ılay hám taslardı alıp keledi. Tezligi saatına 10—15 km di qurawı múmkin. Ol jolda ushıraǵan hámme nárseni juwıp ketedi hám júdá úlken materiallıq hám ruwxıy jaqtan

zıyan jetkeredi. Sel qubılısı Orta Aziyada, Kavkaz, Batıs Evropa, Arqa hám Qubla Amerikanıń tawlı úlkelerinde kóbirek júz beredi. Respublikamızdıń tawlı aymaqlarında da sel qubılısları tez-tez júz berip turadı. Olardıń zıyanın kemeytiw hám sel suwlarınan paydalanıw ushın taw janbawırları hám taw aldılarına selxanalar qurılǵan.

***Karst*** dep, suwda jaqsı eriytuǵın taw jınıslarınıń jer ústi hám jer astı suwlarınıń tásirinde eritilip, aǵızıp ketiliwine hám jer astında hár túrdegi boslıqlar (úngirler)dıń, jer betinde bolsa opırıwlar hám shuqırlıqlardıń payda bolıwına aytıladı. Suwda tez eriytuǵın jınıslarǵa háktas, dolomit, por, mergel, gips hám hár qıylı duzlar kiredi. Bunday jınıslar tarqalǵan orınlarda qurılıs jumısların alıp barıw bir qansha quramalı process esaplanadı.

Jılısıw dep, taw jınıslarınıń awırlıq kúshi tásirinde janbawır boylap tómenge ısırılıp túsiwine aytıladı. Bul, tiykarınan, tawlı úlkelerde júz beredi (6-súwret). Kóbinese suwlı hám suw ótkermeytuǵın sazlı qatlamlar ústpe-úst jaylasqan tik janbawırlarda júz beredi. Jılısıw de seller sıyaqlı xojalıqqa júdá úlken materiallıq zıyan tiygizedi. Janbawırlar topıraq hám ósimliklerdi alıp ketip, jol hám imaratlardı kómip jiberedi. Jılısıwdıń aldın alıw ushın janbawırlarda suwlı qatlamǵa túsetuǵın suw muǵdarın kemeytiw ilajları ámelge asırıladı.

Suwǵarmalı diyqanshılıqtıń nátiyjesinde oyıqlar háwij alıp, jerler awıl xojalıǵında paydalanıwǵa jaramsız jaǵdayǵa keledi.

Antropogen faktorlarǵa insannıń túrli xojalıq iskerligi kiredi: awıl xojalıǵı, suw xojalıǵı, kánshilik sanaatı, metallurgiya, qurılıs, transport h.t.b. Antropogen faktorlardıń tásirinde antropogen yamasa texnogen procesler júz beredi. Bunday proceslerge jılısıwlar, jer betiniń shógiwi, oyılıwlar, jer astı suwları qáddiniń kóteriliwi yamasa páseyiwi, dárya hám kóllerdiń qurıp qalıwı, jańa suw basseynleriniń payda bolıwı, jerlerdiń shorlanıwı sıyaqlılar kiredi. Bul procesler xalıq xojalıǵına úlken zıyan tiygizedi.



***6-súwret.*** Orkutsaydaǵı jılısıw

Awıl xojalıǵınıń rawajlanıwı nátiyjesinde *shorlanıw, samal* hám de *suw eroziyası* da rawajlanadı. Jer astı suwlarınıń qáddi jer betine jaqın jaylasqan bolsa,

suwlardıń puwlanıwı aqıbetinde topıraq shorlanıp baslaydı. Sebebi, suw puwlanǵanda onıń quramındaǵı duzlar topıraqta qalıp, duz muǵdarınıń artıp ketiwine alıp keledi. Bunday jaǵday Xorezm alabı hám Mırzashólde kózge taslanbaqta.

Deflyaciya turaqlı samallar esetuǵın orınlarda kóbirek ushıraydı, súrilgen jerlerde topıraqtıń joqarı ónimdar bólimi ushıp ketedi.

Jerlerdi ózlestirip, súriw hám suwǵarıw nátiyjesinde eroziya jedellesedi. Bunday proceske *irrigaciya eroziyası* delinedi. Irrigaciya eroziyası taw aldı regionlarında lyoss hám lyoss tárizli jınıslar tarqalǵan, qıyalıǵı 2° tan úlken bolǵan jerlerde suwǵarıw norması hám qaǵıydalarına boysınbaǵan jaǵdaylarda júdá kúshli júz beredi. Nátiyjede, jerler jarlılanıp, ónimdar topıraq qaplamı juwılıp ketedi. Bunıń aldın alıw ushın jerden paydalanıwda agrotexnika qaǵıydalarına qatań ámel etiw lazım.

Suw qurılmalarınıń qurılıwı da ayırım kewilsiz jaǵdaylardı keltirip shıǵaradı. Qaraqum kanalınıń qurılıwı, Ámiwdárya hám Sırdárya suwlarınıń suwǵarıwǵa sarplanıwı nátiyjesinde, Aral teńiziniń qáddi 1960-jıldan keyin páseye basladı. Aral teńizi túbiniń ashılıp qalǵan bóliminen duzlardı samallar ushırıp keliwiniń aqıbetinde Aral boyı átirapındaǵı jerlerdiń shorlanıw dárejesi artıp barmaqta. Házirgi waqıtta bunıń aldın alıw maqsetinde shorǵa shıdamlı ósimlikler egilip atır.

Sanaat tarmaqlarınıń rawajlanıwı múnásibeti menen túrli kewilsiz tábiyiy geografiyalıq procesler júzege keledi. Mısalı, kánshilik sanaatınıń rawajlanıwı nátiyjesinde júdá úlken jılısıwlar, jer betiniń shógiwi, opırılıwlar, jer astı suwları qáddiniń páseyiwi yamasa basqa procesler júz beredi. Ahangaran alabında 20—25 jıl dawamında kómirdiń gazge aylandırılıwı aqıbetinde jer astında 1 km$^2$ den úlkenirek maydanda boslıq payda bolǵan. Nátiyjede, taw janbawırınıń turaqlılıǵı buzılıp, kólemi 700—800 mln m$^3$ tı quraytuǵın jılısıw payda boldı hám xojalıqqa úlken materiallıq zıyan jetkizdi. Paydalı qazılma kánlerin qazıp alıw procesinde suwlardı kánnen sırtqa shıǵarıp jiberiwdiń aqıbetinde jer astı suwlarınıń qáddi keskin páseyip ketedi. Júdá úlken maydanlarda neft hám gaz qazıp alıw bolsa, jer betiniń shógiwine alıp keledi. Mısalı, neft hám gaz qazıp alıwdıń nátiyjesinde Rossiyanıń Batıs Sibir pástegisligi shóǵip barmaqta, aqıbetinde bul tegislikte jer astı suwlarınıń qáddi kóterilip, batpaqlıqlar hám kóllerdiń maydanı keńeyip barmaqta.

Sanaat kárxanalarında atmosferaǵa shıǵarılıp atırǵan shańlar hawanı pataslap, «parnik effekti»n ketirip shıǵarmaqta, nátiyjede Jer betinde ortasha temperatura artıp barmaqta.

Tábiyiy geografiyalıq procesler, tábiyiy faktorlar, antropogen faktorlar, unıraw, sel, eroziya, abraziya, deflyaciya, jılısıwlar, karst.

1. Tábiyiy geografiyalıq procesler dep nege aytıladı?
2. Sırtqı kúshlerdiń tásirinde qanday tábiyiy geografiyalıq procesler júzege keledi?
3. Siz jasap turǵan orında qanday tábiyiy geografiyalıq procesler júz berip turadı?
4. Kánshilik sanaatınıń rawajlanıwı nátiyjesinde júzege keletuǵın proceslerdiń dizimin jazıń.

## 14-§. GEOGRAFIYALÍQ BAHALAW

Tábiyiy ortalıqtıń bahalanıwı nátiyjesinde onıń sociallıq zárúrligi kózqarasınan qolaylıǵı yamasa jaramlı ekenligi úyreniledi. Bahalaw nátiyjesinde qanday da bir aymaqtıń yamasa tábiyat komponentiniń diyqanshılıq, sharwashılıq, dem alıw, qurılıs hám basqa tarawlarda paydalanıwǵa qay dárejede qolaylıǵı anıqlanadı.

Tábiyiy sharayat hám resurslar yamasa geosistemalardı paydalanıw maqsetlerinde bahalaw — ***geografiyalıq bahalaw*** dep ataladı. Mısalı, diyqanshılıq, sharwashılıq, sanaat, transport, rekreaciya hám basqa maqsetlerde bahalaw ámelge asırılıwı múmkin.

Geografiyalıq bahalaw tómendegi basqıshlardan ibarat:

a) bahalaw jumıslarınıń maqset hám wazıypaların anıqlaw (mısalı, dárya alabınıń qanday da bir bólimin suw saqlaǵish qurıw maqsetinde bahalaw);

b) bahalaw ushın zárúr bolǵan kórsetkishler yamasa maǵlıwmatlar dizimin dúziw;

d) úyrenilip atırǵan aymaq dárıyalarınıń házirgi hám keleshektegi jaǵdayın belgileytuǵın kórsetkishlerin úyreniw hám ólshew (alaptıń geologiyalıq dúzilisi, uzınlıǵı, keńligi, bálentligi, janbawırlarınıń qıyalıǵı, suw sarpı, ılaylılıǵı norması h.t.b.);

e) alınǵan maǵlıwmatlar hám kórsetkishlerdi bir-birine salıstırıw tiykarında hárbir komponent boyınsha óz aldına bahalawdı ámelge asırıw (relyef, geologiyalıq dúzilis, suw ólshemleri h.t.b.)

f) óz aldına bahalawlar tiykarında ulıwma bahalawdı ámelge asırıw (suw saqlaǵıshtı usı jerde qurıw múmkin yamasa múmkin emes pe);

g) juwmaqlawshı keste hám kartalar dúziw.

Tábiyiy geografiyalıq bahalawdıń anıq maqsetine qaray sapa hám muǵdar usıllarınan paydalanıladı. Sapa kórsetkishleri qolaylıq dárejesine qaray «júdá qolaylı», «qolaylı», «ortasha qolaylı», «kemirek qolaylı», «qolaylı emes» dep bahalanadı.

Mısalı, tegislikler jol qurılısı ushın júdá qolaylı, qumlı shóller qolaylı, tolqın tárizli tegislikler ortasha qolaylı, adırlar kemirek qolaylı, tawlar bolsa qolaylı emes.

Bahalaw muǵdar usılında sanlı kórsetkishler tiykarında ámelge asırıladı. Mısalı, arpanıń pisip jetiliwi ushın tómendegi temperaturalardıń jıyındısı bolıwı shárt. Vegetaciya dáwiriniń temperaturası +10° C dan joqarı temperaturalardıń qosındısı 1000° C ǵa shekem bolıwı eń tez pisetuǵın arpa sortınıń pisiwi jeterli emes, bul arpa sortı 1000—1400° C da pisedi, 1400—1800° C da bolsa orta piser, 1800° C dan asqanda eń kesh pisetuǵın sortlar pisip jetiledi. Kórsetilgen bul muǵdar kórsetkishleri bahalawdıń belgili bir bonitetli dárejeleri esaplanadı.

***Jer resursların bahalaw.*** Jer resursları júdá kóp maqsetlerde bahalanadı. Ásirese, diyqanshılıq maqsetlerinde bahalaw keń tarqalǵan.

Diyqanshılıqtı ámelge asırıw, tiykarınan, relyef, agroklimatlıq resurslar, topıraq sharayatı, jer astı suwlarınıń jaylasıwı hám qásiyetleriniń qolaylıǵı, suwdıń bar ekenligi hám basqa faktorlar menen belgilenedi.

Diyqanshılıq ushın jaramlı jerlerdi ózlestiriw hám olardan paydalanıwdıń quramalılıq dárejeleri geosistemalardıń ózgesheliklerine qaray hár túrli boladı. Joqarıdaǵı faktorlardıń analizi tiykarında Ózbekistannıń geosistemaları quramalılıq dárejesine qaray 4 ke bólinedi: ápiwayı, orta-sha quramalı, quramalı hám júdá quramalı geosistemalar (6-keste).

Ápiwayı geosistemalarǵa taw aldı prolyuvial tegislikleri hám dárya alaplarınıń joqarı terrasaları kiredi. Jer astı suwlarınıń gorizontal háreketi joqarı dárejede támiyinlengen bolıp, bul suwlardıń qáddi kóterilmeydi, sebebi lyoss tárizli jınıslardıń astında shaǵıl taslar jatadı. Bul orınlar diyqanshılıq ushın júdá qolaylı.

Ortasha quramalılıqtaǵı geosistemalarǵa konus tárizli jayılmalar hám dárya deltalarınıń joqarı bólimi kiredi. Jer astı suwlarınıń gorizontal háreketi támiyinlengen, biraq ayırım oypawıt jerlerde ol jer betine jaqın kóteriledi hám shorlanıwǵa sebep boladı. Samal hám suw eroziyası júz beriwi múmkin. Sonlıqtan ixota tereklerin egiw kerek boladı.

**_6-keste._ Ózbekistannıń shól hám yarım shól regionlarında suwǵarıwǵa jaramlı geosistemalardıń quramalılıq dárejelerin anıqlawshı kriteriyalar**

| Geosistemalar hám melioraciya quramalılıǵı | Relyef | | Qatlamlardıń quramı | Topıraqlar | | | Grunt suwları | | Jerlerdiń meliorativ jaǵdayı |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Túri | Jer betiniń qásiyeti | | Atı | Shorlanıwǵa beriliwsheńligi | Eroziyaǵa beriliwsheńligi | Tereńligi, m | Mineralla-sıw dárejesi | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| Ápiwayı (arnawlı ilajlar talap etilmeydi) | Taw aldı prolyuvial tegislik, joqarı allyuvial terrasalar | Qıyaraq | Lyoss hám lyoss tárizli qatlamlardıń astındaǵı qattı jınıslar | Tipik, boz, sur-boz | Berilmegen | Juwılmaǵan, orınlarda kemirek juwılǵan | 20–100 | 3 g/l ge shekem | Turaqlı |
| Ortasha quramalı (aldın alıw ilajları zárúr) | Konus tárizli jayılmalar hám dárya deltalarınıń bas bólimi | Tolqın tárizli | Lyoss tárizli qatlamlar qum, shaǵal menen aralas halda ushıraydı, olardıń astında gedir-budır jınıslar bar | Tipik boz sur-boz, qumlı, shól, taqırlı | Berilmegen | Túrli dárejede juwılǵan, orınlarda samal eroziyası ushıraydı | 10-15 hám onnan tómen | 3-10 g/l hám onnan kóp | Kóbirek turaqlı |
| Quramalı (arnawlı ilajlar kompleksi zárúr) | Konus tárizli jayılmalar hám dárya alaplarınıń orta bólimleri, tómengi terrasalar | Qıya | Qumlı topıraq, qumlaq qatlamlar qum qatlamları qum qatlamshaları menen aralas halda ushıraydı | Sur-boz, qumlı shól, taqırlı | Túrli dárejede | Samal eroziyasına berilgen | 5–10 | 5-10 g/l hám 10-30 gr/l | Turaqlı emes |
| Júdá quramalı (úlken kólemdegi ilajlar kompleksi zárúr) | Konus tárizli jayılmalar hámde dárya alaplarınıń etek bólimleri, qırlar, adırlar, platolar | Jazıq, qıya tolqın tárizli batıq | Awır mexanikalıq quramlı qatlamlar (saz, awır) shaǵal, aralas qumlı topıraq | Sur-boz, taqır otlaq, taqırlı, shorlı | Jatqızıqlardıń quramında duz hám gips bar | Samal eroziyasına túrli dárejede berilgen | 3-5, 10-20 hám onnan tómen | 10-30 g/l hám onnan tómen | Júdá turaqlı |

Quramalı geosistemalarǵa konus tárizli jayılmalar hám deltalardıń orta bólimleri hám allyuvial terrasalar kiredi. Jer astı suwlarınıń gorizontal háreketi jaqsı emes, suwǵarıw dawamında olardıń qáddi kóteriledi hám topıraqta duz toplanıp baslaydı. Bunıń aldın alıw ushın gorizontal hám tik kollektorlar qurılıwı lazım.

Júdá quramalı geosistemalarǵa deltalardıń tómengi bólimleri, prolyuvial tegisliklerdiń tómengi yamasa shetki orınları, adırlar, platolar hám bálentlikler kiredi. Jer astı suwlarınıń gorizontal háreketi támiyinlenbegen, olardıń qáddi suwǵarıw waqtında tez kóterilip ketedi. Bunıń aldın alıw maqsetinde tıǵız kollektorlar tarmaǵın qurıw, jerdi sapalı etip juwıw hám tegislew, samal eroziyasına qarsı ixota tereklerin egiw kerek. Suw sińiwiniń aldın alıw ushın tamshılatıp hámde topıraq astınan suwǵarıw usılların qollanıw zárúr.

***Rekreaciya resursların bahalaw.*** Geosistemalardıń dem alıw maqsetlerinde paydalanılatuǵın qásiyetleri yamasa komponentleri *rekreaciyalıq* resurslar dep ataladı. Mısalı, toǵay, teńiz hám okean jaǵaları, taw alapları, kóller, úngirler, kórinisli, shıraylı ósimlikler, tákirárlanbas relyef formaları, muzlıqlar usılar qatarına kiredi.

*Rekreaciya* (tiklew, ornın toltırıw)nıń qamtıw kólemi úlken bolıp, adamlardıń dem alıwı, densawlıǵın tiklewi, mádeniy dem alıwı maqsetlerinde qollanıladı.

Geosistemalardı rekreaciya kózqarasınan izertlew, tiykarınan, olardıń rekreacion imkaniyatların hám olarǵa rekreacion basımnıń tásirin bahalawdan ibarat.

Dem alıw shólkemlestirilgen yaki shólkemlestirilmegen (ıqtıyarlı) bolıwı múmkin. Shólkemlestirilgen dem alıw túrli mákemeler tárepinen shólkemlestiriledi. Shólkemlestirilmegen dem alıw bolsa adamlardıń óz qálewleri menen bir yamasa birneshe adam bolıp, tańlanǵan orınlarda dem alıwı.

Dem alıwdan gózlengen maqset hár túrli bolıwı múmkin: emleniw, salamatlastırıw, sport, tanısıw h.t.b.

Dem alıw máwsimge qarap hár túrli bolıwı múmkin. Jazǵı dem alıw tómendegilerdi óz ishine aladı: shomılıw, quyash vannaların qabıllaw, piyada seyilge shıǵıw (emleniw, densawlıqtı tiklew, ekskursiya), qayıq sportı, balıq uslaw, túrli miyweler hám de zamarrıqlar teriw, atta seyil etiw, alpinizm h.t.b. Qısqı máwsimde tómendegiler menen shuǵıllanıw múmkin: shanǵı sportı (shanada ushıw), muz astında balıq uslaw, sport ańshılıǵı, emleniw, densawlıǵın tiklew, piyada seyil etiw.

Rekreacion bahalaw obyekti — landshaftlar hám olardıń bólimleri bolıwı múmkin. Rekreaciya komplekslerin jaylastırıwdı joybarlastırıwda landshaftlardı analizlew jaqsı nátiyje beredi. Bunda túrli landshaftlardan rekreacion maqsetlerde paydalanıw dárejesine qaray qolaylı landshaft túri tańlanadı. Mısalı, dárya alabı, taw janbawırları, kól yamasa suw saqlaǵıshlardıń jaǵaları, tegislik, okean yamasa teńiz jaǵaları, toǵay h.t.b.

Ayrıqsha rekreacion komplekslerdi (dem alıw úyleri, sanatoriyalar, turistlik kompleksleri h.t.b.) joybarlastırıp atırǵanda anıq bir orındı bahalaw jaqsı nátiyje beredi.

Rekreacion maqsetlerde bahalawda olardı estetikalıq jaqtan bahalaw áhmiyetli orın tutadı. Bunda tábiyiy sharayattıń, relyeftiń, ósimliklerdiń, landshafttıń ulıwma kórinisiniń estetikalıq jaqtan zawıq bere alıw imkaniyatı itibarǵa alınadı. Bahalawdıń aqırǵı basqıshında geosistemalardıń rekreacion imaratlardı jaylastırıw ushın jaramlılıǵı hám rekreacion basımǵa turaqlılıq dárejesi esapqa alınadı.

Geografiyalıq bahalaw, diyqanshılıq, rekreaciya, bahalaw basqıshları, bahalawdıń sapa hám muǵdar usılı.

1. Geografiyalıq bahalaw dep nege aytıladı?
2. Geografiyalıq bahalaw qanday basqıshlardan ibarat?
3. Geografiyalıq bahalawdıń qanday usılların bilesiz?
4. Ózińiz jasap turǵan orın diyqanshılıq ushın qolaylıma yamasa qolaysızba? Pikirińizdi tiykarlap, dápterińizge jazıń.

## 15-§. GEOGRAFIYALÍQ PROGNOZ

Insan xojalıq iskerligi menen shuǵıllanar eken, tábiyiy sharayattıń usı kúndegi jaǵdayı menen ǵana emes, al keleshekte júz beretuǵın túrli ózgerisler menen de qızıǵadı. Demek, tábiyiy sharayattıń ózgeriwin insan mápleri kózqarasınan aldınnan prognozlaw hám tereń analizlew úlken áhmiyetke iye.

Ilimde qanday da bir qubılıs yamasa qanday da bir obyekttiń jaǵdayınıń ózgeriwinin aldınan kóre biliw hám ayta alıw *prognoz* dep ataladı.

*Geografiyalıq prognozlaw* — tábiyiy hám social-ekonomikalıq ortalıqtıń rawajlanıwı hám ózgeriwi haqqında maǵlıwmatlar toplaw hám qayta islew procesi bolıp esaplanadı.

***Geografiyalıq prognoz*** dep, tábiyiy ortalıq hám aymaqlıq óndiris komlekleriniń ózgeriwindegi tiykarǵı baǵdarlardı ilimiy jaqtan aldınnan tiykarlap beriwge aytıladı.

Geografiyalıq prognozlar birneshe variantlarda ámelge asırıladı. Olardan aldınǵıǵa qaraǵanda jaqsı bolǵan birneshewi, keyin bolsa eń maqul variant tańlap alınadı hám barlıq esap-kitap jumısları orınlanadı.

Geografiyalıq prognozlar túrli *múddetlerge* dúziledi. Sonıń ushın prognozlar múddetine qaray, tómendegi túrlerge bólinedi: *operativ prognoz* 1 ay múddetke, *qısqa múddetli prognoz* 1 aydan 1 jılǵa shekem, *orta múddetli prognoz* 1 jıldan 5 jılǵa shekem, *uzaq múddetli prognoz* 5 jıldan 15 jılǵa shekem, *júdá uzaq múddetli prognozlar* 15 jıldan kóbirek múddetke islep shıǵıladı.

Tábiyiy geografiyalıq prognozdı ámelge asırıw ushın geosistemalardıń komponentleriniń prognozlı ózgesheliklerin anıqlaw talap etiledi. Belgili bir orınnıń relyefi, taw jınısları, topıraqları, suwları, ósimligi hám haywanat dúnyası ózine tán ózgesheliklerge iye. Bul ózgeshelikler haqqındaǵı maǵlıwmatlar tábiyiy geografiyalıq prognozlarda paydalanıladı.

Geosistemalar komponentleriniń tábiyiy ortalıqtıń pataslanıwın kemeyttiriw ózgeshelikleri tómendegilerden ibarat.

1. *Relyef.* Batıqlar texnogen ónimlerdi (shıǵındılardı) toplawshılar bolıp esaplanadı. Bálentlikler bolsa olardı tarqatıp jiberiwshiler esaplanadı. Janbawırlardıń qıyalıǵı olardıń bólekleniw dárejesi, tıǵızlıǵı, jer astı suwlarınıń háreketine unamlı yamasa keri tásir etiwi múmkin.
2. *Taw jınısları.* Suw ótkeretuǵın, suw ótkermeytuǵın jınıslar, olardıń qalıńlıǵı tábiyiy ortalıqqa tásir kórsetedi.
3. *Suwlar.* Olarda erigen organikalıq zatlardıń muǵdarı, jıllıq aǵıs muǵdarı, aǵıs tezligi úlken áhmiyetke iye. Aǵıs tezligi qansha joqarı bolsa, pataslawshı zatlar sonsha tez alıp ketiledi. Suwdaǵı organikalıq zatlar awır metallardıń eriwsheńligin tezlestiredi.
4. *Topıraqlar.* Oksidleniw-qálpine keliw, kislotalı-siltili sharayat. Topıraqtı pataslawshı zatlardan ózin-ózi tazalaw qábiletin belgilep beredi.
5. *Ósimlikler.* Pataslawshı zatlardı jutıwshı ósimliklerdiń túrleri.

Usı ózgeshelikler tiykarında tábiyiy ortalıqtıń ózgeriwin aldınnan aytıp beriw múmkin.

Geografiyalıq prognozlar *planetalıq, regionallıq* hám *jergilikli* masshtablarda alıp barıladı.

*Planetalıq prognozlar* belgili bir aymaqqa baylanıspaǵan bolıp, geografiyalıq qabıq sheńberindegi, pútkil adamzatqa tiyisli mashqalalarǵa

arnaladı. Planetalıq geografiyalıq prognozlardıń tiykarǵı maqseti adamzattıń keleshektegi ómirin hám Jerdi saqlap qalıwǵa qaratılǵan mashqalalardı aldınnan prognozlaw bolıp esaplanadı. Sonıń ushın da, qánige hám ilimpazlardıń kópshiligi házirgi waqıtta pútkil dúnya kóleminde keleshekte kútilip atırǵan túrli kewilsiz jaǵdaylardı prognozlaw menen shuǵıllanadı. Atmosfera hawasınıń pataslanıwı, ozon qatlamınıń juqalasıwı, «parnik effekti»niń júzege keliwi, shóllesiw procesi, gidrosferanıń pataslanıwı hám taza ishimlik suwı mashqalası usılar qatarına kiredi. Adamzattıń keleshektegi turmısı joqarıdaǵı mashqalalardıń qalay prognoz etiliwi hám sheshiliwine baylanıslı.

*Regionallıq prognozlar* qanday da bir region sheńberinde birneshe mámleketlerde tiyisli mashqalalardıń keleshektegi ózgerisin aldınnan tiykarlap beriwge qaratıladı. Jáhánniń xojalıǵı joqarı dárejede rawajlanǵan bólimlerinde jámiyet penen tábiyat ortasındaǵı qatnaslar júdá keskinlesti. Bunıń aqıbetinde hár túrli ekologiyalıq mashqalalar júzege keldi, nátiyjede social-ekonomikalıq sharayatlar quramalastı. Bul regionlarǵa Jer Orta, Baltika, Arqa, Qara teńizler, Meksika, Persiya qoltıqları h.t.b. orınlar kiredi. Bul jerlerde neft tasılıwı, dáryalar arqalı túrli zıyanlı zatlardıń aǵıp keliwi, túrli sanaat shıǵındılarınıń teńizlerge taslanıwınıń nátiyjesinde barǵan sayın pataslanıp barmaqta. Aqıbetinde, teńiz jaǵalarınıń rekreacion imkaniyatları sheklenip, xalıqtıń jasaw sharayatları awırlasıp barmaqta.

*Jergilikli geografiyalıq prognozlar.* Belgili bir injenerlik imaratı yamasa imaratlar toparınıń tábiyiy ortalıqqa tásirin aldınnan tiykarlap beriw jergilikli geografiyalıq prognoz dep ataladı. Tábiyatqa tásir etetuǵın injenerlik imaratları sanaat kárxanası, suw saqlaǵısh, shaxtalar, jollar, aerodromlar, qalalar hám basqalar bolıwı múmkin. Mısalı, paydalı qazılma káni ashıq usılda qazıp alınatuǵın bolsa, regionda batıq payda boladı, shıǵındılar júzege keledi, jer astı suwlarınıń qáddi páseyedi, kewilsiz proces (jılısıwlar, kóshki, oyılıw)ler rawajlanadı, suw, topıraq, ósimlik hám haywanat dúnyası belgili orınlarda pútkilley joq boladı, belgili bir orınlarda bolsa úlken ózgerislerge ushıraydı.

**Ózbekistannıń tábiyat komplekseriniń ózgeriwin prognozlaw.** Ózbekistanda qáliplesken tábiyat kompleksleriniń rawajlanıwı hám dúzilisiniń tiykarǵı nızamlılıqları, olarda júzege keletuǵın tábiyiy geografiyalıq proceslerdi, insannıń iskerligi tásirinde júz beretuǵın ózgerislerdi úyreniw tiykarında keleshektegi ózgerislerdiń tiykarǵı baǵdarların prognozlaw múmkin (7-keste).

*7-keste*

**Ózbekistanda jaylaw tábiyat komplekseriniń insannıń iskerligi tásirinde ózgeriwi prognozı**

| Tábiyat kompleksi | Tásir etiwshi faktorlar | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Sharwa baǵıw** | **Terek hám putalardı qırqıw** | **Texnikalıq eroziya: avtomobil hám basqa mexanizmlerdiń háreketi** | **Ixotazarlardı júzege keltiriw, jaylawlardıń ónimdarlıǵın asırıw** | **Júz beriwi kútilip atırǵan tábiyiy geografiyalıq procesler** | **Prognoz etilip atırǵan ózgerislerdiń tiykarǵı baǵdarları** |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| Plato hám qaldıq bálentliklerdiń bozqońır topıraqlarında juwsan hám sora bar | Kúshsiz | Kúshli | Tártipsiz háreket kúshli | Házirge shekem ámelge asırılmaǵan | Avtomobil jollarında deflyaciya kúsheyedi, topıraq joq bolıp baradı | Ústirttiń oraylıq bóliminde topıraq hám ósimlik 10-20% ke azayıwı múmkin |
| Batıqlardaǵı shorlıqlar galofitler, ayırım waqıtları shor menen bánt | Kúshsiz | Orınlarda kúshli | Kemirek | | Deflyaciya, burǵılaw nátiyjesinde kóp kólemde suw shıǵarıladı, kól batpaqlıq júzege keledi | Putalardıń qırqılıwı kúsheyedi, jańa kól, kólmek hám batpaqlıqlar payda boladı |
| Qumlı tegisliklerde psammofitler tarqalǵan | Barǵan sayın kúsheyedi | Qırqıw kemeyiwi múmkin, biraq uzaq jaylarda kúsheyedi | Jańa kánlerdi izlew procesinde kúsheyedi | Tezligi júdá tómen | Xalıq punktleriniń átirapında hám burǵılaw maydanında barxanlardıń maydanı keńeyedi | Hárekettegi qumlıqlardıń maydanı keńeyedi, jaylawlardıń ónimdarlıǵı kemeyedi |
| Deltalardıń taqırlı topıraqlarında hám taqırlarda bayalıshlı qara seksewil bar | Kúshsiz | Orınlarda kúshli | Orınlarda kúsheyedi | | Avtomobillerdiń tártipsiz háreketi deflyaciyanı kúsheytedi | Topıraqtıń deflyaciyaǵa beriliwi kúsheyedi, olardıń maydanı 15-25% ke jetedi |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Teńiz tegislik-lerindegi qum hám shorlıq-larda psammofitler tarqalǵan | | | Kemirek | Ámeliy jumıslar baslan-baǵan | Shorlıqlar taqırlı hám qaldıq shorlıqlarǵa evolyuciya jolı menen ótedi, deflyaciya kúsheyedi | Barxanlı qumlardıń maydanı keńeyedi, shorlıqlardıń beti shorsızlanadı, keyin ala ósimlik penen qaplanıwı kúsheyedi |
| Pás tawlarda juwsanzarlar boz-qońır topıraqlardı iyelegen | Kúsh-siz | | Keleshekte háreket kúsheyedi | | Texnogen proceslerdiń kúsheyiwi menen terrikon hám karyerlerdiń sanı kóbeyedi | Texnogen landshaftlar hám buzılǵan jerlerdiń maydanları keńeyedi |
| Taw aldı prolyuvial tegisliklerindegi boz-qońır topıraqlarda soralı juwsanzarlar | Kúshli | | Belgili jollar boyınsha keleshekte kúsheyedi | Júdá tómen | Burǵılaw hám avtomobiller háreketiniń keleshekte kúsheyiwi deflyaciya hám eroziyanı úlken kólemde tezlestiredi | Relyeftiń oylı-shuqırlıǵı artadı, jaylawlar isten shıǵadı |
| Deltalarda otlaqlı topıraqlarda qamıszarlar, qaldıq shorlarda túrli otlı yulǵunzorlar, taqırlarda qara seksewil bar | Kúshli | Kemeyiwi múm-kin | Orınlarda kúsheyedi | Júdá tómen | Ámiwdárya deltasında deflyaciya, jaylawlardıń buzılıwı, toǵaylardıń qurıwı kúsheyedi | Qum relyef formaları júzege keledi, jaylawlardıń ónimdarlıǵı páseyedi |
| Taw aldı, adır hám pás tawlardaǵı boz topıraqlarda túrli otlı dalalar bar | Kúshli | Orınlarda kúshli | Tártipsiz háreket kúshli | Ámelge asırıl-maǵan | Topıraqtıń deflyaciya, eroziyaǵa beriliwi hám jaylawlardıń degradaciyası tez | Relyeftiń oylı-shuqırlıǵı artadı, jaylawlardıń ónimdarlıǵı páseyedi |
| Pás hám ortasha bálentliktegi tawlarda túrli otlı biydaylar ósedi | Kúshli | Kúshli | Tártipli | Júdá pás | Tártipsiz mal baǵıw, qıya jerlerdi súriw, tereklerdi qırqıw tábiyiy proceslerdiń júzege keliwin kúsheytedi | Topıraqtıń juwılıwı, jer eroziyası, jılısıw, sel kúsheyedi |
| Bálent tawlardıń jan-bawırlarındaǵı ashıq qońır topıraqlarda kserofitler shashir menen almasadı | Kúsh-siz | | | | Tábiyiy proceslerdiń háreketinde insannıń tásiri kúshsiz | Tábiyat kompleksleri tábiyiy halda rawajlanadı |

Ózbekistanda, tiykarınan, tegislik, taw aldı hám taw tábiyat kompleksleri tarqalǵan, sonıń ushın prognozlaw jumısları eki baǵdarda alıp barılıwı lazım.

Ózbekistanda tegislik tábiyat komplekslerinen házirgi waqıtta, tiykarınan sharwashılıq hám suwǵarmalı diyqanshılıq maqsetlerinde paydalanıladı. Paydalı qazılmalar tabılǵan orınlarda kánshilik sanaatında qollanıladı. Insannıń xojalıq iskerligine baylanıslı halda tegislik tábiyat kompleksleri túrli dárejede ózgergen.

Taw aldı hám taw tábiyat kompleksleri xojalıq iskerliginiń hár túrliligi menen ajıralıp turadı. Taw aldı tábiyat kompleksleri kúshli ózgergen, adırlar hám pás tawlar kemirek ózgergen, ortasha hám bálent tawlar tábiyat kompleksleri kúshsiz ózgergen esaplanadı.

Prognoz, geografiyalıq prognoz, geografiyalıq prognozlaw, geografiyalıq prognozdıń múddetleri, geografiyalıq prognozdıń túrleri, planetalıq, regionallıq hám jergilikli geografiyalıq prognozlar.

1. Geografiyalıq prognozlaw dep nege aytıladı?
2. Geografiyalıq prognozlar qanday múddetlerge dúziledi?
3. Tábiyat komponentleriniń qanday qásiyetleri qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwın kemeytiwi múmkin?
4. Ózińiz jasap turǵan orında tábiyiy ortalıq qanday faktorlar tásirinde ózgerip atırǵanlıǵın dápterińizge jazıń.

## 16-§. QORSHAǴAN ORTALÍQ MONITORINGI HÁM GEOGRAFIYALÍQ-EKOLOGIYALÍQ EKSPERTIZA TIYKARLARÍ

XX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap ilim-texnika revolyuciyasınıń nátiyjesinde jámiyettiń tábiyatqa tásiri kúsheyip baratırǵanlıǵın esapqa alıp, arnawlı baqlaw sistemasın shólkemlestiriw zárúrligi payda boldı. Bul baqlawdıń nátiyjesinde toplanǵan maǵlıwmatlar tábiyiy ortalıqta júz berip atırǵan ózgerislerdi bahalaw hám tiyisli juwmaqlar shıǵarıwǵa imkan beredi. Sonıń ushın da, monitoring sistemasın shólkemlestiriw boyınsha usınıslar ortaǵa qoyıldı. Qorshaǵan ortalıq jaǵdayınıń monitoringi máselesi Birlesken Milletler Shólkeminiń 1972-jılı Stokgolmda bolıp ótken tábiyiy ortalıqtı qorǵawǵa arnalǵan konferenciya waqtında júzege keldi. Usıǵan baylanıslı ilimde jańa monitoring (latınsha *«monitor»* — eske túsiretuǵın, eskertetuǵın) túsinigi payda boldı.

***Monitoring*** — tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw maqsetinde belgili bir aymaqtıń tábiyiy sharayatınıń jaǵdayın baqlaw, qadaǵalaw hám basqarıw sisteması bolıp esaplanadı.

Monitoringtıń tiykarǵı maqseti tábiyiy ortalıqtıń insannıń iskerligi tásirinde ózgeriwin baqlaw, alınǵan maǵlıwmatlar tiykarında bahalaw hám tiyisli basqarıw ilajların qollanıw bolıp tabıladı.

Monitoring tiykarında atmosfera hawası, suw basseynleri, jer astı suwları, topıraq, ósimlik qaplamınıń túrli shıǵındılar, záhárli ximiyalıq zatlar, radioaktiv elementler menen pataslanıwı baqlanadı. Baqlaw jumısları insannıń belgili bir ekologiyalıq sharayatta jasawınıń buzılıwına qaratıladı. Qorshaǵan ortalıqtıń ózgeriw dárejesi ele pataslanbaǵan tábiyiy sharayattıń jaǵdayına salıstırıp alınadı.

Akademik I.P. Gerasimov tárepinen monitoring shólkemlestiriwdiń *bioekologiyalıq, geoekologiyalıq* hám *biosfera basqıshları* ajıratılǵan.

***Bioekologiyalıq monitoring*** basqıshında qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwı onıń insan salamatlıǵına tásiri kózqarasınan baqlanadı. Bul basqıshta adamlardıń keselleniwi, ólim, tuwılıw, uzaq jasaw hám basqa maǵlıwmatlardan paydalanıladı. Bul maǵlıwmatlar insannıń qorshaǵan ortalıqtıń ózgeriwine keri tásiri esaplanadı. Usı basqıshta monitoring baqlaw shaqapshaları hám sanitariya-gigiena xızmeti maǵlıwmatlarına tayanıp is kóriledi.

Bioekologiyalıq monitoring insannıń salamatlıǵı ushın zıyanlı bolǵan shıǵındı hám zatlar boyınsha baqlawdı shólkemlestiredi.

***Geoekologiyalıq monitoring*** basqıshında, tiykarınan, tábiyiy, tábiyiy-antropogen geosistemalar, rekreacion aymaqlar baqlanadı hám qadaǵalanadı. Bul basqısh ushın tábiyattı pataslandırıwshı zatlardıń ruqsat etilgen muǵdarı hám geosistemalardıń ózin ózi tazalaw qásiyeti haqqındaǵı maǵlıwmatlar áhmiyetli esaplanadı. Baqlawlar geografiyalıq stacionarlarda, arnawlı zona yamasa poligonlarda alıp barıladı.

Geosistemalı monitoringti ámelge asırıwda aymaqta hawa, suw, topıraq, ósimlik, haywanat dúnyası, insan salamatlıǵına unamsız tásir etiwshi faktorlar hám pataslandırıwshı derekler boyınsha baqlaw shólkemlestiriledi. Bunda geosistemalardıń ózine tán qásiyetleri itibarǵa alınıwı tiyis.

***Biosfera monitoringi*** basqıshınıń tiykarǵı wazıypası qorshaǵan ortalıqtı dúnya kóleminde baqlawdan ibarat. Bunda atmosferanıń shańlanıwına, dúnya okeanınıń pataslanıwına hám basqa kórsetkishlerge kóbirek

itibar beriledi. Baqlawdıń tiykarǵı maqseti dúnya kóleminde bolatuǵın ózgerislerdiń xalıqtıń salamatlıǵı hám iskerligine tásirin bahalawdan ibarat. Biosfera poligonları sistemasına qorıqxanalar hám xalıqtıń xojalıq iskerligi zonaları kiredi.

Atmosferanı baqlawda tiykarǵı itibar shań muǵdarınıń artıp ketiwine, «Parnik effekti»niń júzege keliwine, polyar úlkelerde ozon qatlamınıń juqalasıwına qaratıladı.

***Ózbekistanda qorshaǵan ortalıq monitoringin ámelge asırıw.*** Ózbekistanda awıl hám suw xojalıǵı, kánshilik, ximiya, metallurgiya hám basqa sanaat tarmaqlarınıń sońǵı 50—60 jıl ishinde tez pátler menen rawajlanıwınıń nátiyjesinde qorshaǵan ortalıqta kúshli ózgerisler júz berdi, regionallıq hám jergilikli ekologiyalıq mashqalalar kelip shıqtı. Nátiyjede, qorshaǵan ortalıqtıń jaǵdayın turaqlı túrde baqlaw, qadaǵalap barıw hám basqarıwdıń birden bir mámleketlik sistemasın islep shıǵıw hám ámelge asırıw zárúrligi kelip shıqtı.

Qorshaǵan ortalıq monitoringi elimizdegi birqansha mákeme hám shólkemler tárepinen ámelge asırıladı. Atmosfera hawası hám suw basseynleriniń pataslanıwı Ózbekistan Gidrometeorologiya Bas basqarması tárepinen, jer astı suwlarınıń pataslanıwı, kewilsiz tábiyiy geografiyalıq proceslerdiń rawajlanıwın Ózbekistan Geologiya hám mineral resurslar mámleketlik komitetine qaraslı «Ózbekgidrogeologiya» kárxanası tárepinen, topıraqlardıń shorlanıwı hám grunt suwlarınıń norması, kollektor suwlarınıń minerallasıw dárejesi Awıl hám suw xojalıǵı ministrligi tárepinen, toǵaylardıń jaǵdayı Toǵay xojalıǵı komiteti tárepinen, qorshaǵan ortalıqtıń insan salamatlıǵına tásiri menen baylanıslı bolǵan máseleler Densawlıqtı saqlaw ministrligi tárepinen baqlanıp, qadaǵalanıp turıladı. Bul mákeme hám shólkemlerdiń monitoring tarawındaǵı xızmeti Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti tárepinen basqarıladı. Bul komitet qorshaǵan ortalıqtıń jaǵdayı boyınsha túrli xabar hám maǵlıwmatlardı jıynap, júzege kelgen ekologiyalıq jaǵdaydı bahalaydı. Kewilsiz jaǵday júzege kelgen bolsa, tiyisli shólkemlerge xabar beriw menen birge onıń aldın alıw boyınsha tiyisli is-ilajlardı belgileydi hám olardıń orınlanıwın qadaǵalaydı.

Jıl dawamında elimiz boyınsha alıp barılǵan baqlaw hám qadaǵalaw maǵlıwmatları jıynalıp, ortasha aylıq kórsetkishler anıqlanadı.

***Geografiyalıq-geologiyalıq ekspertiza tiykarları***. XX ásirdiń 60—70-jıllarınan baslap iri xojalıq kárxanaların qurıw hám basqa ilajlar

joybarları qánigelerdiń hár tárepleme kóriginen ótip, olardıń ruqsatı menen ámelge asırıla basladı. Bul process ulıwma mániste ekspertiza dep ataladı.

*Ekspertiza* dep, úlken injenerlik imaratların qurıw joybarlarınıń qánigeler kóriginen ótkeriliwine aytıladı. «Ekspert» sózi latın tilinde «tájiriybeli» degen mánisti bildiredi. *Ekspert* — qanday da bir tarawda ekspertiza ótkeriwshi qánige. Mısalı, qurılıs, geologiya, awıl xojalıǵı, suw xojalıǵı, atom energetikası, mashinasazlıq h.t.b. tarawlar boyınsha ekspertiza, tiykarınan, joybarlanıp atırǵan injenerlik imaratınıń qorshaǵan ortalıqqa tásirin bahalaw boyınsha ótkeriledi. Ekspertizalar geografiyalıq hám ekologiyalıq ekspertizalarǵa bólinedi.

*Geografiyalıq ekspertiza* dep, joybarlastırılǵan injinerlik imaratınıń qorshaǵan ortalıq talaplarına sáykes keliw yamasa kelmewin anıqlawǵa aytıladı.

*Ekologiyalıq ekspertiza* dep, insan iskerliginiń qorshaǵan ortalıqtıń biologiyalıq (ósimlik, haywanat dúnyası hám mikroorganizmler) bólimine tásirin bahalawǵa aytıladı.

Geografiyalıq hám ekologiyalıq ekspertiza bir-birine barlıq tárepten jaqın hám bir-birin talap etiwin itibarǵa alıp, geografiyalıq-ekologiyalıq ekspertiza dep ataladı. Geografiyalıq-ekologiyalıq ekspertiza ekspertiza procesinde injenerlik imaratınıń qorshaǵan ortalıqqa, xalıqtıń salamatlıǵına qanday tásir etiwin itibarǵa aladı.

Ekspertiza túrli dárejelerde ámelge asırıladı. Mámleket ekspertizası, Ministrlik ekspertizası, Mámleket ilim hám texnikası komiteti ekspertizası, ilimiy hám jámiyetshilik ekspertizası h.t.b. Qorshaǵan ortalıq boyınsha ekspertiza Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti tárepinen belgilenedi. Usı shólkemde ekologiyalıq-geografiyalıq ekspertiza basqarması bar.

***Ózbekistanda geografiyalıq-ekologiyalıq ekspertiza ótkeriw.*** Ózbekistanda ótken ásirdiń 90-jıllarınan baslap iri imarat hám obyektlerdiń joybarları geografiyalıq-ekologiyalıq ekspertizadan ótkerile baslandı. Házirgi waqıtta Ózbekistanda jańa sanaat kárxanaların ekologiyalıq talaplarǵa sáykes túrde jaylastırıw, bar bolǵan kárxanalar islep shıǵarıp atırǵan ónimler, qorshaǵan ortalıqqa shıǵarılıp atırǵan shıǵındılar máselesi keń kólemde analiz etilip, texnologiyalıq proceslerdi quramalastırıw, gaz hám shańdı uslap qalıwshı, olardı tazalawshı zamanagóy úskenelerdi ornatıwǵa úlken áhmiyet berilmekte. Elimizde qurılıp atırǵan úlken hám ortasha kárxanalar ekologiyalıq tártip-

qağıyda, belgilengen normalar tiykarında qurılıs penen birge jumıs procesinde qorshağan ortalıqqa zıyanlı shığındılardı shığarıwı normada bolıwı kepillenedi. Mısalı, Asaka qalasında jeńil avtomobil zavodı, Qarawılbazardağı neftti qayta islew zavodı hám basqa kárxanalar ekologiyalıq ekspertizadan puqta hám de hár tárepleme ótkerilgen.

Monitoring, bioekologiyalıq monitoring, geoekologiyalıq monitoring, ekspertiza, ekspert, geografiyalıq ekspertiza, ekologiyalıq ekspertiza.

1. Monitoring túsiniginiń mánisi hám tiykarğı maqseti neden ibarat?
2. Ózbekistanda monitoringdi ámelge asırıw qaysı shólkem tárepinen basqarıladı?
3. Geografiyalıq hám ekologiyalıq ekspertizalardıń óz ara ayırmashılığı hám uqsaslığı nede?
4. Ózińiz jasap turğan ortalıqta topıraq, suw hám hawanı pataslaytuğın kárxanalar dizimin dúziń.



# V BAP. DÚNYA XALQÍ

## 17-§. DÚNYA XALQÍ HÁM ZAMANAGÓY DEMOGRAFIYALÍQ JAĞDAY

XIX ásirge shekem dúnya xalqınıń sanı biraz áste ósip, 1820-jılğa kelip 1 milliard adamğa jetti. Bul process xalıqtıń tábiyiy ósiwiniń tómenligi menen belgilengen edi, sebebi ótken tariyxıy basqıshlar da da tuwılıwshılıq, ólimshilik kórsetkishleri joqarı bolıp, olardıń arasındağı parıq júdá kishi dárejede edi. Lekin 1 milliardtan 2 milliardqa shekem kóbeyiw ushın adamzatqa birqansha kemirek waqıt, yağnıy 107 jıl kerek boldı (1820—1927-jıllar aralığı). Keyingi jıllarda dúnya xalqınıń sanı jáne de tezirek ósip bardı. 1960-jılğa kelip dúnya xalqı 3 milliard adamğa jetti. 1975-jılğa kelip 4 milliard, 1987-jılı 5 milliard, 1999-jılı 6 milliard, 2011-jılı bolsa 7 milliard adamğa teń boldı. 2017-jıl boyınsha dúnya xalqınıń sanı 7,5 milliard adam átirapında hám ósiw procesi dawam etpekte.

Demek, XIX ásirdiń ekinshi yarımına kelip dúnya boyınsha xalıq sanınıń kóbeyiwi keskin tezlesti. Bul process ilimde *demografiyalıq*

*jarılıw* dep ataladı. Bul procestiń sebebi — social-ekonomikalıq hám ilim-texnikanıń rawajlanıwı sebepli xalıqtıń turmıs dárejesiniń ósiwi, jasaw sharayatlarınıń jaqsılanıwı hám de densawlıqtı saqlaw sistemasınıń rawajlanıwı, adamlardıń ortasha ómir súriwiniń ósiwi, ólim dárejesi bolsa páseyip ketkenligi bolıp esaplanadı. Dáslep demografiyalıq jarılıw XIX ásirdiń bası – XX ásirdiń birinshi yarımında Batıs Evropa hám Arqa Amerikada júz bergen bolsa, XX ásirdiń ekinshi yarımında bolsa Aziya, Afrika, Latın Amerikası hám Okeaniyadağı rawajlanıp atırǵan mámleketler xalqı sanınıń joqarı pátler menen ósiwinde óz kórinisin taptı.

Rawajlanıp atırǵan ellerdiń xalqı joqarı tezlik penen ósip kelgen bir payıttıń ózinde, Evropa mámleketleri hám Yaponiyada xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi keskin páseydi. Hátteki, ayırım jaǵdaylarda tuwılıwshılıq ólimshilikten de tómenirek dárejege túsip ketip, xalıqtıń tábiyiy kemeyiw (*depopulyaciya*) procesi de júz berdi.

Demografiyalıq jarılıwdan keyingi tuwılıwshılıqtıń páseyip ketiw procesiniń sebeplerin *demografiyalıq ótiw teoriyası* járdeminde túsindiriw múmkin. Bul teoriyaǵa muwapıq, jámiyette xalıqtıń qayta kóbeyiwi 4 basqıshtan ótip ózgerip baradı (7-súwret). Dáslepki, 1-basqıshta tuwılıwshılıq penen ólimshilik júdá joqarı bolıp, arasındağı parıq, yaǵnıy xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi minimal dárejede saqlanadı. Bunday demografiyalıq jaǵday «dástúriy turaqlılıq» dep ataladı. Keyingi, 2-basqısh dawamında ólimshilik dárejesi keskin kemeyip, joqarıda sıpatlama berilgen demografiyalıq jarılıw procesi júz beredi. Demografiyalıq ótiwdiń 3-basqıshında ólimshiliktiń páseyiw procesi óziniń aqırına jetip, tuwılıw dárejesi kemeyiwdi baslaydı. Tuwılıwshılıqtıń páseyip ketiwi xalıqtıń jasaw tárizіniń ózgergenligi (qalalasıw, sanaatlasıw, miynet ónimdarlıǵınıń joqarılawı, medicinanıń rawajlanıwı, hayallardıń jámiyettegi ornınıń ózgeriwi h.t.b.) nátiyjesinde júzege keledi. Juwmaqlawshı, 4-basqıshta bolsa tuwılıwshılıq hám ólimshilik kórsetkishleri bir qansha tómen bolıp, tábiyiy kóbeyiw minimal dárejede baqlanadı hám «zamanagóy turaqlılıq» dep atalıwshı demografiyalıq jaǵday júzege keledi.




**7-súwret.** Demografiyalıq ótiw basqıshları.

Ayırım waqıtları demografiyalıq ótiw procesi bul jaǵday menen shegaralanıp qalmastan, depopulyaciya basqıshına da ótip ketedi.

Dúnyanıń túrli mámleketleri demografiyalıq ótiwdiń hár qıylı basqıshın bastan ótkermekte. Batıs Evropa elleri, Yaponiya, Kanada, Avstraliya, Jańa Zelandiya sıyaqlı rawajlanǵan eller 4-basqıshta bolıp, tuwılıwshılıq hám xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwiniń tómenligi menen ajıralıp turadı. Aziyada Qubla hám Arqa Koreya, Singapur, Tailand hátteki, xalıqtıń sanı boyınsha, dúnyada jetekshilik etip kiyatırǵan Qıtay da demografiyalıq ótiwdiń juwmaqlawshı basqıshına kirdi. Latın Amerikası hám Okeaniyanıń ayırım rawajlanıp atırǵan ellerinde de uqsas demografiyalıq jaǵday baqlanıp atır. Tuwılıwshılıq hám de xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwiniń eń tómen kórsetkishleri bolsa Vengriya, Bolgariya, Serbiya, Rumıniya, Latviya, Litva, Ukraina sıyaqlı Evropanıń ótiw ekonomikasındaǵı mámleketlerine tán. Bul mámleketlerde birneshe jıldan berli xalıqtıń tábiyiy kemeyiwi júz bermekte.

Rawajlanıp atırǵan mámleketlerdiń kópshiligi demografiyalıq ótiwdiń 3-basqıshın bastan keshirmekte, olarda tuwılıwshılıq kórsetkishleri áste-aqırın tómenlep barmaqta. Demografiyalıq ótiw procesiniń eń tómen pátleri bolsa Afrika mámleketleri ushın tán. Ásirese, Batıs, Oraylıq hám Shıǵıs Afrika ellerinde tuwılıwshılıq hám de xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwiniń joqarı dárejeleri saqlanıp qalmaqta. Atap aytqanda, 2016-jıl juwmaǵı boyınsha, dúnyada xalıqtıń tábiyiy kóbeyiw pátleri boyınsha 10 jetekshi mámleketiniń ishinde 9 ı Afrika materiginde jaylasqan, birinshi beslikten bolsa tek ǵana Afrika mámleketleri (Malavi, Uganda, Burundi, Niger, Mali) orın alǵan.

Demek, dúnyanıń eń rawajlanǵan mámleketleri hám de ótiw ekonomikasındaǵı kóplegen mámleketler demografiyalıq ótiwdi juwmaqlaǵan bolsa, Afrikanıń social-ekonomikalıq jaqtan eń tómen rawajlanǵan mámleketleri 2-basqıshtan 3-basqıshqa ótiw qarsańında tur. Sonıń ushın házirgi sharayatta dúnya xalqı, tiykarınan, rawajlanıp atırǵan hám eń artta qalǵan mámleketlerdiń esabınan kóbeyip barmaqta. Házirgi dáwirde dúnya xalqı hár jılı ortasha 70—80 million adamǵa kóbeyse, bul kóbeyiwdiń 97% Afrika, Aziya hám Latın Amerikasınıń rawajlanıp atırǵan mámleketlerine tuwrı keledi (8-keste). Rawajlanǵan hám rawajlanıp atırǵan mámleketlerdiń demografiyalıq jaǵdayındaǵı parqı social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi, qalalasıw, xalıqtıń turmıs tárizi hám dástúriy qádiriyatlardıń saqlanǵanlıq dárejesi sıyaqlı faktorlar menen baylanıslı.

*8-keste.*

**Dúnya júzi hám iri regionlardıń siyasiy demografiyalıq kórsetkishleri (2016-j.)**

| № | Regionlar | Tuwılıwshılıq (hár 1000 adamǵa) | Ólimshilik (hár 1000 adamǵa) | Xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Hár 1000 adamǵa | % |
| 1 | Dúnya júzi | 20 | 8 | 12 | 1,2 |
| 2 | Rawajlanǵan mámleketler | 11 | 10 | 1 | 0,1 |
| 3 | Rawajlanıp atırǵan mámleketler | 22 | 7 | 15 | 1,5 |
| 4 | Evropa | 11 | 11 | 0 | 0 |
| 5 | Aziya | 18 | 7 | 11 | 1,1 |
| 6 | Afrika | 36 | 10 | 26 | 2,6 |
| 7 | Arqa Amerika (AQSH hám Kanada) | 12 | 8 | 4 | 0,4 |
| 8 | Latın Amerikası | 17 | 6 | 11 | 1,1 |
| 9 | Avstraliya hám Okeaniya | 17 | 7 | 10 | 1,0 |

Tábiyiy kóbeyiwdiń joqarı pátleriniń saqlanıwı yamasa júdá tómen dárejege túsiwi mámleket ekonomikası ushın mashqalalardı keltirip shıǵaradı. Rawajlanıp atırǵan ellerde bul mashqalalar jumıssızlıq, bilimlendiriw hám densawlıqtı saqlaw tarawlarındaǵı kemshilikler bolsa, rawajlanǵan ellerde olar miynet resurslarınıń jetispewshiligi, napaqa hám de salıq sistemasınıń turaqlı bolmawında kórinedi. Ayırım mámleketler demografiyalıq jaǵdaydı ózgertiw maqsetinde arnawlı materiallıq, hákimshilik hám úgit-násiyatlaw ilajların qollanıp kelmekte. Mámleket tárepinen islep shıǵılǵan hám ámelge asırılatuǵın bunday ilajlar sistemasına *demografiyalıq siyasat* delinedi. Bul siyasat, tiykarınan, eki túrli: mámleket xalqınıń tábiyiy ósimin kemeytiwge yaki onı kóteriwge qaratılǵan. Birinshi baǵdardaǵı demografiyalıq siyasat tájiriybeleri Qıtay, Hindistan, Pakistan, Bangladesh, Iran h.t.b. mámleketlerde bar bolsa, ekinshisi Evropa mámleketlerinde ámelge asırılmaqta.

Xalıq sanı, tuwılıwshılıq, ólimshilik, xalıqtıń tábiyiy ósiwi, demografiyalıq jarılıw, demografiyalıq ótiw, demografiyalıq jaǵday, demografiyalıq siyasat.

1. Demografiyalıq jarılıw túsinigi degen ne hám ol ne sebepten júz beredi?
2. Rawajlanǵan hám rawajlanıp atırǵan mámleketlerde demografiyalıq jaǵday qanday parıqlanadı?
3. Demografiyalıq siyasat haqqında pikirińizdi bildiriń.

# 18-§. URBANIZACIYA PROCESINIŃ GLOBAL HÁM REGIONAL TÁREPLERI

**Urbanizaciya** (latınsha *urb* — «qala») — bul qalalar hám qala xalqınıń ósiw, qala turmıs tárizininiń keń tarqalıw procesi bolıp tábıladı. Qalalar eń áyyemgi dáwirlerde júzege kelip, awıllar menen birgelikte xalıq jasaw orınlarınıń eki tiykarǵı túrinen birin quraydı. Qalalar tariyxıy jaqtan sociallıq miynet bólistiriliwi nátiyjesinde payda bolǵan hám rawajlanǵan. Áyyemgi dáwirlerde qalalar ónermentshilik, sawda-satlıq administrativlik basqarıw, qorǵanıw isleri, diniy ibadatxana hám zıyaratxanalar tiykarında júzege kelgen. Tariyxtan belgili, birneshe mıń jıllar aldın Jer júzinde Fiva, Bobil (Vavilon), Ur, Afina, Rim, Aleksandriya, Karfagen, Maxenjo-Daro, Samarqand (Marokand) sıyaqlı iri qalalar bolǵan. Biraq haqıyqıy qalalasıw procesi tez pátler menen tek ǵana XIX ásirde, dáslep Evropada, keyin ala bolsa Arqa Amerikada baslandı. Bul jaǵday Batıs mámleketlerinde sol waqıtta júz bergen sanaat revolyuciyasınıń nátiyjesi boldı. Dúnyanıń rawajlanǵan ellerinde bolsa urbanizaciya procesleri XX ásirdiń ortalarında social-ekonomikalıq hám siyasiy tarawlardaǵı unamlı ózgerisler sebepli baslandı hám házirgi kúnge shekem joqarı pátler menen dawam etpekte.

Aqırǵı 200 jıl dawamında dúnya xalqında qala xalqınıń úlesi úzliksiz túrde ósip barǵan. 1800-jılı adamzattıń shama menen 3 % i qalalarda jasaytuǵın edi. 1900-jılǵa kelip bul cifr 14 % ke shekem kóterildi. Yarım ásirden soń, 1950-jılı urbanizaciya dárejesi 29 % ti quradı, 1990-jılda bul kórsetkish 45 %, 2001-jılı — 47 % ke jetti. 2010-jılǵa kelip qalalılardıń dúnya xalqı quramındaǵı úlesi 50% ten arttı hám házirgi kúnde 54% ke jetti.

Urbanizaciya procesi 3 tiykarǵı basqıshtan ótip rawajlanadı.

I. *Qáliplesip atırǵan urbanizaciya* basqıshında qala xalqınıń úlesi 50% ten tómen bolıp, jańa qalalar júzege keledi, ayırım awıllıq orınlar qalalarǵa aylanıp baslaydı. Ásirese, iri qalalar tez ósiwdi baslaydı. Bunda eń iri qala basqalarǵa qaraǵanda birqansha ilgerilep ketedi. Eń iri qalalardıń ósiwi ayırım jaǵdaylarda «jalǵan» urbanizaciya tárizinde, yaǵnıy qala shetlerinde awıldan kóship kelgen tómen dáramatlı xalıq úy-jaylarınıń tıǵızlasıp barıwı kórinisinde boladı. Házirde Aziya hám Afrikadaǵı bir qatar rawajlanıp atırǵan eller urbanizaciyanıń mine usı basqıshın bastan keshirmekte.

II. *Rawajlanǵan urbanizaciya* basqıshı «millioner» qalalardıń joqarı pátler menen ósiwi menen hám de iri qalalardıń átirapında aglomeraciyalardıń júzege keliwi menen sıpatlanadı. Qalalılardıń jámi xalıqtaǵı úlesi 50% ten artıp, jańa qalalar derlik júzege kelmeydi, bar bolǵan qalalar bolsa, ásirese, irileri tez rawajlanadı, qala orınları sistemaları qáliplesip baradı. Urbanizaciyanıń bul basqıshı Shıǵıs Evropa, ǴMDA mámleketleri, Latın Amerikası, Arqa Afrika, Qubla-batıs Aziya, Okeaniyadaǵı kóplegen mámleketlerge tán.

III. *Jetik urbanizaciya* basqıshı Evropanıń eń rawajlanǵan mámleketleri, AQSH, Kanada, Avstraliya, Yaponiya, Izrailde baqlanbaqta. Bunda xalıq iri qalalardıń oraylarınan áste-aqırın qala átirapına kóship baradı, lekin qalada islew, oqıw, túrli xızmet júrgiziwdi dawam ettiredi. Nátiyjede, qalalar orayları, tiykarınan, isbilermenlik, bank-finans sektorı, basqarıw tarawlarınıń rawajlanıw orınlarına aylanıp, xalıq jasaw massivleri bolsa barǵan sayın oraydan uzaqlasıp bara beredi. Bunday social-geografiyalıq process *suburbanizaciya* dep ataladı. Transport hám baylanıstıń zamanagóy texnologiyaları rawajlanǵan sayın urbanizaciyanıń bul basqıshında qala ekonomikası tarmaqları hám qala turmıs tárizi awıllıq orınlarda da keń tarqalıp baradı, nátiyjede qala hám awıllardaǵı jasaw sharayatı barǵan sayın jaqınlasadı, yaǵnıy, awıllıq orınlar rásmiy túrde óziniń awıl statusın saqlap tursa da, negizinde, túp mániste qalalasıp ketedi. Qala menen awıllıq orınlar arasındaǵı social-ekonomikalıq parıq hám shegaralardıń joq bolıp barıw procesi *rurbanizaciya* dep ataladı.

***9-keste***

**Dúnya júzi hám iri regionlardıń urbanizaciya dárejesi (2016-j.)**

| № | Regionlar | Urbanizaciya, % |
|---|---|---|
| 1 | Dúnya júzi | 54 |
| 2 | Rawajlanǵan mámleketler | 78 |
| 3 | Rawajlanıp atırǵan mámleketler | 49 |
| 4 | Evropa | 74 |
| 5 | Aziya | 48 |
| 6 | Afrika | 41 |
| 7 | Arqa Amerika (AQSH hám Kanada) | 81 |
| 8 | Latın Amerikası | 80 |
| 9 | Avstraliya hám Okeaniya | 70 |

Demek, jáhán ellerinde urbanizaciya procesi túrli basqıshlarda rawajlanıp barmaqta hám bul, birinshi náwbette, social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi menen belgilenedi. Evropa, Arqa Amerika, Latın Amerikası, Avstraliya hám Okeaniya sıyaqlı iri regionlardaǵı mámleketlerde urbanizaciya kórsetkishi orta esapta 70% ten artqan (9-keste). Bul boyınsha, ásirese, Islandiya, Ullı Britaniya, Belgiya, Daniya, Niderlandiya, Avstraliya, Jańa Zelandiya, Argentina Venesuela sıyaqlı qalalasıw dárejesi 90 % joqarı bolǵan mámleketler kózge taslanadı.

Jáhán xalqınıń 60 procenti hám dúnyadaǵı qalalılardıń yarımı jasaytuǵın Aziya kontinentinde urbanizaciyanıń ulıwma dárejesi birqansha tómen bolıp, 50 % átirapında bolıp, ósiwde dawam etip atır. Afrikada bolsa urbanizaciya kórsetkishi 40 % sál kóbirek. Lekin hár eki kontinentte de joqarı urbanizaciyalasqan eller bar. Atap aytqanda, Aziyada Yaponiya, Qubla Koreya, Izrail, Persiya qoltıǵındaǵı arab elleri, Tailand, Afrikada bolsa Liviya, Aljir, Mısr, Marokko, QAR sıyaqlı mámleketler ajıralıp turadı. Sonıń menen birge, Butan, Burundi, Malavi, Uganda, Chad, Awǵanstan hám basqa ellerde urbanizaciya dárejesi 25 % ke de jetpeydi. Biraq aqırǵı jıllarda qala xalqınıń ulıwma sanı hám jáhán xalqındaǵı úlesi Aziya hám Afrika mámleketlerindegi urbanizaciya procesleri esabınan kóbeymekte. Bunda eń nátiyjeli úles qalaları birqansha joqarı pátler menen ósip baratırǵan Qıtay hám de Hindistan mámleketlerine tiyisli.

Jáhán urbanizaciyasınıń házirgi basqıshında xalıq aralıq sawda-ekonomikalıq hám bank-finans qatnasıqlarınıń rawajlanıwı, transmilliy korporaciyalardıń xızmeti sheńberiniń keńeyiwi, zamanagóy transport hám baylanıs tarmaqlarınıń júzege kelgenligi esabınan ayırım júdá iri qalalardıń tásir sheńberi jaylasqan mámleketi menen shegaralanıp qalmastan, basqa eller hám regionlar, ayırım waqıtları bolsa dúnyanı qamtıp almaqta. Bunday qalalardıń xalqınıń sanı birneshe million adamǵa teń bolıp, iri transmilliy korporaciyalar hám xalıq aralıq shólkemlerdiń rezidenciyaları, dúnyadaǵı eń iri port, sanaat kárxanaları, bank, finanslıq fond hám birjalar jaylasqanlıǵı menen basqa qalalardan ajıralıp turadı. Usınday túrdegi qalalarǵa qarata *global* (yamasa jáhán) *qalaları* ataması qollanıladı. Global qalalarǵa, eń dáslep, Nyu-York, London, Tokio, Shanxay, Gonkong, Parij, Dubay, Singapur sıyaqlı sawda-finanslıq hám transport múmkinshilikleri oǵada úlken qalalar kiredi. Global qalalardıń qatarı barǵan sayın keńeyip barmaqta, olardıń

tásir sheńberi bolsa barlıq kontinent hám olardıń iri bólimlerin qamtıp alıwǵa umtılmaqta.

Urbanizaciya procesleri social-ekonomikalıq rawajlanıwdıń ajıralmas bólimi hám olardıń tikkeley ónimi bolıp, bir qatar mashqalalardı da keltirip shıǵarıp atır. Bul mashqalalardıń kólemi keń bolıp, ekologiyalıq, ekonomikalıq, sociallıq, medicinalıq, mádeniy, ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárepler menen sıpatlanadı. Bunda óndiristiń qorshaǵan ortalıqqa ótkeretuǵın basımınıń kúsheyiwi, suw menen támiyinlewdegi kemshilikler, transport tarmaqlarına normadan artıq júk túsip atırǵanlıǵı, qala turmıs tárizi menen baylanıslı keselliklerdiń tarqalıwı, jınayatshılıqtıń artıwı hám basqa mashqalalar eń áhmiyetli bolıp esaplanadı. Demek, jáhán urbanizaciyasınıń zamanagóy basqıshı muǵdar hám sapa ózgeshelikleri, sonday-aq, túrli kórinistegi mashqalalı tárepleri menen sıpatlanadı.

Urbanizaciya, qala, qala xalqı, urbanizaciya basqıshları, «jalǵan» urbanizaciya, suburbanizciya, rurbanizaciya, global qalalar, urbanizaciya mashqalaları.

1. Ne sebepten urbanizaciya procesi sońǵı eki ásir dawamında joqarı tezlik penen rawajlandı?
2. Urbanizaciyanıń rawajlanıwı qanday basqıshlardı basıp ótedi?
3. Iri qalalardıń unamlı hám unamsız tárepleri keste formasında dápterińizge jazıp shıǵıń.

## 19-§. XALÍQ ARALÍQ MIGRACIYA PROCESLERI HÁM MASHQALALARÍ

Jáhán ellerinde xalıqtıń quramı hám jaylasıwına migraciyalar úlken tásir kórsetedi. ***Migraciya*** (latınsha *migratio* — «kóshiw») — xalıqtıń bir aymaqtan basqa aymaqqa turaqlı yamasa waqtınsha múddetke kóshiwi. Bir mánzil ishindegi kóshiw migraciya esaplanbaydı. Migraciyalar birneshe kriteriyalar boyınsha sıpatlanıwı múmkin. Aymaqlıq kólemi jaǵınan *sırtqı* hám *ishki* migraciyalar ajıratıladı. Sırtqı migraciya degende, basqa mámleketke kóshiw túsiniledi. Ayırım sırtqı jaǵdaylarda migraciyalar materik ishindegi hám materikler aralıq migraciyalarǵa bólinedi. Ishki migraciya bir mámlekettiń ishindegi basqa aymaqqa kóshiw bolıp esaplanadı. Ol, óz náwbetinde, rayon ishindegi hám rayonlar aralıq migraciyalarǵa bólinedi.

Múddetine qaray migraciyalar *turaqlı* hám *waqtınsha* túrlerge bólinedi. Waqtınsha migraciyalar máwsimlik, vaxtalı hám de mayatnik

tárizli (terbelmeli) boladı. Máwsimlik migraciyalar kóbirek awıl xojalıq jumısları menen baylanıslı bolsa, vaxtalı migraciyalar, tiykarınan, tábiyiy sharayatı qolaysız bolǵan orınlardaǵı paydalı qazılma kánlerinde yamasa qurılıs obyektlerinde miynet etiw menen baylanıslı. Mayatnik tárizli migraciyalar bolsa qala hám onıń átirápı ortasında kúnlik hám háptelik tártipte ótedi: qalaǵa onıń átirapındaǵı awıl hám kishi qalalardan xalıq islewge, oqıwǵa hám basqa maqsetlerde, qalalılar bolsa shetke, tiykarınan, dem alıw, zıyaratlaw yamasa diyqanshılıq penen shuǵıllanıw ushın tez-tez qatnap turadı.

Xalıqtıń migraciyasına *ekonomikalıq, shańaraqlıq, etnikalıq, diniy, siyasiy, ekologiyalıq (tábiyiy)* faktorlar sebep boladı. Migraciyalar, tiykarınan, ekonomikalıq sebepler, yaǵnıy turaqlı jasaw sharayatı hám jumıs orınların izlew menen baylanıslı. Shańaraqlıq migraciyalar túrli orınlarda jasap atırǵan shańaraq aǵzalarınıń birlesiwi sebepli ámelge asırıladı. Etnikalıq hám diniy migraciyalar degende, belgili bir millet yamasa din wákilleriniń basqa mámleket yamasa aymaqqa kóshiwi túsiniledi. Siyasiy migraciyalar urıs yamasa siyasiy krizislerdiń nátiyjesinde júz beredi. Ekologiyalıq migrantlar tábiyiy ortalıqtıń buzılıwı sebepli jasaw ornın ózgertedi. Bunnan tısqarı, xalıq migraciyaları *erkli* hám *májbúriy*, *shólkemlestirilgen* hám *shólkemlestirilmegen* sıyaqlı túrlerge de bólinedi.

Házirgi waqıtta eń úlken migraciya tolqını rawajlanıp atırǵan ellerden rawajlanǵan ellerge qaray baǵıtlanǵan (8-súwret). Bunda eń kóp sırt elli migrantlardı AQSH qabıl etedi. Aqırǵı jıllarda bul mámlekettegi immigrantlardıń sanı 45 million adamnan asqanı belgili boldı. Batıs Evropa mámleketleri arasında bolsa eń kóp immigrantlar Germaniya, Ullı Britaniya hám Franciyaǵa kelgen. Bul mámleketlerdiń hárbirinde 7-10 million immigrant jasaydı. Batıs Evropaǵa immigrantlardıń tiykarǵı bólimi Qubla-batıs hám Qubla Aziya, Arqa Afrika hám de Shıǵıs Evropa mámleketlerinen barıp atır. Basqa rawajlanǵan mámleketlerden Avstraliya, Kanada, Jańa Zelandiya, Izrail hám QAR kóplegen sırt elli migrantlardı qabıllap atır. Solay eken, barlıq rawajlanǵan mámáleketlerde migraciya saldosi (balansı) oń esaplanadı.

Kópshilik bólimi teris bolǵan migraciya balansına iye bolǵan rawajlanıp atırǵan eller ortasında da iri migracion aǵımlar júzege kelgen. Atap aytqanda, úlken muǵdardaǵı sırt ellik migrantlardı Persiya qoltıǵındaǵı arab elleri, ásirese, Saudiya Arabiyası hám BAÁ hám de Qubla Koreya, Singapur, Malayziya sıyaqlı jańa sanaatlasqan mámleketler ózine qabıllamaqta. Bul mámleketlerge Hindstan, Pakistan,



**8-súwret.** Xalıq aralıq xalıq migraciyasınıń tiykarǵı baǵdarları

Bangladesh, Yemen, Indoneziya, Vietnam, Mısr sıyaqlı Aziya hám de Afrika mámleketlerinen millionlaǵan immigrantlar barıp miynet etpekte.

Latın Amerikası, Aziya hám Afrika kontinentlerinde qońsı mámleketler arasında tek ǵana ekonomikalıq, siyasiy, ekologiyalıq, etnikalıq faktorlarǵa baylanıslı halda sanı jaǵınan iri, biraq aymaqlıq kólemi kózqarasınan lokal (jergilikli) migracion aǵıslar da júzege kelmekte. Mısalı, Siriyadan Túrkiyaǵa, Awǵanstannan Iranǵa, Ugandadan Keniyaǵa millionlaǵan adamlar kóship barıp atır. Iri migraciya aǵısları ǴMDA aymaǵında da bar bolıp, kóbirek Rossiyaǵa baǵdarlanǵan.

Házirgi zamandaǵı xalıq aralıq migraciyalarǵa bir qatar ózgeshelikler hám mashqalalı tárepler tán. Eń áhmiyetlisi sonda, migraciya procesleri búgingi kúnge kelip haqıyqıy mániste globallastı, derlik barlıq region hám mámleketlerdi óz sheńberine qamtıp aldı. Sırtqı migraciya ayırım jaǵdaylarda, ásirese, rawajlanǵan hám ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler ushın xalıqtıń ulıwma kóbeyiwinde úlken rol oynaytuǵın boldı. Biraq xalıq aralıq migraciya aǵısları immigraciya orayına aylanǵan mámleketler xalqınıń quramı hám háreketine, jámiyettegi etnikalıq hám konfessional (diniy) hár túrlilik, milletler aralıq hám dinler aralıq qatnasıqlarǵa sezilerli dárejede tásir ótkerip atır. Ayırım

jaǵdaylarda jergilikli xalıq hám kelgindiler ortasında soqlıǵısıwlar, kelis-pewshliklerde júz berip tur.

Sonıń menen birge, aqırǵı jıllarda dúnyada xalıqtıń májbúriy migraciyaları da kúsheyip barmaqta. Bul migracion tolqınlardıń oshaqları sıpatında Siriya, Iraq, Palestina, Liviya, Awǵanstan hám basqa áskeriy-siyasiy jaǵdayı awır hám xalıqtıń keń qatlamları ushın qáwipli bolǵan mámleketler ajıralıp turadı.

Zamanagóy migraciyanıń jáne bir áhmiyetli tárepi sonnan ibarat, xalıq aralıq migrantlardıń sapa quramı (másalı, bilim dárejesi kózqa-rasınan) ózgerip barmaqta, mámleketler aralıq migraciya aǵıslarında joqarı maǵlıwmatlı qánigelerdiń qatnası aktivlesip atır. Bul jaǵday immigraciya orayları bolǵan rawajlanǵan mámleketler ushın unamlı áhmiyetke iye bolsa, emigraciya oshaqları — rawajlanıp atırǵan hám ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler ushın unamsız jaǵday bolıp esaplanadı.

Xalıq migraciyaları, sırtqı hám ishki migraciya, migraciya sebepleri, migracion aǵıslar, immigraciya orayı, emigraciya oshaǵı, májbúriy migraciya.

1. Xalıq migraciyaları qanday kriteriyalar boyınsha túrlerge bólinedi?
2. Dúnyadaǵı eń iri xalıq aralıq migraciya aǵısları qaysı mámleketlerge qaray baǵdarlanǵan?
3. Qanday jaǵdaylarda mámleket sırtqı migraciyaǵa qaraǵanda onı belgili bir baǵdarda ózgertiw yamasa tártipke salıw maqsetinde arnawlı siyasat alıp barıwı kerek, dep oylaysız? Bul boyınsha óz pikirińizdi bildiriń.



# VI BAP. DÚNYANÍŃ GEOSIYASIY KÓRINISLERI HÁM GLOBAL MASHQALALAR

## 20-§. DUNYANÍŃ GEOSIYASIY SISTEMASÍ HÁM ONÍŃ QÁLIPLESIWI

«Geosiyasat» túsinigi ilimge birinshi márte shveciyalı ilimpaz Rudolf Chellen tárepinen kirgizilgen bolsa da, ilimge tiyisli dereklerde geosiyasattıń «atası» sıpatında nemec ilimpazı Fridrix Raceldiń atı ataladı. Ilimniń rawajlanıwında geografiya, siyasattanıw, tariyx, etnogeografiya, socialogiya sıyaqlı pánlerdiń áhmiyeti úlken. Geosiyasat iliminiń obyekti bolıp, dúnyanıń geosiyasiy dúzilisi hám xalıq aralıq dúnyalıq úgit-násiyat túsinilse, jámiyette bolıp atırǵan hár

qıylı dárejedegi social-ekonomikalıq procesler, olardıń júzege keliwi, háreketleniwi hám ózgerip barıwın ózinde sáwlelendiriwshi waqıyalardıń rawajlanıwın talqılaw onıń predmetin quraydı.

Geosiyasat ilimi, tiykarınan, úsh túrdegi ilimiy qatnastıń tásirinde rawajlanǵan. *Civilizacion* qatnas tárepdarları adamzat tariyxın mámleketler yamasa imperiyalar emes, bálkim túrli mádeniy-diniy jámiyetler — civilizaciyalar rawajlandıradı degen pikirdi bildiredi. N. Y. Danilevskiy, K. N. Leontyev, P. N. Savickiy, L. N. Gumilyov, A. Toynbi, S. Xantington sıyaqlılar usı aǵım ideyalarınıń rawajlanıwına úlken úles qosqan. Garvard universiteti professorı S.Xantingtonnıń 1993-jılı baspadan shıqqan «Civilizaciyalardıń soqlıǵısıwı» atlı kitabında XXI ásirdiń tiykarǵı básekili soqlıǵısıwlardıń negizi bolıp ekonomika yamasa ideologiya emes, bálkim civilizaciyalardıń shegaraları kesilisken aymaqlar esaplanıwına ayrıqsha toqtaladı.

*Áskeriy-strategiyalıq* qatnas tárepdarları N. Makiavelli, K. fon Klauzes, X. I. Moltke, A. Mexen. D. A. Milyutin sıyaqlılar teńiz jaǵasındaǵı mámleketlerdiń tariyxı, geografiyalıq ornı, jaǵa shegara sızıqlarınıń uzınlıǵı hám kórinisi, olarda jasawshı xalıqtıń sanı hám de olarǵa tán bolǵan ózgeshelik sıyaqlı faktorlardıń tásirinde qáliplesedi degen pikirdi bildirgen. Bul aǵım wákilleriniń ideyaları ulıwma jaǵdayda teńiz boyındaǵı mámleketlerdiń kontinental (qurǵaqlıqtıń ishkerisindegi) mámleketlerge qaraǵanda jáhán siyasiy saxnasında jetekshilikke erisiw ushın ámelge asırılıwı lazım bolǵan, háreketler baǵdarın kórsetip beriwden ibarat bolǵan, dep esaplaw múmkin.

*Geografiyalıq determinizm* geosiyasatta eń áyyemgi qatnas bolıp esaplanadı. Usı ideya tárepdarları tábiyiy ortalıq (klimat, topıraq, dárya, teńiz h.t.b.) jáhán tariyxı hám de insanlardıń turmıs tárizine tásir kórsetedi dep esaplaydı. Bul pikirler áyyemgi dúnya ilimpazlarınan Gerodot, Gippokrat, Polibiy, Aristotel sıyaqlılar tárepinen qáliplestirilgen, keyin ala onıń rawajlanıwında J. Baden, Sh. Monteskye, A. fon Gumboldt sıyaqlılardıń xızmetleri úlken bolǵan. Olar tárepinen kórsetip berilgen tábiyiy ortalıq elementleriniń arasında klimat insan xarakteriniń qáliplesiwinde hám mámleketlerde bar bolǵan siyasat ózgeshelikleriniń júzege keliwine sebepshi bolǵan tiykarǵı faktor sıpatında qaralǵan.

Geosiyasattaǵı barlıq qaraslar mákan (territoriya) ústinen qadaǵalaw ideyasın rawajlandırıwǵa qaratılǵan. Bul ilim mámleket yamasa mámleketler awqamı tárepinen mákannıń ústinen qadaǵalaw ornatıwdıń tiykarǵı baǵdarları hám formaların izertlew menen ajıralıp turadı.

Qadaǵalanıp atırǵan yamasa qadaǵalanıwı rejelestirilip atırǵan territoriya *geosiyasiy maydan* delinedi. Bunnan tısqarı, kúshlerdiń qatnası, siyasiy mákan, shegara, geosiyasiy qızıǵıw sıyaqlı geosiyasiy túsinikler de bar.

Geosiyasat kózqarasınan adamzat tariyxı túrli geosiyasiy dáwirlerdiń izbe-izliginen ibarat. Dúnyanıń geosiyasiy sistemasınıń qáliplesiwinde Vestfal, Vena, Versal, Potsdam hám de Belovej dáwirleriniń áhmiyeti úlken. 1648-jıl Otız jıllıq urıstıń tamamlanıwı múnásibeti menen qol qoyılǵan Vestfal shártnaması Evropada Ispaniya, Portugaliya, Gollandiya keyin ala Angliya, Shveciya hám Franciya sıyaqlı oraylasqan kúshli mámleketlerdiń jáhán siyasiy maydanında húkimranlıq etiw ushın óz ara gúreske kirisiwine sebepshi boldı. Bul basqısh XIX ásirdiń baslarına shekem dawam etken.

1814-jılı sentyabr — 1815-jılı iyun aylarında francuz revolyuciyası júz beriwi hám Napoleon armiyasınıń jeńiliwi menen Evropada júzege kelgen siyasiy jaǵday Vena kongresinde úyrenip shıǵılǵan hám bul process jańa — Vena geosiyasiy dáwiriniń baslanıwına sebepshi bolǵan. Rossiya, Avstro-Vengriya, Britaniya, Germaniya, Franciya hám Usmaniyler imperiyasınıń siyasiy dárejeleriniń artıwı hám olardıń ortasında dúnyanı bólip alıwǵa bolǵan siyasiy básekiniń kúsheyiwi; XIX ásirdiń aqırlarında AQSH hám Germaniyanıń ekonomikalıq jaqtan rawajlanıwı; Germaniya, Avstro-Vengriya hám Italiyanıń siyasiy jaqtan birlesiwi nátijesinde Úshlik awqamınıń júzege keliwi; Franciya, Angliya hám Rossiyanıń bolsa Antanta awqamına birlesiwi; eki awqam ortasında júzege kelgen Birinshi jáhán urısınıń Úshlik awqamnıń jeńiliwi menen tamamlanıwı bul dáwirdiń áhmiyetli geosiyasiy waqıyaları esaplanadı.

1919-jılı 28-iyun kúni Franciyanıń Versal qalasında Birinshi Jer júzilik urısınıń tamamlanıwı múnásibeti menen shártnamaǵa qol qoyılıwı menen geosiyasatta Versal dáwiri baslandı. Shártnamaǵa muwapıq Franciyanıń kontinental, Angliyanıń bolsa teńizdegi qúdiretli imperiyalarǵa aylanıwı; Germaniya, Avstriya-Vengriya, Rossiya hám Túrk imperiyalarınıń kriziske ushırawı; 1917-jıl oktyabrinen baslap jáhánde dáslepki socialistlik dúzimge iye bolǵan respublikalar awqamınıń payda bolıwı; jáhán mámleketleri arasında AQSHtıń siyasiy hám ekonomikalıq dárejesiniń kúsheyiwi; 1939-jılda Ekinshi Jer júzilik urısınıń baslanıwı usı dáwirge tán tiykarǵı tariyxıy waqıyalar esaplanadı.

1945-jıl Germaniyanıń Potsdam qalasında Ekinshi Jer júzilik urısınıń tamamlanıwı menen Potsdam shártnaması menen tórtinshi geosiyasiy dáwir baslandı. Dúnyadaǵı biopolyar (eki polyuslı) jaǵdaydıń júzege

keliwi; Burıńǵı Awqam hám onıń tárepdarları kontinental, AQSH hám onıń tárepdarlarınıń teńizdegi qúdiretli mámleketlerge aylanıwı; eki qúdiretli blok ortasındaǵı suwıq yadrolıq urıs qáwipiniń júzege keliwi bul dáwirdegi tiykarǵı siyasiy process bolıp esaplanadı.

1991-jıl 8-dekabr kúni Belarusiyadaǵı Belovej Pushchası qorıqxanasında SSSR mámleketi rásmiy túrde tarqatılıp jiberiliwi múnásibeti menen Belovej shártnamasına qol qoyılıwı házirgi dáwirde eń sońǵı geosiyasiy basqıshtıń baslanıwına túrtki boldı. Onıń ornında 12 ǵárezsiz mámlekettiń júzege keliwi hám olardıń ǴMDA quramında birlesiwi; jáhánde socialistlik dúzimniń jemiriliwi; Evropanıń bir qatar mámleketlerinde (GFR, Yugoslaviya, Chexoslavakiya) júz bergen siyasiy ózgerisler; NATO áskeriy bloki qúdiretiniń kúsheyiwi sıyaqlılar usı dáwirge tán tiykarǵı siyasiy ózgerisler bolıp esaplanadı. Aytıp ótilgenindey, bul dáwir ele óziniń aqırına jetpedi. Bul bolsa Belovej dáwirine tán bolǵan jáne bir qatar siyasiy ózgerisler júz beriwi múmkin.

Geosiyasat, geosiyasiy qatnas, civilizacion qatnas, áskeriy-strategiyalıq qatnas, geografiyalıq determenizm, geosiyasiy kategoriyalar, mákannıń ústinen qadaǵalaw, geosiyasiy maydan, geosiyasiy dáwirler, Vestfal, Vena, Versal, Potsdam, Belovej dáwirleri.

1. Geosiyasat ilimi qaysı tárepleri menen basqa geografiyalıq ilimlerden ajıralıp turadı?
2. Rudolf Chellenniń «Geosiyasat — bul dúnyadaǵı mámleketlerdi geografiyalıq organizm sıpatında úyreniwshi ilim» degen pikirine qanday sıpatlama beresiz?
3. Temadaǵı maǵlıwmatlardan paydalanıp, Belovej dáwirinde jáhán regionlarında júz bergen siyasiy ózgerislerdi tómendegi kestege jazıń.

| № | Regionlar | Tiykarǵı geosiyasiy waqıyalar |
|---|---|---|
| | | |
| | | |

## 21-§. JÁHÁNDEGI ZAMANAGÓY GEOSIYASIY JAǴDAY. MÁMLEKETLERDIŃ INTEGRACION BIRLESPELERI

Jáhánniń siyasiy saxnasınan kontinental mámleketlerdiń qúdiretin kórsetiwshi Burıńǵı Awqamnıń tarqalıwı kóplegen siyasiy ózgerislerge sebep boldı. Uzaq dáwirlerden beri eki polyarlı, yaǵnıy biopolyar bolǵan dúnyada qısqa waqıt ishinde bir qatar geosiyasiy oraylar qáliplesti.

Bárshege belgili, **Evropa** jáhán regionları arasında eń kóp túrli siyasiy procesler hám ózgerislerdi basınan keshirgen region bolıp esaplanadı. Potsdam shártnaması urıstan keyingi dáwirlerde Batıs Evropanıń AQSH, Ullı Britaniya hám Franciya elleri járdeminde siyasiy jaqtan joqarılawı, kapitalistlik qatnasıqlarǵa tiykarlanǵan ekonomikanıń rawajlanıwına sebepshi boldı. Shıǵıs Evropa elleriniń siyasiy, social-ekonomikalıq rawajlanıwı bolsa Burınǵı Awqamnıń tásirinde ámelge asqan hám bul jerde socialistlik dúzilis tiykarǵı ideyaǵa aylanǵan edi.

Urıstıń shıǵınları saplastırılǵannan soń, usı subregionnıń tiykarǵı elleri birgelikte social-ekonomikalıq rawajlanıwǵa erisiw, shıǵıstaǵı ellerde júzege kelgen socialistlik basqarıwdıń batıstaǵı aymaqlarǵa jayılıwınıń aldın alıw maqsetinde keyin ala jáhándegi eń kúshli integracion birlespelerden biri dep tán alınǵan Evropa Awqamı shólkemlestirildi. Shıǵıs Evropa territoriyasında socialistlik dúzim jemirilgennen soń, ondaǵı ellerdi óziniń geosiyasiy qadaǵalawında uslaw maqsetinde 2004—2013-jıllar aralıǵında subregionnıń 11 mámleketi Evropa Awqamınıń quramına kirgizildi.

Evropa mámleketleri ekonomikasında 2008-jılı júz bergen finanslı-ekonomikalıq krizistiń unamsız aqıbetleri ele de sezilip turǵan bir waqıtta Afrika hám Jaqın Shıǵıs ellerinde júz berip atırǵan túrli siyasiy tınıshsızlıqlardıń nátiyjesinde region territoriyasına kóplep migrantlardıń kirip keliwi bir qatar siyasiy, sociallıq, ekonomikalıq mashqalalardıń júzege keliwine sebepshi bolıp atır. Túrli klastaǵı migrantlar menen bir qatarda Evropaǵa túrli ideyalar, túrli mádeniyat hám de úrp-ádetler de kirip kelmekte. Bul bolsa óz náwbetinde migrantlar hám de jergilikli xalıqtıń ortasında túrli qarama-qarsılıqlardı keltirip shıǵarıp atır.

1776-jılı Angliyanıń Amerikadaǵı 13 koloniyası óziniń siyasiy ǵárezsizligin járiyaladı. Tiykarınan, zamanagóy **AQSH** territoriyasınıń arqa-shıǵıs hám shıǵıs bólimlerin iyelegen 13 shtat keyingi dáwirlerde óziniń aymaqların keńeytiw maqsetinde bul jerdegi túrli mámleketlerge tiyisli bolǵan bir qatar jerlerdi satıp alǵan bolsa (mısalı, Franciyadan Luiziananı, Rossiyadan Alyaskanı), qubla hám oraylıq shtatlardıń úlken bólimin bolsa urıslar nátiyjesinde Ispaniya, Meksika sıyaqlı mámleketlerden tartıp aldı. XIX ásirdiń aqırınan baslap, dáslep meridianal baǵıtta pútkil Amerika kontinentin, keyin bolsa Evropa, Aziya, Afrika hám Avstraliya hám Okeaniya territoriyaların qadaǵalawdı áste-aqırın qolǵa kiritti. Házirgi dáwirde AQSH óziniń tiykarǵı qarsılasları dep bilgen Rossiya, Qıtay, Germaniya, Iran, islam dinine sıyınıwshı Arab

mámleketleri átirapında óziniń geosiyasiy tayanısh regionların qáliplestirip, olardıń jaǵa boyı aymaqlarına shıǵıw imkaniyatın ilajı barınsha sheklewge háreket etpekte. Usı arqalı bir polyuslı dúnyanı qáliplestirip, pútkil dúnya regionların qadaǵalawdı óz qolına alıwǵa umtıladı.

SSSRdıń bólinip ketiwi onıń eń qúdiretli mámleketi esaplanǵan **Rossiyanıń** aldında bir tárepten ishki social-ekonomikalıq máselelerdi sheshiw, ekinshi tárepten, qaytadan jáhándegi siyasiy abırayın tiklewdey qıyın wazıypanı kóldeneń qoydı. Rossiya óz mashqalaların sheshiw ushın zárúr bolǵan waqıttı qoldan jibermew ushın, dáslep, ǴMDA aymaǵında tınıshlıqtı saqlap turıwdan mápdar edi. Sonıń menen birge, batıstıń tásirine túsip qalıp atırǵan ǴMDA ellerin óziniń tásir sheńberinde saqlap qalıwǵa da háreket etpekte.

Burıńǵı Awqam sistemasınan qalǵan social-ekonomikalıq ózgeshelikke iye bolǵan ishki, Rossiyanıń tásir sheńberin taraytıırıwǵa qaratılǵan NATO aymaǵınıń shıǵısqa qaray keńeyip barıwı, xalıq aralıq terroristlik hám basqa toparlardıń Rossiyanıń geosiyasiy abırayın tómenletiwge qaratılǵan háreketleri kórinisindegi sırtqı faktorlar onıń jáhándegi tiykarǵı geosiyasiy oraylardan birine aylanıwına tosqınlıq etip atır.

Jáhánniń áyyemgi mádeniy oraylarınan bolǵan **Qıtayda** 1910-jılı monarxiyalıq dúzimniń qulawı Shıǵıs Aziya regionında úlken ózgerislerge sebepshi boldı. 1949-jılı ishki siyasiy kelis-pewshiliklerdi SSSR járdeminde sheshken kommunistlik partiya bul jerde socialistlik dúzimdi ornatıwǵa eristi. Búgingi Qıtaydıń geosiyasatı mámlekettiń jedel ekonomikalıq rawajlanıwı, socialistlik jobalı ekonomikadan erkin bazar qatnasıqlarına ótiwine qaratılǵan. Qıtaydıń 1976—1989-jıllardaǵı basshısı Den Syaopin tárepinen islep shıǵılǵan konsepciya tiykarında Qıtayda ekonomika hám jámiyetti erkinlestiriw boyınsha reformalar basqıshpa-basqısh ámelge asırılıp atır. Qısqa waqıtta ekonomikada unamlı nátiyjelerge erisildi. Bunı Qıtaydıń ulıwma JIÓ kórsetkishi boyınsha jáhánde birinshi orındı iyelewinde de kóriw múmkin. 2016-jılı maǵlıwmatları boyınsha, jáhán ulıwma JIÓniń 17,8%ke jaqın bólimi Qıtaydıń úlesine tuwrı keledi. Óziniń ekonomikalıq qúdiretin asırıp baratırǵan Qıtay jáhánde óziniń geosiyasiy tásir sheńberin de keńeytiwge háreket etip atır. Ol birinshi náwbette, jaqın qońsıları, úlken tábiyiy, sociallıq hám ekonomikalıq resurs imkaniyatlarına iye bolǵan eller menen baylanısların bekkemlep barmaqta.

Bárshege belgili, **Jaqın Shıǵıs** elleri júdá qolaylı geosiyasiy orınǵa iye. Úsh kontinent — Evropa, Aziya hám de Afrikanıń kesilispesinde

jaylasqanlığı regionǵa kóplegen iri mámleketlerdiń geosiyasiy qızıǵıwslarına sebep boladı. Sońǵı jıllarda bul jerde tabılǵan energiya resurslarınıń úlken qorı bul qızıǵıwshılıqtıń artıwına alıp kelmekte. Sonıń menen birge, bul territoriya jáhánniń eń tınısh emes regionlarınan biri bolıp esaplanadı. Buǵan, birinshi náwbette, diniy faktor sebepshi esaplanadı.

1947-jılı 29-noyabrde BMSH tárepinen usınıs etilgen jobaǵa muwapıq Palestina territoriyalarında evrey hám arab mámleketlerin shólkemlestiriw kózde tutıldı. 1948-jılı 14-mayda bul aymaqta evrey dinine sıyınıwshı Izrail mámleketiniń dúziliwi arab elleriniń narazılıqlarına sebep boldı. Nátiyjede, 1948-jıl 15-mayda arab mámleketler ligası óz armiyasın Palestina jerlerine alıp kirdi. Áskeriy háreketler uzaq múddet dawam etpegen bolsa da, ol házirge shekem óz sheshimin tappaǵan «Palestina-Izrail» mashqalalarınıń qáliplesiwine alıp keldi.

Bunnan tısqarı, sońǵı jıllarda region aymaǵınıń Suriyaǵa tiyisli aymaqlarında kelip ornalasqan radikal islam toparları tárepinen shólkemlestirilip atırǵan mámleketshilik kórinisiniń júzege keliwi, oǵan qarsı dáslep Siriya Armiyası, sońınan Rossiya, AQSH, bir qatar Evropa mámleketleri awqamı birlesken armiyalarınıń gúresi regiondaǵı geosiyasiy jaǵdaydıń jamanlasıwına alıp kelgen. Áskeriy háreketler alıp barılıp atırǵan orınlarda tınısh xalıqtıń óz úylerinen bas alıp ketiwine, ekonomikalıq obyektlerdiń jeksen bolıwına sebep bolıp atır. Jaqın Shıǵıs mámleketleri mashqalası jáhán siyasiy turmısındaǵı sheshilmegen máselelerden biri bolıp esaplanadı.

**Mámleketlerdiń integracion birlespeleri.** Jáhán ekonomikasında globallasıw procesiniń júzege keliwi ekonomikalıq integraciylardıń qáliplesiwine sebepshi bolǵan. Ekonomikalıq integraciya mámleketler aralıq kelisiw siyasatı tiykarında olardıń ortasında óz ara uzaq múddetli hám turaqlı ekonomikalıq qatnasıqlardıń rawajlanıwı bolıp tabıladı.

*Evropa Awqamı* (EA) regional integracion toparlar arasında aǵza mámleketler sanınıń kópligi, olardıń jáhán ekonomikasında áhmiyetli orın iyelewi menen ajıralıp turadı. Onıń dúziliwi 1951-jıl Evropa kómir hám temir islep shıǵarıwshılar birlespesiniń shólkemlestiriliwi menen baylanıslı. Usı birlespege Germaniya, Franciya, Italiya, Belgiya, Niderlandiya hám Lyuksemburg mámleketleri aǵza bolǵan. 1957-jılı bul mámleketler Evropa ekonomikalıq birlespesi hám atom energiyası boyınsha Evropa Awqamın shólkemlestiriw boyınsha shártnamaǵa qol qoyǵan. 1967-jılı joqarıda aytılǵan úsh shólkemniń birlesiwi Evropa Awqamınıń dúziliwine tiykar boldı. 1973-jılı — Ullı Britaniya, Daniya,

Irlandiya, 1981-jılı — Greciya, 1986-jılı Ispaniya, Portugaliya, 1995-jılı — Avstriya, Shveciya, Finlandiya, 2004-jılı — Polsha, Chexiya, Vengriya, Slovakiya, Sloveniya, Litva, Latviya, Estoniya, Kipr, Malta, 2007-jılı Rumıniya, Bolgariya 2013-jılı — Xorvatiya mámleketleri usı shólkemge aǵza boldı. 2016-jılı Ullı Britaniyada ótkerilgen referendum nátiyjelerine muwapıq bul mámleket Evropa Awqamı quramınan shıqtı. Onıń bul shólkemnen tolıq ajıralıp shıǵıwı 2017-jılı jazında júz berdi.

Ishki shegaralarǵa iye bolmaǵan birden bir ekonomikalıq mákandı jaratıw, usı territoriyada social hám ekonomikalıq baylanıslardı kúsheytiw, óndiris qárejetlerin teńlestiriw maqsetinde aylanıs ushın birden bir valyutanı engiziw Evropa Awqamınıń tiykarǵı maqseti bolıp esaplanadı.

*Ǵárezsiz mámleketler doslıq awqamı* (ǴMDA)na 1991-jılı 8-dekabrde tiykar salınǵan bolıp, óz xızmetin sol jıldıń 21-dekabrinde baslaǵan. Doslıq awqamınıń nızamına muwapıq aǵza mámleketler insan huqıqları hám erkinliklerin támiyinlew, mámleketler sırtqı siyasatın qadaǵalaw, ekonomikalıq birge islesiw, transport hám baylanıs sistemasın rawajlandırıw, xalıqtıń densawlıǵın qorǵaw, tábiyattı qorǵaw, sociallıq migracion siyasat máselelerin sheshiw; birlesken jınayatshılıqqa qarsı gúresiw máselelerin birgelikte sheshiwi zárúr. Házirgi kúnde Rossiya Federaciyası, Belarusiya, Qazaqstan, Ózbekistan, Qırǵızstan, Tájikstan, Moldaviya, Azerbayjan, Armeniya Respublikaları shólkemniń aǵzaları bolıp esaplanadı. Túrkmenistan bolsa associaciyalasqan mámleket esap-lanadı. Sonıń menen birge Mongoliya, Awǵanstan shólkemniń baqlawshıları sıpatında túrli dárejelerdegi jıynalıslarda qatnasadı.

*Shanxay birge islesiw shólkemi* (SHBISH) niń qáliplesiwi 1996-jıl 26-aprelde Qıtaydıń Shanxay qalasında Qazaqstan, Qırǵızstan, Rossiya, Qıtay Xalıq Respublikası hám Tájikstan áskeriy tarawda birge islesiw boyınsha kelisimge qol qoyıldı. Dáslep «Shanxay besligi» dep atalǵan shólkem 2001-jılı Ózbekistannıń oǵan aǵza bolǵannan soń házirgi rásmiy atındaǵı shólkem dúzilgenligi haqqındaǵı deklaraciyanı járiyaladı. 2017-jılı Hindstan hám Pakistan usı




***9-súwret.*** SHBISH dúnyakartasında

shólkemniń teń huquqlı aǵzalarına aylandı. Sonıń menen birge, 6 birge islesiw boyınsha aǵza mámleketler, 4 baqlawshı hám 2 kandidat mámleketler qatnasadı (9-súwret). Aǵza mámleketler ortasında óz ara isenim, doslıq hám jaqsı qońsılıqtı támiyinlew, regionda tınıshlıqtı saqlaw, qáwipsizlik máselelerin birgelikte sheshiw, terrorizm hám ekstremizmge qarsı birgelikte háreket etiw, qural-jaraq, narkotik zatlar hám de nızamsız migraciyaǵa qarsı gúres, ekonomikalıq máselelerde óz ara birge islesiwdi rawajlandırıwlar shólkemniń tiykarǵı maqseti bolıp esaplanadı. Házirgi kúnde onıń quramında jáhánniń qúdiretli mámleketlerinen — Rossiya, Qıtay, Hindstannıń jumıs alıp barıwı onıń dúnya júzindegi abırayınıń artıwına sebep bolmaqta.

Geosiyasiy jaǵday, socialistlik dúzim, kapitalistlik dúzim, bufer mámleket, tınıshsız region, geosiyasiy orın, geosiyasiy qızıǵıwshılıq, ekonomikalıq integraciya.

1. AQSHtıń jáhán ekonomikasında tutqan ornına baha beriń. Onıń siyasiy, sociallıq, ekonomikalıq turmıstaǵı abırayınıń artıwına qanday faktorlar sebep boladı?
2. Ózbekistan qanday integracion birlespeler quramında xızmet alıp baradı?
3. Dápterińizge jáhán ekonomikasında úlken áhmiyetke iye bolǵan integracion birlespelerdiń atların jazıń.

## 22-§. ADAMZATTÍŃ GLOBAL MASHQALALARÍ

Sanaat hám ilim-texnikanıń revolyuciyası dáwirinde adamzattıń social-ekonomikalıq rawajlanıwı túpten ózgerip ketti. Bul ózgerisler nátiyjesinde bir qatar áhmiyetli, tásir sheńberi jáhán kóleminde bolǵan, adamzattıń keleshektegi sociallıq rawajlanıwın belgilep berip atırǵan mashqalalar júzege keldi. Bul mashqalalar adamzattıń global mashqalaları dep ataladı hám de olardıń sheshimin tabıw jolında barlıq mámleketlerdiń kúsh-qúdireti, imkaniyat-háreketleriniń jámlesiwi maqsetke muwapıq.

Global mashqalalardıń júzege keliwi hám keskinlesiwi sebepleri jáhán xalqı sanınıń qısqa waqıt ishinde birneshe ese óskenligi, sanaat hám basqa óndiris tarmaqlarınıń tez pátler menen rawajlanıwı, tábiyiy ortalıqtaǵı teńsalmaqlılıqtıń insannıń xojalıq iskerligi tásirinde buzılıwı, jáhán xojalıǵında xalıq aralıq ekonomikalıq baylanıslardıń bekkemleniwi sebepli birden-bir global sistema sıpatında qáliplesiwi, ilim-texnika revolyuciyası hám zamanagóy xabar-kommunikaciya texnologiyalarınıń unamsız aqıbetleri, mámleketler hám siyasiy kúshler ortasında qarama-qarsılıqlardıń kúsheyiwi sıyaqlılardan ibarat.

Tiykarǵı global mashqalalar qatarına, ádette, tómendegiler kiredi: tınıshlıqtı saqlaw hám jáhán qáwipsizligin támiyinlew mashqalası; ekologiyalıq mashqala; rawajlanıp atırǵan mámleketlerdiń social-ekonomikalıq artta qalıwshılıǵı hám jarlılıq mashqalası; demografiyalıq mashqala (rawajlanıp atırǵan eller xalqınıń joqarı pátler menen ósiwi hám rawajlanǵan ellerdegi demografiyalıq krizis); azıq-awqat mashqalası, energetika mashqalası, shiyki zat resursları mashqalası, Dúnya okeanınan aqılǵa muwapıq paydalanıw mashqalası; milletler aralıq hám dinler aralıq qatnasıqlardıń mashqalası; qan-júrek, onkologiyalıq kesellikler hám AIJSna qarsı gúresiw mashqalası. Bunnan tısqarı, basqa bir topar mashqalalar da ayırım ádebiyatlarda global mashqalalar qatarına kirgiziledi, mısalı, ayrıqsha jaǵdaylarǵa qarsı gúresiw hám aldın alıw mashqalası, kosmostı ózlestiriw hám kosmoslıq ekologiya mashqalası yamasa ruwxıy qádiriyatlar krizisi mashqalası.

Adamzattıń global mashqalaları bir-biri menen tıǵız baylanıslı bolıp, bir mashqala basqalarınıń keskinlesiwine alıp kelip atır. Solay eken, turaqlı mashqalanı basqa mashqalalarǵa itibar qaratpaǵan halda sheshiwdiń imkanı joq. Mısalı, rawajlanıp atırǵan ellerdegi *demografiyalıq* hám *azıq-awqat mashqalaları* arasında belgili baylanıs bar, sebebi xalıqtıń joqarı pátler menen kóbeyiwi azıq-awqat ónimleriniń jetispewshligi hám asharshılıqtı keskinlestiredi. *Energetika* hám *ekologiyalıq mashqalalar* da tikkeley bir-birine baylanıslı bolıp esaplanadı, sebebi jańa energiya dereklerin izlew hám óndiriske engiziw qorshaǵan ortalıqqa belgili dárejede tásir etedi.

Global mashqalalardan *tınıshlıqtı saqlaw hám quralsızlanıw mashqalası* eń universal áhmiyetke iye, sebebi bul mashqala sheshilmese, Jer júzinde tirishilik hám civilizaciyanıń keleshegi júdá ashınarlı jaǵdayǵa kelip qalıwı anıq. Adamzat tariyxında, ayırım maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, jámi 14 mıńnan artıq urıslar júz bergen hám tilekke qarsı, áskeriy kelispewshilik hám qarama-qarsılıqlar planetamızdıń túrli orınlarında elege shekem dawam etpekte. Lekin, global dárejede bul mashqala jámi 70 millionnan aslam adam qurban bolǵan eki jer júzilik urısı bolıp ótken XX ásirde keskinlesti.

Urıstan keyingi dáwirde bolsa kapitalistlik hám socialistlik mámleketler, ásirese, AQSH hám Burınǵı Awqam ortasındaǵı ótkir qarama-qarsılıqlar sharayatında «qural jarısı» keskinlesip ketti.

Házirgi waqıtta AQSH, Rossiya Federaciyası, Ullı Britaniya, Franciya, Qıtay, Hindstan hám Pakistan jáhánniń rásmiy túrde tán alınǵan yadrolıq quralǵa iye mámleketleri esaplanadı. Sonday-aq,

rásmiy yadrolıq dárejege iye bolmaǵan KXDR da bul túrdegi quralǵa iye ekenligi bárshege belgili.

Dúnyanıń túrli regionlarında urıs hám áskeriy soqlıǵısıwlar júz bermekte. Áskeriy háreketler hám puqaralıq urıslar sebepli ayırım mámleketler gumanitar apatshılıq jaǵdayına kelip qaldı. Buǵan Siriya, Iraq, Liviya, Somali, Awǵanstan, Qubla Sudan hám basqa mámleketlerdi mısal keltiriw múmkin.

Sonday-aq, *tómen rawajlanǵan ellerdiń social-ekonomikalıq artta qalıwshılıǵı* hám *jarlılıǵı* da áhmiyetli mashqalalardan biri bolıp esaplanadı. Házirgi kúnde 1,2 milliardqa adam asharshılıqqa dus kelip atır, 1,7 milliardtan aslam xalıqtıń ortasha ómir súriw jası 60 jasqa jetpeydi, 1,5 milliard adamlardıń medicinalıq xızmetlerden paydalanıw imkaniyatı ulıwma joq, 1 milliardtan aslam adamlar júdá kámbaǵal turmıs keshirip atır, 200 millionnan aslam balalar mektep tálimin ala almay atır, jáhánde 800 millionnan aslam adam pútkilley sawatsız, yaǵnıy jazıw hám oqıwdı bilmeydi. Eń awır social-ekonomikalıq jaǵday BMSH tárepinen eń tómen rawajlanǵan (eń jarlı) eller toparına kirgizilgen mámleketlerde baqlanadı. Bul dizim dáslep 1971-jılda dúzilip, oǵan 24 mámleket kirgizilgen edi. 2014-jıl boyınsha onda 48 mámleket orın alǵan (10-súwret).



***10-súwret.*** BMSHnıń eń tómen rawajlanǵan mámleketler dizimine kirgizilgen (kók reńdegi) hám bul dizimnen aqırǵı jılları shıǵıp ketken (jasıl reńde) mámleketler.

Bulardan 34 i Afrikada, 9 ı Aziyada, 4 i Okeaniyada hám 1 i (Gaiti) Latın Amerikasında jaylasqan. Bul túrdegi ellerde jáhán xalqınıń 11% ten aslamı jasaydı.

Házirgi kúnde *azıq-awqat mashqalası* da kóplegen rawajlanıp atırǵan eller ushın áhmiyetli bolıp esaplanadı. Bul mashqalanıń mazmunı dúnyada jámi 1,2 milliardqa jaqın adamlar jeterli dárejede azıqlıq zatlardan paydalana almay atırǵanlıǵı, ol yaki bul dárejede asharshılıqqa ushıraǵanlıǵınan ibarat. Xalqı eń joqarı pátler menen kóbeyip atırǵan, Afrika ellerinde bul mashqala eń keskin dárejede júz berip atır. Atap aytqanda, Somali, Qubla Sudan, Chad hám basqa ellerde asharshılıq ulıwma milliy gumanitar apatshılıq dárejesine jetken. Sonday-aq, Qubla hám Qubla-shıǵıs Aziya hám de Latın Amerikasınıń ayırım mámleketlerinde de birneshe million adam asharshılıq sharayatında jasap atır. Azıq-awqat mashqalasınıń sheshimine, tiykarınan, awıl xojalıǵındaǵı texnika hám texnologiyalardı túpten jetilistiriw, bul tarawda miynet ónimdarlıǵın arttırıw jolları menen erisiw múmkin.

Energetika mashqalası da áhmiyetli global mashqalalardan biri bolıp, onıń mazmunı jáhán energetika balansınıń kópshilik bólimi tawsılatuǵın energiya dereklerine tuwrı keliwi menen sıpatlanadı. Yaǵnıy, mineral janılǵı resursları (neft, tábiyiy gaz, kómir, slanec, torf) qorlarınıń kemeyiwi yamasa olardı qazıp alıwdıń ózine túser bahasınıń kóteriliwi, xalıq hám óndiristiń energiyaǵa bolǵan talapları arasındaǵı parıq penen baylanıslı mashqalanı júzege keltiredi. Bul mashqalanıń sheshimi, kópshlik qánigelerdiń pikirinshe, tiykarınan eki baǵdardaǵı háreketler menen baylanıslı: energiyanı tejeytuǵın texnologiyalardıń ámeliyatqa keń engiziliwi hám de quyash energiyası, samal, qalqıw, geotermal energiya, biojanılǵı sıyaqlı dástúriy emes energiya dereklerinen paydalanıwǵa basqıshpa-basqısh ótiw.

Adamzattıń global mashqalaları, tınıshlıqtı saqlaw hám quralsızlanıw mashqalası, azıq-awqat mashqalası, energetika mashqalası.

1. Global mashqalalardıń ózine tán tárepleri nelerden ibarar?
2. Global mashqalalar qanday toparlarǵa bólinedi?
3. Qosımsha maǵlıwmat dereklerine tiykarlanıp, jáhánde hám Ózbekistanda túrli dástúriy emes energiya resurslarınan paydalanıw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslar haqqında maǵlıwmat tayarlań.



# VII BAP. EVROPA HÁM AMERIKANÍŃ SUBREGIONLARÍ

## 23-§. EVROPANÍŃ SUBREGIONLARÍ




***11-súwret.*** Evropa subregionları (Evropa Awqamı shólkeminiń sıpatlaması boyınsha)

Evropa — Evraziya materiginiń batıs bólimin iyelegen kontinent. Evropa territoriyasınıń maydanı 10 mln km$^2$ qa teń. Sonnan 4,1 mln km$^2$ Rossiyanıń Evropada jaylasqan bólimine tuwrı keledi. Evropanıń siyasiy kartasında 44 ǵárezsiz mámleket (Rossiya menen birge) jaylasqan. Bunnan tısqarı, Túrkiya hám Qazaqstan mámleketleriniń bir bólimi Evropada jaylasqan, biraq xalıq aralıq statistikada olar Aziya kontinentiniń quramına kirgizilgen. Evropa mámleketleri 4 iri subregionlarǵa bólinedi: Arqa, Batıs, Qubla hám de Shıǵıs Evropa (11-súwret).

**Arqa Evropa mámleketleri.** Bul subregionnıń quramına kontinenttiń Arqa Muz okeanı hám de Atlantika okeanınıń Arqa hám Baltik teńizlerine tutas 8 mámleketi kiredi. Bul mámleketler 2 tariyxıy-geografiyalıq toparǵa bólinedi: Skandinaviya mámleketleri — Norvegiya, Shveciya, Daniya, Finlyandiya, Islandiya hám de Baltika mámleketleri — Estoniya, Latviya, Litva. Bul mámleketler ortasında tariyxıy jaqtan qáliplesken bekkem siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslar bar. Daniya, Shveciya hám Norvegiya konstituciyalıq monarxiya, qalǵan mámleketler bolsa parlamentar respublikalar bolıp esaplanadı.

Tábiyiy sharayatınıń ulıwma tárepleri tiykarınan klimatınıń kóbirek ortasha hám teńiz xarakterine iye ekenliginde óz kórinisin tabadı. Tek ǵana Islandiya hám de Norvegiya, Shveciya hám Finlandiyanıń Arqa aymaqlarında subarktika hám arktika klimat tipleri tán. Norvegiya hám Islandiyaǵa tawlı relyef tán bolsa, qalǵan mámleketlerdiń jer beti, tiykarınan, tegisliklerden ibarat. Subregion mámleketlerinen tek ǵana



***12-súwret.*** Stokgolm — Shveciya paytaxtı

Islandiya tektonikalıq jaqtan aktiv poyasta jaylasqan bolıp, vulkan hám geyzerleri menen pútkil dúnyaǵa belgili. Islandiya jáhándegi geotermal resurslarınan keń hám nátiyjeli paydalanatuǵın mámleketlerden biri esaplanadı. Norvegiya hám Daniya Arqa teńiz túbinen tábiyiy gaz hám neftti qazıp aladı, ásirese, bul jaqtan Evropadaǵı iri gaz eksportyorlarınan biri esaplanǵan Norvegiyanıń ornı joqarı. Estoniya — energetikası janıwshı slanecke tiykarlanǵan dúnyadaǵı birden bir mámleket bolıp, bul mámlekette elektroenergiyanıń 90% ten kóbirek bólimi janılǵınıń usı túrinen paydalanatuǵın JESlarında islep shıǵarıladı. Subregionnıń kóplegen mámleketlerinde gidroenergetika tarawı jaqsı rawajlanǵan, hám bul boyınsha Norvegiya hám Islandiya sıyaqlı tawlı eller jetekshilik etip kelmekte. Shveciyada joqarı sapalı temir rudaları, Estoniyada bolsa fosforit qorları kóp. Sonday-aq, subregion mámleketleri toǵay resurslarına da bay.

Arqa Evropa ellerindegi demografiyalıq jaǵdaydıń ulıwma tárepleri tuwılıwshılıq hám ólimshiliktiń tómen kórsetkishleri menen sıpatlanadı. Biraq Skandinaviya hám Baltik boyı ellerinde demografiyalıq jaǵday birdey emes. Litva, Latviya hám Estoniyada, uzaq múddet dawamında Skandinaviya mámleketlerine tán bolmaǵan xalıqtıń tábiyiy kemeyiwi hám migraciyanıń teris balansı baqlanıp atır, yaǵnıy bul úsh eldiń xalqı waqıt ótken sayın kemeyip barmaqta. Arqa Evropa, ásirese, Skandinaviya elleri ushın xalıqtıń tıǵızlıǵınıń birqansha tómen kórsetkishleri tán. Urbanizaciya barlıq mámleketlerde 70 % ten joqarı dárejede, Islandiya, Norvegiya, Daniya hám Shveciyada bolsa bul kórsetkish 90 % ten de ótip ketedi. Arqa Evropadaǵı eń iri aglomeraciyalar paytaxt qalaları negizinde júzege kelgen (12-súwret).

Skandinaviya mámleketleri social-ekonomikalıq rawajlanıwı jaǵınan dúnyadaǵı eń rawajlanǵan eller qatarınan orın alǵan. Turmıs dárejesi kórsetkishleri boyınsha bul mámleketler kóplegen xalıq aralıq reytinglerde joqarı orınlardı iyeleydi. Baltik boyı mámleketleri bolsa burınǵı socialistlik dúzimindegi eller sıpatında ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler bolıp esaplanadı. Lekin bul bloktaǵı mámleketlerdiń ishinde Litva, Latviya hám ásirese, Estoniya social-ekonomikalıq rawajlanıw

kórsetkishleri boyınsha jetekshilikke erisip, kóplegen tárepleri menen rawajlanǵan ellerge jaqınlasqan.

Xalıq aralıq miynet bólistiriliwinde Arqa Evropa mámleketleri toǵay hám cellyuloza-qaǵaz sanaatı, elektr energiyanı kóp talap etetuǵın reńli metallurgiya sanaatı, kóp tarmaqlı mashinasazlıq (kemesazlıq, avtomobilsazlıq, elektronika hám elektrotexnika hám basqalar), balıqshılıq, sút-gósh sharwashılıǵı ónimlerin islep shıǵarıw, teńiz transportı hám de turizm xızmetlerin kórsetiw menen aktiv qatnasadı. Sonday-aq, Arqa Evropa mámleketlerinde tariyxıy-mádeniy hám ekologiyalıq turizm de jaqsı rawajlanǵan. Finlandiyaǵa, ásirese, Rojdestvo bayramı (25-dekabr) qarsańında millionlaǵan turistler keledi, sebebi bul mámlekette Santa-Klaustıń «rásmiy jayı» jaylasqan. Latviya bolsa teńiz turizmi (Riga, Yurmala qalaları) rawajlanǵanlıǵı menen ayrıqsha ajıralıp turadı.

**Batıs Evropa mámleketleri**. Evropanıń bul subregionına kontinenttegi eń úlken ekonomikalıq kórsetkishlerge iye úsh mámleket — Germaniya, Franciya hám Ullı Britaniya, sonday-aq, Avstriya, Shveycariya, Belgiya, Niderlandiya, Irlandiya hám de «kishi» mámleketler — Lixtenshteyn, Lyuksemburg hám Monako sıyaqlı eller kiredi. Alp tawlarında jaylasqan Avstriya, Shveycariya hám Lixtenshteyn *Alp elleri* toparın quraydı. Belgiya, Niderlandiya hám Lyuksemburg mámleketlerine bolsa olar ortasındaǵı ekonomikalıq integraciya procesleri joqarı dárejede ekenligin esapqa alǵan halda «*Beniluks*» ulıwma ataması qollanıladı.

Subregion elleriniń klimat sharayatı ortasha, Franciyanıń qublasında bolsa subtropikalıq klimat qáliplesken. Paydalı qazılmalardan Arqa teńiz akvatoriyasındaǵı neft-gaz (Niderlandiya, Ullı Britaniya), qońır hám taskómir (Germaniya, Franciya, Belgiya, Ullı Britaniya), temir rudaları (Franciya, Germaniya, Lyuksemburg, Belgiya) hám kaliy duzları (Germaniya) kánleri itibarǵa ılayıq. Alp elleri gidroenergiya resurslarına bay.

Batıs Evropa ellerinde tuwılıw hám tábiyiy kóbeyiw kórsetkishleri júdá tómen, Germaniyada bolsa kóp jıllardan berli depopulyaciya procesi júz bermekte. Lekin sırtqı migraciya balansı joqarı oń kórsetkishlerge iye bolǵanlıǵı sebepli, subregion mámleketlerinde xalıqtıń kóbeyiwi dawam etpekte. Batıs Evropa kontinent subregionları ishinde eń xalqı tıǵız jaylasqan aymaq bolıp esaplanadı. Urbanizaciya kórsetkishleri, Lixtenshteynnen tısqarı, barlıq mámleketlerde joqarı bolıp, Ullı Britaniya, Belgiya, Niderlandiya, Lyuksemburgta 90% ten joqarı, Monakoda bolsa 100% ke teń. Evropa hám pútkil dúnya kóleminde

úlken tásir sheńberine iye London, Parij, Berlin, Gamburg, Bryussel, Amsterdam, Cyurix hám basqa iri qalalardıń usı tap Batıs Evropada jaylasqanlıǵı da bul subregionnıń ózine tán ózgesheligi bolıp tabıladı.

Batıs Evropa mámleketleriniń barlıǵı rawajlanǵan mámleketler qatarına tiyisli bolıp, jáhán xojalıǵınıń aymaqlıq quramında júdá áhmiyetli orınǵa iye. Jáhán ekonomikasında Batıs Evropa mámleketleri kóp tarmaqlı mashinasazlıq hám ximiya sanaatı, intensiv sharwashılıq hám diyqanshılıq, bank-finans hám turizm tarawlarınıń xalıq aralıq áhmiyetli dárejede rawajlanǵanlıǵı menen ajıralıp turadı.

**Qubla Evropa elleri**. Qubla Evropa siyasiy kartasında Ispaniya, Portugaliya, Italiya, Greciya hám de Andorra, San-Marino, Malta hám Vatikan sıyaqlı «kishi» mámleketler jaylasqan. Bul mámleketler ekonomikalıq-geografiyalıq ornı hám xojalıq rawajlanıwı jaǵınan uzaq tariyxı dawamında Jer Orta teńizi menen tıǵız baylanıslı bolǵanlıǵı sebepli Evropanıń Jer Orta teńizi boyı elleri dep te ataladı. Bul region Evropa civilizaciyası hám mádeniyatınıń haqıyqıy besigi esaplanadı, sebebi bul kontinenttegi áyyemgi mámleketler — Greciya menen Rim Jer Orta teńizi jaǵalarında rawajlanǵan.

Malta Jer Orta teńizindegi atawlarda jaylasqan kishi mámleket bolsa, subregionnıń qalǵan mámleketleri geografiyalıq ornı jaǵınan yarım ataw elleri esaplanadı. Andorra, San-Marino, Vatikan mámleketleri yarım atawlarda jaylasqan bolsa da, teńizge shıǵıw imkaniyatları joq. San-Marino menen Vatikan *anklav mámleketler* bolıp esaplanadı, sebebi olar tek ǵana bir mámleket, yaǵnıy Italiya menen shegaralas bolıp, tolıǵı menen onıń aymaǵı menen oralǵan. Qubla Evropa ellerinen Ispaniya hám Andorra basqarıw forması boyınsha konstituciyalıq monarxiya, Vatikan bolsa Evropadaǵı birden-bir absolyut teokratiyalıq monarxiya (mámleket basshısı — Rim-katolik shirkewi jetekshisi esaplanǵan Rim Papası), qalǵanları bolsa republikalar bolıp esaplanadı.

Qubla Evropa mámleketleri Jer Orta teńiz geosinklinal poyasında jaylasqanlıqtan seysmikalıq jaqtan aktiv aymaq esaplanadı. Áyyemnen belgili Etna, Vezuviy, Stromboli vulkanları da Evropanıń usı bóliminde jaylasqan. Paydalı qazılmalardan reńli metall rudaları hám mineral duzlardıń qorları bar. Jer Orta teńizi tipindegi subtropikalıq klimat (jazı ıssı, birqansha qurǵaq, qısı bolsa jıllı hám jawınlı) awıl xojalıǵı hám turizm ushın júdá qolaylı sharayat jaratadı. Lekin Evropanıń basqa subregionlarına qaraǵanda suw resursları menen támiyinleniw dárejesi tómenirek bolıp, ayırım orınlarda suw jetispewshiligi de seziledi.

Qubla Evropadaǵı demografiyalıq jaǵdayǵa xalıqtıń tábiyiy hám migracion kóbeyiwiniń tómen kórsetkishleri tán. Olardıń arasında, ásirese, xalqı kemeyip baratırǵan Ispaniya, Portugaliya hám Greciya mámleketleri ajıralıp turadı. Rawajlanıp atırǵan mámleketlerden, atap aytqanda Arqa Afrikadan, kóplegen immigrantlardıń kóship keliwi menen bir waqıtta bul jerden Batıs Evropa ellerine qaray emigracion aǵıstıń aktivligi subregionnıń migraciya qaldıǵın birqansha páseytedi, joqarıda atap ótilgen mámleketlerde bolsa teris kórsetkishlerge shekem túsirmekte. Qubla Evropanıń relyefi, tiykarınan, tawlardan ibarat bolǵanlıqtan xalqı tegis emes jaylasıp, jaǵa boyı tegislikleri hám dárya alaplarında jaylasqan. Urbanizaciya dárejesi Arqa hám Batıs Evropa ellerine qaraǵanda biraz kemirek bolsa da, 60% ten joqarı dárejede.

Evropanıń Jer Orta teńizi boyı elleri Arqa hám Batıs Evropa mámleketlerine qaraǵanda social-ekonomikalıq rawajlanıwı salıstırmalı tómen. Ásirese, Greciya, Ispaniya hám Portugaliya ekonomikasındaǵı krizisli jaǵday Evropa Awqamı sheńberinde kózge taslanadı. Italiya «úlken jetilik» toparı aǵzası bolsa da, mámlekettiń social-ekonomikalıq rawajlanıwı keskin parıqlanadı. Arqa Italiya Evropadaǵı eń rawajlanǵan ekonomikalıq rayonlardan biri esaplansa, Qubla Italiya, kerisinshe, Evropa Awqamınıń eń artta qalǵan rayonlarınan biri bolıp esaplanadı.

Xalıq aralıq miynet bólistiriliwinde Qubla Evropa elleri, eń dáslep, subtropikalıq diyqanshılıq (júzim, citrus miyweleri, ǵoza, zaytun h.t.b.) penen turizmge qánigelisken (13-súwret). Bul subregion teńiz turizminiń dúnyadaǵı eń iri rayonı bolıp esaplanadı. Sanaat tarmaqlarınıń ishinde eń rawajlanǵanları — jeńil (toqımashılıq, tigiwshilik, ayaq kiyim islep shıǵarıw) hám azıq-awqat (may, konserva, vino) sanaatları. Italiya hám Ispaniya mashinasazlıq sanaatı, ásirese, avtomobilsazlıqtıń rawajlanǵanlıǵı menen de ajıralıp turadı.



***13-súwret.*** Veneciya– Italiyanıń eń gózzal qalalarınan biri.

**Shıǵıs Evropa mámleketleri.** Bul subregionǵa kontinentte jaylasqan burıńǵı awqamlas respublikalar (Rossiya Federaciyası, Ukraina, Belarusiya, Moldaviya) hám de burıńǵı socialistlik eller (Polsha, Chexiya, Slovakiya, Vengriya, Rumıniya, Bolgariya, Sloveniya, Serbiya, Xorvatiya, Bosniya

hám Gercogovina, Chernogoriya, Makedoniya, Albaniya) kiredi. Bul mámleketlerdiń áhmiyetli tareplerinen biri ótiw ekonomikasındaǵı eller blokına kiriwi bolıp esaplanadı. Jeti mámleket – Belarusiya, Chexiya, Slovakiya, Vengriya, Moldaviya, Serbiya, Makedoniya – teńizge shıǵıw imkaniyatına iye emes. Bolgariya, Albaniya, Makedoniya, Serbiya, Bosniya hám Gercogovina, Xorvatiya, Chernogoriya mámleketleri Balkan yarım atawlarında jaylasqanlıǵı sebepli ádette Balkan elleri dep ataladı.

Shıǵıs Evropanıń siyasiy kartasında ótken ásirdiń aqırǵı jıllarında ózgerisler júz berdi. Sovet Awqamı tarqalıp ketkenliginiń nátiyjesinde Rossiya, Ukraina, Belarusiya, hám Moldaviya mámleketleri dúzildi. Yugoslaviya Socialistlik Federativ Respublikasınıń bóliniwi menen Sloveniya, Xorvatiya, Bosniya hám Gercogovina, Makedoniya, Chernogoriya, Serbiya sıyaqlı mámleketler óziniń ǵárezsizligin járiyaladı. Chexiya hám de Slovakiya respublikaları Chexoslovakiya mámleketi quramınan ajıralıp shıqtı. Jáhán jámiyetshiligi tárepinen tolıq tán alınǵan aqırǵı siyasiy-geografiyalıq ózgeris 2006-jıldaǵı Serbiya hám Chernogoriya federaciyasınıń tarqalıwı boldı. Áhmiyetlisi sonda, Balkan yarım atawındaǵı ayırım mámleketlerdiń ǵárezsizlikke erisiw procesi áskeriy qarama-qarsılıqlar, milletler aralıq hám dinler aralıq puqaralıq urıslardı keltirip shıǵardı. Bunday urıslardıń eń qanlıları Bosniya hám Gercogovina hám de Xorvatiya mámleketlerinde 1992—1995-jıllarda júz berdi. Burınǵı Yugoslaviya aymaǵında, Serbiya hám Makedoniya mámleketlerinde, geosiyasiy jaǵday elege shekem tolıq turaqlasqanı joq. Shıǵıs Evropa subregionınıń jáne bir ózgesheligi heshbir monarxiyalıq basqarıw formasındaǵı mámlekettiń joq ekenligi bolıp tabıladı. Rossiya hám de Bosniya hám Gercogovina aymaqlıq-mámleketlik dúzilisi jaǵınan federativ, qalǵan mámleketler bolsa unitar dúziliske iye.

Subregionnıń aymaǵı tiykarınan, úlken Shıǵıs Evropa tegisliginen ibarat bolsa da, iri taw dizbekleri de ushırap turadı. Tawlar Chexiya, Slovakiya, Rumıniya, Albaniya hám burınǵı Yugoslaviya mámleketleri aymaǵınıń úlken bólimlerin iyeleydi. Paydalı qazılmalardan neft hám tábiyiy gaz (Rossiya, Rumıniya), tas hám qońır kómir (Ukraina, Rossiya, Polsha, Chexiya, Slovakiya, Serbiya), temir rudaları (Rossiya, Ukraina, Polsha), reńli metallar (Albaniya, Serbiya, Bosniya hám Gersogovina, Rumıniya), kaliy duzları (Belarusiya, Rossiya), torf (Belarusiya, Rossiya) qorların ayrıqsha kórsetip ótiw múmkin. Shıǵıs Evropanıń tawlı elleri gidroenergiya resurslarına bay bolıp, olardan nátiyjeli paydalanılıp atır. Sonıń ushın da, Slovakiya, Bosniya hám



***14-súwret.*** Budapesht – Vengriya paytaxtı.

Gersogovina, Rumıniya, Albaniyanıń energetika balansında GESlerdiń úlesi joqarı.

Xalıq dárya alapları, teńiz boylarında hám de iri sanaat rayonlarında tıǵız jaylasqan. Urbanizaciya dárejesi, Moldova, Bosniya hám Gersogovina hám de Sloveniyadan tısqarı, 50% ten joqarı, ayırım mámleketlerde bolsa 70% ten de artıp ketedi. Lekin ortasha alǵanda, basqa subregionlarǵa salıstırǵanda Shıǵıs Evropanıń qalalasıw dárejesi biraz tómenirek. Eń iri qala aglomeraciyaları Moskva, Sankt-Peterburg, Praga, Kiev, Budapesht negizinde (14-súwret), Ukrainadaǵı Doneck-Dnepr boyı hám Polshadaǵı Sileziya sanaat rayonlarında, Rossiya hám de Bolgariyanıń Qara teńiz boyı jaǵalarında qáliplesken.

Shıǵıs Evropa mámleketlerinde aqırǵı jıllarda qáliplesken demografiyalıq jaǵday krizisli kóriniske iye bolıp, tuwılıwshılıqtıń ólimshilikten páseyip ketkenligi menen sıpatlanadı. Sonıń ushın Shıǵıs Evropadaǵı kópshilik eller xalıq sanı kemeyip baratırǵan mámleketler qatarına kiredi. Xalıqtıń milliy quramında slavyan xalıqları jetekshilik etedi. Slavyan xalıqları toparına rus, ukrain, belarus, polyak, bolgar, serb, xorvat, chex, slovak, bosniyalı, sloven, makedoniyalılar, chernogoriyalılar kiredi.

Shıǵıs Evropa elleriniń socal-ekonomikalıq dárejesi bir-birinen biraz parıqlanadı. Eger de bul jerdegi barlıq eller ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler qatarına kirgizilgen bolsa da, Sloveniya, Chexiya, Vengriya, Slovakiya, Xorxatiya, Polsha sıyaqlı mámleketlerdiń kópshiligi ekonomikalıq kórsetkishleri Evroda rawajlanǵan mámleketler basqıshına jaqınlaǵan bolsa, Albaniya, Makedoniya, Moldaviyanıń social-ekonomikalıq kórsetkishleri birqansha tómen bolıp, kóbirek rawajlanıp atırǵan ellerdiń dárejesine tartadı.

Shıǵıs Evropa elleriniń xalıq aralıq qánigelesiwi tiykarınan kóp tarmaqlı sanaat, atap aytqanda, janılǵı-energetika (Rossiya, Polsha, Chexiya, Rumıniya), qara metallurgiya (Rossiya, Ukraina, Polsha, Serbiya, Chernogoriya), reńli metallurgiya (Serbiya, Chernogoriya, Albaniya), ximiya (Rossiya, Polsha, Chexiya, Slovakiya, Vengriya, Sloveniya), jeńil sanaatı (Rossiya, Polsha, Chexiya), azıq-awqat (Chexiya, Ukraina, Bolgariya, Serbiya, Ruminiya, Makedoniya, Moldaviya) óndirisi menen belgilenedi. Ayırım mámleketler diyqanshılıq hám sharwashılıq óinimleriniń eksportı menen de ajıralıp turadı (Vengriya,

Polsha, Serbiya, Bolgariya). Kóplegen mámleketleri ushın turizm tarawı da áhmiyetli dáramat deregi esaplanadı. Ekonomikanıń bul tarmaǵı, ásirese, Bolgariya, Rumıniya, Chexiya, Slovakiya, Xorvatiya, Chernogoriya, Sloveniya, Vengriya sıyaqlı eller ushın úlken áhmiyetke iye.

Evropanıń subregionları, Arqa Evropa, Skandinaviya mámleketleri, Baltik boyı mámleketleri, Batıs Evropa, «kishi» mámleketler, Qubla Evropa, Shıǵıs Evropa, Balkan mámleketleri, ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler.

1. Evropa elleri ádette neshe hám qaysı subregionlarǵa bólinedi?
2. Shıǵıs Evropanıń siyasiy kartasında ótken ásirdiń aqırında qanday ózgerisler júz berdi? Qaysı mámleketler ǵárezsizlikke eriskennen soń, puqaralıq urısların basınan keshirdi?
3. Dápterińizge Evropa subregionlarındaǵı mámleketlerdi ataw, yarım ataw, teńiz boyı hám qurǵaqlıq ishkerisinde jaylasqan eller toparlarına ajıratıp jazıń.

## 24-§. LATÍN AMERIKASÍ

Dúnyanıń iri siyasiy-geografiyalıq poyaslarınan biri — Latın Amerikası — Jerdiń Batıs yarımsharında jaylasqan bolıp, Amerika kontinentindegi AQSH, Kanada mámleketleri hám Grenlandiya atawınan basqa barlıq ellerdi óz ishine aladı. Xalqınıń ayırım bólegi áyyemgi latın tili negizinde payda bolǵan ispan hám portugal tillerinde sóylesip atırǵanlıǵı sebepli bul poyas Latın Amerikası dep ataladı.

Latın Amerikasınıń siyasiy kartasında házirgi kúnde 33 ǵárezsiz mámleket hám de bir qatar koloniyalar bar. Onıń aymaǵında birneshe kishirek poyaslar da ajıratıladı. Tiykarınan, Arqa Amerika materiginiń AQSHtan qubladaǵı bólimi hám Karib teńizindegi atawlarda jaylasqan mámleketler *Orta Amerika (Mezoamerika)* poyasın quraydı. Bul regiondaǵı mámleketler arasında aymaǵı, xalqı hám ekonomikalıq dárejesi menen Meksika ayrıqsha ajıralıp turadı. Orta Amerikanıń Meksikadan basqa mámleketleri Karib teńizi akvatoriyası, onıń tábiyiy resursları hám transport jolları menen áyyemnen tıǵız baylanıslılıǵı sebepli, *Karib basseyni mámleketleri* dep te júrgiziledi. Materikte, Meksikadan qubla-shıǵısqa qaray jaylasqan 7 mámleket (Beliz, Gvatemala, Salvador, Gonduras, Nikaragua, Kosta-Rika, Panama) *Oraylıq Amerika* dep ataladı. Karib teńizindegi 13 ataw eller, óz náwbetinde, *Vest-Indiya* ulıwma atı astında birlestiriledi. Qubla Amerika materiginde bolsa 12

ǵárezsiz mámleket hám 1 koloniya (Franciya Gvianası) jaylasqan. Qubla Amerikada Latın Amerikasındaǵı okeanǵa shıǵıw imkaniyatı bolmaǵan 2 mámleket jaylasqan bolıp, bular Boliviya hám Paragvay esaplanadı.

Aymaǵınıń úlkenligi tárepinen Braziliya (dúnya elleri arasında 5-orın), Argentina (8-orın), Meksika, Peru, Venesuela hám Kolumbiya ajıralıp turadı. Vest-Indiyada «kishi» mámleketler qatarına tiyisli birneshe mámleketler jaylasqan. Latın Amerikasındaǵı ayırım mámleketlerde prezidentlik respublikası basqarıw forması engizilgen. Vest-Indiyadaǵı ayırım kishi mámleketler hám de Oraylıq Amerikada jaylasqan Beliz Britaniya Doslıq Awqamı quramındaǵı konstituciyalıq monarxiyalar bolıp, rásmiy olardıń mámleket basshısı Ullı Britaniya korolevası Elizaveta II esaplanadı. Braziliya, Argentina, Meksika, Venesuela sıyaqlı iri mámleketler hám de Karib teńizindegi 2 kishi atawdan ibarat Sent-Kits hám Nevis eli federativ mámleket dúzilisine iye. Poyastıń qalǵan elleri unitar dúzilisine iye.

Latın Amerikasınıń batıs bóliminde Kordilyera hám And tawları birneshe mıń kilometrge sozılǵan. Meksika, Oraylıq Amerika elleri, Kolumbiya, Ekvador, Peru, Boliviya, Chili elleriniń aymaǵın tiykarınan sol tawlar iyeleydi. Venesuela menen Paragvay mámleketleriniń az bólimi And tawları menen bánt. Sonday-aq, Karib teńizindegi ataw elleriniń jer beti de kóbirek tawlı kóriniske iye. Braziliya, Argentina, Urugvay, Surinam, Gayana sıyaqlı mámleketler aymaǵı, tiykarınan, tegislik hám bóleklengen pás tawlıqlardan ibarat. Kordilyera-And tawları hám Karib teńizindegi atawlar seysmikalıq hám vulkanikalıq tárepinen Jer júzindegi eń aktiv poyaslar qatarına kiredi. Sonıń ushın Latın Amerikasındaǵı tawlı ellerde kúshli jer silkiniwler waqtı-waqtı menen júz beredi. Mısalı, 2010-jılı Chili, 2012-jılı Gvatemala, 2010-jılı Gaitide júz bergen kúshli jer silkiniwler úlken zıyan jetkergen edi.

Latın Amerikasınıń ayırım mámleketleri túrli paydalı qazılmalarınıń dúnya xojalıǵı kóleminde áhmiyetli qorlarına iye. Tiykarınan, neft-gaz resurslarına Venesuela, Meksika, temir rudalarına Braziliya, Kuba, Venesuela, boksit (alyuminiy) rudalarına Yamayka, Braziliya, Venesuela, Gayana, Surinam, mısqa Chili, Peru, nikelge Kuba, litiy, qalayı hám mineral duzlarǵa Boliviya, tábiyiy selitraǵa Chili, qımbat bahalı taslarǵa Kolumbiya bay esaplanadı. Aymaǵı tiykarınan ıssı klimat zonalarında jaylasqanlıǵı sebepli Latın Amerikası agroklimat resurslarına bay, diyqanshılıq isleri bolsa bul jerde jıl boyı dawam etedi. Biraq Orta Amerikada tropikalıq dawıllar tez-tez júz berip, xalıq

hám xojalıqqa úlken zıyan jetkeredi. Klimatınıń kúshli ıǵallıǵı esabınan Latın Amerikası suw hám gidroenergiya resursları menen jaqsı támiyinlengen. Poyastaǵı bir qatar mámleketler toǵay resurslarına júdá bay, bul boyınsha Braziliya, Kolumbiya, Venesuela jetekshi esaplanadı.

Latın Amerikası mámleketlerinde, 2017-jıl jaǵdayına, jámi 650 millionǵa jaqın xalıq jasaydı hám bul Jer sharı xalqınıń 8,5 % in quramaqta. Ótken ásirde Latın Amerikasında xalıqtıń tábiyiy kóbeyiwi «demografiyalıq jarılıw» basqıshın basınan ótkerip, region xalqı hám onıń jáhán xalqı quramındaǵı úlesi joqarı kórsetkishler menen ósip kelgen. Házirgi waqıtqa kelip bolsa, Latın Amerikası elleri tuwılıwshılıq dárejesiniń áste-aqırın tómenlewi menen sıpatlanatuǵın demografiyalıq ótiwdiń 3-basqıshında barmaqta. Kuba, Urugvay hám Argentina bolsa demografiyalıq ótiw procesin juwmaqlap, xalqınıń tábiyiy kóbeyiwiniń tómen dárejesi menen ajıralıp turıptı.

Xalıq sanı boyınsha poyasta Braziliya (206 mln, 2016-j., jer júzi boyınsha 5-orın) hám Meksika (121 mln, 2015-j., jer júzi boyınsha 11-orın) jetekshilik etpekte. Sonday-aq, Kolumbiya, Argentina, Venesuela hám Peru sıyaqlı ellerdiń xalıq sanı 20—50 mln adam aralıǵında. Usı waqıttıń ózinde, Vest-Indiyadaǵı ayırım «kishi» ataw mámleketlerinde xalıq sanı 0,5 mln adamǵa da jetpeydi.

Latın Amerikasınıń kópshilik mámleketleri joqarı urbanizaciyalasqan eller toparına tiyisli. Atap aytqanda, qalalasıw kórsetkishi Argentina, Venesuela hám Urugvayda 90 % ten, Braziliya hám Chilide 80 % ten artadı. Latın Amerikasınıń Mexiko, San-Paulu, Rio-de-Janeyro, Lima, Buenos-Ayres, Santa-fe-de-Bogota sıyaqlı eń iri qalaları tiykarında jáhán kólemindegi eń irileri qatarında orın alǵan qala aglomeraciyaları payda boldı. Biraq bul «gigant» qalalarda millionlap adamlar awıllardan kelip, júdá úlken maydanlardı iyelegen qarabaxanalarda kún keshirmekte. Mısalı, Braziliyanıń Rio-de-Janeyro hám San-Paulu qalalarındaǵı Favela dep atalatuǵın bunday kvartallar ádette «jalǵan» urbanizaciyanıń tipik mısalları sıpatında keltiriledi. Bunday, shártli ráwishtegi qala orınlarında sociallıq hám ekologiyalıq ortalıq mashqalalı bolıwı tábiyiy jaǵday.

Latın Amerikası xalqınıń házirgi rasalıq quramı hár túrli bolıp, tiykarınan, Evropa koloniyashılıǵı dáwirinde qáliplesken. Bul poyasta evropalılar áwladları (kreollar), qara tánliler, amerikalı indeecler hám de metisler, mulatlar hám sambolar sıyaqlı aralas rasa wákilleri jasaydı. Latın Amerikasınıń jergilikli xalqı mongoloid rasasına tiyisli amerikalı indeecler bolıp esaplanadı.




***15-súwret.*** Latın Amerikası elleriniń mámleketlik tilleri.

Latın Amerikası mámleketleriniń kópshiliginde mámleketlik til sıpatında ispan tili qabıl etilgen (16-súwret). Aymaǵınıń maydanı hám xalıq sanı boyınsha subregionda jetekshi bolǵan Braziliyada mámleketlik til hám qatnasıqtaǵı tiykarǵı til – portugal tili. Gaiti, Gviana hám ayırım ataw ellerinde mámleketlik tili francuz, Qubla Amerikadaǵı Gayana, Oraylıq Amerikadaǵı Beliz hám de Vest-Indiyanıń qatar ellerinde bolsa bul funkciyanı inglis tili atqaradı. Sonday-aq, Qubla Amerikadaǵı Surinam mámleketinde hám Karib teńizindegi ayırım ellerde niderland (golland) tili keń qollanıladı. Latın Amerikasında Rim-katolik shirkewi xristianları kópshilikti quraydı hám bul poyasta katolikler sanı boyınsha dúnyada jetekshi. Inglis tilli ellerinde protestantlıq, «Gviana úshmúyeshligi» ellerinde bolsa induizm hám islam dinleri keń tarqalǵan.

Latın Amerikası xalqı eki túrli aymaqlarda — Atlantika okeanı hám Karib teńizi jaǵa boyı tegislikleri hám de Kordilera tawlarınıń ishki rayonlarında jaylasqan. Xalıqtıń bunday jaylasıwı tábiyiy sharayat, ásirese, klimat qolaylıǵına sáykes túrde áyyemnen qáliplesken. Meksika, Peru, Kolumbiya, Ekvador sıyaqlı eller xalqınıń kópshilik bólegi joqarı biyikliktegi tawlı rayonlarda jasawı menen ajralıp turadı. Bul boyınsha ózine tán «geografiyalıq rekord» xalqınıń yarımınan artıǵı 3300—3800 metr absolyut biyiklikke iye Altiplano jazıq tawlıǵında jaylasqan Boliviya mámleketine tiyisli. Onıń paytaxtı — La-Pas qalası dúnyadaǵı eń joqarı biyiklikte jaylasqan paytaxt esaplanıp, bunday relyef sharayatında qáliplesken jer júzindegi birden-bir «millioner» qala esaplanadı. Braziliya, Urugvay, Argentina, Venesuela hám, ásirese, ataw mámleketlerinde, óz náwbetinde, xalqı, tiykarınan, okean hám teńizge tutas tegisliklerde jámlengen.

Latın Amerikası elleri xalıq aralıq qánigelesiwi, eń aldı menen, janılǵı, kánshilik, metallurgiya sanaatı hám de kóp tarmaqlı awıl xojalıǵı menen baylanıslı. Házirgi dáwirde ayırım eller ushın mashinasazlıq ta áhmiyetli óndiris tarmaǵına aylandı. Janılǵı sanaatında tiykarǵı eksport

neft hám neftti qayta islew sanaatına tiyisli bolıp, ekonomikanıń bul tarmaǵı, eń aldı menen, Venesuela menen Meksikada joqarı dárejede rawajlanǵan. Sonday-aq, Ekvador, Boliviya mámleketlerinde de neft-gaz sanaatı rawajlanıp barmaqta. Keyingi jıllarda Latın Amerikası elleriniń ulıwma eksportı quramında neft hám neft ónimleri úlesi 20% ten kóbirek bolmaqta. Latın Amerikası ellerine jáhán janılǵı eksportı ulıwma kóleminiń 8% ke jaqın bólegi tuwrı keledi.

Poyas ellerinde kánshilik hám metallurgiya sanaatı da jaqsı rawajlanǵan. Braziliya jáhán elleri arasında temir rudanı qazıw hám eksport etiw boyınsha jetekshi orındı iyeleydi. Sonday-aq, Braziliya marganec, alyuminiy, mıs, uran rudaların qazıp alıwǵa da qánigelesken. Júdá iri GESlerdiń qurılıwı esabınan Braziliyadaǵı metallurgiya kárxanaları arzan elektrenergiya menen támiyinlendi hám bul óndiris tarmaǵı kúnnen kúnge rawajlanbaqta. Latın Amerikasınıń metallurgiya sanaatı ónimleri ulıwma eksportınıń eń úlken bólegi mısqa tuwrı keledi. Bul metaldı qazıw hám eritiw sanaatı, ásirese, Chili hám Peru ushın úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye. Boliviyada qalayı, surma, gúmis hám túrli kem ushırasatuǵın metallardıń qazıw sanaatı jaqsı rawajlanıp, eldiń xalıq aralıq qánigelesiwin hár tárepleme belgileydi. Kuba bolsa dúnya boyınsha nikel hám kobalt metalların óndiriwde jetekshi orın iyeleydi.

Mashinasazlıq sanaatı, tiykarınan, Braziliya, Meksika hám Argentinada jaqsı rawajlanǵan bolıp, jáhán xojalıǵı kóleminde kóbirek avtomobilsazlıq, elektronika hám elektrotexnika tarmaqlarına qánigelesken. Bul eller ushın jeńil avtomobiller eń tiykarǵı eksportbap ónimlerge aylanǵan. Latın Amerikasınıń eń iri mámleketlerinde mashinasazlıqtıń jaqsı rawajlanıwı ushın metallurgiya bazasınıń jaqsı rawajlanǵanlıǵı, arzan hám salıstırmalı tájiriybeli jumısshı kúshi, iri ishki bazardıń barlıǵı, rawajlanǵan mámleketler, eń aldı menen, AQSHtıń iri korporaciyaları menen birge islesiwi áhmiyetli esaplanadı.

Awıl xojalıǵı da Latın Amerikası elleriniń xalıq aralıq qánigelesiwin kóp tárepten belgileydi. Qantqamıs, kofe, banan, kakao, soya hám paxta jetistiriw Latın Amerikası elleri awıl xojalıǵınıń eksportqa baǵdarlanǵan eń áhmiyetli tarmaqları esaplanadı. Qantqamıs kóbirek Vest-Indiya atawları hám de Qubla Amerikanıń arqa aymaqlarında ıssı hám máwsimlik ıǵal klimat sharayatında jetistiriledi. Ásirese, Braziliya hám Kuba ekonomikası ushın qantqamıs jetistiriw hám eksport etiw júdá úlken áhmiyetke iye. Bul eki mámleket qumsheker eksportı boyınsha dúnya boyınsha jetekshi orınlardı iyeleydi.



*16-súwret.* Braziliyadaǵı kofe plantaciyaları

Kofe eksportı boyınsha dúnyada Braziliya jetekshilik etedi. Braziliya pás tawlıǵınıń batıs-shıǵıs janbawırlarında kofe plantaciyaları úlken maydandı iyeleydi (16-súwret). Meksika qoltıǵı hám Karib teńizine qarap turǵan Meksika, Oraylıq Amerika mámleketleri hám Kolumbiyanıń taw aldı (500—1500 m) aymaqlarında da kofe jetistiriwge qánigelesken iri awıl xojalıq rayonları qáliplesken. Bul jerde jetistiriletuǵın «arabika» sortlı kofe jer júzi boyınsha eń sapalı hám qımbat bahalı esaplanadı.

Banan Latın Amerikasına Aziyadan alıp kelinip, ótken ásirdiń basında Oraylıq Amerika mámleketlerinde eń tiykarǵı awıl xojalıq eginine aylandı. Házirgi kúnde Braziliya, Ekvador, Kosta-Rika, Meksika, Kolumbiya eń kóp banan jetistiredi, bananlardı eksportqa shıǵarıwda bolsa Ekvador hám Kosta-Rika aldıńǵı orınlarda. Banan plantaciyaları kóbirek Tınısh okeanı jaǵalarında jaylasqan.

Soya jetistiriw hám eksportqa shıǵarıw boyınsha Latın Amerikası mámleketleri ishinde Braziliya, Paragvay hám Argentina, kakao Braziliya, Ekvador hám Dominikana Respublikasında, paxta bolsa Braziliya, Paragvay, Meksika hám Argentina tárepinen kóp eksport etiledi.

Latın Amerikasınıń eń iri awıl xojalıq rayonı — Argentinadaǵı Pampa dala jerleri esaplanadı. Argentina Pampası ushın tegis relyef, ıssı hám ıǵal subtropikalıq klimat, ónimdar qara topıraq tánligi sebepli, bul aymaq dánshilik hám gósh sharwashılıǵı ushın júdá qolaylı sharayatqa iye. Sol rayondaǵı fermer xojalıqlarınıń esabınan Argentina biyday, mákke hám góshtiń jetekshi eksportshılarınan birine aylanǵan.

Xalıq aralıq teńiz transportı sistemasında ayrıqsha orın tutatuǵın Panama kanalı eki materik, yaǵnıy Arqa hám Qubla Amerikada jaylasqan Panama mámleketi aymaǵınan ótedi. Bul kanal Atlantika okeanı basseynine tiyisli Karib teńizi menen Tınısh okeanın tutastıratuǵın, eń kóp qatnawshı teńiz jollarınan biri esaplanadı. Panama mámleketi, óz náwbetinde, teńiz kompaniyaları ushın tómen stavkadaǵı salıqlardı engizip, dúnya júzi boyınsha eń úlken teńiz flotına iye elge aylandı. Buǵan, tiykarınan, sırt el transport kompaniyalarınıń rásmiy Panamada dizimnen ótkenligi esabınan erisilgen.

Latın Amerikası mámleketleri rawajlanıp atırǵan eller blogına tiyisli. Poyas ulıwma JIÓniń 2/3 bólegi tuwrı keletuǵın Braziliya, Meksika hám Argentina *tayanısh rawajlanıp atırǵan mámleketler* toparına kiredi. Sonday-aq, social-ekonomikalıq rawajlanıwı hám xalıq turmıs dárejesiniń salıstırmalı joqarı kórsetkishleri poyas elleri arasında Chili, Urugvay, Barbados hám Bagama atawlarına tán. Poyastıń eń tómen rawajlanǵan mámleketi bolsa Gaiti Respublikası esaplanadı.

Ekonomikalıq geografiyalıq ornı, social-ekonomikalıq dárejesi, xalıq aralıq qánigelesiwi, xalqınıiń rasalıq, etnikalıq hám diniy quramı ózgeshelikleri hám de mámleketler aralıq ekonomikalıq integraciya proceslerin esapqa alǵan halda, Latın Amerikası tómendegi 7 subregionǵa ajratıladı:

— Meksika;
— Oraylıq Amerika (Beliz, Gvatemala, Salvador, Gonduras, Nikaragua, Kosta-Rika, Panama);
— Vest-Indiya (Karib teńizindegi ataw elleri);
— And elleri (Venesuela, Kolumbiya, Ekvador, Peru, Boliviya, Chili);
— «Gviana úshmúyeshligi» (Gayana, Surinam, Franciya Gvianası);
— Braziliya;
— La-Plata elleri (Argentina, Urugvay, Paragvay).

Latın Amerikası, Orta Amerika (Mezoamerika), Karib basseyni elleri, Oraylıq Amerika, Vest-Indiya, Qubla Amerika, «Gviana úshmúyeshligi», amerikalı indeecler, metisler, mulatlar, sambo, negrler, kreollar, tayanısh rawajlanıp atırǵan eller, And elleri, La-Plata elleri.

1. Latın Amerikası elleri qanday tábiyiy resurslarǵa bay? Poyas mámleketlerinde qaysı paydalı qazılmalardıń jer júzi áhmiyetindegi qorları bar?
2. Latın Amerikası qanday subregionlarǵa bólinedi hám bunda qanday kriteriyalar esapqa alınadı?
3. Latın Amerikası mámleketleri xalqına rasalıq, til, quramı hám jaylasıwı kózqarasınan jazba sıpatlama beriń.

## 25-§. KARIB BASSEYNI ATAW ELLERI

Arqa hám Qubla Amerika materikleri aralıǵında, Meksika qoltıǵı hám Karib teńizi menen Atlantika okeanı tutasqan akvatoriyada jaylasqan atawlar Xristofor Kolumbtıń birinshi ekspediciyası tárepinen 1492-jılı Amerika kontinentiniń dáslepki ashılǵan jerleri esaplanadı.

Kolumb oǵan Vest-Indiya, yaǵnıy «Batıs Hindstan» atın bergen. Bul aymaq keyin ala Amerikanıń bir bólegi ekenligi anıqlanǵan bolsa da, usı at házirge shekem keń qollanılmaqta.

Vest-Indiya úsh iri arxipelagtan ibarat: Karib teńiziniń arqa shegarası boylap sozılǵan Úlken Antil atawları (eń irileri — Kuba, Gaiti, Yamayka, Puerto-Riko), Karib teńiziniń shıǵıs hám qubla-shıǵıs shetindegi Kishi Antil atawları hám de Úlken Antil atawlarınan arqada jaylasqan Bagama atawları. Vest-Indiyanıń ulıwma jer maydanı 245 mıń km$^2$ bolıp, sonnan 216 mıń km$^2$ tı Úlken Antil atawları iyeleydi. Kishi Antil hám Bagama atawlarınıń maydanları bolsa derlik birdey, hár eki arxipelagqa 14 mıń km$^2$ tan zıyatıraq aymaq tuwrı keledi.

Vest-Indiya atawlarında jámi 13 ǵárezsiz mámleket jaylasqan. Úlken Antil atawlarında Kuba, Gaiti, Dominikana Respublikası hám Yamayka mámleketleri, Kishi Antil atawlarında Antigua hám Barbuda, Barbados, Grenada, Dominika, Sent-Vinsent hám Grenadinalar, Sent-Kits hám Nevis, Sent-Lyusiya, Trinidad hám Tobago «kishi» mámleketleri, Bagama atawlarında bolsa usı attaǵı mámleket jaylasqan. Bunnan basqa, Vest-Indiyanıń siyasiy kartasında jámi bolıp 15 ke jaqın, Ullı Britaniya, Franciya, Niderlandiya hám AQSHtıń koloniya, teńiz artı aymaqları hám de óz-ózin basqaratuǵın aymaqları da bar. Aymaǵınıń úlkenligi hám xalqınıń sanı boyınsha subregion mámleketleri ishinde birinshi orında Kuba Respublikası turadı. Ǵárezsiz bolmaǵan ellerden maydanı hám xalqı tárepinen eń irisi — AQSHqa tiyisli ózin-ózi basqaratuǵın aymaq esaplanǵan Puerto-Riko esaplanadı. Basqarıw forması tárepinen 10 mámleket respublika, 3 ewi Britaniya Doslıq Awqamı korollikleri (rásmiy mámleket baslıǵı Ullı Britaniya korolevası esaplanǵan ǵárezsiz konstituciyalıq monarxiyalar) esaplanadı. Kuba dúnya siyasiy kartasındaǵı socialistlik respublika sistemasındaǵı sanawlı mámleketlerden biri.

Vest-Indiya atawları Karib hám Arqa Amerika litosfera plitaları soqlıǵısqan shegarada jaylasqanlıǵı sebepli, ol jerde waqtı-waqtı menen kúshli jer silkiniwler payda bolıp turadı. Kishi Antil atawlarında hárekettegi vulkanlar kóp. Bunday tektonikalıq dúzilisi sebepli Vest-Indiya atawlarınıń jer beti tawlardan ibarat. Tegislikler tek ǵana Kubada úlken maydandı iyeleydi. Atawlardıń jaǵaları kóp jerlerde kemeler turıwı ushın qolaylı sharayatqa iye. Paydalı qazılmalardan tiykarınan boksit (Yamayka, Dominikana Respublikası), nikel hám kobalt (Kuba) rudaları, as duzı (Dominikana Respublikası) sanaat áhmiyetine iye. Neft kóbirek Bagama atawları, hám de Trinidad hám

Tobago mámleketlerinde qazıp alınadı. Sonday-aq, Trinidad atawında tábiyiy asfalt qazıp alınatuǵın kól jaylasqan.

Klimatı tropikalıq — jıl dawamında ıssı, biraq Atlantika okeanınan turaqlı esip turatuǵın passat samalları sebepli anaǵurlım jumsaq hám ıǵal. May ayınan noyabrge shekem qattı ıssı hám kóp jawınlı jaz dawam etedi, jıllı hám salıstırmalı qurǵaq qıs bolsa noyabrdiń aqırında baslanıp, mayǵa shekem baqlanadı. Tap usı tropikalıq qıs máwsimi dem alıw ushın eń jaqsı hám jaǵımlı máwsim bolıp, eń «ıssı» turistlik dáwiri esaplanadı. Klimattıń unamsız táreplerinen biri – kúshli dawıllardıń tez-tez tákirarlanıp turıwı esaplanadı.

Vest-Indiya xalqınıń ulıwma sanı 43 mln adamǵa teń (2016-jıl esabına). Kuba (11,2 mln), Gaiti (11,1 mln) hám Dominikana Respublikası (10,6 mln). Poyas xalqı sanı boyınsha jetekshilik etedi. Sonday-aq, Puerto-Riko, Yamayka hám de Trinidad hám Tobago mámleketlerinde xalqınıń sanı 1 mln adamnan kóp. Basqa ellerdiń hárbirinde xalqınıń sanı 500 mıńǵa da jetpeydi.

Vest-Indiya elleriniń kópshiligi tuwılıw hám xalıqtıń tábiyiy kóbeyiw kórsetkishleri ortasha hám tómen dárejede. Gaiti hám Dominikana Respublikasında tuwılıw hám tábiyiy kóbeyiw subregion boyınsha eń joqarı bolıp, xalıq sanı bul mámleketlerde tezlik penen ósip baratır. Kóp mámleketlerde xalıq sanınıń ósiwine emmigraciyanıń joqarılıǵı keri tásir kórsetpekte. Bul, ásirese, xalqı AQSHqa ǵalabalıq túrde kóship atırǵan Puerto-Riko ushın tán jaǵday.

Urbanizaciya dárejesi kóp mámleketlerde joqarı (subregion boyınsha jámi ortasha 70 %), biraq ayırım «kishi» mámleketlerde qala xalqınıń salmaǵı anaǵurlım tómen, mısalı, Sent-Lyusiya, Trinidad hám Tobago mámleketlerinde 20 % ke de jetpeydi. Vest-Indiyanıń eń iri qalaları — Kuba paytaxtı Gavana, Dominikana Respublikası paytaxtı Santo-Domingo, Gaiti paytaxtı Port-o-Prens hám Yamayka paytaxtı Kingston esaplanadı.

Kuba hám Puerto-Rikoda xalqınıń rasalıq quramında evropalılardıń áwladları (kreollar), Dominikana Respublikasında mulatlar, basqa mámleketlerde bolsa qara tánliler kópshilikti quraydı. Kuba hám Dominikana Respublikasında mámleketlik tili ispan, Gaiti Respublikasında francuz, qalǵan mámleketlerde bolsa inglis tili esaplanadı.

Karib teńizindegi ataw elleri ekonomikalıq-geografiyalıq ornı, tábiyiy sharayatı hám resursları, xalqı hám miynet resursları faktorları tásirinde xalıq aralıq miynet bólistiriliwi sistemasında, tiykarınan,

turizm, tropikalıq eginlerdi jetistiriw, kánshilik, jeńil hám azıq-awqat sanaatı, finans-bank xızmetleri sektorı sıyaqlı ekonomikalıq tarmaqlarǵa qánigelesken. Ayırım ellerdiń xojalıq qánigelesiwi tar, mısalı, Trinidad hám Tobago, tiykarınan, neftti qayta islew hám ammiak islep shıǵarıwǵa, Grenada muskat ǵozası hám kakao jetistiriwge, Sent-Vinsent hám Grenadina bolsa kraxmal hám sport buyımların (tiykarınan, tennis raketkaları) islep shıǵarıwǵa qánigelesken. Sırtqı sawda baylanısları kóbirek AQSH hám de Latın Amerikasınıń basqa mámleketleri menen ámelge asırıladı.




***17-súwret.*** Vest-Indiya mámleketleriniń social-ekonomikalıq rawajlanıwındaǵı ayırmashılıqlar: Bagama atawları paytaxtı Nassau qalası (shep tárepinde) hám Gaiti paytaxtı Port-o-Prens qalasındaǵı taslandıq orınlardan biri (oń tárepinde).

Social-ekonomikalıq rawajlanıwına qaray Vest-Indiya elleri rawajlanıp atırǵan mámleketler taypasına tiyisli. Biraq, ekonomikanıń rawajlanǵanlıǵı hám xalqınıń turmıs dárejesi boyınsha eller arasında keskin ayırmashılıqlar bar (17-súwret). Subregiondaǵı mámleketlerden bul boyınsha eń aldınǵı mámleketler Barbados penen Bagama atawları esaplansa, eń artta qalǵanı Dominika hám ásirese, Gaiti Respublikası kiredi.



Karib teńizi, Vest-Indiya, Úlken Antil atawları, Kishi Antil atawları, Bagama atawları, «kishi» mámleketler, koloniya, teńiz artı aymaǵı, ózin-ózi basqaratuǵın aymaq.



1. «Vest-Indiya» geografiyalıq atınıń sózlik mánisi hám kelip shıǵıwın túsindiriń.
2. Vest-Indiya qaysı ataw toparlarınan ibarat hám siyasiy kartada qanday mámleketler bar?
3. Karib teńizi ataw elleri xalqınıń tábiyiy kóbeyiwi, rasalıq hám til quramınıń ózgeshelikleri nelerden ibarat?



# VIII BAP. AFRIKA SUBREGION-LARÍ. OKEANIYA MÁMLEKETLERI

## 26-§. AFRIKA SUBREGIONLARÍ

Afrika tábiyiy resurslarǵa bay bolıwına qaramastan, bar bolǵan siyasiy, sociallıq, ekonomikalıq mashqalalar nátiyjesinde rawajlanıw dárejesi tómen bolǵan kóp mámleketler jámlesken kontinent esaplanadı. Ulıwma maydanı – 30,3 mln km$^2$ tan artıq bolǵan usı kontinentte 62 mámleket jaylasqan. Olardıń 54 i ǵárezsiz mámleketlerden ibarat. Kontinentte 10 ataw, 15 qurǵaqlıq ishindegi, 37 teńiz shegaralarına iye. Afrika aymaǵı 5 subregionǵa ajratıladı (18-súwret).

Arqa, Batıs, Oraylıq, Shıǵıs hám Qubla Afrika subregionları bir-birinen geografiyalıq ornınıń ózgeshelikleri, tábiyiy resursları menen támiyinlengenlik dárejesi, maydanda jaylasqan mámleketler sanı sıyaqlı kórsetkishlerine qaray parıqlanadı (10-keste).

***10-keste***

**Afrika subregionları haqqında ulıwma maǵlıwmat**

| Subregionlar | Maydanı, mln km$^2$ | Xalqınıń sanı, mln adam | Mámleketler sanı |
|---|---|---|---|
| Arqa | 8,5 | 218 | 7 |
| Batıs | 6,0 | 341 | 16 |
| Shıǵıs | 6,3 | 379 | 17 |
| Oraylıq | 6,6 | 142 | 9 |
| Qubla | 2,7 | 61 | 5 |

**Arqa Afrika.** Orta hám Qızıl teńizler, Atlantika okeanına shıǵıw imkaniyatı bar bolǵanı sebepli áyyemnen Evropa hám de Batıs Aziya mámleketleri menen baylanısların jolǵa qoyǵan edi. Aymaǵınıń úlken bólegi subtropikalıq poyasqa tuwrı kelgenligi mámleketlerdiń paxta, zaytun, júzim, citrus miyweler jetistiriwge qánigeleskenligi sebep bolǵan. Sanaat tarmaqlarınıń rawajlanıwı bolsa, birinshi náwbette mineral shiyki zatların qazıp alıw (neft, tábiyiy gaz, fosforit, temir rudası) hám de qayta islew menen baylanıslı. Bunan basqa, awıl xojalıǵı




***18-súwret.*** Afrika subregionları.

ónimlerin qayta islewge qánigelesken jeńil hám azıq-awqat sanaatı da jaqsı rawajlanǵan. Bul jerde teńiz transportı áhmiyetli esaplanadı. Ásirese, Suec kanalınıń bul poyas aymaǵında jaylasqanlıǵı transport xızmetleriniń joqarı dárejede rawajlanıwına sebep bolǵan. Bunnan tısqarı, xızmetler tarawında turizm xizmetiniń de ornı úlken.

Xalqınıń tiykarǵı bólegin arab tilinde sóylesiwshi xalıqlar quraydı. Kóp ásirlik tariyxqa iyeligi sebepli, poyas mámleketleri ekonomikası ushın dásrúriy esaplanǵan suwǵarılatuǵın diyqanshılıq, kóshpeli sharwashılıq, ónermentshilik sıyaqlı tarmaqlar ózine tán dástúrlerge iye ekenligi menen ajıralıp turadı. Mısr hám Aljir subregionınıń social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi boyınsha eń aldıńǵı qatardaǵı mámleketler esaplanadı.

**Batıs Afrika**. Saxara hám Gvineya qoltıqları aralıǵında jaylasqan bolıp, aymaǵı tropikalıq shóller, savanna hám de ıǵal ekvatorial poyasqa tuwrı keledi. Usı subregionda Afrikanıń xalıq sanı tárepinen jetekshi mámleketi — Nigeriya jaylasqan. Xalqınıń milliy quramı biraz quramalı. Koloniyalıq dáwirinde qulshılıq eń háwij alǵan poyas esaplanadı.

Subregionnıń zamanagóy kelbetin, birinshi náwbette, bul jerde áyyemnen rawajlanıp kiyatırǵan awıl xojalıǵına qánigelesiw belgileydi. Plantaciya xojalıǵınııń rawajlanıwı boyınsha úlken tájiriybege iye bolǵan subregion mámleketleri, tiykarınan, texnikalıq eginler jetistiriwge qánigelesken. Awıl xojalıǵında jetistiriletuǵın monokultura eginleriniń (jer ǵoza, túrli miyweler, tábiyiy kauchuk, kakao, kofe) tiykarǵı bólegi eksportqa baǵdarlanadı. Kánshilik sanaatı tiykarınan rawajlanǵan sanaat tarmaǵı esaplanadı. Tiykarınan, temir hám uran rudaları, boksit, qalayı, neft, almas, altın qazıp alınadı. Nigeriya Batıs Afrikanıń ekonomikası salıstırmalı rawajlanǵan mámleketlerine mısal bola aladı.

***Oraylıq Afrika*** elleri materiktiń oraylıq bóliminde, ıǵal ekvatorial toǵaylar hám de savanna poyaslarında jaylasqan. Subregion mineral resurslar túri hám qorına qaray, tek ǵana Afrikada emes, al dúnya júzinde aldıńǵı orınlardıń birin iyeleydi. Bunnan tısqarı, poyas suw,

biologiyalıq (tiykarınan, toǵay) resurslarına bay bolsa da, bar bolǵan tábiyiy resurs imkaniyatlarınan tolıq paydalanılmaydı. Oraylıq Afrika islew berilmegen almas, mıs, kobalt, marganec, qalayı, neft sıyaqlı mineral resurslarınıń tiykarǵı bólegin jáhánniń túrli mámleketlerine eksportqa jiberedi. Bunnan tısqarı, subregion eksportında toǵay resurslarınıń salmaǵı da úlken. Tiykarǵı sanaat tarmaǵı kánshilik sanaatı bolıp, sońǵı jıllarda iri qalalarda áste-aqırınlıq penen qayta islewshi sanaat tarmaqları da rawajlanbaqta. Xalqı, tiykarınan, bantu tuwısına tiyisli xalıqlardan quralǵanlıǵı menen ajıralıp turadı. Kongo Demokratiyalıq Respublikası subregion boyınsha ekonomikalıq jaqtan eń rawajlanǵan mámleket bolıp esaplanadı.

***Shıǵıs Afrika*** ushın, tiykarınan, subekvatorial hám tropikalıq klimat tán. Ol Hind okeanına shıǵıw imkaniyatına iye bolǵanlıǵı sebepli, áyyemnen Hindstan hám túrli arab mámleketleri menen sawda baylanısların ornatıp kelgen. Basqa subregionlardan parıqlı túrde bul poyas mineral resurslarǵa salıstırǵanda jarlı ekenligi menen ajıralıp turadı. Sol sebepten, ekonomikanı rawajlandırıwda bar bolǵan basqa tábiyiy resurslardan nátiyjeli paydalanıwǵa háreket etedi. Tiykarınan, tropikalıq awıl xojalıǵı rawajlanǵan bolıp, dúnya bazarına kofe, shay, kokos palması ónimleri, túrli dám beriwshi kók shópler alıp shıǵadı. Poyastıń ayırım mámleketleri kánshilik sanaatı ónimlerin (mıs) de eksport qıladı. Qayta islewshi sanaat tarmaqları rawajlanıp barmaqta. Shólkemlestirilgen tábiyiy baǵlar hám qorıqxanalar turizmniń rawajlanıwına járdem beredi (19-súwret). Shıǵıs Afrika xalqı etnikalıq tárepten túrli qáwim hám tuwıs, elat hám milletlerden quralǵan.



***19-súwret.*** Afrikanıń turistlik resursları.

Keniya subregiondaǵı social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi boyınsha aldıńǵı qatardaǵı mámleketlerden esaplanadı.

***Qubla Afrika*** — Evropa, Aziya, Amerika kontinentlerinen anaǵurlım uzaqta jaylasqan bolsa da, qolaylı transport-geografiyalıq orınǵa iye. Onıń jaǵalarınan áhmiyetli teńiz jolı jónelisleri ótedi. Qubla yarım shardıń tropikalıq hám subtropikalıq poyaslarında jaylasqan subregion túrli tábiyiy resurslarǵa (ásirese, mineral resurslarǵa) bay. Qubla Afrika Respublikası tek ǵana subregiondaǵı emes, al kontinenttegi ekonomikalıq tárepten eń rawajlanǵan mámleket esaplanadı. Ol dúnya bazarına túrli mineral resurslardı jetkerip beriwshi mámleketlerden biri. Onıń ekonomikasında kánshilik sanaatınan basqa, qayta islewshi tarmaqlar da salmaqlı dárejede ónim tayarlap beredi. Subregionnıń basqa mámleketleri ekonomikasında awıl xojalıǵı áhmiyetli orın iyeleydi. Xalqı etnikalıq tárepten hár túrliligi menen ajıralıp turadı. Sonıń menen birge, QAR xalqınıń milliy quramında evropalılardıń salmaǵı da joqarı.

Afrika úlken dárejede tábiyiy, social-ekonomikalıq resurs imkaniyatlarına iye. Biraq, poyas mámleketleriniń social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesiniń tómenligi, xalqınıń milliy hám diniy quramındaǵı ózine tánlikler, onıń turmıs hám de sawatlılıq dárejesiniń tómen kórsetkishleri, siyasiy ǵárezsizlikke erisiw dáwirinde etnikalıq ózgeshelikler itibarǵa alınbaǵan halda milliy shegaralanıwdıń ámelge asırılǵanlıǵı sıyaqlı jaǵdaylar kóplep geosiyasiy mashqalalardıń kelip shıǵıwına sebep bolmaqta. Bar bolǵan tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanbawshılıq nátiyjesinde ekologiyalıq mashqalalar (mısalı, shólleniw mashqalası) júzege kelmekte.

Subregionlar, Arqa Afrika mámleketleri, Batıs Afrika mámleketleri, Shıǵıs Afrika mámleketleri, Oraylıq Afrika mámleketleri, Qubla Afrika mámleketleri, shólleniw mashqalası, monokultura.

1. Afrikadaǵı mámleketler ekonomikalıq rawajlanıwda artta qalıp atırǵan mámleketler esaplanadı. Buǵan qanday faktorlar sebep bolǵan?
2. Afrika mámleketlerine tiyisli bolǵan demografiyalıq jaǵdayǵa baha beriń.
3. Dápterińizge Afrikanıń hárbir subregionında jaylasqan mámleketlerge besewden mısal jazıń.

# 27-§. OKEANIYA MÁMLEKETLERI

Okeaniya Tınısh okeanınıń qubla-batıs hám oraylıq bólimlerinde jaylasqan atawlar toparınan quralǵan bolıp, onıń ulıwma maydanı – 1,26 mln km$^2$ tı quraydı. Usı poyasta 11 mln adamnan artıq xalıq jasaydı. Onıń quramında 40 qa jaqın túrli mámleket, el hám aymaqlar bar bolıp, olardıń 13 i ǵárezsiz mámleket esaplanadı. Okeaniya siyasiy kartasında 1 federativ mámleket (Mikroneziya Federativ shtatları), 1 monarxiya mámleketi (Tonga) hám túrli mámleketlerdiń bir qatar koloniya aymaqları (Mısalı: Amerika Samoası, Guam, Kingmen rifi (AQSH), Pitkern (Ullı Britaniya), Norfolk, Ashmor hám Kartye atawları (Avstraliya), Francuz Polineziyası, Jańa Kaledoniya (Franciya), hám basqalar bar. Okeaniya mámleketleri quram jaǵınan Melaneziya, Polineziya hám Mikroneziya poyaslarına ajıratıladı (20-súwret).

Relyef ózgesheliklerine qaray, Okeaniya kontinental, marjan hám vulkan kelip shıǵıwına iye atawlardan quralǵan. Jańa Zelandiya, Jańa Gvineya (atawdıń shıǵıs bólimi Okeaniya quramına kiredi), Jańa Kaledoniya sıyaqlı iri atawlar kontinental ózgeshelikke iye. Olar ulıwma Okeaniya aymaǵınıń 87% in iyeleydi. Tawlı relyefke




***20-súwret.*** Okeaniyanıń quramlı bólimleri

iye, maydanı salıstırmalı iri atawlar, tiykarınan, poyastıń qubla-batıs bóliminde jaylasqan bolsa, qalǵan kishi hám mayda atawlar Tınısh okean akvatoriyasında keń maydanda shashırandı túrde jaylasqan. Tınısh okean akvatoriyasınıń 1/3 bólimin Okeaniya atawları quraydı.

Tiykarınan, ekvatorial, subekvatorial, tropikalıq, subtropikalıq hám ortasha poyaslar aymaǵında jaylasqan. Jawın muǵdarı 1500—4000 mm di ortasha temperatura +24° C; +28° C nı quraydı. Iri tawlı atawlarda qızıl, taw laterit, taw otlaq, toyǵın qońır, qońır topıraq túrleri tarqalǵan. Atollarda salıstırmalı tómen ónimli, gewek tárizli, suwdı ózinde saqlaw imkaniyatına iye bolmaǵan topıraqlar bar. Suw resursları menen jaqsı támiyinlengen. Sepik (1126 km), Flay (1050 km), Uaikato (425 km) Okeaniyanıń eń iri dáryaları esaplanadı. Atawlarda mineral resurslardan nikel (Jańa Kaledoniya), neft hám gaz (Papua-Jańa Gvineya, Jańa Zelandiya), mıs (Papua-Jańa Gvineya), altın (Papua-Jańa Gvineya, Fidji), fosfat (Nauru), teńiz aymaqlarındaǵı ekonomikalıq zonalarda temir-marganec aralaspaları, kobalt sıyaqlılar qazıp alınadı.

Okeaniya atawları mámleketleriniń tiykarǵı bólegi xalqınıń sanı az bolǵan mámleketler esaplanadı. Xalqı, tiykarınan, avstraloid kishi rasasına tiyisli polinez, melanez, mikronez hám papuaslardan quralǵan. Milliy quramında túrli qáwim hám tuwıs wákilleriniń salmaǵı joqarı. Olar papuas hám avstronez tuwıslarına tiyisli. Biraq, jergilikli tiller aytarlıqtay baylanısta emes. Tiykarınan, sóylesiwde inglis hám francuz tillerinen paydalanıladı. Xristian dinine sıyınıwshılar salmaǵı joqarı, bunnan basqa, qáwimlerde dástúriy dinlerge sıyınıwshılar da bar.

Tábiyiy resurslarǵa jarlılıǵı, atawlar aralıq baylanıslarda qıyınshılıqlardıń bar ekenligi, mineral resurslar muǵdarınıń shegaralanǵanlıǵı, tiykarǵı eksportqa jiberiletuǵın ónimlerdi islep shıǵarıw procesi xalıq aralıq monopoliyalar qol astında toplanǵanlıǵı Okeaniya mámleketleri ekonomikasınıń rawajlanıwına tásir kórsetedi. Xalqınıń tiykarǵı xızmet tarawı awıl xojalıǵı esaplanadı. Onda eksportqa jiberiletuǵın monokultura eginlerin jetistiriw (kokos palması, qant qamısı, ananas, banan, kofe, kakao) tiykarǵı orın tutadı. Okeaniya mámleketleri dúnya boyınsha kopra (keptirilgen kokos) eksportınıń 10%, ananas óniminiń 90% in beredi. Sharwashılıq, tiykarınan, iri atawlar aymaǵında rawajlanǵan. Sharwa malları sanı boyınsha poyas mámleketleri arasında Jańa Zelandiya jetekshilik etedi (21-súwret).

Teńiz biologiyalıq resurslarına iye bolǵan poyas mámleketleriniń awıl xojalıǵında balıqshılıq tarawı sońǵı jıllarda rawajlanıp barmaqta.



Ananas egilgen maydanlar.



Jańa Zelandiya jaylawları.

***21-súwret.*** Okeaniyanıń tiykarǵı awıl xojalıq ónimleri.

Sanaatta tiykarınan eksportqa jiberiletuǵın awıl xojalıq ónimlerine birlemshi qayta islew beriw, toǵay hám kánshilik sanaatı kárxanaları jumıs alıp baradı. Tábiyiy rekreaciyalıq resurslar tásirinde xalıq aralıq turizm rawajlanbaqta. Ásirese, Fidji, Solomon atawları turistler eń kóp keletuǵın aymaqlar bolıp esaplanadı.

Okeaniya mámleketleri arasında ***Jańa Zelandiya*** social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesine qaray aldınǵı orında turadı. Rawajlanıw ózgesheligi boyınsha «kóshirilgen kapitalizm» mámleketi esaplanǵan usı mámleket eki iri (Arqa hám Qubla atawlar) hám 700 den artıq kishi atawlardan quralǵan. Aymaǵınıń 75 % i teńiz qáddinen 2000 m biyiklikte jaylasqan bolıp, aymaǵında mineral resurslardan altın, gúmis, tábiyiy neft, kómir, túrli reńli metallar tarqalǵan. Suw resursları menen jeterli dárejede támiyinlengen bolıp, bul jerde 40 tan artıq dárya hám 3280 kóller bar. Ekonomikalıq rawajlanıwında bul jerde tarqalǵan toyǵın qońır, sarı-qońır, taw tipli topıraqlar úlken áhmiyetke iye. 2 mln gektarǵa jaqın toǵay aymaqları da bar. Sonıń menen birge, tábiyiy rekreaciyalıq resurs imkaniyatları joqarı. Ekonomikası industrial tipte bolǵan Jańa Zelandiya sanaatında kánshilik, metallurgiya, janılǵı-energetika hám azıq-awqat tarmaqları jaqsı rawajlanǵan. Sharwashılıqta sút sharwashılıǵı hám qoyshılıq, diyqanshılıqta bolsa baǵshılıq hám júzimgershilik tiykarǵı awıl xojalıq tarawı esaplanadı. Transportında qurǵaqlıq transport túrleri menen birge teńiz transportınıń áhmiyeti úlken. Oklend (Jańa Zelandiyanıń birden bir millioner qalası), Gamilton, Vellington qalaların mámlekettiń eń iri ekonomikalıq orayları sıpatında kóriw múmkin.

Okeaniya mámleketleri social-ekonomikalıq rawajlanıwına erisiw mashqalasınan tısqarı, xalıq arasında jumıssızlıq dárejesiniń joqarılıǵı,

mámleketlerdiń poyas aymaǵındaǵı atawlar qadaǵalawı ústinen júzege keletuǵın qarama-qarsılıqlı jaǵdaylar onıń tiykarǵı mashqalalarınan bolıp esaplanadı.

Okeaniya, Melaneziya, Polineziya hám Mikroneziya, atollar, avstroloid kishi rasası, kopra, monokultura eginleri, industrial tip, qarama-qarsılıqlı jaǵday.

1. Okeaniya mámleketleriniń geografiyalıq ornına qanday baha beresiz?
2. Okeaniya mámleketleri bir-birinen qanday tárepleri menen parıqlanadı?
3. Qosımsha maǵlıwmatlardan paydalanıp, tómendegi kesteni toltırıń.

| **№** | **Mámleketler** | **Maydanı mıń km²** | **Xalqı, mln. adam** | **Basqarıw forması** | **Qánigelesken tarmaqları** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Jańa Zelandiya | | | | |
| 2 | Mikroneziya Federativ Shtatları | | | | |
| 3 | Tongo | | | | |
| 4 | Nauru | | | | |
| 5 | Kiribati | | | | |



# IX BAP. AZIYA SUBREGIONLARÍ

## 28-§. QUBLA-BATÍS HÁM QUBLA AZIYA MÁMLEKETLERI

Aziya dúnyadaǵı eń iri kontinent esaplanıp, onıń maydanı 43,4 mln km$^2$ (dúnya júzi qurǵaqlıq maydanınıń 29,2 %) tı, xalqınıń sanı bolsa 4,4 mlrd adamǵa jaqın (dúnya xalqınıń 59,5% in quraydı). Házirgi Aziya siyasiy kartasında 47 ǵárezsiz mámleket bar. Bul mámleketlerdiń 13 i monarxiya basqarıw formasına, 7 ewi federativ administrativlik-aymaqlıq dúzilisine iye. Kontinent aymaǵı 5 subregionǵa — Qubla-batıs, Qubla, Shıǵıs, Qubla-shıǵıs hám Oraylıq Aziyalarǵa ajıratıladı (22-súwret). Usı subregionlardı mádeniy-tariyxıy poyaslar sıpatında da kóriw múmkin. Olardı ajıratıwda tariyxıy, etnikalıq, diniy faktorlar menen bir qatarda, tábiyiy belgilerge de itibar qaratılǵan.




***22-súwret.*** Aziya subregionları

**Qubla-batıs Aziya.** Xalqınıń sanı boyınsha Túrkiya, Iran, Awǵanstan, Iraq, Saudiya Arabstanı mámleketleri jetekshilik etedi. Ulıwma xalqınıń 60 % ti awıllarda jasaydı.

Subregionda, tiykarınan, neft (Persiya qoltıǵı mámleketleri, Túrkiya, Ázerbayjan, Armeniya), mashinasazlıq (Túrkiya, Iran, Gruziya, Ázerbayjan, Armeniya), metallurgiya (Túrkiya, Iran, BAÁ) hám ximiya sanaatları (Iran, Túrkiya, Ázerbayjan) rawajlanbaqta. Jeńil hám azıq-awqat sanaatı Qubla-batıs Aziyanıń barlıq mámleketlerinde rawajlanǵan.

Awıl xojalıǵınıń jetekshi tarmaǵı diyqanshılıq bolıp esaplanadı. Tiykarınan, suwǵarılatuǵın diyqanshılıq rawajlanǵan, paydalanıw ushın biyday, mákke, arpa jetistiriledi. Orta teńiz boyı mámleketlerinde palız

ónimleri, miyweshilik, júzimgershilik rawajlanǵan bolıp, olar menen bir qatarda zaytun jetistiriw úlken orın iyeleydi hám usı diyqanshılıq túri boyınsha poyas dúnyada jetekshi orındı iyeleydi. Túrkiyada paxtashılıq, temeki, citrus miywe, dánshilik, Iranda qurma, citrus miyweler, qant láblebisi, paxta, Iraq, Siriya hám Izrailda paxta, temeki hám qurma jetistiriw rawajlanǵan. Sharwashılıqta Túrkiya angor eshkilerin baǵıwǵa, Arabiya yarım atawı mámleketleri túyeshilikke, Iran hám Awǵanstanda qarakólshilikke qánigelesken. Xizmet kórsetiw tarawları arasında transport hám turizm úlken salmaqqa iye.

***Qubla Aziya mámleketleri***. Qubla Aziya subregionınıń ulıwma maydanı 4,5 mln km$^2$ tı quraydı. Poyasta 2 mlrd qa jaqın xalıq jasaydı. Usı subregion quramına Hindstan yarım atawı, Hind-Gang tegisligi, Shri-Lanka, Maldiv, Andaman, Nikobar hám de Lakkadiv atawları kiredi. Onıń aymaǵında 7 mámleket jaylasqan. Poyas mámleketleri arasında bir monarxiya mámleket dúzimine iye bolǵan Butan Korolligi menen 6 respublika bar. Administrativlik-aymaqlıq dúzilisine qaray Hindstan hám Pakistan federativ, qalǵanları unitar mámleketler esaplanadı.

Qubla Aziyanıń dúnya kóleminde tutqan ornı tómendegishe: bul subregion Jer sharı qurǵaqlıq maydanınıń 3,1 % in iyeleydi; dúnya xalqınıń 25,4 % in usı poyas xalqınan quraladı; dúnya boyınsha JMÓniń 9 % ten artıǵı usı subregion úlesine tuwrı keledi.

Dúnya okeanına tuwrıdan-tuwrı shıǵıw imkaniyatınıń bar ekenligi, Hind okeanı basseyni jaǵa boyı aymaqlarınıń orayında jaylasqanlıǵı, onıń aymaǵında áyyemgi tariyxıy oraylarınıń bar ekenligi, poyastıń geografiyalıq ornınıń ózine tán tárepleri esaplanadı.

Qubla Aziyanı, arqada Gimalay taw dizbegi hám Qaraqurım orap turadı. Arqa-shıǵısta ol toǵaylar menen qaplanǵan Assam-Birma tawları, arqa-batısta bolsa Hindikush hám Iran tawları arqalı shegaralanǵan. Poyas arqadan qublaǵa qaray dúnyadaǵı eń biyik taw Gimalaydan ekvatorda jaylasqan Maldiv atawlarına qaray páseyip baradı (23-súwret).

Bul poyasta musson tipli klimat tán bolıp, jıl dawamında hawa rayı keskin ózgeriwi menen ajıralıp turadı. Bul jerde anıq kórsetilgen 2 klimatlı máwsim (ıǵal jaz hám qurǵaq qıs máwsimleri) ajıratıladı. Poyas ekonomikasınıń rawajlanıwında tábiyiy resurslar, ásirese, mineral resurslar úlken áhmiyetke iye. Bul jerde janılǵı-energetika resurslarınan baslap (kómir, tábiyiy gaz, quramında radioaktiv toriy bar bolǵan monacitli qumlar) qımbat bahalı metall hám de taslar bar (altın, zumrat, almas). Subregion dúnyada qara metall rudaları (temir,




***23-súwret.*** Qubla Aziya subregionı mámleketleriniń relyef dúzilisindegi ayırmashılıqlar.

marganec, xrom) qorı boyınsha ajıralıp turadı. Sońǵı jıllarda poyastıń teńiz shelf zonasında neft hám gaz qazıp alıw rawajlanbaqta.

Suw resursları menen salıstırmalı jaqsı támiyinlengen. Hind, Gang, Braxmaputra eń iri dáryaları esaplanadı. Subregionda joqarı ónimdarlıqqa iye bolǵan allyuvial topıraqlar, qara topıraq sıyaqlı sazlı topıraqlar — regurlar keń tarqalǵan. Qubla Aziyanıń barlıq mámleketlerinde milliy, diniy, social-ekonomikalıq rawajlanıw faktorları menen baylanıslı halda, xalqınıń tábiyiy ósiw pátleri joqarı.

Qubla Aziyada 1 mln nan artıq 33 etnos jasap, poyas xalqınıń 98% olardıń úlesine tuwrı keledi. Tiykarınan, induizm (Hindstan, Nepal), islam (Pakistan, Bangladesh, Maldiv), buddizm (Butan, Shri-Lanka) dinleri tarqalǵan.

Qubla Aziya áyyemgi suwǵarılatuǵın diyqanshılıq oraylarınan biri sıpatında dúnyanıń xalqı eń tıǵız jaylasqan areallardan biri ekenligi belgili. Bul jerde ortasha tıǵızlıq 355 adam/km$^2$ tan artıq bolıp, ortasha dúnya kórsetkishinen 6,7 ese artıq. Tegislik aymaqları, iri dárya oypatları (ásirese, Gang dáryası oypatı) hám de teńiz boyı aymaqlarında xalıqtıń joqarı tıǵızlıq kórsetkishleri belgilengen. Qubla Aziya dúnyanıń eń kem urbanizaciyalasqan poyaslarınan biri esaplanadı (46%). Bul jaǵday poyas mámleketleriniń tómen social-ekonomikalıq rawajlanıwı sebepli bolıp esaplanadı. Sonıń menen bir qatarda, poyastıń kóplegen mámleketlerinde jalǵan urbanizaciya procesi de tez pát penen rawajlanıp barmaqta.

Qubla Aziya ekonomikasında rawajlanıw dárejesine qaray, Aziyanıń basqa subregionlarına salıstırǵanda tómen kórsetkishler baqlanadı. Butan hám Nepal agrar, Maldiv agrar-industrial, Bangladesh, Pakistan, Hindstan hám de Shri-Lanka industrial-agrar mámleketler esaplanadı. Qubla Aziya mámleketleri jáhán ekonomikasında tiykarınan kánshilik

(Hindstan, Nepal, Butan), qara hám reńli metallurgiya (Pakistan, Hindstan, Shri-Lanka), ximiya (Hindstan, Pakistan), jeńil hám azıq-awqat sanaat tarmaqları (barlıq mámleketlerde) rawajlanǵanlıǵı menen ajıralıp turadı.

Awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwde diyqanshılıq tarawı ústin esaplanadı. Qubla Aziya dúnyadaǵı dánli eginler (ásirese, salı) jetistiriwshi iri poyas sıpatında tanılǵan. Bunnan tısqarı, bul jerde jut (Hindstan, Bangladesh), tábiyiy kauchuk, kokos (Shri-Lanka), qantqamıs, paxta, jerjańǵaq da jetistiriledi. Hindstan hám Shri-Lanka dúnya júzi shay óniminiń 40 % in jetistirip, onıń eksportı boyınsha jetekshi orınlardı iyeleydi. Sonday-aq, subregion hár túrli dám beriwshi kók shóplerdi jetistiriw boyınsha da dúnyada birinshilikte turadı. Sharwashılıqta qaramalshılıq, qoy hám eshkishilik, balıqshılıq sıyaqlı tarmaqları rawajlanǵan. Sonıń menen birge, poyas mámleketlerinde xızmet kórsetiw tarawlarınan turizm, medicina, transport xızmetlerin kórsetiw úlken áhmiyetke iye.

Aziya subregionları, Qubla-batıs Aziya mámleketleri, Persiya qoltıǵı mámleketleri, Suec kanalı, Kavkaz mámleketleri, Hindstan yarım atawı, regur topıraqlar.

1. Qubla-batıs Aziya mámleketleri jáhán xojalıǵında qanday tarmaqlarǵa qánigeleskeni menen ajıralıp turadı?
2. Qubla-batıs Aziya mámleketleri arasında qurǵaqlıq ishkerisinde jaylasqanların kartadan kórsetiń.
3. Kartadan paydalanǵan halda tómendegi kesteni toltırıń:

| **Tábiyiy geografiyalıq orın kórinisleri** | **Qubla-batıs hám Qubla Aziya mámleketleri** |
|---|---|
| Teńiz shegaralarına iye bolǵan mámleketler | |
| Qurǵaqlıq ishkerisinde jaylasqan mámleketler | |
| Ataw mámleketler | |
| Yarım ataw mámleketler | |
| Arxipelag mámleketler | |

# 29-§. SHÍǴÍS HÁM QUBLA-SHÍǴÍS AZIYA MÁMLEKETLERI

**Shıǵıs Aziya mámleketleri.** Aziyanıń shıǵıs bóliminde jaylasqan aymaqları Shıǵıs Aziya subregionı bolıp esaplanadı. Arqa, batıs, qubla bólimlerinen poyastıń qurǵaqlıq shegaraları ótse, shıǵısı Yapon, Sarı, Shıǵıs Qıtay, Qubla Qıtay teńizleri dizbegi menen qorshalǵan. Onıń ulıwma maydanı 11,8 mln km$^2$, xalqınıń sanı bolsa 1,5 mlrd. tan aslam. Bul poyas Jer sharı qurǵaqlıq maydanınıń derlik 8 % in iyeleydi; dúnya xalqınıń 22,2 % in óz ishine aladı; dúnya boyınsha JMÓ niń ¼ bóleginen artıǵı usı poyas esabına tuwrı keledi. Subregion aymaǵında 5 ǵárezsiz mámleket jaylasqan.

Shıǵıs Aziya subregionı Aziyanıń maydanı jaǵınan eń úlken poyası esaplanadı. Onıń mámleketleri arasında Qıtay maydanınıń úlkenligine qaray dúnyada úshinshi, xalqınıń sanı boyınsha birinshi orındı iyeleydi. Koreya Respublikası poyastıń maydanı jaǵınan kishi mámleketi esaplansa, Mongoliya xalqınıń sanı boyınsha sońǵı orındı iyeleydi. Subregion mámleketleriniń jáne bir ózine tán tárepi sonda, hárbir mámleket óz siyasatı, rawajlanıw jaǵdayına qaray derlik bir-birine uqsamaydı. Bul jerde bazar ekonomikası talapların ózinde sińdirgen socialistlik dúzim tiykarında rawajlanıp atırǵan Qıtay Xalıq Respublikası, jáhánniń eń áskeriylesken, jabıq mámleketlik siyasat júrgiziwshi, totalitar dúzimge iye bolǵan Koreya Xalıq Demokratiyalıq Respublikası (KXDR), poyastaǵı birden-bir monarxiya dúzimine iye bolǵan, jáhánniń ekonomikalıq jaqtan eń rawajlanǵan mámleketlerinen biri — postindustrial mámleket Yaponiya, jańa sanaatlasqan mámleket — Koreya Respublikası menen bir qatarda ekonomikası salıstırmalı tómen dárejede rawajlanǵan Mongoliya jaylasqan.

Tuwrıdan-tuwrı Tınısh okeanına shıǵıw imkaniyatına iye (Mongoliyadan tısqarı) ekenligi, subregionnıń áyyemgi civilizaciya oraylarınan biri ekenligi geografiyalıq ornınıń qolaylı tárepleri esaplansa, batıs hám qubla bólimleriniń bálent tawlıqlardan ibaratlıǵı, tiykarǵı bólimi Tınısh okean boyı seysmikalıq zonasında jaylasqanlıǵı unamsız tárepi sıpatında kórinedi.

Shıǵıs Aziya mámleketleriniń relyef ózgeshelikleri salıstırmalı uqsas. Barlıq mámleketlerde tawlı aymaqlar úlken maydandı quraydı. Sonıń menen bir qatarda, Gobi, Taklamakan sıyaqlı shóller de bar. Taw

aldı, dárya alapları, teńiz boyı aymaqları poyastıń tiykarǵı tegislik aymaqların quraydı (24-súwret).


Taklamakan shóli


Yaponiya


Tibet tawları

***24-súwret.*** Shıǵıs Aziya mámleketleriniń tábiyat kórinisleri

Shıǵıs Aziya mámleketleri, tiykarınan, ortasha, subtropikalıq hám subekvatorial poyaslarda jaylasqan. Bul mámleketler ekonomikasında olardıń aymaǵında bar bolǵan tábiyiy resurslar úlken áhmiyetke iye. Mineral resurslardıń túrli kórinisleri Yaponiyadan basqa barlıq mámleketlerde tarqalǵan bolsa, Yaponiya, Koreya yarım atawı mámleketleri suw resurslarına baylıǵı menen ajıralıp turadı. Onnan tısqarı, jer (Qıtay), toǵay (Qıtay, Koreya yarım atawı mámleketleri), rekreacion (Yaponiya, Qıtay, Koreya Respublikası) resurslar da úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye.

Subregion xalqınıń sanı, onıń tıǵızlıq dárejesi joqarı bolǵan aymaqlardan biri bolıp esaplanadı. Social-ekonomikalıq rawajlanıw faktorı Yaponiya, Koreya Respublikası xalqınıń tábiyiy kóbeyiw dárejesine unamsız tásirin kórsetpekte. Olarda tuwılıw dárejesiniń tómenligi sebepli xalıq arasında úlken jastaǵılar hám de qariyalardıń salmaǵı artıp barmaqta. Qıtayda xalıq sanınıń áste ósiwine, bul jerde sońǵı jıllarǵa deyin alıp barılǵan xalıq sanın qısqartıwǵa qaratılǵan demografiyalıq siyasat sebep bolmaqta. Poyas mámleketleri arasında KXDR hám Mongoliyada joqarı tábiyiy kóbeyiw procesi júz bermekte. Subregionda xalıqtıń ortasha tıǵızlıǵı 1 $km^2$ qa 136 adamǵa teń. Xalıqtıń tıǵızlıq kórsetkishleri Koreya Respublikasında eń joqarı (1 $km^2$ qa 510 adam), Mongoliyada bolsa eń tómen (2 adam).

Subregionda ortasha urbanizaciya dárejesi 58 % bolǵan jaǵdayda, onıń mámleketleri arasında ekonomikası rawajlanǵan Yaponiya (93 %), Koreya Respublikasında (82 %) joqarı, KXDRda bolsa tómen (60 %)

kórsetkishleri baqlanadı. Sanaatında kánshilik (Qıtay, Mongoliya, KXDR), janılǵı-energetika (Qıtay, Koreya Respublikası, Yaponiya), qara hám reńli metallurgiya (Qıtay, Yaponiya, Koreya Respublikası), mashinasazlıq (Qıtay, Yaponiya, Koreya Respublikası), ximiya (Qıtay, Yaponiya, Koreya Respublikası, KXDR), toǵay hám aǵashsazlıq (Qıtay hám Koreya Respublikası), jeńil hám azıq-awqat (subregionnıń barlıq mámleketleri) tarmaqları úlken áhmiyetke iye. Túrli tarmaqlarda sanaat ónimlerin islep shıǵarıw boyınsha Qıtay, Yaponiya, Koreya Respublikası mámleketleri dúnyada jetekshi mámleketlerden esaplanadı. Ásirese, usı mámleketlerdiń qara metallurgiya, kemesazlıq, avtomobilsazlıq, elektronika hám elektrotexnika, ximiya sanaatlarındaǵı úlesi úlken.

Shıǵıs Aziya mámleketleri ekonomikasında awıl xojalıǵı úlken áhmiyetke iye. Mongoliya hám Yaponiya awıl xojalıǵında sharwashılıqtıń, qalǵan mámleketlerde bolsa diyqanshılıqtıń úlesi joqarı. Diyqanshılıq tarmaqlarınan dánshilik (biyday, salı, mákke), texnikalıq eginler jetistiriw (paxta, temeki, shay, kartoshka, soya), baǵshılıq jaqsı rawajlanǵan. Sharwashılıqta qaramalshılıq, shoshqashılıq, qusshılıq hám balıqshılıq úlken orın tutadı. Mongoliyada qoy hám eshkishilik, jılqıshılıq, túyeshilik hám suwın ósiriw tarmaqları da rawajlanǵan. Transportında qurǵaqlıq transportı úlken áhmiyetke iye. Teńiz boyında jaylasqan mámleketlerde suw transportı da jaqsı rawajlanǵan.

**Qubla-shıǵıs Aziya mámleketleri**. Qubla-shıǵıs Aziya subregionı quramına Hindiqıtay yarım atawı, Malay arxipelagı atawları, Jańa Gvineyanıń batıs bólimi kiredi. Onıń maydanı 4,5 mln km$^2$ bolıp, ulıwma qurǵaqlıq maydanınıń 3% in iyeleydi. Xalqı sanı 630 mln ǵa jaqın. Yaǵnıy bul subregionda dúnya xalqınıń 8,5% ten kóbiregi jasaydı. Geografiyalıq jaylasıwı tárepinen Vietnam, Kambodja, Laos, Myanma, Tailand hám Malayziya yarım atawı, Bruney, Indoneziya, Singapur, Filippin hám Shıǵıs Timor bolsa ataw mámleketler bolıp esaplanadı. Bul jerde maydanınıń úlkenligi, xalıq sanı, social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesine qaray bir-birinen parıqlanıwshı 11 mámleket jaylasqan. Olar arasında tek ǵana Laos qurǵaqlıq ishinde jaylasqan mámleket bolǵanlıǵı sebepli tuwrıdan tuwrı teńizge shıǵa almaydı.

Mámleketlerdiń 4 ewi monarxiyalıq basqarıw formasına iye. Administrativlik-aymaqlıq dúzilisine qaray, Malayziya hám Myanma mámleketleri federativ mámleketler bolıp esaplanadı.

Hind hám Tınısh okeanları aralıǵında jaylasqanlıǵı; poyas mámleketleri ekonomikası rawajlanıwında eki iri civilizaciya — Qıtay hám Hindstan tásiriniń kúshli ekenligi; ullı geografiyalıq ashılıwlar dáwirinde rawajlanıwın baslaǵan xalıq aralıq sawda hám teńiz jolları ústinde jaylasqanlıǵı poyas geografiyalıq ornınıń tiykarǵı ózgeshelikleri bolıp esaplanadı.

Subregion relyefinde tawlı hám tegislik aymaqlar salmaǵı derlik teń. Poyasta iri tegislik aymaqları joq. Tiykarınan, subekvatorial hám ekvatorial klimat poyaslarında jaylasqan bolıp, klimat ózgeshelikleri bul jerde turaqlı máńgi jasıl tropikalıq toǵaylardıń bar bolıwına sebepshi bolǵan. Poyastıń 42 % aymaǵı toǵaylar menen qaplanǵan. Suw resursları menen jaqsı támiyinlengen. Mekong, Iravadi, Chao-Praya, Xongxa dáryaları eń tiykarǵı dushshı suw derekleri esaplanadı. Poyastıń iri dáryaları, tiykarınan, yarım ataw mámleketleri aymaǵınan aǵıp ótedi.

Dúnya okeanı biologiyalıq resursları da mámleketler ekonomikasında úlken áhmiyetke iye. Olar xalıq tárepinen tutınıwda keń paydalanıladı. Malay arxipelagınıń ayırım atawlarında tábiyiy marjan jetistiriledi.

Poyas tábiyiy resursları arasında mineral resurslar úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye. Myanma aymaǵınan Indoneziyaǵa shekem sozılǵan qalayı-volfram belbewi ótkeni sebepli barlıq yarım ataw mámleketleri hám de Indoneziya aymaǵınan úlken muǵdarda qalayı rudalar qazıp alınadı. Subregion qalayınıń ulıwma qorları boyınsha dúnyada birinshi orındı iyeleydi. Surma qorları boyınsha Qubla-shıǵıs Aziya kontinentte birinshi, dúnyada bolsa ekinshi orındı iyeleydi. Bunnan tısqarı, usı aymaqtan neft (Indoneziya, Malayziya, Bruney), taskómir (Vietnam, Indoneziya), uran rudaları (Indoneziya, Filippin), altın (Myanma, Vietnam, Filippin), volfram (Myanma, Tailand), boksit (Indoneziya, Filippin, Malayziya) sıyaqlı mineral resurslar da qazıp alınadı.

Qubla-shıǵıs Aziyanıń derlik barlıq mámleketlerinde xalıqtıń tábiyiy kóbeyiw dárejesi joqarı. Buǵan birinshi náwbette milliy, diniy faktorlar úlken tásir kórsetedi. Indoneziya, Filippin, Vietnam poyastıń xalıq sanı kóp bolǵan mámleketleri esaplanadı. Qubla-shıǵıs Aziya aymaǵında 200 den artıq xalıqlar jasaydı. Olar arasında malaylılar, laolar, taylar, vetnamlılar, semanglar, birmalılar, filippinliler, yavalılar, qıtaylılar úlken salmaqqa iye.

Indoneziya, Malayziya, Bruneyde islam dinine iseniwshiler aldınǵı orında turadı. Tailand, Laos, Kambodja, Myanma hám de

Vietnamda buddizm, Singapurda bolsa konfuciylik dini keń tarqalǵan. Ayırım mámleketlerde katoliklerdiń salmaǵı úlken (Filippin, Shıǵıs Timor).

Subregionda ortasha tıǵızlıq 1 $km^2$ qa 140 adamdı quraydı. Kishi aymaqlı mámleketlerde bul kórsetkish anaǵurlım joqarı (mısalı, Singapurda ortasha tıǵızlıq 1 $km^2$ qa 8000 adamnan artadı).



***25-súwret.*** Qubla-shıǵıs Aziyanıń zamanagóy qalalarınan biri.

Urbanizaciya dárejesi 50% átirapında. Industriallasqan aymaqlarda bul kórsetkish joqarı (Singapurda 100%), awıl xojalıǵı ekonomikasında úlken salmaqqa iye mámleketlerde bolsa tómen (Shıǵıs Timor 30% átirapında). Jakarta, Bangkok, Manila poyastıń eń iri qalaları bolıp esaplanadı (25-súwret).

Poyas mámleketleriniń tariyxıy rawajlanıwında Qıtay hám Hindstannıń tásiri úlken bolsa da, usı mámleketlerdiń ayırım bólimi óz social-ekonomikalıq rawajlanıw jolın belgilewde yapon modeline tayanǵan. Nátiyjede, Qubla-shıǵıs Aziya mámleketleri ishinde Singapur, Tailand, Malayziya sıyaqlı jańa sanaatlasqan mámleketler (sońǵı jıllarda social-ekonomikalıq kórsetkishlerde unamlı ózgerisler júz berip atırǵan rawajlanıp atırǵan mámleketler toparı) sanı artıp barmaqta. Bunnan tısqarı, bul jerde Bruney sıyaqlı neft eksport qılıwshı mámleket, Shıǵıs Timor, Laos sıyaqlı ekonomikası tómen dárejede rawajlanǵan mámleketler de bar.

Subregionda kánshilik (derlik poyastıń barlıq mámleketlerinde), janılǵı-energetika (Indoneziya, Malayziya, Bruney hám b.), reńli metallurgiya (Indoneziya, Malayziya, Tailand, Vietnam hám b.), mashinasazlıq (Indoneziya, Singapur, Malayziya hám b.), ximiya (Indoneziya, Malayziya, Singapur, Vietnam hám b.), jeńil hám azıq-awqat (derlik poyastıń barlıq mámleketlerinde) sanaat tarmaqları rawajlanǵan.

Awıl xojalıǵında diyqanshılıq jetekshi taraw bolıp, salı tiykarǵı egin túri esaplanadı. Bunnan tısqarı, poyas mámleketlerinde túrli dám beriwshi shópler, shay, kofe, kopra, geveya (tábiyiy kauchuk alıw ushın) sıyaqlılar jetistiriledi. Sharwashılıqta balıqshılıq rawajlanǵan. Geografiyalıq orın ózgesheliklerinen kelip shıqqan halda, Qubla-shıǵıs Aziya mámleketleri ushın tiykarǵı transport túrleri suw hám avtomobil transportı esaplanadı.

Shıǵıs Aziya mámleketleri, totalitar dúzim, depopulyaciya, Qubla-shıǵıs Aziya mámleketleri, Hindiqıtay yarım atawı, jańa sanaatlasqan mámleketler.

1. Shıǵıs Aziya mámleketleri ekonomikasında tiykarǵı orın tutatuǵın awır sanaat tarmaqlarına sıpatlama beriń.
2. Shıǵıs Aziyanıń 10 mln nan artıq xalqı bolǵan mega qalalarınıń atların olar jaylasqan mámleketler menen birgelikte dápterińizge jazıń.
3. Bir-birine tuwrı keletuǵınlardı tabıń:

1) Vietnam; 2) Malayziya; 3) Laos; 4) Tailand; 5) Myanma
A) Bangkok ; B) Xanoy; V) Kuala-Lumpur; G) Vietnam; D) Yangon.

## 30-§. ORAYLÍQ AZIYA ELLERI

Oraylıq Aziya siyasiy-geografiyalıq subregionı Evraziya materiginiń ortasında jaylasqan. 1991-jıldan berli ǵárezsiz mámleketler sıpatında rawajlanıp atırǵan 5 burınǵı awqamlas respublika — Qazaqstan, Qırǵızstan, Tájikstan, Túrkmenstan hám Ózbekistandı birlestiredi. Sanap ótilgen mámleketler ekonomikalıq-geografiyalıq ornınıń ulıwma tárepi sonnan ibarat, heshbirinde de Dúnya okeanına tikkeley shıǵıw imkaniyatı joq, yaǵnıy besewiniń barlıǵı ishki kontinental eller esaplanadı. Sonıń ishinde, Qazaqstan Respublikası dúnyadaǵı jámi 44 bunday geografiyalıq jaylasıwǵa iye mámleketlerden maydanı boyınsha eń úlkeni esaplanadı. Subregionnıń orta bóliminde jaylasqan Ózbekistan Respublikası geografiyalıq ornınıń ózine tánligi bolsa, tek ǵana ózi emes, bálkim birde bir qońsı eli de teńizge tutas emesliginde bolıp abıladı. Bunday geografiyalıq ózgeshelik dúnya mámleketleri ishinde, respublikamızdan tısqarı, tek ǵana Batıs Evropadaǵı «kishi» mámleketlerden biri — Lixtenshteyn knyazlıǵına tán, aymaǵı úlkenirek mámleketerden bolsa heshqaysı birinde geografiyalıq jaylasıwınıń bunday tárepi joq.

Qazaqstan menen Túrkmenstan Respublikaları Kaspiy teńizine tutas bolıp, bul jaǵday eki mámlekettiń ekonomikalıq-geografiyalıq ornı, transport-geografiyalıq imkaniyatları hám tábiyiy-resurs potencialına unamlı tásir kórsetedi. Bunnan parqı sonda, transport-geografiyalıq sharayatı birqansha quramalı bolǵan Tyan-Shan hám Pamir biyik tawları aymaǵında jaylasqan Qırǵızstan hám Tájikstan Respublikalarınıń ekonomikalıq-geografiyalıq ornı, subregiondaǵı basqa mámleketlerdiń jaylasıwına qaraǵanda birqansha qolaysız bolıp esaplanadı.

Oraylıq Aziya subregionı ekonomikalıq-geografiyalıq ornınıń unamlı tárepi onıń tranzitligi, yaǵnıy Evropa hám Aziyanıń hár túrli bólimleriniń qurǵaqlıq transportı sistemaların baylanıstırıw imkaniyatlarında óz kórinisin tabadı. Bul jaǵday tariyxta Ullı Jipek jolı házirgi Oraylıq Aziya mámleketleri aymaǵınan ótkenliginde kóringen. Házirgi dáwirde de bul region elleriniń ekonomikalıq-geografiyalıq imkaniyatları sol tárepten joqarı bahalanıwı tiykarlı. Oraylıq Aziyanıń geosiyasiy ornı ózine tán bolıp, Evraziyadaǵı tiykarǵı geosiyasiy kúsh oraylarıx — Qıtay, Rossiya, Iranǵa tutaslıq hám usı tikkeley qońsılardan tısqarı, AQSH, Evropa Awqamı, Túrkiya, Saudiya Arabiyası, Hindstan, Pakistan sıyaqlı geosiyasiy «oyınshı»lardıń sırtqı mápleri tutasqan aymaqta jaylasqanlıǵı menen xarakterlenedi. Sonday-aq, áskeriy jánjeller tamamlanbay atırǵan Awǵanstan menen shegaralaslıǵı hám de basqa real hám áskeriy-siyasiy qarama-qarsılıqlar bolıwı múmkin zonalarǵa jaqın jaylasqanlıǵı, Oraylıq Aziya geosiyasiy ornınıń unamsız táreplerin belgileydi.

Oraylıq Aziya elleriniń ulıwma maydanı 4 mln km$^2$ qa, jámi xalqı bolsa 2017-jıl 1-yanvar jaǵdayı boyınsha 70,5 mln adamǵa teń. Subregion mámleketleri aymaǵı úlkenligi hám xalqınıń sanı jaǵınan bir-birinen birqansha parıq etedi (26-súwret). Oraylıq Aziya mámleketleriniń aymaqlıq hám demografiyalıq potencialı arasındaǵı ayırmashılıqlarına tábiyiy sharayat hám resurslardıń ózgeshelikleri úlken tásir kórsetedi. Oraylıq Aziya mámleketleri Evraziya hám Hind-Avstraliya litosfera plitalarınıń shegarası boylap ótken Alp-Gimalay burmalı poyasqa jaqın jaylasqan. Sol sebepli, poyastıń qubla-shıǵıs hám oraylıq bólimleri seysmikalıq jaqtan qáwipli esaplanadı. Kúshli jer silkiniwler júz beriwi,




***26-súwret.*** Oraylıq Aziya mámleketleriniń subregion ulıwma maydanı (shep tárepte, mıń km$^2$ hám % esabında) hám de xalqındaǵı (oń tárepte, mln adam hám % esabında, 1.01.2017-jıl jaǵdayına) úlesleri

ásirese, Tájikstan hám Qırǵızstan aymaqları ushın tán jaǵday. Poyastıń batıs hám arqa bólimleri tiykarınan platformalı tektonikalıq dúziliske iye. Jer beti dúzilisine qaray, subregion qubla-shıǵısında jaylasqan Tájikstan hám Qırǵızstan Respublikaları tawlı, Qazaqstan, Ózbekistan hám Túrkmenstan bolsa tiykarınan, tegislik keń tarqalǵan eller esaplanadı (27-súwret). Biraq, bul úsh mámleket aymaǵında da bálent taw dizbekleri bolıp, maydanlarınıń 10—20 % in iyeleydi.




***27-súwret.*** Túrkmenstan (shep tárepte) hám Tájikstan (oń tárepte) aymaqlarınıń kosmoslıq fotosúwretleri

Oraylıq Aziya elleri úlken mineral-resurs potencialına iye. Neft qorları boyınsha Qazaqstan hám Túrkmenstan, tábiyiy gaz qorları jaǵınan Túrkmenstan, Ózbekistan hám Qazaqstan ayrıqsha ajıralıp turadı, taskómirge Qazaqstan, qońır kómirge bolsa Ózbekistan bay esaplanadı. Neft-gaz qorları, tiykarınan, Kaspiy boyı pástegisligi, Qaraqum hám Qızılqum shólleri, Ústirt platosı hám de taw aralıǵındaǵı oypatlıqlarda, taskómirdiń eń úlken qorları bolsa Qazaqstan pás tawlarındaǵı Qaraǵanda hám Ekibastuz kómir basseynlerinde jaylasqan. Temir, marganec hám xrom sıyaqlı metallardıń rudalarına Qazaqstan bay. Túrli reńli, atap aytqanda, qımbat bahalı hám siyrek metallardıń iri kánleri bolsa, Túrkmenstannan tısqarı, subregionnıń barlıq mámleketlerinde bar. Sonnan, Ózbekistan altın, uran, kadmiy, mıs, molibden, Qazaqstan uran, volfram, molibden, qorǵasın, cink, Qırǵızstan altın, sınap, surma, Tájikstan gúmis, uran qorları boyınsha ayrıqsha ajıralıp turadı. Túrli mineral duzlardıń úlken qorlarına bolsa Túrkmenstan, Ózbekistan hám Qazaqstan iye.

Oraylıq Aziya mámleketleri klimatınıń ulıwma ózgeshelikleri ortasha hám subtropikalıq klimat ózgesheliklериniń keskin túrleniwi, kontinentallıǵı hám qurǵaqshıllıǵında óz kórinisin tabadı. Sol sebepli Oraylıq Aziya mámleketleri aymaǵı tiykarınan shól, yarım shól hám dala tábiyat zonalarınan ibarat.

Oraylıq Aziya sharayatında awıl xojalıǵı rawajlanıwına sheshiwshi tásir kórsetiwshi faktor — suw resursları — subregion aymaǵı boyınsha júdá tegis emes bólistirilgen. Subregiondaǵı barlıq iri dáryalar – Ámiwdárya, Sırdárya, Zarafshan, Ili, Irtish hám basqalar transshegaralıq (eki hám onnan artıq mámleket aymaǵınan aǵatuǵın) bolıp, Tyan-Shan, Jonǵariya Alatawı hám de Pamir tawlarınan, yaǵnıy Tájikstan, Qırǵızstan hám Qıtay aymaǵınan baslanadı. Sonıń ushın Tájikstan menen Qırǵızstan suw hám gidroenergetika resurslarına bay, Qazaqstan, Ózbekistan hám ásirese, Túrkmenstannıń kóp aymaqları bolsa olarǵa mútáj.

Oraylıq Aziya elleriniń xalqı suw hám jer resursları faktorları (gidrografiyalıq tarmaqlar hám relyef)na baylanıslı bolǵan jaǵdayda tegis emes jaylasıp, tiykarınan, suwǵarılatuǵın diyqanshılıq jaqsı rawajlanǵan dárya alap hám deltaları, taw aralıǵındaǵı oypatlıqlarda jámlesken. Bunday jerler eń kóp Ózbekistan aymaǵında bolǵanlıǵı sebepli, respublikamız xalqınıń sanı boyınsha tiykarınan subregionda jetekshi orındı iyeleydi. Xalqınıń tıǵızlıq kórsetkishleri boyınsha Oraylıq Aziyada, 1.01.2017-jıl jaǵdayına, Ózbekistan (71,5 adam/km$^2$) hám Tájikstan (61,3 adam/km$^2$) jetekshi, Qazaqstan (6,6 adam/km$^2$) bolsa eń aqırǵı orında turadı. Dúnya elleri arasında da, Qazaqstan xalqı eń siyrek jaylasqan mámleketler qatarına kiredi (ortasha xalıq tıǵızlıǵı boyınsha dúnyada 184-orın).

Oraylıq Aziya mámleketleriniń demografiyalıq jaǵdayına tuwılıwshılıq hám xalıqtıń tábiyiy ósiwiniń birqansha joqarı kórsetkishleri tán. Aytılǵan kórsetkishler Tájikstan hám Qırǵızstanda subregion boyınsha eń bálent, Qazaqstan hám Túrkmenstanda eń tómen, Ózbekistanda bolsa ortasha dárejede. Sonday-aq, bes respublikada da migraciyanıń unamsız saldosı baqlanbaqta (11-keste). Urbanizaciya dárejesi Qazaqstanda 53%, Ózbekistanda 51%, Túrkmenstanda 50%, Qırǵızstanda 36%, Tájikstanda bolsa 26% ke teń. Kórinip turǵanınday, eń joqarı hám eń tómen kórsetkishler arasındaǵı parıq 2 ese teń. Oraylıq Aziyada 2 «millioner» qala bar: Tashkent (2,4 mln adam) hám Alma-Ata (1,7 mln adam).

*11-keste*

**Oraylıq Aziya mámleketleriniń ayırım demografiyalıq kórsetkishleri (2016-j.)**

| № | Mámle-ketler | Tuwılıw (hár 1000 adamǵa) | Ólim (hár 1000 adam-ǵa) | Tábiyiy kóbeyiw | | Migra-ciya saldosı (hár 1000 adamǵa) | Ulıwma kóbeyiw | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Hár 1000 adamǵa | % | | Hár 1000 adamǵa | % |
| 1 | Qazaqstan | 23 | 8 | 15 | 1,5 | -1 | 14 | 1,4 |
| 2 | Qırǵızstan | 28 | 6 | 22 | 2,2 | -1 | 21 | 2,1 |
| 3 | Tájikstan | 31 | 6 | 25 | 2,5 | -3 | 22 | 2,2 |
| 4 | Túrkmenstan | 21 | 8 | 13 | 1,3 | -1 | 12 | 1,2 |
| 5 | Ózbekistan | 23 | 5 | 18 | 1,8 | -1 | 17 | 1,7 |

Astana, Bishkek, Dushanbe, Ashxabad, Shımkent, Namangan, Samarqand bolsa eń iri (xalqınıń sanı 500 mıń adamnan artıq bolǵan) qalalar qatarına kiredi.

Jergilikli xalıqlardan ózbek, qazaq, qırǵız, túrkmen, qaraqalpaqlar altay tilleri tuwısınıń túrkiy toparına tiyisli bolsa, tájikler hám olarǵa tuwısqan Pamirdegi kishi xalıqlar (shuǵnanlar, vaxanlar, ishkashimler hám basqalar) hind-evropa tilleri tuwısınıń iraniy topari quramına kiredi. Sanap ótilgen millet wákilleri, tek ǵana tiyisli respublikalarda ǵana emes, al, qońsı mámleketler aymaǵında da keń tarqalǵan. Mısalı, ózbekler Ózbekistanǵa qońsı Qırǵızstan, Tájikstan, Túrkmenstanda san tárepinen ekinshi, Qazaqstanda úshinshi millet esaplanadı. Óz náwbetinde, Ózbekistanda da tájikler, qazaqlar, qırǵızlar hám túrkmenler wákilleri kópshilikti quraydı.

Oraylıq Aziya mámleketleri, BMSH tárepinen qabıl etilgen dúnya elleriniń sıpatlaması kózqarasınan, ótiw ekonomikasındaǵı mámleketler toparına tiyisli. Oraylıq Aziya elleriniń ulıwma JIÓ kólemi 2016-jıl juwmaqları boyınsha, Xalıq aralıq valyuta fondı (XVF) maǵlıwmatlarına qaraǵanda, 800 mlrd AQSH dollarına teń. Bes mámleket ishinde JIÓ kólemi boyınsha birinshi orın Qazaqstan, ekinshi Ózbekistan, úshinshi Túrkmenstan, tórtinshi Tájikstan hám besinshi orında Qırǵızstan turadı. Subregion boyınsha ulıwma óndiris kóleminiń 56,4 % i Qazaqstanǵa,

25,8 % i bolsa Ózbekistanǵa tuwrı kelse, Túrkmenstan, Tájikstan hám Qırǵızstan úlesleri, sáykes túrde, 11,8, 3,3 hám 2,7 ge teń.

Subregion mámleketleri social-ekonomikalıq jaǵdayınıń ulıwma ózgeshelikleri, olardıń jaqın ótmishine deyin birden bir siyasiy hám ekonomikalıq mákanda rawajlanǵanlıǵınan kelip shıǵıp, ekonomikası tiykarınan mineral shiyki zat hám jer-suw resurslarına tayanǵanlıǵı, sanaattı rawajlandırıw, onıń jańa kárxana, tarmaq hám aymaqlıq orayların shólkemlestiriwge umtılıw, awıl xojalıq qánigelesiwi uqsaslıǵı, sırtqı ekonomikalıq baylanıslardıń ulıwma baǵdarlarında, yaǵnıy Qıtay, Rossiya, Koreya Respublikası, Túrkiya, Evropa mámleketleri menen ámelge asırılıwında kórinbekte. Biraq, Oraylıq Aziya mámleketleriniń hárbiriniń xojalıǵınıń, álbette, ózine tán tárepleri de bar. Sanaat óndirisi Qazaqstan, Túrkmenstan hám Ózbekistanda ekonomikalıq áhmiyeti boyınsha awıl xojalıq tarmaqlarına qaraǵanda birqansha ústinlikke iye bolǵanlıǵı sebepli, bul úsh respublika industrial-agrar mámleket bolıp esaplanadı. Tájikstan menen Qırǵızstan bolsa ekonomikası agrar-industrial baǵdarda rawajlanbaqta.

Janılǵı-energetika kompleksi Qazaqstan, Túrkmenstan hám Ózbekistanda eń jaqsı rawajlanǵan. Qazaqstan neft qorları, onı qazıp alıw hám eksport kólemi boyınsha subregionda jetekshi bolıp, jılına 100 mln tonnadan artıq neft qazıp aladı hám úlken bólegin eksportqa shıǵaradı. Túrkmenstan ushın bolsa ekonomika hám milliy baylıqtıń negizi gaz sanaatı esaplanadı. Bul mámleket tábiyiy gaz qorları boyınsha dúnyada 4-orında, ǴMDAda 2-orında, Oraylıq Aziyada bolsa 1-orında turadı. Dúnya boyınsha qorları kólemi jaǵınan ekinshi esaplanatuǵın Galqinish gaz káni de Túrkmenstanda jaylasqan. Qazaqstan, Ózbekistan hám Túrkmenstanda elektr energiyası tiykarınan ÍESlarda islep shıǵarıladı. Janılǵı qorlarına bay bolmaǵan Tájikstan hám Qırǵızstanda elektr energiyasınıń 90 % ten kóbiregi GESlarda islep shıǵarıladı.

Qara metallurgiya Oraylıq Aziya mámleketleri ishinde Qazaqstanda eń jaqsı rawajlanǵan. Qazaqstanda bul tarmaqtıń tiykarǵı kárxanaları temir rudasınıń iri kánleri negizinde Qaraǵanda (Temirtaw qalası) hám Qostanay (Rudniy qalası) wálayatlarında jaylasqan. Reńli metallurgiya, Túrkmenstan Respublikasınan tısqarı, barlıq Oraylıq Aziya mámleketleriniń ekonomikası hám sırtqı sawdasında úlken áhmiyetke iye. Sonnan, Tájikstan ushın Tursınzada qalasında jumıs islep atırǵan alyuminiy zavodı, Qırǵızstan ushın bolsa Íssıqkól wálayatındaǵı Qumtar altın káni eń úlken finanslıq dáramat keltiriwshi ekonomikalıq obyektler

esaplanadı. Ózbekistan altın, uran, mıs, kadmiy, Qazaqstan uran, qorǵasın, cink, volfram, molibden, mıs, Qırǵızstan altın, sınap, surma, Tájikstan alyuminiy islep shıǵarıwda birqansha joqarı kórsetkishlerge iye. Ximiya sanaatı Qazaqstan, Ózbekistan hám Túrkmenstanda salıstırmalı jaqsı rawajlanǵan bolıp, tiykarınan mineral tóginler, sulfat kislotası, soda, mirabilit islep shıǵarıw, neft hám tábiyiy gazdi qayta islewge qánigelesken. Mashinasazlıq boyınsha bolsa Ózbekistan hám Qazaqstan jetekshilik etpekte. Bul boyınsha Ózbekistanda rawajlanıp baratırǵan avtomobilsazlıq sanaatı ayrıqsha itibarǵa ılayıq.

Awıl xojalıǵı Oraylıq Aziya ellerinde jaqsı rawajlanıp, joqarı ekonomikalıq áhmiyetke iye. Qazaqstanda awıl xojalıǵınıń tovar tarmaqları quramına dánshilik hám sharwashılıq kiredi. Ózbekistanda awıl xojalıq tarmaqlarınan paxtashılıq, jipekshilik, baǵshılıq, júzimgershilik, palız eginlerin egiw hám qarakólshilik tovar áhmiyetine iye. Túrkmenstanda ekonomikanıń agrar sektorı paxtashılıq, dánshilik, palız eginlerin egiw, qarakólshilik hám jılqıshılıqqa qánigelesken. Túrkmenstan sharwashılıǵında dúnyaǵa belgili Axalteke atların baǵıw ayrıqsha áhmiyetli orında turadı. Tájikstanda awıl xojalıǵı paxtashılıq, baǵshılıq hám jipekshilikke, Qırǵızstanda bolsa palız eginlerin egiw, temekishilik hám kóp tarmaqlı sharwashılıqqa qánigelesken.

Oraylıq Aziya elleri social-ekonomikalıq rawajlanıw perspektivaları kóp tárepten olardıń óz ara ekonomikalıq integraciyasına baylanıslı. Subregion mámleketleriniń óz ara integraciyalasıwınıń bir qatar áhmiyetli geografiyalıq faktorların ajıratıw múmkin:

— ekonomikalıq-geografiyalıq ornınıń ulıwmalıǵı;

— temir jol hám avtomobil transport sistemalarınıń birden birligi, óz ara baylanısqanlıǵı;

— iri dáryalar hám suwǵarıw kanallarınıń transshegaralılıǵı;

— tawlı hám tegisliktegi eller tábiyiy resursları, ásirese energiya dereklериniń bir-birin toltırıwshı ózgesheligine iye ekenligi;

— subregion xalıqlarınıń tuwısqanlıǵı, tariyxıy-mádeniy tárepten jaqınlıǵı;

— Araldıń qurıwı, shóllesiw, jerlerdiń shorlanıwı, taw muzlıqlarınıń intensiv eriwi, hawa hám suw basseynleriniń zıyanlı shıǵındılar menen pataslanıwı sıyaqlı ulıwmalıq áhmiyetli ekologiyalıq mashqalalardıń barlıǵı;

— jer silkiniw, sel hám suw tasqınları, qar kóshkileri hám basqa tábiyiy apatlarǵa birgelikte qarsı gúresiwdiń zárúrligi.

Oraylıq Aziya, ishki kontinental mámleketler, tranzit ekonomikalıq-geografiyalıq orın, geosiyasiy orın, transshegaralıq dáryalar, ótiw ekonomikasındaģı mámleketler, industrial-agrar ekonomika, agrar-industrial ekonomika, ekonomikalıq integraciyalasıw.

1. Oraylıq Aziya mámleketleriniń ekonomikalıq-geografiyalıq hám geosiyasiy ornı qanday unamlı hám unamsız tárepleri menen sıpatlanadı?
2. Oraylıq Aziya mámleketleri óz ara ekonomikalıq integraciyalasıwınıń geografiyalıq faktorların táriyiplep beriń.
3. Dápterińizge Oraylıq Aziya mámleketlerindegi tiykarģı sanaat hám awıl xojalıģı tarmaqların jazıp alıń.

## TEMAĠA QOSÍMSHA MAĠLÍWMAT

Oraylıq Aziya subregionına sıpatlama bergende, bul geografiyalıq túsiniktiń «Orta Aziya» ataması menen baylanıslılıģın, olardıń óz ara parqın atap ótiw orınlı. Orta Aziya — Evraziya materiginiń 14 tábiyiy geografiyalıq úlkelerinen biri bolıp, batısta Kaspiy teńizi, shıģısta Tyan-Shan tawları, arqada Qazaqstan pás tawlarınıń etekleri, qublada Hindikush hám Túrkmen-Xorasan tawları menen shegaralanģan, tiykarınan Aral hám Balxash kólleriniń jabıq basseynlerine tuwrı keledi. Demek, Orta Aziya úlkesi tábiyiy geografiyalıq ózgeshelikleri hám shegaraları tiykarında ajıratılģan aymaqlıq birlik esaplanadı. Orta Aziyanıń tábiyiy shegaraları sheńberinde 4 mámleket, yaģnıy Ózbekistan, Qırģızstan, Tájikstan hám Túrkmenstan pútinliginshe jaylasqan, sonday-aq, Qazaqstan Respublikasınıń oraylıq hám qubla-batıs, Awģanstan hám Irannıń arqa, Qıtaydıń shetki arqa-batıs bólegi de Orta Aziya aymaģına tuwrı keledi. Oraylıq Aziya siyasiy-geografiyalıq subregionı bolsa usı mámleket shegaraları boyınsha ajıratılģan aymaqlıq birlik esaplanadı.

Tábiyiy geografiyada da «Oraylıq Aziya» túsinigi ózine tán mazmun-mánisti ańlatqan halda qollanıladı. Bunda Orta Aziyadan shıģısta jaylasqan Tyan-Shan hám Jonģariya Alatawı tawlarınıń shıģıs janbawırlarınan Ullı Qıtay tegisliginiń batıs shegaralarına shekem dawam etken tawlı hám shólli landshaftlardan ibarat aymaqtı iyelegen Evraziya materiginiń tábiyiy geografiyalıq úlkelerinen biri Oraylıq Aziya dep ataladı. Siyasiy-geografiyalıq tárepinen qaraģanda, Oraylıq Aziya tábiyiy geografiyalıq úlkesi Qıtay hám Mongoliya mámleketleri aymaģında jaylasqan bolıp, Shıģıs Aziya subregionına túwrı keledi.



# X BAP. ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASÍ

## 31-§. ÓZBEKISTANNÍŃ GEOSIYASIY ORNÍ HÁM BAYLANÍSLARÍ

Ózbekistan dúnya jámiyetshiligi hám siyasiy kartasında ózine tán orınǵa iye. Ol házirgi kúnde Birlesken Milletler Shólkemine aǵza bolǵan 193 mámleketten biri esaplanadı. Ózbekistan Respublikası BMSHǵa 1992-jılı 2-martta qabıl etilgen.

Ózbekistan Evraziya hám Oraylıq Aziyanıń derlik qaq ortasında jaylasqan. Respublika aymaǵı batıstan shıǵısqa 1425 km ge sozılǵan, arqadan qublaǵa bolsa 930 km. Eń bálent noqatı Házireti Sultan shoqqısı (Gissar dizbegi) — teńiz qáddinen 4643 m bálentlikte, eń tómen noqatı Mıńbulaq oypatı — 12 m.

Mámleket shegaralarınıń ulıwma uzınlıǵı 6221 km bolıp, sonnan 2203 km yaki 1/3 bólegi Qazaqstan Respublikasına, 1721 km Túrkmenstanǵa, 1161 km Tájikstanǵa, 1069 km Qırǵızstanǵa hám 137 km Awǵanstan Respublikasına tuwrı keledi.

Ózbekistannıń *mikroekonomikalıq geografiyalıq ornı* (aymaqtıń ózine qońsı bolǵan mámleketlerge salıstırǵanda tutqan ornı) birqansha qolaylılıǵı menen xarakterlenedi. Bul jaǵday, eń dáslep, onıń Oraylıq Aziya respublikalarınıń qaq ortasında jaylasqanlıǵın hám barlıq poyas mámleketleri menen tuwrıdan-tuwrı shegaralaslıǵı sebepli kelip shıǵadı. Ózbekistannıń mikro EGO qolaylıǵı qońsı respublikalar menen barlıq túrdegi qurǵaqlıq transportı (avtomobil, temir jol, truba) sistemaları menen salıstırmalı jaqsı baylanısqanlıǵında da óz kórinisin tabadı. Mikro EGOdaǵı bunday qolaylıqlar tariyxıy dáwirlerden házirge deyin Ózbekistandı poyas mámleketleri arasında xalqınıń eń tıǵız, iri qalalarǵa bay, ekonomikası salıstırmalı rawajlanǵan dárejege alıp shıqqan.

Ózbekistan Respublikasınıń birinshi Prezidenti I.A.Karimov «Ózbekistan XXI asir bosaǵasında: qáwipsizlikke qáwip, turaqlılıq shártleri hám rawajlanıw kepillikleri» kitabında bul haqqında tómendegi pikirdi keltirgen: «Ózbekistannıń aymaqlıq mákán ózgeshelikleri, onıń geografiyalıq ornı biziń ishki hám sırtqı siyasatımızdı tańlaw hám

ámelge asırıwda úlken áhmiyetke iye... Ózbekistan búgingi kúnde qońsı mámleketler — Qazaqstan, Qırǵızstan, Tájikstan, Túrkmenstan hám Awǵanstan ortasında baylanıstırıwshı sheńber wazıypasın atqaradı. Bulardıń barlıǵı respublikanıń dúnya ekonomikasına integraciyalasıwı, sırt el investiciyaların tartıw, Ózbekistandı mámleketler ortasında óz ara paydalı birge islesiwdiń, tovarlar hám kapital tranzitiniń ózine tán poyaslıq orayına aylandıradı».

Ózbekistannıń bunday qolaylı ekonomikalıq-sociallıq imkaniyatları hárbir qońsıları tárepinen xalıq tıǵız jaylasqan tutas (kontakt) aymaqlarda (Ferǵana alabı, Zarafshan, Tómengi Ámiwdárya poyasları, Surxandárya wálayatı) házirgi dáwirde kóplep túrli baǵdardaǵı respublikalar aralıq aymaqlıq óndiris kompleksleri, qospa kárxanalardan tartıp erkin ekonomikalıq aymaqlardı shólkemlestiriwge deyin keń imkaniyatlar beredi. Oraylıq Aziya poyasında bar bolǵan transshegaralıq dáryalar hám jollar mashqalalarınıń sheshiliwi respublika mikrogeografiyalıq ornınıń jáne de qolaylasıwına alıp keledi.

Jaqın átirapta jaylasqan mámleketler (Rossiya Federaciyası, Awǵanstan, Iran, Kavkaz respublikaları)ge salıstırǵanda Ózbekistannıń *mezoekonomikalıq geografiyalıq ornı* (jaqın poyaslarǵa salıstırǵanda tutqan ornı) ortasha qolaylıqlarǵa iye ekenligi menen sıpatlanadı. Mezo EGOnı bunday bahalanıwınıń sebebi sonda, Ózbekistan bir tárepten, Kavkaz respublikaları, ásirese, Rossiya Federaciyası menen, tiykarınan, zamanagóy transport quralları arqalı nátiyjeli baylanısqan hám bul mámleketler menen dástúriy ráwishte hár tárepleme jaqın baylanıslar alıp baradı. Dúnya mámleketleri arasında eksport-import baylanısları kólemine qaray, Rossiyanıń jetekshilik etip kiyatırǵanlıǵı bunıń dálili. Ekinshi tárepten, qublada jaylasqan hám Ózbekistannıń mezo EGO topar mámleketleri qatarına kiriwshi Awǵanstan, Iran mámleketleri pútkil tariyxıy dáwirler dawamında respublikamız benen hár tárepleme keń sociallıq baylanısta bolıp kelgen bolsa da, házirgi waqıtta bunday baylanıslardı alıp barıwda belgili texnikalıq hám siyasiy qıyınshılıqlar tosıq bolıp turıptı.

Mámleketler aralıq ekonomikalıq hám sociallıq baylanıslardıń jáne de jaqsı nátiyjeler beriwi ushın dúnyanıń uzaǵıraq elleri menen baylanıs, basqasha aytqanda, makrokeńlikler talap etiledi. Biraq, dúnya mámleketleri menen ekonomikalıq baylanıs ornatıwda materik ishkerisinde jaylasqan mámleketler teńiz boyındaǵılarǵa salıstırǵanda birqansha qolaysızlıqlarǵa dus keledi. Ózbekistan jaqın teńizlerge

shıǵıwı ushın keminde eki mámleket aymaǵın basıp ótiwine tuwrı keletuǵın dúnyadaǵı kemnen kem mámlekettiń biri bolǵanlıǵı sebebinen *makroekonomikalıq geografiyalıq ornı* (dúnya mámleketlerine salıstırǵanda tutqan ornı) salıstırmalı qolaysız. Ǵárezsizlik jıllarında túrli baǵdarlarda Ózbekistandı dúnya okeanı menen baylanıstırıwshı xalıq aralıq jol jobalarında aktiv qatnasıwı bul jaǵdaydı biraz jeńillestiredi.

Ózbekistan Respublikasınıń siyasiy geografiyalıq ornı klassik geo-siyasatshılar tárepinen ajıratılǵan Evraziyanıń ishki kontinental bólegi, yaǵniy *Xartlend* (ingl. Heartland — «dúnyanıń júregi»), hám de Evraziyanıń qubla-batıs teńizge jaqın poyası *Rimlend* (Rimland — «ishki yarım ay»)diń óz ara tutasqan aymaqta jaylasqanlıǵı menen sıpatlanadı. Bul jaǵday bolsa jáhánde jetekshilikti qolǵa kirgiziwdi jobalastırıp atırǵan kóplep mámleketlerdiń respublikamızǵa bolǵan geosiyasiy qızıǵıwlarınıń júzege keliwine sebep bolmaqta.

Bunnan tısqarı, Ózbekistannıń qolaylı transport geografiyalıq ornına iye ekenligi, mámleketimizdiń strategiyalıq resurslar esaplanatuǵın — neft, gaz, altın, uran hám basqa kóplep jer astı hám ústi baylıqlarına iyeligi, qolaylı tábiyiy klimat sharayatı, insaniyat tariyxıy rawajlanıwı hám civilizaciyasında salmaqlı orın tutıwı, úlken demografiyalıq potencialdıń barlıǵı onıń ózine tán geosiyasiy imkaniyatlarǵa iyeligin kórsetip beredi.

Sonıń menen birge, onıń siyasiy geografiyalıq ornına unamsız tásir kórsetiwshi faktorlar da bar. Xalıq aralıq terrorizm hám diniy ekstremizm qáwpi, respublikamız aymaǵın narkotrafik baǵdarları sıpatında paydalanıwǵa háreket, global masshtabtaǵı ekologiyalıq mashqalalar, túrli mámleketler arasındaǵı geosiyasiy báseki, Awǵanstandaǵı turaqsız siyasiy jaǵday Ózbekistannıń bunday geografiyalıq ornınıń kórinisine tásir etiwshi unamsız faktorlar bolıp esaplanadı. Bul unamsız jaǵdaylardı saplastırıw maqsetinde respublika basshıları tárepinen úlken kólemdegi jumıslar ámelge asırılǵan.

Respublikamızdıń birinshi Prezidenti I. A. Karimov BMSH Bas Assambleyası jıynalıslarındaǵı shıǵıp sóylewlerinde jáhán jámiyetshiligi dıqqatın birinshi náwbette Awǵanstan hám Aral mashqalalarına qaratıwǵa shaqırǵan edi. Respublikamızdıń Awǵanstan mashqalasın sheshiw boyınsha **«6+2» toparındaǵı** iskerligi qońsı mámlekette tınıshlıqtı ornatıw, social-ekonomikalıq rawajlanıwǵa járdem beriwge qaratılǵan. BMSH basshılarınıń jurtımızǵa keliwi dawamında Aral teńizi mashqalasına itibar qaratıwları nátiyjesinde ol xalıq aralıq

ekologiyalıq mashqalalar qatarınan orın aldı hám de bunıń nátiyjesinde bul mashqalaǵa túrli mámleketler itibarın qaratıwǵa erisildi.

Oraylıq Aziya mámleketleri ortasında transshegaralıq dáryalar, Ózbekistan-Qırǵızstan ortasındaǵı *eksklav* (tiyisli mámleket aymaǵınıń tiykarǵı bóliminen basqa mámleket aymaǵı menen ajıralıp turǵan jerler) hám bazı shegara aymaqları, Tájikstan menen mámleket shegarasında aqırına jetkerilmegen *delimitaciya* (shegara sızıǵın anıqlastırıp, bekkemlew) jumısları boyınsha júzege kelgen mashqalalar birinshi náwbette sheshiliwi lazım bolǵan áhmiyetli geosiyasiy mashqalalardan bolıp esaplanadı.

Aymaǵı yadrolıq quraldan awlaq bolǵan, qosılmaw siyasatın qollap-quwatlawshı mámleketke aylanıwdı óz aldına maqset etip qoyǵan Ózbekistan siyasiy, social-ekonomikalıq mashqalalardı sheshiw, ekonomikalıq rawajlanıwǵa erisiw ushın qatar mámleketler menen jaqın birge islesiwdi jolǵa qoyǵan. Qońsı mámleketlerden tısqarı, Rossiya Federaciyası, Qıtay sıyaqlı mámleketler menen jaqın baylanıslar ornatqan. Sonıń menen birge, SHBISH, ǴMDA sıyaqlı shólkemlerdiń jumıslarında turaqlı qatnasıwshı esaplanadı.

Ózbekistannıń geografiyalıq ornı, mikroekonomikalıq-geografiyalıq orın, mezoekonomikalıq geografiyalıq orın, makroekonomikalıq geografiyalıq orın, sıyasıy-geografiyalıq orın, Heartland, Rimland, 6+2 toparı, transshegaralıq dárya, delimitaciya.

1. Ózbekistan ǵárezsizlikke eriskennen soń birinshi náwbette qaysı tarawlarda jańalanıwlardı ámelge asırdı?
2. Sońǵı jıllarda Aral mashqalasın sheshiw boyınsha qanday ilajlar ámelge asırılmaqta?
3. Ózbekistannıń ekonomikalıq-geografiyalıq ornı ózgesheliklerin úyrenip shıǵıp, tómendegi kesteni toltırıń:

| **Ekonomikalıq geografiyalıq orın (EGO) kórinisleri** | **EGOǵa tásir etiwshi unamlı faktorlar** | **EGOǵa tásir etiwshi unamsız faktorlar** |
|---|---|---|
| Mikro EGO | | |
| Mezo EGO | | |
| Makro EGO | | |

# 32-§. ÓZBEKISTANNÍŃ SOCIAL-EKONOMIKALÍQ RAWAJLANÍWÍ

Ǵárezsizlik jıllarında Ózbekistan Respublikası social-ekonomikalıq rawajlanıwda úlken jetiskenliklerge eristi. Hátte, 2008—2009-jıllarda júz bergen dúnya finans-ekonomikalıq krizisi sharayatında da Ózbekistan milliy ekonomikasınıń ósiw pátleri boyınsha dúnya mámleketleri ishinde eń joqarılardan biri boldı. 2010-jıldan berli Ózbekistan JIÓniń jıllıq ósiw pátleri 8 % ten tómen bolmaǵan dárejede belgilenbekte. Jáhán jámiyetshiligi ekspertleri tárepinen tán alınǵan bul unamlı nátiyjeler astında respublikamız social-ekonomikalıq rawajlanıwınıń úlken potencialı hám de mámleketimizde bazar ekonomikasına ótiwdiń «ózbek modeli» tiykarında basqıshpa-basqısh ámelge asırılıp atırǵan anıq maqsetlerge baǵdarlanǵan jańalanıwlar jatadı.

Ózbekistan Respublikası Oraylıq Aziya sheńberinde tranzit imkaniyatlarǵa qolaylı ekonomikalıq-geografiyalıq orınǵa iye bolıp, subregion mámleketleriniń óz ara integraciyalasıwında júdá úlken rol oynaydı. Sonıń menen birge, respublikamız kóp tarmaqlı milliy ekonomikanıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı ushın úlken imkaniyatlardı jaratatuǵın tábiyiy baylıqlarǵa iye. Eń aldı menen, mámleketimizdiń mineral-resurs potencialı úlken itibarǵa ılayıq. Ózbekistan aymaǵında jámi 120 ǵa jaqın túrdegi paydalı qazılmalardıń 2700 kánleri tabılǵan. Sonnan, Ózbekistan dúnya elleri arasında altın qorları boyınsha 4-orın, uran boyınsha 7-orın, molibden boyınsha 8-orın, mıs boyınsha bolsa 10-orında turadı. Janılǵı-energetika resursları ishinde tábiyiy gaz eń úlken áhmiyetke iye bolıp, onıń qorları boyınsha Ózbekistan jáhánde 14-orındı iyeleydi. Ruda emes qazılma baylıqlar boyınsha kaliy duzları hám fosforitler qazıwda dúnyada jetekshi orınlardan birinde turadı. Túrli paydalı qazılmalardıń iri kánleri, tiykarınan, Nawayı, Tashkent, Qashqadárya, Buxara wálayatları hám Qaraqalpaqstan Respublikası bay esaplanadı. Demek, mineral resurslardıń úlken qorları jurtımızda reńli metallurgiya, janılǵı, ximiya hám qurılıs materialları sanaatın rawajlandırıwǵa keń imkaniyatlar jaratadı.

Elimiz awıl xojalıǵın rawajlandırıw ushın qolaylı sharayat jaratıwshı agroklimat resurslarına iye. Vegetaciya dáwiriniń dawamlılıǵı, ıssı hám quyashlı kúnlerdiń kópligi sebepli Ózbekistanda paxtashılıq, baǵshılıq,

júzimgershilik, ovosh, palız eginlerin egiw sıyaqlı joqarı dáramatlı diyqanshılıq tarmaqları intensiv túrde rawajlanbaqta. Biraq, awıl xojalıǵı tiykarınan jasalma suwǵarıw járdeminde rawajlanıp atırǵanlıǵı sebepli, respublikamız awıl xojalıǵı tikkeley suw resurslarına baylanıslı. Tábiyiy baylıqlardıń bul túri menen Tashkent, Ándijan, Surxandárya hám Samarqand wálayatları salıstırmalı jaqsı dárejede támiyinlengen. Sonday-aq, mámleketimiz batısında jaylasqan, úlken bólegin shóller iyelegen Nawayı, Buxara, Qaraqalpaqstan Respublikasında bul tárepten birqansha qıyın jaǵday qáliplesken. Biraq aymaqlarımızda suw resurslarınıń jetispewshiligine qaramay, Ózbekistan dúnya elleri ishinde suwǵarılatuǵın jerler maydanı boyınsha 11-orında turadı.

Ózbekistan xalqı hám miynet resursları da mámlekettiń social-ekonomikalıq rawajlanıwınıń negizi esaplanadı. Respublikamız xalqı úzliksiz túrde ósip barmaqta. 1990-jılı 20,2 mln adamǵa teń bolǵan respublikamız xalqı 2017-jılǵa kelip 32,1 mln adamǵa kóbeydi. 2010-jıldan keyingi dáwirde Ózbekistanda demografiyalıq kórsetkishlerden tuwılıwshılıq hár 1000 adam esabına 23—24, ólimshilik 5—6, tábiyiy kóbeyiw bolsa, buǵan sáykes ráwishte, 18, yaǵnıy 1,8 % ke teń bolmaqta. Lekin migraciya qaldıǵı minimal minus dárejede (-0,1-0,2 %) bolǵanlıǵı sebepli, xalıqtıń jalpı kóbeyiw kórsetkishleri 1,6—1,7 % ke teń.

Qısqa tariyxıy waqıt ishinde Ózbekistan xalıq aralıq sawda-ekonomikalıq qatnasıqlarǵa kirisiw, milliy ekonomikanıń quramlıq dúzilisin jetilistiriw, sanaattı rawajlandırıw, eldiń azıq-awqat, energetika hám transport qáwipsizligin támiyinlew sıyaqlı qıyın wazıypalar sheshimine basqıshpa-basqısh, tabıslı eristi.

Respublikamız JIÓniń ózgeriw dinamikasında 3 dáwirdi ajıratıw múmkin. Birinshisi, 1991—1996-jıllardı óz ishine alıp, ekonomikalıq tómenlew menen sıpatlanǵan. Bul jaǵday, tiykarınan, burıngı Awqam sheńberindegi aymaqlıq miynet bólistiriliw sisteması, Ózbekistan ekonomikası tarmaqları hám kárxanalarınıń basqa respublikalardıń xojalıǵı ortasındaǵı kooperaciya baylanıslarınıń úziliwi nátiyjesinde kelip shıqtı. 1997—2003-jıllar aralıǵındaǵı ekinshi basqısh milliy ekonomikanıń turaqlasıwı hám JIÓ ósiwiniń baslanıw dáwiri boldı. Úshinshi dáwir 2004-jıldan baslanıp, házirge shekem dawam etpekte. Bul jıllar ushın Ózbekistan JIÓniń 8,0 % ten tómen bolmaǵan pátler menen óspekte.

Sonday-aq, milliy ekonomikamız tarmaq quramında da áhmiyetli ózgerisler júz berdi. Eń aldı menen, sanaattıń JIÓdegi úlesi birqansha óskenligi dıqqatqa ılayıq. 1995-jılı JIÓniń 17,1 % i sanaatqa tuwrı kelgen bolsa, 2014-jılda bul kórsetkish 26 % ke deyin kóterildi. Awıl xojalıǵınıń milliy ekonomikadaǵı úlesi, sáykes túrde, 28,1 % ten 17,6 % ke shekem páseydi. Sanaattıń tarmaq quramı da sezilerli dárejede ózgerip ketti. Respublika sanaatında elektr energetikası, janılǵı, ximiya, reńli metallurgiya, mashinasazlıq hám basqa awır sanaat tarmaqlarınıń ornı hám áhmiyeti ósip, ǵárezsizlikten aldınǵı dáwirde respublika qánigelesiwin belgilep turǵan jeńil sanaattıń úlesi derlik 3 ese kemeydi. 2000-jıl basınan berli sanaat óndiris kólemi Ózbekistanda úzliksiz túrde ósip kelip, qayta islew tarmaqlarınıń ósiw kórsetkishleri óndiriwshi sanatqa salıstırǵanda birqansha joqarı. Nátiyjede, 2016-jıl juwmaqları boyınsha, mámleketimiz sanaatı quramında sál kem 20 % lik úlesi menen mashinasazlıq jetekshi orınǵa shıǵıp aldı.

Sońǵı jıllarda Ózbekistanda avtomobilsazlıq, mikroelektronika sanaatı, kaliy tóginleri hám soda islep shıǵarıw, farmacevtika, qumsheker sanaatı hám basqa óndiris tarmaqları shólkemlestirildi. Neft hám gaz-ximiya tarmaqlarında júdá iri kárxanalar iske túsirildi. 2010-jıldan keyingi dáwirde Topalań GES, Ústirt gaz-ximiya kompleksi, Xondiza taw-metallurgiya kombinatı, Diyqanabat kaliy zavodı, Xorezm avtomobil zavodı, Zafarabat cement zavodı hám basqa áhmiyetli óndiris obyektleri qurıp pitkerildi (28-súwret). Házirgi waqıtqa kelip Ózbekistanda bekkem sanaat óndiris potencialı jaratıldı. Respublikamız ǴMDA elleri hám dúnya kóleminde altın, uran, tábiyiy gaz, kadmiy, molibden, sulfat kislotası, azot tóginleri, gezlemeler, jeńil avtomobiller hám basqa ónimlerdiń jetekshi islep shıǵarıwshıları qatarınan orın iyeleydi.



***28-súwret.*** Ózbekistandaǵı jańa sanaat kárxanaları — Diyqanabat kaliy zavodı

Ózbekistan sanaatınıń aymaqlıq quramında da ózgerisler júz berdi. Mısalı, 1980-jıllar aqırında Tashkent qalası hám wálayatına respublika jalpı sanaat óniminiń 50 % i tuwrı kelgen

bolsa, házirgi dáwirde bolsa bul aymaqlarǵa 30 % kórsetkish tuwrı kelmekte. Óz náwbetinde, bir qatar jańa kárxanalar qurılǵanı esabınan Ándijan, Qashqadárya, Nawayı, Buxara, Jizzax wálayatları hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleket sanaatı quramındaǵı úlesleri sezilerli dárejede arttı. Demek, barǵan sayın Ózbekistan aymaǵında sanaat oraylarınıń sanı kóbeyip barmaqta.

Ózbekistan awıl xojalıǵında da úlken ózgerisler júz berdi. Awıl xojalıǵında ámelge asırılǵan dáslepki reformalardıń tiykarǵı maqsetleri paxta jeke hákimligin saplastırıw, dán ǵárezsizligine erisiw hám de jeke fermer hám diyqan xojalıqların rawajlandırıwdan ibarat bolǵan. Paxta egin maydanlarınıń keskin qısqarttırılıwı esabınan ǵálle maydanları 1,5 ese keńeyttirildi. Sol sebepli Ózbekistanda biydaydıń jalpı ónimi 3,5—4 ese asırılıp, qısqa waqıt ishinde respublikamızda dán ǵárezsizligine erisildi. Bunnan tısqarı, eldiń azıq-awqat qáwipsizligin támiyinlewde úlken áhmiyet tutatuǵın palız eginlerin egiw, kartoshka jetistiriw, baǵshılıq, júzimgershilik, sút-gósh sharwashılıǵı sıyaqlı awıl xojalıǵı tarmaqların rawajlandırıwǵa úlken itibar qaratıldı. Nátiyjede, ǵárezsizlik jıllarında paxta qırmanı 5,5 mln tonnadan 3,4 mln tonnaǵa shekem kemeyip, palız eginleri ónimdarlıǵı 2,5 ese, kartoshka 6 ese, miywe 4 ese, júzim 2,5 ese kóbeydi, gósh hám sút islep shıǵarıw kólemi de 2 ese ósti.

Házirgi kúnde Ózbekistan júzim, palız eginleri, ayırım miywelerdi jetistiriw hám eksport qılıw boyınsha dúnyadaǵı jetekshi eller qatarına kirdi. Sonday-aq, Ózbekistan awıl xojalıǵında dástúriy qánigelesken tarmaqlar — paxtashılıq, pilleshilik, qarakólshilik te óz áhmiyetin joǵaltqan joq. Atap aytqanda, 2016-jıl jaǵdayına respublikamız paxta jalpı ónimi boyınsha 6-orın, eksportı boyınsha 3-orın, jipek islep shıǵarıw boyınsha 6-orın, qarakól terisin islep shıǵarıw boyınsha bolsa 2-orında turadı.

Transport sistemasınıń rawajlanıwında da salmaqlı nátiyjelerge erisildi. Bulardan eń áhmiyetlisi — respublika temir jol transportı sistemasınıń bir pútinligine erisilgeni boldı. Ózbekistan aymaǵı arqa-batıstan qubla-shıǵısqa júzlep kilometr aralıqqa sozılǵanlıǵı hám de mámleket shegaralarınıń ózine tán formada taw dizbekleri hám keń jayılıp jatırǵan shóller arqalı ótkenligi esabınan alsaq, bul másele áhmiyetli strategiyalıq áhmiyetke iye ekenligin kóremiz. Surxandárya

wálayatı aymaǵı Tashǵuzar — Baysın — Qumqorǵan, Xorezm wálayatı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Úshqudıq — Miskin — Nókis, Ferǵana alabı Angren — Pop temir jolları qurılısı menen Ózbekistannıń birden-bir temir jollar tarmaǵı menen baylanıstı. Nátiyjede, elimizdiń transport qáwipsizligi hám ǵárezsizligi támiyinlendi. Házirgi waqıtta Nawayı hám Buxara wálayatların Qaraqalpaqstan Respublikası menen salıstırmalı qısqa aralıqta baylanıstırıp turatuǵın Kenimex-Miskin temir jolı hám de Úrgenishten xalıq aralıq turizm orayı esaplanǵan Xiywa qalasına qaray temir jol qurılmaqta.

Bunnan tısqarı, Ózbekistanda temir jollardı elektrlestiriw hám tez júretuǵın poezd jónelislerin qurıw boyınsha da salmaqlı jumıslar ámelge asırıldı. Máselen, Tashkent — Samarqand jónelisi boyınsha «Afrasiyab», Tashkent — Qarshı jónelisinde «Nasaf», Tashkentten Buxaraǵa shekem «Sharq» tez júrer poezdlar qatnawı jolǵa qoyıldı. Endi Qarshı — Termiz, Qarshi — Kitab hám basqa temir jollardı elektrlestiriw jumısları da baslanǵan. Bular aqırına jetkennen soń, respublikamızdaǵı tez júrer poezd jónelisleriniń geografiyası jáne de keńeyiwi kútilmekte.

Sonday-aq, Ózbekistan Respublikası teńiz portlarına birneshe jónelislerde isenimli shıǵıw jollarına iye bolıw, Evraziyanıń túrli bólimlerindegi regional transport sistemaları menen baylanısıw arqalı ekonomikalıq-geografiyalıq ornınıń tranzit imkaniyatların júzege shıǵarıw maqsetlerinde transport tarawında Túrkmenstan hám Qazaqstan Respublikaları, Rossiya Federaciyası hám Qıtay, Ázerbayjan hám Gruziya, Iran hám Oman sıyaqlı mámleketler menen keń túrdegi birge islesiwdi jolǵa qoymaqta. Mámleketimiz járdeminde qurılǵan Awǵanstan aymaǵındaǵı birinshi Termiz — Mazari—Sharif temir jolın Ózbekistannan qubla jóneliste dúnya okeanı portlarına qaray eń qısqa transport jolın jaratıwdıń dáslepki basqıshı boldı. Biraq, Awǵanstandaǵı geosiyasiy jaǵdaydıń turaqsızlıǵı bul mámleket aymaǵınan Hind okeanına qaray jobalastırılǵan transport magistralları qurılısın belgisiz múddetke shekem toqtatıp turıptı.

Transport sistemasında ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli jumıslar elimizdiń sırtqı ekonomikalıq baylanısların jáne de rawajlandırıw boyınsha háreketlerdiń ajıralmas bólegi bolmaqta. Dúnyanıń 140 qa jaqın mámleketleri menen sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı jolǵa qoyıp atırǵan Ózbekistan Respublikasınıń eń áhmiyetli sawda sheriklesleri

qatarına Rossiya Federaciyası, Qıtay, Qazaqstan, Koreya Respublikası, Túrkiya hám Evropa mámleketleri kiredi. Transport sistemasınıń rawajlanıwı respublikamızdıń sırtqı ekonomikalıq iskerligin jańa geografiyalıq baǵdarlarda keńeyttiriwge imkaniyat beredi.

Respublika eksportınıń tovar quramında ǵárezsizlik jıllarında júdá úlken ózgerisler júz berdi. Ǵárezsizlikke erisken waqıtta respublikamız eksportında paxta talshıǵınıń úlesi 60 % ke teń bolǵan. Keyingi jıllarda bul san keskin páseyip, 2016-jılǵa kelip 5 % ke deyin túsip ketti. Óz náwbetinde, energiya derekleri (eń aldı menen, tábiyiy gaz), reńli metallar, azıq-awqat hám toqımashılıq, ximiya sanaatı ónimleri, avtomobil islep shıǵarıwdıń elimiz eksportı quramındaǵı ornı sezilerli dárejede ósti.

Sońǵı jıllarda aymaqlardıń sanaat óndirisi hám eksport potencialın arttırıw, milliy ekonomikamızǵa sırt el investiciyaların jáne de kóbirek kólemde tartıw maqsetinde respublikamız húkimetiniń baslaması menen elimizde bir qatar erkin ekonomikalıq zonalar (EEZ) shólkemlestirildi. Dáslep «Nawayı», «Angren», «Jizzax» (Sırdárya wálayatındaǵı filialı menen), keyin ala bolsa Xorezm wálayatında «Xazarasp», Buxara wálayatında «Ǵijduvan», Samarqand wálayatında «Úrgit» hám de Ferǵana wálayatında «Qoqan» EEZları jaratıldı. Házirgi kúnge kelip bul aymaqlarda ishki hám sırtqı investiciyalar qatnasıwında júzlep jańa óndiris joybarları ámelge asırılmaqta.

Ózbekistan social-ekonomikalıq rawajlanıw perspektivaları respublikanıń hárbir rayonı hám wálayat imkaniyatlarınan ulıwma mámleketlik hám aymaqlıq máplerde aqılǵa muwapıq paydalana alıwǵa baylanıslı.

Social-ekonomikalıq rawajlanıw, ósiw kórsetkishleri, reformalar, ekonomikalıq potencial, tarmaq hám aymaqlıq quram, sanaatlasıw, azıq-awqat, energetika hám transport qáwipsizligi (ǵárezsizligi), sırtqı ekonomikalıq baylanısları, erkin ekonomikalıq zonalar, tiykarǵı ekonomikalıq aymaqlar.

1. Ózbekistan Respublikası ǵárezsizlik jıllarında social-ekonomikalıq rawajlanıwınıń eń áhmiyetli nátiyjeleri nelerden ibarat?
2. Respublikamızda qaysı erkin ekonomikalıq zonalar shólkemlestirildi?
3. Dápterińizge Ózbekistan sanaatı, awıl xojalıǵı, transportı hám sırtqı sawda baylanıslarında ǵárezsizlik jıllarında júz bergen eń tiykarǵı ózgerislerdi jazıń.

# 33-§. ÓZBEKISTANNÍŃ GEOEKOLOGIYALÍQ MASHQALALARÍ

Geoekologiyalıq mashqalalardıń payda bolıwı tábiyiy procesler hám insan iskerligi menen baylanıslı halda júz beriwi múmkin. Geoekologiyalıq mashqalalardı keltirip shıǵarıwshı tábiyiy faktorlar hám proceslerden tiykarǵıları: vulkan atılıwı, jer silkiniw, jılısıwlar, kóshki, sel, suw tasqını, kúshli samallar, órtler hám basqalar. Bunday faktorlar tikkeley hárbir geosistemanıń tábiyiy ózgeshelikleri menen baylanıslı bolıp, onda insan qatnası bolmaydı.

Insan hám tábiyiy ortalıqtıń óz ara tásiri kelip shıǵıwı jaǵınan ekologiyalıq mashqala bolıp esaplanadı. Biraq, ol belgili geosistema da túrli kólemde hám de tábiyiy hám social-ekonomikalıq geografiyalıq nızamlılıqlar tiykarında júz bergeni sebepli geografiyalıq mashqala da esaplanadı, yaǵnıy ekologiyalıq mashqala belgili geosistemada quram tawıp, qáliplesip, rawajlanıw basqıshların basıp ótedi. Sol kózqarastan geoekologiyalıq mashqala dep ataladı.

***Geoekologiyalıq mashqalalar*** — insanlardıń densawlıǵı hám xojalıq iskerligine unamsız tásir etetuǵın, olardıń tábiyiy ortalıq penen qatnaslarında hám geosistemalardıń bir pútinliginde kelispewshiliklerdi keltirip shıǵarıwshı, tábiyiy hám antropogen faktorlar nátiyjesinde júzege kelgen process hám qubılıs esaplanadı.

Geoekologiyalıq mashqalalar, ádette *sistemalı ózgeshelikke iye* bolıp, bul ózgeshelikler tómendegilerde kórinedi: tábiyiy hám de social procesler hám nızamlılıqlardıń óz ara tásiri; geografiya, ekologiya, geologiya hám basqa pánlerdiń integraciyasın talap etetuǵın pánler aralıq áhmiyetke iye bolıwı, resurslardan túrli maqsetlerde birqansha paydalanıwshılardıń barlıǵı; geosistema yaki geoekologiyalıq mashqalanıń jaǵdayın bir kórsetkish penen sıpatlaw múmkin emesligi.

***Geoekologiyalıq mashqalalardıń túrleri.*** Geoekologiyalıq mashqala qatıp qalǵan, ózgermeytuǵın jaǵday bolmay, al úzliksiz túrde ózgeriwshi hám rawajlanıwshı, kóp sanlı ápiwayı mashqalalar sisteması bolıp tabıladı. Geoekologiyalıq mashqalalardı birqansha kórsetkishler (xojalıq tarawları menen baylanıslı, iyelegen maydanı boyınsha, sebebine qarap, kelip shıǵıw faktorları) boyınsha sıpatlaw múmkin, biraq joqarıda aytıp ótkenimizdey, geoekologiyalıq mashqala belgili aymaqta quram tawıp qáliplesedi. Sol sebepli, bunday mashqalalar tarqalǵan maydanı boyınsha — *planetalıq*, *regional* hám *lokal*, ayırım jaǵdaylarda bolsa *milliy* sıyaqlı toparlarǵa ajıratıladı.

*Planetalıq geoekologiyalıq mashqalalar* — pútkil geografiyalıq qabıq sheńberinde júz beretuģın hám Jer júziniń barlıq bólim lerine tásir etetuģın, barlıq ellerge, pútkil adamzatqa birdey qáwip salatuģın eń quramalı geoekologiyalıq mashqalalar esaplanadı. Bularģa «Íssıxana nátiyjesi» hám klimattıń ısıwı, «Ozon tesigi», Dúnya okeanı qáddiniń kóteriliwi hám suwınıń pataslanıwı, shóllesiw h.t.b. kiredi. Bunday geoekologiyalıq mashqalalardıń aldın alıw ushın barlıq mámleketler birlesip, birden-bir bagdarlama tiykarında háreket etiwleri kerek. Jer júzindegi barlıq mámleketler óz aymaģındaģı lokal hám regional mashqalalardı sheshiw arqalı ģana global geoekologiyalıq mashqalalardıń sheshimin tabıwları múmkin.

*Regional geoekologiyalıq mashqalalar* — iyelegen maydanına qaray global geoekologiyalıq mashqalalardan kishirek bolıp, kóbinese bir yaki birneshe túrlerden quralģan geoekologiyalıq qubılıs-procesler kompleksinen ibarat boladı. Regional geoekologiyalıq mashqalalar regional kólemdegi geosistemalardı bánt etip, pútkil Jer júzi ushın qáwip salmawı múmkin, biraq olardıń sanı kem-kemnen artıp barmaqta. Bul mashqalalar ayırım aymaqlarģa ģana tiyisli bolıwına qaramay, eko-logiyalıq hám social-ekonomikalıq aqıbetleri júdá qáwipli hám salmaqlı, olardı óz waqtında aldın alıw hám saplastırmaw keleshekte keń kólemdegi awır ekologiyalıq mashqalalardı keltirip shıģarıwı múmkin.

Regional geoekologiyalıq mashqalalar quramı jaģınan ápiwayı hám quramalı kategoriyadaģı geoekologiyalıq mashqalalarģa bólinedi. Bir túrdegi qubılıs hám proceslerden ibarat bolsa — ápiwayı kategoriyadaģı, birneshe geoekologiyalıq qubılıs hám proceslerden ibarat bolsa — quramalı kategoriyadaģı geoekologiyalıq mashqalalar delinedi. Quramalı geoekologiyalıq qubılıslardıń sheshimi de quramalı bolıp, kóp waqıt talap etiledi. Ol barģan sayın quramalasıp hám jańa aymaqlardı iyelew baģdarında rawajlanadı. Ápiwayı geoekologiyalıq mashqalalar da mákanda hám waqıt dawamında júdá quramalasıwı aqıbetinde quramalı túske aylanıwı múmkin.

Aral hám Aral boyı mashqalası Ózbekistan hám qońsı respublikalar aymaģında jaylasqan regional geoekologiyalıq mashqala esaplanadı. Sol sebepli bul mashqalanı sheshiwde Aral basseynindegi barlıq qońsı respublikalar Ózbekistan menen birge islesiwleri lazım (30-súwret).

*Lokal (jergilikli) geoekologiyalıq mashqalalar* — regional geoekologiyalıq mashqalalarģa qaraģanda salıstırmalı kishirek maydanlardı iyelep, bir yaki eki mámleket aymaģında jaylasqan belgili geosistema sheńberinde



***26-súwret.*** Aral teńiziniń 2000—2016-jıllarda ózgerip barıwı

júzege kelgen mashqalalar esaplanadı. Bunday geoekologiyalıq mashqalalar insan xojalıq iskerligi menen baylanıslı bolıp, tábiyiy resurslardan intensiv paydalanıw hám bul proceste tábiyat nızamlılıqların esapqa almaw, xalıqtıń bir orında júdá tıǵız toplanıwı hám basqa faktorlar sebepli kelip shıǵadı. Jer betiniń ıǵallı aymaqlarında batpaqlıqlardıń qurıtılıwı, qurǵaqshıl poyaslarda jasalma suwǵarıw, suw saqlaǵıshlardı qurıw, jaylaw sharwashılıǵın rawajlandırıw, óndiris kárxanalarınıń qurılısı sıyaqlı proceslerdegi ayırım qátelikler hám de insannıń ayırım shalaǵaylıq iskerligi lokal geoekologiyalıq mashqalalar júzege keliwine hám keń kólemde tarqalıwına sebep boladı.

*Ózbekistandaǵı lokal geoekologiyalıq mashqalalardı* kórip shıǵatuǵın bolsaq, olardıń hár tárepleme kompleks analizi hám kelip shıǵıw sebebine qaray tómendegi genetikalıq toparlarǵa ajıratıw múmkin: 1) atmosfera hawasınıń pataslanıwı menen baylanıslı mashqalalar — iri qalalar hám sanaatlasqan aymaqlarda; 2) suwdan intensiv paydalanıw menen baylanıslı mashqalalar — kollektor suwlarınıń kóllerde toplanıwı, dushshı suwlardıń jetispewshiligi, dushshı suw basseynleriniń pataslanıwı h.t.b.; 3) jerden intensiv paydalanıw menen baylanıslı mashqalalar — eroziya, shorlanıw, jaylawlardıń degradaciyaǵa ushırawı; 4) geosistemalarǵa texnogen tásir menen baylanıslı mashqalalar — kánshilik sanaatı shıǵındılarınıń toplanıwı, geosistemanıń buzılıwı, awır texnikanıń jaylawlardı basqılawı h.t.b.; 5) sharwanıń intensiv baǵılıwı hám puta-daraqlardı kesiw menen baylanıslı mashqalalar; 6) rekreaciya obyektlerinen paydalanıw menen baylanıslı mashqalalar; 7)

záhárli ximiyalıq zatlardıń tábiyiy ortalıqtı pataslawı menen baylanıslı mashqalalar h.t.b.

***Geoekologiyalıq mashqalalar sheshiminiń ilimiy tiykarları***. Bul mashqalalardıń sheshimi sistemalı analizge baylanıslı. Sistemalı analiz nátiyjesinde mashqalanıń tiykarǵı ózgeshelikleri, kólemi, rawajlanıw basqıshları, baǵdarları, sebepleri hám faktorları, aqıbetleri hám basqalar belgili boladı. Geoekologiyalıq mashqalalardı izertlewde tiykarınan aymaqlıq, geosistemalı hám ekologiyalıq principler qollanıladı.

*Aymaqlıq principti* qollanıw, mashqalanıń aymaqlıq kólemin anıqlawǵa, onıń rawajlanıw shegaraların, tarqalıw arealın ajıratıwǵa imkan beredi. Bul princip aymaqtıń bir pútinligin, onıń basqa aymaqlar menen óz ara baylanıslılıq hám tásirde bolıwın biliwge imkan beredi.

*Geosistemalı princip* geoekologiyalıq mashqalanı úyreniw ushın geografiyalıq tiykar esaplanadı, sebebi ol aymaqtıń dúzilisi haqqında maǵlıwmat beriw menen birge onıń qanday tábiyiy ózgesheliklerge, resurslarǵa iye ekenligi haqqında maǵlıwmatlar alıwǵa imkan beredi. Bul princip geosistemalar shegaralarınıń jaylasıwın, olardıń parqı, bir-birine salıstırǵanda pás-bálentligi, quramlıq-dinamikalıq jaǵdayı haqqında maǵlıwmat beredi. Bul princip mashqalanıń kóp ǵana ózgesheliklerin bahalawda, keleshekte bolatuǵın ózgerislerdi aldınnan prognoz etiwde, túrli ilajlar sistemasın tiykarlawda hám olardı qollawda, barlıq túrdegi kartalardı dúziwde tiykar boladı.

*Ekologiyalıq principtiń* qollanılıwı tiri organizmler, sonıń ishinde insannıń qorshaǵan ortalıq penen óz ara baylanısları, tásiri hám qatnasta bolıwı názerde tutılǵanı menen baylanıslı. Ekologiyalıq mashqalanıń logikalıq mánisi de tiykarınan tiri organizm menen jansız tábiyat arasındaǵı óz ara baylanıs hám qatnasıqlardıń buzılıwınan ibarat. Bul qatnastıń qarsılıqqa ushırawı belgili geosistemalarda júz berip, aymaqlıq ózgesheliklerge iye boladı. Sonıń ushın da, bul mashqalanı geoekologiyalıq mashqala sıpatında úyreniw zárúr.

Geoekologiyalıq mashqalanı saplastırıw degende, aldı menen, dáslepki tábiyiy teńsalmaqlılıqtı qayta tiklewdi túsiniw lazım. Tábiyiy teńsalmaqlılıq (ekologiyalıq teńsalmaqlılıq)tı qayta tiklew — tábiyiy komponentler hám geosistemalar arasındaǵı óz ara baylanıslılıq hám háreketti dáslepki jaǵdayına jaqınlastırıw bolıp esaplanadı, biraq onı haqıyqıy jaǵdayına qaytarıp bolmaydı. Buzılǵan tábiyiy teńsalmaqlılıqtı qayta tiklew ilajlarında xalıqtıń jasaw sharayatı hám salamatlıǵın da aldıńǵı jaǵdayǵa alıp keliw kerek. Mısalı: Aral hám Aral boyı bir-

biri menen úzliksiz baylanıslı bolǵan regional geoekologiyalıq mashqala bolıp, olardıń sheshimi óz ara baylanıslı kompleks ilajlardı birden qollaǵan halda ǵana sheshiw múmkin. Bunda, eń birinshi náwbette, sırttan kelip atırǵan suwdıń taza hám kóleminiń kóp bolıwına erisiw lazım. Sebebi, mashqalanı tezletiwshi kúsh qurǵaqshıl klimat sharayatında shóllesiw procesi esaplanadı.

Lokal geoekologiyalıq mashqalalar sheshimi eń ápiwayı mashqalalar bolıp, olardı saplastırıwda, eń aldı menen, geoekologiyalıq mashqalalı aymaqtıń tábiyiy geografiyalıq sharayatı hám tábiyiy nızamlılıqların tereń úyreniw kerek. Hárbir geosistemanıń ózgesheliklerine tán xojalıq tarmaqları hám tábiyattan paydalanıw shara-ilajların qollanıw arqalı bunday mashqalalardıń aldı alınadı. Mısalı, jerlerden suwǵarmalı diyqanshılıqta paydalanıwda hárbir geosistemanıń ózgesheligi úyrenilip, soń soǵan sáykes egin túrleri, suwǵarıw usılı hám normaları, agrotexnika ilajların qollanıw, yaǵnıy tábiyat penen baylanısta onıń nızamlılıqların buzbaw kútilgen nátiyjelerge erisiw kepili esaplanadı.

Geoekologiyalıq mashqala, global geoekologiyalıq mashqalalar, regional geoekologiyalıq mashqalalar, lokal geoekologiyalıq mashqalalar.

1. Geoekologiyalıq mashqala dep nege aytıladı?
2. Geoekologiyalıq mashqalalardıń qanday túrlerin bilesiz?
3. Ózińiz jasap turǵan orındaǵı jergilikli geoekologiyalıq mashqalalardı hám olardı saplastırıw jolların sıpatlap jazıń.

## 34-§. TÁKIRARLAW SABAǴÍ

Sabaqlıq hám kartalar tiykarında óz bilimińizdi sınap kóriń hám bahalań. Dáslep barlıq temalardaǵı tayanısh túsinik hám atamalar, sorawlarǵa bergen juwaplarıńız hám tapsırmalar boyınsha orınlaǵan jumıslarıńızdı esleń hám jáne bir márte tákirarlań.

Óz betińizshe hárbir temadan testler, sorawlar dúziń hám sheshiń. Bul arqalı juwmaqlawshı test sınaqlarına hám jazba jumıslarǵa tayarlıq kóresiz.

Ámeliy tapsırmalar boyınsha orınlaǵan jumıslarıńızdı da qaytadan kórip shıǵıń. Bul Sizge ámeliy tapsırmalarǵa baylanıslı jazba jumıslardı orınlaw, geografiyalıq máseleler sheshiw, yaki jazıwsız kartalar menen islewde járdem beredi.

Ulıwma alǵanda, tákirarlaw arqalı jıl dawamında alǵan bilimlerińizdi bekkemlep, ayırım túsinbegen jerlerińizdi ózlestirip alasız.

## TERMINLERDIŃ TÚSINDIRME SÓZLIGI

**AES** — energiya islep shıǵarıw ushın yadrolıq qurılmalardan paydalanatuǵın tarmaq.

**Aymaq** — ózine tán tábiyiy hám insan iskerligi tárepinen dáwirlik túrde payda etilgen ózgeshelikler hám resurslarǵa iye Jer júziniń qurǵaqlıq bólegi.

**Batometr** (grekshe batos — tereńlik, metreo — ólsheymen) — suwdıń ximiyalıq quramın hám temperaturasın anıqlaw maqsetinde suw basseyn-leriniń túrli tereńliginen analiz alatuǵın ásbap.

**Batpaqlıq** — artıqsha ıǵallıq sharayatında hárdayım yaki uzaq waqıt ızǵar bolıp jatatuǵın, ıǵal súyer ósimlikler hám torf qatlamı (3 sm hám onnan artıq) bar bolǵan jerler.

**Diyqanshılıq** — awıl xojalıǵınıń eginler jetistiriw menen shuǵıllanatuǵın áhmiyetli tarmaǵı.

**Ekologiyalıq ekspertiza** — insan iskerliginiń geografiyalıq ortalıq biologiyalıq (ósimlik, haywanat dúnyası hám mikroorganizmler) bólegine tásirin bahalaw.

**Ekologiyalıq monitoring** — tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw maqsetinde belgili bir aymaq tábiyiy sharayatınıń jaǵdayın baqlaw, qadaǵalaw hám basqarıw sisteması.

**Endemik** (grekshe endemos — jergilikli, túp orın) — ósimlik hám haywanlardıń onsha keń tarqalmaǵan, salıstırmalı kishi, shegaralanǵan arealda jasaytuǵın túr, tuwıs, semiya yaki basqa taksonomiyalıq birlikleri.

**El** — óziniń belgili kólemdegi shegaralarına iye bolǵan, ǵárezsiz yaki qálegen mámleketke baǵınıńqı halda bar bolǵan aymaq.

**Faciya** — taw jınıslarınıń litologiyalıq quramı birdey, relyef dúzilisi, ıǵal-lanıwı birdey, mikroklimatı, topıraqları, ósimlik hám haywanat dúnyası birdey, yaǵnıy onı payda etiwshi komponentlerine tán bolǵan belgileri birdeyligi menen sıpatlanatuǵın eń ápiwayı dúzilgen hám eń kishi geosistema.

**Galaktika** (grekshe galaktikos — sút reń) — juldızlar gravitaciya kúshleri menen óz ara baylanısqan úlken juldızlar sisteması. Galaktikalar ólshemi, juldızlar sanı, forması boyınsha bir-birinen parıq etedi. Soǵan qaray olardıń ellips tárizli, spiral tárizli hám nadurıs túrleri ajıratıladı.

**Geografiyalıq bahalaw** — tábiyiy sharayat hám resurslar yaki geosistemalardı paydalanıw maqsetlerinde bahalaw.

**Geografiyalıq ekspertiza** — joybarlanıp atırǵan injenerlik imaratınıń qorshaǵan ortalıq talaplarına sáykes keliwi yaki kelmewin anıqlaw.

**Geografiyalıq orın** – Jer júzindegi qálegen obyekttiń ózi menen baylanıslı basqa obyektlerge salıstırmalı tutqan ornı.

**Geografiyalıq prognoz** — tábiyiy ortalıq hám aymaqlıq islep shıǵarıw komplekslериniń ózgeriwindegi tiykarǵı baǵdarlardı ilimiy tárepten aldınnan tiykarlap beriw.

**Geoid** (grekshe ge — Jer, idos — kórinis, uqsas, yaǵnıy «Jer kórinisinde», «Jerge uqsas» mánilerin bildiredi) — Dúnya okeanı suw qáddiniń tınısh hám teńsalmaqlılıq jaǵdayında turǵandaǵı qáddilik júze hám usı júzeni qurǵaqlıqlardıń astınan oyımızda dawam ettirgende payda bolǵan bórtik júze. Bul júze hámme jerde awırlıq kúshi baǵdarına perpendikulyar boladı.

**Geyzer** (islandsha geyzir — atılıw) — waqtı-waqtı menen fontanǵa uqsap atılıp turatuǵın ıssı bulaqlar. Geyzerler tiykarınan hárekettegi vulkanlar bar úlkelerde boladı.

**Globallasıw** — pútkil jáhándegi ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy integraciya procesi.

**Xalıqqa xızmet kórsetiw tarmaqları** — xalıqqa xızmetler usınıw hám islep shıǵarıw maqsetinde qáliplestirilgen iskerlik túrleri hámde xojalıq tarmaqlarınıń birlespesi.

**Xalıqtıń qayta tikleniwi** — jámiyet dawamlılıǵın támiyinlewshi tiykarǵı process bolıp, tábiyiy, migracion hám sociallıq háreketler jıyındısı sıpatında kórinedi.

**ÍES** — kómir, gaz hám neft hám de olardıń qaldıqları tiykarında ıssı puw hám elektr energiya islep shıǵarıwshı tarmaq.

**Jalpı milliy ónim** (JMÓ) — eldiń belgili múddet ishinde ulıwma ekonomikalıq iskerligin sıpatlawshı juwmaqlawshı makroekonomikalıq kórsetkishlerden biri. JMÓ mámlekettiń bazar bahalarında belgilengen barlıq birlemshi dáramatlardıń jámi jıyındısın kórsetedi.

**Keńlik zonallıǵı** — quyash nurları túsiw múyeshiniń ózgeriwi esabınan tábiyat komponentleri hám kompleksleriniń ekvatordan polyuslarǵa qaray nızamlı ózgerip barıwı.

**Qala aglomeraciyaları** — túrli úlkenliktegi qalalardıń administrativlik, óndiris, social, mádeniy baylanısları nátiyjesinde birlesiwi.

**Qar sızıǵı** — tawlardaǵı sonday shegara, onnan bálentte qar jıl boyı erimey turadı.

**Marjan atawlar** — marjan haywanları, suw otlar hám basqa organizmler qaldıqları jıynalıwınan payda bolǵan atawlar. Házirgi zaman marjan atawları ekvatorial hám tropikalıq úlkelerden basqa jerlerde ushıramaydı. Tek Golfstrim jıllı aǵısı ótetuǵın Bagama atawları jaqınında ǵana tropiklerden tısqarıda ushıraydı. Marjan atawları jaylasqan ornı hám formasına qarap, jaǵa rifleri, tosıq rifleri, atollarǵa bólinedi.

**Mayatnik tárizli migraciya** (terbenbe migraciya) — xalıqtıń oqıw, islew maqsetinde bir orınnan ekinshi orınǵa hár kúngi yaki hár háptelik háreketi.

**Mádeniy landshaft** — jámiyet máplerin gózlep, ózgeshelikleri insan tárepinen ilimiy tiykarda hám aqılǵa muwapıq ózgertilgen geosistema.

**Mámleket** — el kóleminde jámiyetti birlestiriw máselelerin sheshiw, onıń sırtqı qatnasaıqların belgilew wákillikleri bolǵan húkimran sistema.

**Máwsimlik migraciya** — xalıqtıń belgili waqıt dawamında qálegen aymaqqa kóship ketiwi.

**Migraciya** — xalıqtıń bir aymaqtan basqa aymaqqa turaqlı yamasa waqıtınsha múddetke kóshiwi.

**Oazis** — shól hám yarım shóllerde suw shıǵarılıp abat etilgen jer.

**Orbita** (latınsha orbita — iz, jol) — planeta, onıń joldası, jasalma joldas, kometa, asteroid hám basqa aspan deneleriniń jolı.

**Orın** — óz ara baylanıslı hám uqsas urochishelerdiń jámliginen ibarat geosistema.

**Sektorlıq** — qurǵaqlıq ishkerisine qaray okeanlardan uzaqlasqan sayın klimat ózgeshelikleriniń ózgeriwi esabınan tábiyat komponentleri hám kompleksleriniń ózgerip barıwı.

**Sóngen vulkan** — tariyxıy dáwir dawamında atılǵanı haqqında heshqanday maǵlıwmatlar bolmaǵan vulkan. Sóńgen hám hárekettegi vulkan túsinikleri salıstırmalı bolıp, bazıda sóngen vulkanlar háreketke kelip jáne atılıwı múmkin. Hárekettegi vulkan degenimiz bolsa heshqashan atılmawı múmkin.

**Texnikalıq eginler** — ónimi sanaat ushın shiyki zat sıpatında qollanılatuǵın eginler.

**Toǵay** — dárya boylarındaǵı daraq-puta-shóp deneli ósimliklerinen ibarat qalıń sheńgelzar orman.

**Transport** (latınsha trans — «arqalı», hám portare — «tasıw») — ekonomikanıń áhmiyetli tarmaǵı bolıp, xalıq xojalıǵı hám xalıqtıń júklerge bolǵan mútájliklerin óz waqtında hárdayım támiyinlep turadı.

**Turaqlı migraciya** — xalıqtıń qálegen aymaqqa turaqlı túrde kóship ketiwi.

**Urbanizaciya** — qalalar hám qala xalqınıń ósiw, qala turmıs táriziniń keń tarqalıw procesi.

**Urochishe** — kelip shıǵıwı hám rawajlanıwı jaǵınan úzliksiz baylanıslı bolǵan faciyalardan ibarat geosistema. Tiykarınan, relyeftiń mezo formasında jaylasqan boladı.

**Sharwashılıq** — awıl xojalıǵınıń sharwa malların kóbeyttiriw menen shuǵıllanatuǵın tarmaǵı.

**Cellyuloza-qaǵaz sanaatı** — cellyuloza, qaǵaz hám karton ónimlerin islep shıǵarıwǵa qánigelesken sanaat tarmaǵı.

# QOSÍMSHA MAǴLÍWMATLAR

## Arqa Evropa mámleketleri

| № | Mámleketler | Maydanı, mıń km$^2$ | Basqarıw forması | Paytaxtı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Shveciya | 450 | Monarxiya | Stokgolm |
| 2 | Norvegiya | 387 | Monarxiya | Oslo |
| 3 | Finlyandiya | 338 | Respublika | Xelsinki |
| 4 | Islandiya | 103 | Respublika | Reykyavik |
| 5 | Daniya | 43,0 | Monarxiya | Kopengagen |
| 6 | Estoniya | 45,1 | Respublika | Tallin |
| 7 | Litva | 65,3 | Respublika | Vilnyus |
| 8 | Latviya | 64,6 | Respublika | Riga |

## Batıs Evropa mámleketleri

| № | Mámleketler | Maydanı, mıń km$^2$ | Basqarıw forması | Paytaxtı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Avstriya | 83,2 | Respublika | Vena |
| 2 | Belgiya | 30,5 | Monarxiya | Bryussel |
| 3 | Ullı Britaniya | 244,5 | Monarxiya | London |
| 4 | Germaniya | 356,9 | Respublika | Berlin |
| 5 | Irlandiya | 70,3 | Respublika | Dublin |
| 6 | Lixtenshteyn | 0,16 | Monarxiya | Vaduts |
| 7 | Lyuksemburg | 2,6 | Monarxiya | Lyuksemburg |
| 8 | Niderlandiya | 41,2 | Monarxiya | Amsterdam |
| 9 | Franciya | 551,6 | Respublika | Parij |
| 10 | Shveycariya | 41,3 | Respublika | Bern |
| 11 | Monako | 0,002 | Monarxiya | Monako |

## Qubla Evropa mámleketleri

| № | Mámleketler | Maydanı, mıń km$^2$ | Basqarıw forması | Paytaxtı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Italiya | 301,3 | Respublika | Rim |
| 2 | Ispaniya | 504,7 | Monarxiya | Madrid |
| 3 | Portugaliya | 92,3 | Respublika | Lissabon |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 4 | Malta | 0,3 | Respublika | La-Valetta |
| 5 | Greciya | 132 | Respublika | Afina |
| 6 | Andorra | 0,45 | Monarxiya | Andorra-la Velya |
| 7 | Vatikan | 0,4 | Monarxiya | Vatikan |
| 8 | San-Marino | 0,06 | Respublika | San-Marino |

## Shıǵıs Evropa mámleketleri

| № | Mámleketler | Maydanı, mıń km² | Basqarıw forması | Paytaxtı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Rossiya | 17075,5 | Respublika | Moskva |
| 2 | Ukraina | 603,7 | Respublika | Kiyev |
| 3 | Belarusiya | 207,6 | Respublika | Minsk |
| 4 | Moldaviya | 33,8 | Respublika | Kishinyov |
| 5 | Polsha | 312,7 | Respublika | Varshava |
| 6 | Chexiya | 78,9 | Respublika | Praga |
| 7 | Slovakiya | 49,0 | Respublika | Bratislava |
| 8 | Vengriya | 93,0 | Respublika | Budapesht |
| 9 | Rumıniya | 238,4 | Respublika | Buxarest |
| 10 | Bolgariya | 111,0 | Respublika | Sofiya |
| 11 | Sloveniya | 20,3 | Respublika | Lyublyana |
| 12 | Xorvatiya | 56,6 | Respublika | Zagreb |
| 13 | Bosniya hám Gercegovina | 51,1 | Respublika | Sarayevo |
| 14 | Serbiya | 88,3 | Respublika | Belgrad |
| 15 | Chernogoriya | 13,8 | Respublika | Podgorica |
| 16 | Makedoniya | 25,7 | Respublika | Skopye |
| 17 | Albaniya | 28,7 | Respublika | Tirana |

## Arqa Amerika mámleketleri

| № | Mámleketler | Maydanı, mıń km² | Basqarıw forması | Paytaxtı |
|---|---|---|---|---|
| 1. | AQSH | 9,500 | Respublika | Vashington |
| 2. | Kanada | 9,976 | Monarxiya | Ottava |

## Qubla-batıs Aziya mámleketleri

| № | Mámleketler | Maydanı, mıń km² | Basqarıw forması | Paytaxtı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Awǵanstan | 652,1 | Respublika | Qobul |
| 2 | Bahreyn | 0,7 | Monarxiya | Manama |
| 3 | Izrail | 14,1 | Respublika | Tel-Aviv |
| 4 | Iordaniya | 98,3 | Monarxiya | Ammon |
| 5 | Iraq | 435,1 | Respublika | Baǵdad |
| 6 | Iran | 1648,0 | Respublika | Tehron |
| 7 | Yemen | 528,0 | Respublika | Sana |
| 8 | Qatar | 11,4 | Monarxiya | Doxa |
| 9 | Kipr | 9,3 | Respublika | Nikosiya |
| 10 | Kuveyt | 17,8 | Monarxiya | Al-Quvayt |
| 11 | Livan | 10,4 | Respublika | Bayrut |
| 12 | BAA | 83,6 | Monarxiya | Abu-Dabi |
| 13 | Oman | 212,5 | Monarxiya | Maskat |
| 14 | Saudiya Arabiyası | 2150,0 | Monarxiya | Ar-Riyod |
| 15 | Siriya | 185,2 | Respublika | Damashq |
| 16 | Túrkiya | 780,6 | Respublika | Anqara |
| 17 | Armeniya | 29,7 | Respublika | Erevan |
| 18 | Azerbayjan | 86,6 | Respublika | Boku |
| 19 | Gruziya | 69,7 | Respublika | Tbilisi |

## Melaneziya mámleketleri

| № | Mámleketler | Maydanı, mıń km² | Basqarıw forması | Paytaxtı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Vanuatu | 4,8 | Respublika | Port-Vila |
| 2 | Papua-Jańa Gvineya | 461,7 | Doslıq Awqamı quramındaǵı mámleket | Port-Morsbi |
| 3 | Solomon atawları | 29,8 | Doslıq Awqamı quramındaǵı mámleket | Xoniara |
| 4 | Fidji | 18,3 | Respublika | Suva |

# MAZMUNÍ

## I BAP. GEOGRAFIYA PÁNI HÁM ONÍŃ TARIYXÍ

1-§. Geografiya ilimleri sisteması haqqında túsinik ........................................ 3
2-§. Geografiya iliminiń tariyxı hám házirgi dáwirdegi rawajlanıwı................ 6

## II BAP. JER TÁBIYATÍ

3-§. Jer júzi tábiyatı rawajlanıwınıń kosmoslıq sebepleri ................................ 12
4-§. Jerdiń ishki dúzilisi hám tektonikaliq procesler ....................................... 17
5-§. Jer beti tábiyatınıń rawajlanıw tariyxı ..................................................... 20
6-§. Geografiyalıq qabıq hám onıń ulıwma nızamlılıqları ............................. 24
7-§. Geografiyalıq qabıqtıń keńlik zonallıǵı hám sektorlıǵı............................ 29
8-§. Bálentlik poyaslanıwı nızamlıǵı ............................................................... 33
9-§. Geosistemalar hám olardıń dárejeliligi...................................................... 36

## III BAP. JÁMIYET HÁM TÁBIYAT

10-§. Jámiyet hám tábiyat arasındaǵı baylanıslar ............................................ 40
11-§. Antropogen landshaftlar............................................................................. 45
12-§. Tábiyattı qorǵawdıń geografiyalıq tiykarları........................................... 50

## IV BAP. ÁMELIY GEOGRAFIYALÍQ IZERTLEWLER

13-§. Tábiyiy geografiyalıq procesler.................................................................. 54
14-§. Geografiyalıq bahalaw ................................................................................ 59
15-§. Geografiyalıq prognoz ................................................................................ 63
16-§. Qorshaǵan ortalıq monitoringi hám geografiyalıq-ekologiyalıq
ekspertiza tiykarları ...................................................................................... 68

## V BAP. DÚNYA XALQÍ

17-§. Dúnya xalqı hám zamanagóy demografiyalıq jaǵday ............................. 72
18-§. Urbanizaciya procesiniń global hám regional tárepleri........................... 76
19-§. Xalıq aralıq migraciya procesleri hám mashqalaları............................... 79

## VI BAP. DÚNYANÍŃ GEOSIYASIY KÓRINISLERI HÁM GLOBAL MASHQALALARÍ

20-§. Dunyanıń geosiyasiy sisteması hám onıń qáliplesiwi ............................ 82
21-§. Jáhándegi zamanagóy geosiyasiy jaǵday. Mámleketlerdiń integracion birlespeleri..................................................................... 85
22-§. Adamzattıń global mashqalaları ..................................................90

## VII BAP. EVROPA HÁM AMERIKANÍŃ SUBREGIONLARÍ

23-§. Evropanıń subregionları ..................................................94
24-§. Latın Amerikası..................................................101
25-§. Karib basseyni ataw elleri.................................................. 107

## VIII BAP. AFRIKA SUBREGIONLARÍ. OKEANIYA MÁMLEKETLERI

26-§. Afrika subregionları..................................................111
27-§. Okeaniya mámleketleri .................................................. 115

## IX BAP. AZIYA SUBREGIONLARÍ

28-§. Qubla-batıs hám Qubla Aziya mámleketleri........................................118
29-§. Shıǵıs hám Qubla-shıǵıs Aziya mámleketleri...................................... 123
30-§. Oraylıq Aziya elleri .................................................. 128
Temaǵa qosımsha maǵlıwmat .................................................. 135

## X BAP. ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASI

31-§. Ózbekistannıń geosiyasiy ornı hám baylanısları .................................. 136
32-§. Ózbekistannıń social-ekonomikalıq rawajlanıwı.................................. 140
33-§. Ózbekistannıń geoekologiyalıq mashqalaları ...................................... 146
34-§. Tákirarlaw sabaǵı.................................................. 150
Terminler túsindirme sózligi..................................................151
Qosımsha maǵlıwmatlar .................................................. 154

**Sharipov, Shavkat Muxamajonovich.**

Geografiya: orta bilim beriw mákemeleriniń 10-klası hám orta arnawlı, kásip óner bilimlendiriw mákemeleriniń oqıwshıları ushın sabaqlıq. / Sh. M. Sharipov, V. N. Fedorko, N. I. Safarova, V. A. Rafiqov. – Birinshi basılım. — T.: «O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi» Mámleketlik ilimiy baspası, 2017. — 160 b.

**KBK 22.3ya72**

**Shavkat Muxamajanovich Sharipov, Viktor Nikolayevich Fedorko, Nasiba Irankulovna Safarova, Vahob Asomovich Rafiqov**

# Geografiya

O‘rta ta’lim muassasalarining 10-sinfi va o‘rta maxsus, kasb-hunar ta’lim muassasalarining o‘quvchilari uchun darslik

(Qoraqalpoq tilida)

Birinchi nashri

«O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi»
Davlat ilmiy nashriyoti
Toshkent–2017

«Bilim» baspası

Nókis–2017

Awdarmashılar *Q. Serjanov, S. Baynazarova*
Redaktorları *S Baynazarova, I. Serjanov*
Xud.redaktorı *A. Yoqubjonov*
Tex.redaktorı *B. Turımbetov*
Operatorı *N. Qaypbergenova*

**Licenziya: Al № 108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.**

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 11.10.2017-jıl. Ofset qaǵazı. Kegl 12. Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$. «Times KRKP» garniturası. Ofset usılında basıldı. Kólemi 10,0 b.t. esap. 10,10 b.t. Shártli 10,00 b.t. Buyırtpa № 17–606. Nusqası 10444 dana.

«Bilim» baspası. 230103. Nókis qalası. Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

«O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi» Mámleketlik ilimiy baspası, 100011, Tashkent q., Nawayı kóshesi, 30.

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| № | Oqıwshınıń atı hám familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı.

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaat-landırarlı | Muqaba jelingen, birqansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaat-lanarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |